## «КИНИГИ ГЪАНСИТОГИ» АБУРАБ ТIЕХЬАЛДАСА

## 1993

### УЛКА

* * *

Чияс тIинчI бикъараб бацIил бер гIадин,
Бихьула балагьун бачIанщинаб къо.
БацIалъ лъимер араб эбел кинигин,
Инагьдилеб буго халатаб сордо.

МагIил бералги цIун, хIихIидула чу,
ХIасратав рекIарав гъоркье вортанин.
ИчIго тарщил эбел – гважул цо хIапи,
ХIинкъараб мех щванин, лъимал цIунеян.

Лъаларо, гьадинан хъванищ букIараб, –
Хъудулеб гIасрудал ракъвалел гIорал.
Дир гIанчIал къасдазул доб хъахIаб гама
ХъахIилаб ральдалье тIерхьунеб буго.

Лъил гIайиб лъаларо, – нухлулищ, чолищ
Я рекIарасулищ букIинчIеб бетIер?! –
ГьетIараб тIилалъе битIараб рагIад
Балагьулел гьечIищ гьаб ракьалда нилъ?!

* * *

Мотоциклабазул гьакал кинигин
Рекерулел берал, ракарал цIаял.
Телевизоразул анкьабго канал,
Комментаторазул гьоцIодалъ загьру.

Дадил гIоркьал гIадин мехалъул гIундул,
ГIумруялъул чIвалеб, буссунареб щар.
ЩагIил суркIа гIадин, цебе хъатги ккун,
Цололъан байбихьун биххараб Союз.

Ццидалаб хъантIиялъ хъарсулеб ракьа, –

Ракь, жиб бекьейилан – нилъ кьалда росун.
Меседил бутIрузул тIоралин байдан, –
ТIупан рещтIинчIого, чIеларилан нилъ.

Киб араб берцинлъи, – бецлъана иццал?
Кибе араб гIищкъу, – ракъвана гIорал?
ГIундузда килщал чIван, бадир кверал чIван,
Балагьулеб буго билараб вацлъи.

Огъ, гьаб гIаламалъул кучIдузул нартал,
Бокьани как ахIе, бокьани кьвагье!
Кьурул рагIалалде тункулеб ияхI,
Тоге кIанцIизе гьеб бецIаб кIкIалахъе.

Огь, улкадул бутIрул, огь, тIадчагIи нуж,
Цо-цо «чайкаби» тун, тире ракьалда!
«Квенго-квенин» – абун: херал, гIиеинал, –
ГIурул ханал руго цIетIа гьалдолел.

* * *

Берцоял пиратаз карачелалъан
Бачун унеб гама гурищ мун, улка?
Чияр аэродром. Зодил хъачагъаз
Хъамулеб самолет гурищ мун, улка?

Долларахъ хисулел гъурщал кинигин,
Гъаримлъулеб гьечIищ дур гьунар, улка?
Унго, диссидентлъун вукIинчIев щивго
РикIкIунарищ дуца васлъун, дир улка?

НакIкIикье араб цIва, рекIунареб цIа,
РекIкIалъул носоца буссараб улка.
Гьаб тIерхьун унеб бакъ, бокъунареб лал,
Якъарай кIодода релълъараб улка.

Булбулги къункъраги цоцалъ багъулеб
Цониги замана цебе букIинчIо.
Гьанже мацIал, цIарал, назмаби, какал –
Кинабго бацIлъараб, гарцIлъараб улка.

ГIазда бидул лъалкIал лъукъараб чанил, –
Лъутулеб, хъитIал чIван, мун гурищ, улка?
Квелъ рехун биччараб чода релълъараб, –

Чагъана хвалчабахъ хисараб улка!

Пушкин кIочон тараб, Толстой гьечIеб,
Тютчевги МахIмудги лъалареб улка.
ЦохIо «Матросазул тишина» гуреб,
Тишина букIинчIеб путчазул улка.

АнцIила щуябго кваркьи хIулараб,
Каранлъ чIичIилеб хIинчI мун гурищ, улка?
АнцIила щуябго щущан араб хор,
Щив солистас гьаракь гьабилеб, улка?

Гурде кьечIонани, тIагъур бахъилин,
ТIагъур кьечIонани, гурде бахъилин, –
ТIаделъун цIогьаца цоцахъе цIалеб,
Киназго тIотIолеб тIом гIадаб улка!

Гьанже мун бугебищ яги гьечIебищ –
Гьикъани, щиб жаваб гьабилеб, ‚улка?!
ГьечIилан абуни, эмен вагъила,
Бугилан абуни, аллагь семила.

Вуго дун, рукъ гьечIев бесдалав гIадин,
Ялъуни мискинав апараг гIадин.
Цо Дагъистан буго мугъ чIвалеб кьуру,
Гьебги кьватI-кьватIулеб буго, дир улка!

* * *

Телевизоралъул ахирал харбал, –
Те дун гIенеккизе музыкаялъухъ.
Радал газетазул жирулел гажал, –
Гаргазе виччай дун чорхол хIасратгун.

Гьал чагIи хирияб дир чанилаб ракI
БикIизе чархида чаран, махх ккоге.
Гьадинги чагъана балагьаз хъванин, –
Чашкаялде жаниб гьеб загьру баге.

Виччай дун чIваразул занахъе ине,
Ургъалил пикраби гьезда дандразе,
Гьал рекIел щаклъиял щобда нахъасан
Баккулеб бакъуда дица гьикъизе.

КIал ккунилан абун кири батани,
Ккела алжаналде гьанже дир улка.
Бидул садакъадул хайир батани,
Хабалъ щвела баркат мулк-миллатазе.

Телевизоразул ахирал харбал, –
Те дун гIенеккизе чвахулел цIадахъ.
Радал газетазул жирулел гажал, –
Гаргазе биччай кечI бачIараб къогун.

* * *

Лъимер гьабунилан гьанже рохел щиб? –
Гьеб агьан гIодулеб, батулареб рахь.
Бертин гьабиялъул гьанже баркат щиб? –
БахIаралъул кIалдиб хъвалареб гьоцIо.

Хъварабги гьеб кьогIаб, – кьужнаяз буго
Берцинал тIугьдузул гьуинлъи цIулеб...
Гьанже наял хвана гIураб ракьалда,
Гьанже гIазу бана гьаб гIумруялде.

Гьанже улкаялда чи херлъугеги,
Чиякъ хутIарал гьел – кир ругел васал?!
Инсул ругънал гьезда унтулел гьечIо, –
Гьесул орденал гьез ричулел руго.

Аллагь регIичIелъуй рортулел улбул
Гьанже, чара къосун, къваридго руго.
КъватIиб ракьалдасан резил гьансиниб
Васасул жаназа – гьаб кинаб жужахI?!

Гьанже улкаялда чи унтугеги,
Аптеказда кирго дараби гьечIо, –
Гьаб дунялалъул черх судулеб мехалъ,
Сах-саламатаб черх чиясе киса?!

Гьанже улкаялъул гьардухъабазул
Гьабзаз кваралщинал тургьигун гIунсби! —
Вакъугеги гIадан, гIатIал сахIазухъ
Намусалъул къучIби чIехьолел ругин.

Гьанже улкаялда чи квачагеги, –
Кверде пупудунин хинлъулел гьечIо...

Гьединан батила, Магаданалъул
Гулагалъ пештIелеб гьури букIараб.

Гьанже улкаялда инсан хогеги, –
Кинабго халкъ гьелде гIагарлъун бугин.
ГIумру лъугIаразе хоб гIолеб гьечIо,
Хабалъ рукъулезе мусру гIоларо.

Доб Кремлиялъул кавудал кIалтIа
Кваркьаби риччайгун чияр къадкица,
«Нилъ къунин гьанже», – ян абурав херав
Дида азарцIуса ракIалде щола.

* * *

Гьанжеги гьаб июнь, унтулел ругънал,
Унел руго санал, унел руго нилъ.
БахIарал солдатал согIал цIаязул
Дагьлъулел, дагьлъулел, дагьлъулел руго.

Гьанжеги сентябрь, букIараб кочIол
РикIкIалъулеб буго гьансиго, кини.
Машгьурал кьвагьдохьай кьогIаб къарнудал
Къанщулел, къанщулел, къанщулел руго.

Нилъ дагьал хутIана хабал рагIалда
Нилъеде регIичIел гIолохъабазул.
Гьедин буго гIумру, – накIкI гIемерлъигун,
НакIкIигъветI хутIула даим гIурччинго.

Гьебгицин бакъвала... ГIенеккун вуго,
«ГIагьго», «гIагьан» абун, хьвагIулеб гIощтIохъ.
Гьелъие гIун гьечIо гIаркьелал къотIи,
ГъотIол кьибилалда кьабелел руго.

РукIарал чIахIиял памятниказул
Пьедесталалцин хъурулел руго.
Гьазда хоб рагьарав солдат кIалъала, –
Дун хисизе вугин хадуб нужеца.

* * *

Гьаб дир чIаголъидул хасалил сордо,

Халалъи, унго, дур, рогьинадай мун! –
Дир анкьумумузул цIарал ахIараб
ЦIум хIулулел руго гьанжесел хIанчIи.

Гьаб дир гIасруялъул магIарде балеб
ГIаздал цо бицалъи, биинадай мун? –
Рагъул гIарадаби гьадингоял жал,
Гьаб заманаялъул тункIазда аскIор.

ГанчIил къандалъаби къадал ракьанда, –
Къояз кверкьовуда жамагIатчагIи.
Чармил кьуру кьвагьун гIолохъабаца
Бахъулеб гьецIо доб дир къоно гурищ?

Къо-мех лъикI, букIараб кIудияб улка,
Мун дунгун хутIила киналго мехаз, –
ГIасруялъ бусада дунял сорораб,
Дида мун кидаго кIочон теларо.

Къо-мех лъикI, саназул гьалдолеб чвахи,
Гьанже дир океан росдал ицц буго.
Амма дир мугIрузда гьабураб раса
Нусго миллаталъул ралъдалъ лъедана.

Къо лъикI, маржанул цIал каранда бараб,
Кунги тIун, гIодоре арал жавгъарал:
Нуж чанги кверазе рахсал рукIана,
Нуж чанги чурхдузе цIаял рукIана.

ТIадегIанав аллагь, рачIел каказухъ
Дуца кколеб тамихI гьабун бахъинчIищ?
Ракьал рагъарана, рагъал сасинчIо, –
Ругънал судулареб сагIат кьеларищ?

Къо лъикI, гIемеразе ццидал пачалихъ, –
Ццин гуреб гьуинлъи лъачIищ нилъеда?
Дийни – гьудуллъидал империя мун,
Аза-азар кверaз кIикIараб кини.

Гьаб ракьги рокьиги цого букIана,
Гьаб бакIги гьаб ракIги гIаммаб букIана.
ГIайибазе къисас – тIасалъугьун тей,
ТалихI лъималазе бокъун батани.

Къо-мех лъикI, букIараб кIудияб Союз,

КIиязулго занал руго къачIалел...
Нилъер чIаголъидул хасалил сордо,
Халалъи гьалъул цо, рогьинадай гьаб?

Къо-мех лъикI, поэтал, дир гьудулзаби,
Гьанже щибав вуго жиндирго корохъ.
КучIдул – цояб къотIнор, нилъ – цоги къотIнор,
Цоцада рагIулел руго къанагIат.

* * *

Гьанже дове ине бугеб дагьаб мех, –
Дий гIакълу кьеларищ, кьиндалил гIазу?
Кьурул рагIалалде щолеб гьаб гIасру,
Щиб васият телеб гьал наслабазе?

Щиб ирсалъе телеб? – тушманлъи, рекIкIищ?
Доб накIкIилъе унеб адаб-хъатирищ? –
Гьаб бакъвалареб би, къотIуларе!б кIкIуй,
Къисас босичIого сасунареб ццин?..

Гьаб дир чIвараб рокьул берал чIикIулел
ЧIегIерал гъудузул гузбузул гъуцIдул?
Гьаб, жаниб цIаги сун, цIоролеб керен
Кваназе хъантIарал бацIазул гажал?..

Щиб хазина телеб хадуб гIелалъе,
Гьал хIули бортарал хIанчIил тIанчIазе?
ХIилаяб гьудуллъи, гьерсилаб вацлъи?
Я гьардухъанасул гьаб гIакса-таргьа?

Тухумазул жахIда, миллатазул кьал,
Кьурдасан рехулеб рохел, лебаллъи?
Дун нухда гуккарал кинодул лентал,
КочIой гудур гъурал гургинал реццал?

Дица щиб жо телеб дир лъималазе,
Лъавудаса унеб, гьалдолеб Кавказ? –
МугIрул чан Карабах корониб цIадулъ? –
ЦIоралъул васаца гIодой тIолеб би.

Дуда бихьуларищ, кIудияв аллагь,
Дуе как балелги ругел квеш хъантIун:
Гьал сунат гьабичIел къадизабиги?

Гьал къуръан цIаличIел хIажизабиги?

Тахал рорханагIан риххулел къасдал,
Ихтияр щванагIан щущалел къадал...
Гьал цо къолохъаби мавзолеязул,
Гьал цо магIихъаби трибуназул...

Гьал цо палугьаби Кремлиялъул,
Гьал цо палихъаби ХъахIал гьундузул,
Гьал цо зобал гьечIел хIанчIазул гьаркьал,
Гьаб цо бекьулареб ракьул зигара...

Дий ирслъун батана дир эбел-инсул
Гьасда гордухъ къаси гвангъараб чирахъ.
Гьелъул канлъи дида киналго саназ
ГIумрудул сапараз цадахъ букIана.

Гьанже наслабазе ирслъун букIине
Улкаялъул гордухъ гвангъе доб чирахъ!
Гьелъ бихьизабила рохь чIван унеб нух, –
Гьеб хазина гьечIищ – гьечIо хвасарлъи.

* * *

Чанги кечI ахIана инсул ракьалда, –
Дун ахIичIел кучIдухъ гIенеккун вуго.
Гьал гьарурал васал, гьарурал васал, –
ГьаричIел кигIан гьел гIемер хутIарал!

КигIан чагIи лъарал гьаб гIаламалда, –
ГIищкъуялъ лъаларел гьикъулел руго.
Гьал, жемун къвалги бан, къочарал ясал, –
КъочичIел кигIан гьел гIемерал ругел!

КигIан улкабазде, мулказде щварав, –
Дун щвечIел улкаби ургъулев вуго.
Абуге гIелила гьаб гIумруялда, –
Даим гIорцIулареб бацI буго рокьи.

Ракьаги хъарсула – гьан тIагIарабго,
Гьанги балагьула – ракьа чIалгIингун...
ЧIухIарал къасдаца къарну ургъарал
Къвакъвалаго хъошнир хъерщелел руго.

**КАК**

Дир керенги хъвалхьун, квешлъабаздаса
Гьаб ракI хвасар гьабе, гьардарав аллагь;
БацIцIе чIвараб кьаву, кье чорхой сабру,
Чармил кьурабазул сиязе гIадаб.

Дир бетIерги гIанлъун, гIадал нахулъа
ГIоркь гьечIел пикраби рацIцIе, дир халикъ.
КигIанго гIадалал гьел рукIаниги,
ГIищкъул къасдал цIунун, цIидасан регъе.

РахIму бугев бичас, гьаб гIумруялъул
ГIайибал, мунагьал чурулеб мехалъ,
Дун мугIрузул васги гьоркьов виччаге,
Дуда гьикъичIого гьабураб рокьухъ.

Дуца дие кьуна хех кIетIолеб ракI,
РекIкIалъул рукIкIбуца бикIараб божи.
ТIасалъугьа дида, гIищкъул хIажида,
ХIежалда какие щурарал кучIдухъ.

Гьаб дир чIаголъидул гъветIалъул хIуби,
ХIапаро жаниб ккун, кваназе тоге.
Кинабго биччан те чвахияз ине, –
Чорхолъ бугеб хIасрат хIарам гьабуге!

Гьал цо гIадамаца, гIищкъугин щигIру
ЩайтIабазул ишан, абизе тоге, –
Бусургьанчиясе щай бегьуларей
Берал, гьумер чалухъ, черх-лага берцин?

РахIму бугев аллагь, улбул пашманаб
Цо-цо пиша ккана, тIасалъугьа мун.
Дун наслабаздаса намуелъилеб хIакъ...
ХIинкъула, гьабуге дир цIва дий хIарам.

Аллагь, тIасалъугьа, нухал къосарав,
Къарнудал гьерсазда божарав дида, –
Гьадинги ракьалда талихI дагь бугин,
Гьадинги тушманлъи гьарзаго бугин.

Гьанже киниялда васал дагь руго,
Дунялалда хабал гIемерлъун руго, –

Къали бухулаго биххулеб бертин,
Байрам къачIалаго къацандулеб халкъ.

РахIму бугев аллагь, ишал гIемерав,
Гъаб гIалам, гьаб зоб-ракь кинабгIаги дур.
Дир каранда бугеб гIасрудал саву
БихьичIеб ххвел гьабе, гьеб – гьитIинаб жо.

Гьединан, гьукъараб цодагьаб къайи,
Цо-цо килограмм тIокIаб батараб,
ЛъикIав таможнияс тола ракI гурхIун,
РикIкIаде, улка тун, дун унеб мехалъ.

## АЛЕША

Дида цIар Алексей, улка Россия,
Доб июнь, дол цIурмал, цIадулъ Европа.
Паспорт босилалде ретIараб шинель, –
Щайзе дун къочарав нечарай долда?..

«Къо лъикI, эбел, эмен», – гьанже мех ана,
Пакъирзаби, чIаго ратиларо нуж.
Дунги херлъилаан хутIарав ани, –
Хвана гIолохъанго, чIвана бахIарго.

Дир би – Волгаялда, доб Днепралда,
Ржевалде щолеб щобда чIвана дун.
ЧIвана Россиялъул тIолго росабалъ,
Белоруссиялъул расалъабазда.

Къоло анкьазарго миллионал ниж,
Москваялдаса ун, Берлиналде щун.
Диде тIаде къулун азарго эбел:
Алеша, Алеша, Алешайилан...

Дунгун цо полкалда Василий Теркин, –
Тамаьо цоцазе къурараб щинаб!
«ГIурул квегIаб рагIал, кваранаб рагIал», –
КигIан гIолохъанаб халкъ ниж букIараб!

ЦохIого гъадриниб кIиязулго гъуд,
КIиясулго гъежда – цо-цо автомат.
Карачалабалъан раккун-тIерхьун ниж,
ТIолабго континент нижехъ балагьун.

Бадир дурнавалгун, Алешайилан,
АхIи балеб буго диде Европа.
Вася Теркин, дуца гIор бахейилан,
Доб Бухенвалдалда бухулеб цIумур...

Ниж кIоченчIо, Теркин кочIолъе ана,
Камилаб сиялде дунги вахана.
Доб Болгариялъул багIараб Роза
Дир зонохъ; Алеша, Алешайилан...

Гъанже щибха ккараб, – дир лъалеб шинель
Щай бичулеб бугеб доб Берлиналда?
Бергьарав къунищ дун, цевесев солдат? –
Цебе битIараб хъат, тIерхьун араб бакъ.

Бихьулищ, дир улка!.. Дий борхараб си
Биххизе гьабизе квалквалел руго.
КучIдузулъе арал цIаралги хъвагIан,
ЦIидасан дун чIвазе къачIалел руго.

Бице, президент Болгариялъул,
БукIараб хIакъикъат гIаздалъищ бугеб?
Бице, Россиялъул господай-бутIрул,
ВатIаналъе гьанже дун гьерсихъанищ?..

«...Къо лъикI, эбел, эмен», – гьоркьоб мех ана,
Пакъирзаби, чIаго ратиларо нуж.
Дунги херлъилаан хутIаравани, –
Хабал макьилъ дида бихьула дунял.

Дида цIар – Алексей, улка – Россия,
Паспорт босилалде – каранда тIухьи!
Доб нечараб къочи – бищун цебесеб, –
Къечон вукIараб куц, ицц бецлъараб хех!

## ХАСАЛИЛ АХИКЬ

Дун хасалил ахикь больницаялда,
Балеб къватIиб гIазу, жаниб гIурччинлъи;
БахIараб гIищкъуги хераб гIакълуги
ГIодор чIун къецалда, цого бакIида.

Дида аза-азар кучIдул лъалаан,

Гьел лъарал бухIараб салулъе ана.
Сахлъиялъ рагьулеб, унтиялъ къалеб,
Даим къир-къидулеб нуцIил кIалтIа дун.

Гьанже тIолго улка, больница гIадин,
Бакъ цIехолеб буго цIорораб кьиндал.
Раччиги бакIлъарал, кьоги биххарал
Нухлулал кинигин, – къоги сордоги.

Ракь, ракI багъарулеб, рагъ, зоб гъугъалеб –
Гьал судулел ругънал регъолел сунца?
Дун хасалил ахикь, гIурччинлъи гIадин,
ГIолохъанал ихал цIехолев вуго.

Огь, гIадлу биххараб гIазизаб дунял, –
Дунги мунги цадахъ цо палаталда.
Мун унтун батани, дие сахлъи щай?
Мун сахлъун батани, унтаниги щиб?

Дун хасалил ахикь дир гIасруялъул
ГIузрабазе дару гьикъулев вуго.
Доктораз абуна, нолъ цо эбелалъ
Цадахъ васги ясги гьарун ругилан.

## ЧIЕГIЕРАЛ «ЧАЙКАБИ»

ЧIегIерал «чайкаби», чIухIарал чинал,
ЧIегIерал гъудузда багIарал тIаргъал...
ЧIегIерал чабхъенал, чIегIерал сардал,
ЧIвараб щинаб рогьел гьунар-цIаралъул!

ЧIегIерал, «чайкаби»,.. Арбаталдасан
Гьел унеб мехалда соролеб улка...
Свараб щинаб чирахъ, свараб щинаб цIва,
Салулъе анщинал иццул чвахиял!

ЧIегIерал «чайкабаз» чIегIер бельинчIеб
МегIер, ралъадни щиб, – чан, ччугIа течIо.
ЧIегIерал «чайкаби» – чIегIерал санал,
Нужехъа ворчIарав дун чIаго вугищ?

Дир мугIрул тIогьисан оцхIутIал гIадал, –
АскIове щваравго, жанаварал нуж.
ЧIегIерал «чайкаби» – чIегIерал зобал,

ЧIегIерал подвалахъ хъахIлъулел бутIрул.

БацIил батIалъи щиб? – чIегIераб, хъахIаб,
Гьадалго хъачагъал, хвалчаби – гажал.
Хисана хъаравул хъахIал гьундузда, –
Гьадабго цебесеб буго бидул кьер.

* * *

Заманалъул горду рагьана дица
Рогьалил гьавадул гьогьен босизе;
Гьаб цо хIалуцараб хIалкъаялдаса
ХIанчIазул гьаркьаца хвасар гьавизе.

ГIадлу гьечIеб гьури, тIолго рагьаби
ТIатIала чIвазарун, пештIана гъасда.
Дир ракI хIайранлъулеб хIанчIазул маялъ
ХIинкъараб кеторуз ахIдана тIохда.

Гьанже нуцIби къазе къасд гьабулаго,
Дур къарну анилан, абуна дида...

Гьаб къватIул унтиялъ унтараб улка,
Эркенлъи кьун буго дуда кьабизе.
КьватIараб кьурулги биххараб рохел, –
Ихтияр щун буго эбел какизе.

Дур кверал ричанин, арал соназухъ
Цониги бакI тоге бакIаб зар бачIеб!
Дуе рагIи кьунин – цо инсан тоге
Нилъер тарихалъул нагIана кьечIев!

Гьанже духъе кьуна кьабизе гIащтIи, –
БичIе, чIалу гIадин, гIагараб Кавказ.
Чархида нусги ккун тIохде баханин, –
ТIатIул гурга – Союз сусун бай, къотIе.

КъачIазе, гIуцIизе гIакълу гьечIеб квер, –
Кини-гьулак гъуре, хоб пасат гьабе.
Буго дур ихтияр мацIал гьаризе,
Политикаллъидал – гьерсал хъуризе.

Вакъизе бокьичIищ, – викъардизе а,
Бикъизе хIинкъанищ, – вахъа, гьардухъ а.
Бокьанани чу чIвай, бокьани чи чIвай,

Бокьани чияр бакI ватIанин абе.

* * *

Зоб гъугъараб гъугъай – дир къарнудал кечI,
Къоринив рехарав ГIали кинигин.
Дица квар рехула мун хвасарлъизе, –
Огъ, гьаб тIолеб щинаб тIаде цIалаго!

Доб пирхараб пири – тараб чIаголъи,
Цо чIинкIиллъиялда Робинзон гIадин.
Дица гIищкъуялъул раса битIула, –
Огь, гьеб гьелчолеб куц карачалабалъ!

НухI, вахъа, цIидасан кIудияб гама
Дуца гьабичIого гьанже рес гьечIо, –
Гьал карачалалъе тIерхьунеб гIакълу
ГIадамил васазул хвасар гьабизе.

Намруд, мун заманалъ ахIулев вуго
Зодоре рахунел нухал гьаризе,
Гьаб ахаде унеб ияхIгун хIасрат
Аллагьасде гIагар гьабун цIунизе.

Дун ралел цIадазухъ балагьун вуго, –
Бичасул махсара дуниял-гIалам;
Анлъго сордо-къоялъ гьес гIуцIараб мун,
ГIадамаз дудаса босулеб къисас.

Къадал, къасдал гIадин, риххулел руго,
Нухал, хьулал гIадин, щущалел руго.
Дихъе васандизе кьураб ясикIо
Босун унеб буго, дир гIасру, нахъе.

## СВЕТЛАНА СОРОКИНАЛДЕ

*Россиялъул телевидениялъул дикторалде*

Светлана Сорокина,
СагIат микьго тIубайгун,
Мунгун къаси дандчIвазе
КъачIан чIун вукIуна дун.

Лъабго хъахIаб гIаларча
Чвархъола, хIихIидула:
«Гьале дойилан» абун,
Духъе гьез вачуна дун.

Дуца горду рагьула
Кинабго дунялалде.
«Добрый вечер, здравствуй!» –
Дир йокьулей гурищ мун?!

КенчIолеб карги расги,
Каранда маржанул цIал,
МацIалда, хIули гъунеб
ХIинчI гIадинан, Россия.

Светлана Сорокина,
Саназул экраналда
Мун яккигун, кколаан,
КечI ахIилин гьабсагIат.

Дида ракIалдещола
РикIкIада ГIахьвахъ росу,
Цо гIолилалъул гордухъ
Дирго серенадаби.

Цебе ккураб куналъул
Кинаб кьеран лъалареб
БецIлъи щолеб мехалда
Щолаан дун долъухъе.

«Дун квачалев вугила,
Виччай хинлъизейила»...
Дица рехарал тIаргъал
ТIадруссун, бахъараб хIур!

Гьедин аза-азар къасд,
Къасде духъ балагьун чIун, –
Мун, лъалеб гIаммаб гордухъ
Гагуги Мадинаги.

Духъе тIаргъал рехула,
Цодагьаб рохелилан, –
Дур кидагосеб жаваб:
«Жакъаги гьечIин, метер...»

Гьарула: «квачан ругин,
Риччай жанир хинлъизе».
Дур жаваб: гьури, накIкIин,
РекIунарин гъасда цIа.

Дуда рихьизарула
Гьардухъабазул тIилал,
Гьабзасца кунел ругел...
Мун: квине жо гьечIилан.

Дуца рехсола даим
Улкадул рагъал, ругънал...
Халкъ – дараби цIехолел
Рахарал аптеказда.

Гьеб рахъалъ мун релълъуна
Улкаялъул бутIрузда, –
БатIияб жаваб гьечIо
Гьезулги «метер» гуреб.

Светлана Сорокина,
Мун экраналъул гъасда
ГьецIалъ рохъо хъиргщулей
Ракулъ сварал цIаязул...

Гьелъ жакъа цIазе бугеб
Хъаляналъе цIа щвелищ?
ЦIалаца бухунилан
Хвараб чу бекерилищ?

Кинго бакъвалареб би,
Ракълица тараб хъизан;
Рукъ-къайи бикьулаго,
Гьоркьор паркъолел хунжрул.

Дур цаби хIарпал гурищ
Газетал журналазул?
Мун дандерижи гурищ
Кинабго къварилъидул?

Гьел дур комментарияп,
Херазе хIалцен гIадин,
Хварал лъолеб «гъансида»
Кьабулел магIал гIадин.

Ахирияб минуталъ
Дур чанкIкIараб цо гьими,
Чанго миллионазул
Макьуги хвезе гьабун.

Светлана Сорокина,
Дур харбахъ гIенеккигун,
МичIица черх бухулев
Чи гIадинан вуго дун.

Бихьиназдани кIвелин,
Дуда кин гьедин кIолеб? –
Дур берцинал кIутIбуца
Бицунеб харбил кьогIл ьи!

Гьанже доб заманалъул
Музыка нагIанайищ? –
ГIужрукъил рукIкIбуз гIадин,
икIулеб бугин керен.

Гьанже гьаб улкаялда
Лирика дагIба-къецищ? –
Дуцаги цIа хехлъизе
Балеб куц хведер гъасде!

Гьанже нилъер ракьалда
Рокьиялъе бакI гьечIищ? —
Гьудуллъигун гьуинлъи
Даим «метерищ» бугеб?

Бертаби рукIунарищ?
Гьулакал кIикIуларищ?
Гьаруларищ улбуца
Инсул цIар лъезе васал?

Океан тун къватIисан
Садакъадахъ хал гьабун,
Хуриб гурхIилеб даб тIор
Гербаздацин дагьлъанин...

Пашманаб какги кечIги,
Кеп чIвана, Светлана, –
Дур горбода гьеб рахас
Маххулищ, меседилищ?

Гьал сессиял, съездал,
Митингал, депутатал...
Доз хурзал рекьуларо,
Дозда рокьи лъаларо...

Дуда макьилъ Дагъистан,
Доб ГІахьвахъ бихьуларищ? –
«Огъ, дун квачалев вугин,
Виччай дагьалъ хинлъизе».

...Светлана Сорокина,
СагІат микьго тІубайгун,
Чуял хІихІилел руго,
Дун дагьав хІинкъун вуго.

## ЩИБ ККАРАБ?

Зобал гьалаглъунищ, гьава гІантлъунищ? –
ГІаздалъ буго июль авар росабалъ.
Саналищ мехтарал, мехищ гьуразул? –
Гьелегьараб цІадулъ цІорораб тайга.

ХІалхьи гьечІел рохьал Дагъистаналъул...
Дица дир ракІ цула накІкІигъотІода.
«НакІкІигъветІ, накІкІигъветІ, даим гІурччинаб,
ГІажизлъараб рокьуй кьей дуца дару».

Дунял гІасилъунищ, гІалам хъачІлъунищ? –
Биххулеб мина-къед, щущалеб къадру.
РагІи учузлъунищ, чи манатлъунищ? –
Чвахулел иххаца унеб гьунар-яхІ.

Ракарал кораца керен боркьараб,
Кавказ, кверал чІвала дица дур кьурда.
«Кьураби, кьураби, цо кьуруларел,
КьватІулеб гІакълудай кье дие сабру».

Аллагь, гьал гІадамал гьарунилан дур
Гьанже ракІ бухІунищ – бугеб Карабах!
Дуе как бачІого ккарал гьалатІахъ,
ЧагІазе кьун бугеб кьогІаб Чернобиль!

Доб рикІкІад бакІазда рукІарал гІечІищ? –
Руго гьал афганал инсул ракьалда...

Аллагь, дун гьардола дуда хIалимав, –
ХIавагун ГIадамил наслу сах гьабе.

* * *

ЧIандал рукIунаан, гьардарал хунзин,
Ханзаби рижарал, хвейгун какизе...
Сунде гъвел балебан, гъасда цIа свингун,
Гъоркьиса горо-цIер букIинчIебани?

Огь, хIикматаб улка! – киналго саназ
Сонисел къоязухъ къисас босулеб;
Жакъа лъималазул къварилъиялъухъ
Къаникь рукъаразул занал рекулеб...

Дун тарал нухазул, арал мехазул,
АхIарал кучIдузул адвокат гуро.
Амма гьал гьанжесел, полпил кIал цIурал
Прокуроразда дица абила:

Умумал куцаге рокьи гьабизе,
Рукь оцазда базе, чуял кьолозе;
ТIолго иццал къаге арал иххазул,
Нухда къечаралго, гьел къваригIуна.

Дица чIегIер бачIо арал тIадчагIахъ,
ТIинкIичIо дир магIу риххарал тахахъ.
Амма гьезул сорав даим босулел
ДиванчагIазда дун кIалъалев вуго:

Нуж гьарилалдего гьаб дунялалъул
Гьулакалда чанги гьунар кIикIана;
Нуж кIалъалелдего, нужер умумуз
Улка хIайранлъулел кучIдул ахIана.

ЧIандал рукIунаан, гьардарал хунзин,
Ханзаби рижарал, гIайиб рехизе, –
ГIалихановасул хоб кьвагьарабго,
Жалго хвезе гьечIин ракIалде ккарал.

**КЪОАБИЛЕБ ГIАСРУ**

Ракьа гIадин хъарсараб,

Хъарпуз гІадин кванараб;
ТоргІо гІадин бухараб,
Таргъа гІадин чІехьараб;
Ралъад гІадин гьелчолеб,
Пири гІадин перхолеб;
Киназего щолареб,
Щваразеги гІолареб;
Мун къоабилеб гІасру,
Къварилъи дур саназул!

ТІурачІел дур хиялал,
Хабалъ лъурал анищал;
Ахиралда дур каранлъ
Кор бакараб Чернобиль.
Цо рахъалъ космонавтал,
Цо рахъалъ наркоманал,
Байконурги спидги
АскІор свердулел цадахъ.
Цциналъ сонисеб къодахъ
Жакъа босулеб къисас, –
Рагъал къотІичІеб гІасру,
ГІасилъи дур саназул!

Хисулел даим нухал,
Риххулел даим кьоял;
Къойил пожарги гьабун,
Гьелде даим лъим тІолел.
«Окей!» – ян Америка,
«Банза!» – ян Япония,
Французал: «Мерси!» – ян,
ГІурусал: «Матго матин».
Немцал; «айнц, вайнц, драйин
Даим ругъназулъ гІасру.

Бакъан-гІакълу къваридаб,
ГІантлъи-тохлъи чІухІараб...
ЧІвалеб щинаб хъат гьерсий,
Гьура, цІогь, мафиялъе.
Гьал колхозалъул цІурмал,
Какил бакьулъ зваргъарал,
Милицабазул пештІей, –
ВатІанги тун Шаляпин...
Алжан балагьулебин,
ЖужахІ батараб гІасру.

Кутул гъулгъударал куц,
ГъалбацӀал ругин жалин;
БацӀал хӀихӀидарал куц,
Жал чуял ругин абун.
Роржун унел ракетал –
Квачан холел, рукъ гьечӀел;
Ракъарал бесдалазе
Бомбаби – ясикӀаби...
Мун бичӀчӀизе захӀматаб,
Занал гӀемераб гӀасру.

ЧӀегӀераб гӀазу бараб,
БагӀараб цӀадал рараб,
Унеб къойилаб гӀасру,
Щиб гӀакълу дуца кьолеб? –
ГӀасру кӀалъалеб гьечӀо,
КӀалъан пайда щибилан,
Жинца малълъулеб гӀакълу,
ГӀадамаз босуларин...
...Вай, гӀадамал, къарнуялъ
КъотӀарал щинал бутӀрул!..

## ДАШ-БАШ

ГьитӀинал мехаздасан
Дир тӀохазда: «далалай».
ТӀогьолал ихаздасан
Дур нухазда: «дулалай»...
Гьанже далалаялъул
Даш-башалъ щекъер ккуна;
Гьанже дуниялалъул
Даш-башалъ гъванща чӀвана.

Санаца цӀоко ччукӀун,
Чара къосун «вададай»..,
Чоца гӀодой рехигун,
Бохги бекун «вабабай»...
Дашалъ зурма гьурабго,
Гьарс-гьарсилан кьурдана.
Башалъ пиштӀун бачингун,
Гьайт-вайтилан кӀанцӀана.

«Москваялдаса араб,
ТӀолго росабалъе щун;

Югалъул мугIруздаса
Север ралъадахъе щун»,
Гъоркьан ратIа, тIасан бох,
ТIад вугесе къулагIи;
Дуе бетIер, дий хIатIал,
ХутIаразе: «вададай!»
Даш-баш!

Унел руго поездал,
Щибаб гьоко «даш-башин».
РещтIунел самолетал,
Щибаб мотор «даш-башин».
Жигулаби, волгаби,
Дудуго дудуйилан...
Нужер дудуй щибизе,
Даш-баш – рагье, багажник!

Киназго босулеб квер –
Кепказ бер бахъуларин;
Щибаб бералъул ишан –
Шагьабаз хIанчIуларин.
Гьанже гIагарлъи щиб жо? –
ГIарац – ГIаршин Малалан;
Гьанже гIищкъул бицунге! –
Гьебги ГIаршин Малалан.

«Москваялдаса араб,
ТIолго росабалъе щун,
Югалъул мугIруздаса
Север ралъадахъе щун»,
Гъоркьан ратIа, тIасан бох,
ТIад ругезе къулагIи;
Дуе бетIер, дий хIатIал,
ХутIаразе: «вабабай!»

Чи хъулухъалде восе, –
Хъатал лъухьулеб даш-баш.
Гьесие – орденгун чин,..
Чвантил музыка – даш-баш.
Чахъу институталда, –
Экзамен кьолеб даш-баш.
Кьужнай докторлъун бахъун,
Дун гьанже пил бугилан. Даш-баш!
ДегIен ХIежалдеги ун,
Жив хIажи вугин – даш-баш.

Гъеду-чудук – депутат,..
Трибунazда: даш-баш.
Щибаб тирулеб гьобо,
Щибаб тункулеб бокал:
«Дица дуе, дуца дий» –
ТӀолго дуниял; даш-баш...

«Москваялдаса араб
РикӀкӀад росабалъе щун,
Югалъул мугӀруздаса
Север ралъадахъе щун»,
Гъоркьан ратӀа, тӀасан бох,
ТӀад ругезе къулагӀи;
Дуе бетӀер, дий хӀатӀал,
ХутӀаразе: «вададай!»

Дашалъул салам буго:
Стакан гӀалайкумин,
Башалъ буссинабула:
Ва бокал гӀалайкумин.
Цоял сахлъиян абун,
Цоял дерхъаян абун,
Цогидал: «давай, пошли» –
Гьаб даш-башалъул вацлъи.

Даш-баш – байрахъги гимнги
Гьаб гӀасрудул кутузул;
Гьеб какги кечӀги буго
КиналгӀаги гӀунхрузул.
Гьеб – гӀагараб рахьдал мацӀ
ГӀаламалъул бацӀазул;
Гьеб – тухумлъиялъул кьучӀ,
Кьолбол къадалгин гьундул.

«Москваялдаса бахъун,
ТӀолго росабалъе щун,
Югалъул мугӀруздаса
Север ралъадахъе щун»,
Гъоркьан ратӀа, тӀасан бох,
ТӀад ругезе къулагӀи;
БетӀер дуе, хӀатӀал дий,
ХутӀаразе: «вабабай!»

Милица, пештӀолев щай?
Гьеб танчил махсара те! –

Таргъа гІадаб чвантиниб
Кьураб жоги лъун вукІа.
Прокурор, сурав те! –
Суалал гІемер кьоге,
Судиясулги дурги
Рукъ, лъади, лъимал ругин,

Абуге: босуларин,
Намусин, законалин, –
Гьеб рагІун, хІамил кІертцин
КІарун белъулеб бугин.
Жеги Кремлиялъцин
Каву рагьараб даш-баш...
Дуе дуба, дий вагІза,
Дозие ххунги, ччунги,
ЧухІун цІунги, цІункІунги.

«Москваялдаса араб,
ТІолго росабалъе щун,
Югалъул мугІруздаса
Север ралъадахъе щун»,
Буго диван гьабулеб
Дармил лебалал чудказ...
Сверулеб буго даш-баш, –
Башдаб дуе, башдаб дий.

**КИРЕ УНЕЛ НИЛЪ РУГЕЛ?**

ГІадамазул гьумерал
Ругел гьанже пашманал;
Гьудулзабазул бадиб
КъанагІатаб гІищкъул цІа.

КъачІеб зар бихьуларо,
Кьирщулареб ца гьечІо.
Ццин окопалда жаниб
Автомат гІадин буго.

Лъида лъица речІчІулеб,
Кире унел нилъ ругел? –
Улкаялъул каранда
Бугеб кутакаб хІалцен!

Киноялдацин гьурмалъ

Гьими кунчIулеб гьечIо;
Кверал депутатазул
Рорхарал хунжрул руго.

Дида бичIчIарабани,
Иш гьалде кколеб букIин,
КечI, васият кинигин,
Дица къокъго хъвалаан.

Кире унел нилъ ругел,
Киб бугеб накIкI гьечIеб ракI?
Кинабго улкаялда
Цо разияв чи вугищ?

Митингазул базарал,
Собраниязул низам...
Лъица хурзал рекьилел,
Лъица рокьи гьабилеб?

Халатал перекурал,
ЦIия-цIиял партиял...
Дий цо бугеб гIун буго,
Гьебгицин гIемер буго.

Кире унел нилъ ругел,
Батуларищ расалъи? –
ГIасруялъул гьетIараб
Гьоко бекулеб бугин?

Шагьаралъул байдабахъ
Щибав жив муфтийилан...
Сунат гьабичIониги,
Гьел къадизаби руго.

Гьал гIадамазда кIалъай,
Мун, тIадегIанав Аллагь, –
Гьел – согIлъидул асирал,
ГIасилъиялъул лагъзал.

Кире унел нилъ ругел,
Гъанкъулеб гIакълу, гIадат?
ГIуруда – тIеренаб цIер,
ТIад кIанцIелел гьечIищ нилъ?

Диеги хIасраталъе

ХIинкъараб мех бачIана,
БичIчIулареб замана
КечIалъеги рокьуйги.

Кинида ругел тIанчIи,
Нужехъ балагьун вуго.
Бигьаяб гьечIо суал
Нужеца дие кьолеб:

«Кире унел нилъ ругел?
Кире рачунел чуяз?
ЧанцIул гъоркье рехарал,
Нух батизе мех щвечIищ?»

**МАРГЬАЯЛДАСАН**

Дуй бицинищ цо маргьа,
Дуй бицинищ цо хабар? –
Цевесев мадугьалас
ГьитIинго дий бицараб...

Доб букIана чахъдаца
Хъалиян цIалеб заман;
ЦIанаца, коньяк гъекъон,
Кеп гьабулеб замана.

Кутуз къалиги бухун,
Къудкул кьурдулеб заман;
Кьужнаялъ чагъана хъван,
ЧчугIбуз кечI ахIулеб мех.

Доб букIана къуркъбузда
Халатаб рачI бугеб мех;
Хуриб гIанхвараялъул
Лълъурдул ругеб замана.

Доб букIана гьуразда
Берал, кверал ругеб мех;
Канлъи цIумаздаса лъикI
Рузида бихьулеб мех.

Пурцида хIелкалги ран,
ХIанчIаз хур бекьулеб мех;
ХIамил рачIалъ чаргъеду

Зобалазда кколеб мех.

Доб букIана гIанкIикьа
ГIалам хIинкъулеб заман;
ХIакимзабаз кидаго
Рищват босулареб мех.

Борхьал кIичIардичIого,
ЧIорал гIадин, унеб мех;
ЧIутIул, таманчаги бан,
Росабалъ сентIолеб мех.

Доб букIана ганчIазда
ТIугьдул рижулеб заман;
Кибниги гьекъел гьечIеб,
Кибго рекъел бугеб мех.

ГIурцIмаби – гIакъилзаби,
ГIункIкIал – цIаларал чагIи.
ЦIогьаз цохIо гьереси
Бицунареб замана...

Бицинищ дуе маргьа,
Щай мун гIенеккуларев? –
ГIанкIу цIуман бищулеб
БукIана депутатлъун...

Дие жаваб гьабуна:
Гьеб маргьа гурин, Расул,
ГIисиназдацин лъалеб
ХIакъикъат бугин жакъа!

**ГIАДАДА ГIОДОЙ ТIУРАБ БИ**

ГIадада, гIадада гIодой тIураб би, –
ТIугьдукьа нечола гIурда раккигун,
Гьел гIолохъабазул берал ратилин,
Доре Афганалъе арал, руссинчIел.

ЧIалгIаде, чIалгIаде чIванщинаб гIищкъу, –
ГIазда цIаял рихьун, цIунцIрахуна черх.
Нилъер кьерилазул ракIал гурищ гьел,
РикIкIад улкаялъул корахъ рухIарал?

Кереналда рачIел орденал руго
Эбелалъе кьолел, гьелъие гьал щай?
Гьай йиго василан, жиндир василан,
Жинхъа вахъарав гьев нахъе кьейилан.

Резил мусруялъуб лъураб жаназа,
Лъидаса босилеб дуй гIоло къисас?
Жеги къоно чIвачIев, чIварав гIолихъан, –
ГIайибазул бутIрул ратилел киса?

Дозий щиб, паракъат приказал кьунин, –
Кьвагьдолеб гIарада гьечIеб Кремль?!
Дозий щиб, цIадулъе рехулел боял, –
ЦIумур бухулареб тахшагьаралда?!

Дол цо политикал, цIорорал ракIал,
ЦIадулъан хъурщулеб черх бихьуларел;
ХъахIал къункърабаца цIиял васазул
ЦIар ахIула даим, дол гIинкъал руго.

## КАРАБАХ

Армения, дур крунк:
Карабах, Карабахин...
Доба нижер кечI бугин,
Доба нижер как бугин.

Азербайджан, дур булбул:
Карабах, Карабахин...
Доба нижер ракь бугин,
Доб нижер рокьи бугин.

Армения, кечIалъе
Цоги кечI бегьуларищ?
Каметасил хIанчIазул
Кваркьаби хвалчабийищ?

Азербайджан, цо аллагь,
КIиго как бегьуларищ?
Вагифил булбулалъул
Бакънал гьанже хучдулищ?

Унго цого ракьалда
КIиго рокьи рещтIани,

Рокьукълъийищ гьоркьобе
Гьезда лъугьине кколеб?

КIияйго эбелалъул
МагIица лъалъалеб хур, –
Лъималаз би тIечIого,
Гьениб тIор бижуларищ?

Цоцалъ вагъулев вугев
КIиго вацасда гьоркьоб
Гьарделеб бугеб дир кечI
КIияцаго бухана...

Булбул: дир михIмарилан,
Крунк: дир килисаян, –
Дица как балеб буго:
«Аллагь, гьаб Кавказ цIуне».

## ГЬАЛДА ЩИБИЛЕБ?

Их бачIана гьале, гIищкъул гурони,
ГIумруялъул ургъел гьечIей яс гIадин;
Гьаб гIурччинаб ратIлилъ белъанхъулеб куц,
Ккарал балагьазухъ балагьичIого, –
ГIадалаб, гIадалаб гьалда щибилеб?

Гъугъадулел зобал, багъарулеб рохь, –
Рокьул кучIдул хъвалев магIарул шагIир.
Гьесда релълъун буго гьаб гIантаб рии,
Бертадул парталгун хваразул зонохъ, –
ГIадалаб, пуланаб гьалда щибилеб?

Хур бакъалъ бакъвана, мурад тIубачIо, –
ТIораца, тIанхаца гуккарал къасдал;
ТIогьилаб хаслихълъи хал гьабуларо
Рекулел гьаказухъ гьаб гIасруялъул, –
ГIадалаб замана, – гьалда щибилеб?

Дица хаселалъул, йохъ, бицинаро,
Балеб буго гIазу дир хиялазде.
ХутIана нахъ гIумру. Дир аэроплан
Аэродромалде гIодобе унеб, –
ГIадлу чIвараб улка, щибилеб гьалда?!

**БАГIАРАБГИ ЧIЕГIЕРАБГИ**

Кинабниги багIараб
ЧIегIерлъараб куц, унго! –
Дир гIасрудал ахада,
Дир нухазул рагIалда.

ЧIегIераб хIорил матIу –
Гъумер бихьулеб гьечIо.
ХIабургъунеб дир гIакълу,
ХIарщулъ къараб дир гIищкъу.

ЧIегIераб гIазу буго
Гьаб гIумруялде балеб.
ЧIегIерал цIадаз буго
ЦIа гъасда свинабулеб.

ЧIегIерлъарал гIинтIиял,
ЧIегIерлъарал лъабгIинал,
ЧIагоязул гъуждузда
ЧIваразул жаназаби...

Кинабниги багIараб
ЧIегIерлъараб куц, унго! –
КечI, тIор, тIамах, байрахъал,
Памятникал, инкъилаб!

Азербайджан, дир хIасрат,
Гьеб – дур чIегIераб январь,
ЧIегIерал поездазда
Гьениб рещтIараб тIупан.

Рудакил Таджикистан,
Гьеб – дур чIегIераб февраль:
ЧIегIерал вертолетал,
ЧIегIерал автоматал...

ЧIегIераб ичIабилеб
Апрель Тбилисалда, –
Эбелалъул беразул
ХъахIилаб кьер киб бугеб?

Кинабниги багIараб,
ЧIегIерлъараб хех, унго,

Харил кьер – гьунаралъул,
Хвалил кьер – гьудуллъидул...

ЧІегІерал гажал руго
Газетал, журналазул...
Жакъа чІегІераб гуреб,
Цогияб хабар гьечІо.

Доб Ферганалъул квасквас,
Доб Вильнюсалъул янтарь...
Улкадул карта босе, –
Киб бугеб лъукъичІеб бакІ?!

ЧІегІераб рамаялъуб:
Рокьи, тарих, нух, мех, их...
Россия, дур календарь,
Киб бугеб гвангъараб моцІ?!

КІиябго Осетия,
КІиго гъецІалъ цІацІалеб, –
Дий нартасул гьаракь кье,
Кьижараб божидул чІва!

ЧІегІер барал мугІрузда
Каранде къалеб лъимер, –
Каву рахай, Дагъистан,
Балагь кІетІелеб бугин...

Сордолъулел гьал къоял,
Къасилъулел рогьелал,
Къиямасеб къо щванин
Щурщудулел гьал кІутІби.

Къаникьцин гІадамазе
Толареб паракъалъи;
ИтаркІабазда гъолел
Гъудузул кваркьалаби...

ЧІегІерал машинаби,
Площадал чІван унел,
ЧІегІераб кІкІара гІадин,
Улкаялъул каранда.

Кинабниги багІараб –
ЧІегІераб тІурччи гІадин...

Дир рогьалилъ ахIарал
Асарал, дун кIочон те!

Амма букIананиги
РекIелъ хьул бечIан гьечIо, –
Гъваридаб хъитIниб дида
Цо хъахIаб тIегь бихьула.

Гьаб цо лъимадул гьими,
Гьаб цо лъимадул магIу,
Гьаб цо хIинчIалъул чIи-чIи, –
ЧIегIерлъизе гьечIо нуж.

Гьаб цо бакIаб ганчIикьан
Баккулеб гIурччинаб хер,
ГIищкъул кучIдул кинигин,
Кидаго хутIила мун.

Кинабниги багIараб
ЧIегIерлъизе рес гьечIо, –
Дир хирияй Мария,
Хвасар гьабе гьаб дунял!

## ДУЙ ЩИБ ЖО ЛЪУГЬАРАБ, ЩУЛИЯБ КЬУРУ?

Зодил цIагIелалъул цIаялъул пири, –
ЦIан бахъунеб буго хъалиян векалъ.
Рокьул вулканазул коразул кIкIуял, –
КIалтIе вачIун вуго чIегIерав чапар.

Гьес бихьизабула, цо хутIичIого,
Цаби рортараб кIал, гьале дур мехин.
Цо хутIараб гьебги унтулеб бугин, –
Улкаялъул керен кьватIулеб бугин...

Дуй щиб жо лъугьараб, щулияб кьуру? –
Щущан унеб бугин букIараб къадру.
Кинал къоял щварал гьеб дур рагьдухъе? –
Рогьо букIун бугин некIсияб гьунар.

Гъалазухъ хисарал васазул михъал, –
Гьал цо бихьиназул борхьилаб макру.
Михъазухъ хисарал ясазул гъалал, –
Гьал цо руччабазул чанкIкIараб сихIру.

Дида нахъа – мугIрул, дида цебе – кIкIал,
КIияздаго гьоркьоб нух къосараб чан.
Къалеб буго пардав хъазнида нахъа
Хъизанал кьаллъараб театралда.

...Зодил цIагIелалъул цIаялъул пири, –
ЦIан бахъунеб буго векалъ хъалиян.
Рокьул вулканазул коразул кIкIуял, –
КIалтIе вачIун вуго чIегIерав чапар.

* * *

Свери лъугIилалде, лъутулеб щунгъар,
Лъугьараб щиб дуе, къоабилеб век?!
Къо ун бахъиналде, бачIараб сордо,
Салам, накIкIикь бугеб рикIкIадисеб цIва.

Ракь дида лъаларо, киб билун бугеб, –
Цин милициялда, цин больницалда.
Мех киб биххун бугеб, хадув гъоларо, –
Цин – ханжарги борхун, цин – хабалъ жаниб.

Дун жеги дидаго гурхIарав гуро,
Гьанже гурхIун вуго, – гуккараб божи.
Роржарал саназде семулев гуро, –
Гьаб цо боголил как дир кватIиладай?

КагIбадул чIегIераб ганчIиде къулун,
Къочизе нечана аскIой щваниги.
АзарцIул михIмараз ахIи баниги,
ХIинкъана дир шигIру, щайтIан батилин.

Нахул чирахъги ккун, килисабазда
Как щурулев цо-цо политик гIадин,
Дий бокьун букIинчIо гьедин вихьизе,
Гьайбатай Мария пашман гьайизе.

...Свери лъугIилалде лъутулеб шунгъар,
Лъутъараб щиб дуе, къоабилеб век?!
Къо ун бахъиналде, бачIараб сордо,
Салам, накIкIикь бугеб рикIкIадисеб цIва.

* * *

Багьаго гьикъуге гьанже гьаб рокьул, –
Гьойца ракьа гIадин, цциналъ хъарсулеб.
Жибго ракьалъулги цIехоге къимат, –
ЦIаха гIадин буго цоцахъе цIалеб.

Эбел ятIалъараб лъимерищ улка?
Лъимал ратIалъарай эбелищ ВатIан?
Цоязе абурал цояз рачарал,
Цинги риччантарал дир Тавридаби...

Нужеда лъабго цIар лъица тIамураб? –
Хурги рукъги бугин, къец бан, хъамулеб.
Хъалим гIечIогонищ, гIищкъу дагьлъунищ? –
ГIаммаб зобцин нужей бегьулеб гьечIин.

Щибилеб, нилъеца бичана учуз
Умумузул вацлъи, берцинлъи, щавкъ, цIар...
Жибго шагьримоцIги, кодобе щвани,
Шагьабахъ кьелаан гьанже кьерилаз.

Дидаго бихьана гвардияца.
Гургинаб значок чадихъ хисулеб,
Герояс жиндирго меседил медаль
Баргъич-курхьабазе Кубачиб кьолеб.

Кубачиб щиб жо гьеб! Доб Шанхаялда
Нилъер офицерас бичулеб шинель;
Берлин босиялъул килас каранда, –
Кверaлги цере ккун, херлъарав летчик...

...Багьаго гьикъуге гьанже гьаб рокьул, –
Гьойца ракьа гIадин, цциналъ хъарсулеб.
Жибго ракьалъулги цIехоге къимат, –
ЦIаха гIадин бугин цоцаца тIолеб.

**ДИДА МУН ГIАДИНАБ УЛКА БИХЬИЧIО**

Россия, мун бугеб хIикматаб улка,
Дуцаго дуего хIалхьи толареб;
Дуего щай гурин, цогиязеги
ЦохIо паракъатаб къо биччалареб.

ГIезегIан гIатIидаб ракьги буго дур,
Рукьбузе гьарзаяб, рокьуе гIечIеб.
Машгьураб, кIудияб халкъги буго дур,
Хвел гIемер бихьараб, гIумру дагь лъараб.

Гьаб гIалам тирана, дунял сверана,
Дида мун гIадинаб улка бихьичIо, –
Эркенлъи чиясул пикрудай гьечIеб,
Дагьаб талихIалъухъ тамихI кIудияб.

Щив парчахI кканиги гьесий чIвалеб хъат:
ЧIахъаги, чIахъаги, чIахъагийилан.
Гьас тах тараб мехалъ, хьвагIулел тIилал:
ТIагIаги, тIагIаги, тIагIагийилан.

Мунго прокурор арал соназул,
Судиявги гьанже гьал ургъелазул.
Адвокат лъалареб бачIунеб къодал
БичIчIизе захIматаб гьаб дур кIодолъи...

Европа тирана, Азия лъана,
Дида мун гIадинаб улка бихьичIо:
Инсудаса васас къисас босулеб,
Къаникь рукъаразул занал рекулеб.

Дуцаго дуего гьабулеб пожар,
Гьеб свине гьабулеб даим саназ мун.
Дуцаго халкъазул гьабураб Союз
Цо къоялъ биххизе нух кьурабги мун.

Рогьоги гьунарги цого гьакида, –
Дур Пушкинал чIвалел чияр Дантесал.
Дур чияс би тIечIеб бакI гьикъарабго,
ГьечIилан абула рокъобгун къватIиб.

ГIемерал улкаби руго дун щвечIел,
Амма мун гIадинаб жеги рагIичIо,
ГIемераб биги тIун, цIунарал ракьал
ЦIогьаца цоцазе ричизе кьолеб.

Россия, гIумруялъ бичIчIичIеб улка,
Мун бечIчIулел гьанже гIемерлъун руго.
Гьеб дур гIахьалаб ракь бекьиялдаса
Бикьизе бокьарал гьарзалъун руго.

Мун – дир букIарабги, мун дир бугебги,
Мун – кинаб букIинеб кинго лъалареб.
Сониселъухъ къисас жакъа босулеб,
Жакъаселъухъ къисас метер къачIалеб.

Лъаларо, зобазда улкаби ругищ,
Амма мун гIадинаб батизе гьечIо, –
Мурад, цIар хисулеб, байрахъ хисулеб,
Хасият чиясул даим цогояб...

## ЛЪАБАБИЛЕБ ДУНЯЛ

Доб цояб дуниял, доб цояб дунял,
Дора эбел-эмен дандчIвала дида.

Доз дида гьикъила гьаниб щиб бугеб, –
Щиб жаваб гьабилеб дида лъаларо:
БитIараб бицани, дол пашманлъила,
Гьереси бицани, аллагь семила.

Доб цояб дуниял, доб цо дунияд...
Рагъда чIварал вацал дандчIвала дида.

Доз дида цIехела улкаялъул хIал, –
РухIалде хIакъ боссе хIинкъула кIал-мацI.
ХIакъикъат лъан хадуб, хабал кьватIила,
БатIияб абуни, аллагь велъила.

Доб цояб дуниял, доб цо дуниял,
Дида гьудулзаби дандчIвала дора.
Доз дида гьикъила: гьанибгун доба
Дуда киналъуб лъикI бихьарабали...

Дица жаваб кьела, лъаларин абун, –
Лъабабилеб дунял къваригIун буго.

## КАНЛЪИГИ, ХIАСРАТГИ, ХIИСАБГИ

## ХЕРЛЪИГИ ХВЕЛГИ

Херав магIарулав, мугъалда гьиргун,
ГьетIараб сухъмахъ чIван вачIунев вуго.
БакIаб гьир гIодоб лъун, гIетIулъ восун гьав:
«Гьаб гIумруялдаса хвел лъикI», – ан вуго.

Хвел бачIуна аскIой, гьир жибго тейин,
Гьале дун, вилълъайин дида цадахъин, –
Херас къартI-мартIалда гьир гьежда лъола,
Гьаб бигьаяб жойин, жинца баччилин.

## ДУНГО ЦОХIО ХУТIАРАВГО

Нус-нус миллат, улка, миллиард чагIи,
КIиазарго сонил ахираб свери...
Дун, дуниялалъул хуриб цIадал ран,
ХутIараб, кIочараб гул гIадин вуго.

Хабалзул рагIалда гьитIинаб зани,
Гьениб цо гIицIаб гъветI – дун дунго вуго...

Дунго вуго суал ишара гIадин,
ЦохIо лъицаниги жаваб кьолареб.
Дунго вуго ахIул ишара гIадин,
АхIун лъицаниги гIинтIамулареб.

Доб чIинкIиллъиялда Робинзонги дун, –
РагIуларо гьаракь гьаб ракьалда дир.
КъватIир улкабазде араб мехалда,
Авар мацI кинигин, дун дунго вуго.

Горсверуде ккараб рота хвасарлъун,
ХутIарав цо солдат кинигин вуго.
Югалде кинабго къокъаги боржун,
Нахъ тараб, лъукъараб къункъра дун вуго.

Миллат Сибиралде битIараб мехалъ,
Дун росулъ хутIарав цо херав вуго.
Цоял эхеде ун, цоял эхей ун,
Дун, апараг гIадин, рагIалда вуго.

Нолъ гIемер гьекъарав, жакъад унтарав

Пакъир, бетIерги ккун, дун дунго вуго.
Цеве хIаким вукIун, чоца рехарав
Чи кинигин, гьанже дун дунго вуго.

Дунго дунго вуго, гьаб къисматалъул
Къисаялъул тIураб тIамач кинигин;
Цо кидаялиго цебе букIараб,
Цинги кIочон тараб кечI кинигинан.

Дир Лирика буго гъоба аххада,
Ахираб хъалиян векалъул цIалеб.

Дун къалантIаралъуб лъезе къачIараб
Къалмида релълъуна, къо унеб буго.
Дунгун цадахъ вуго гIицIго цо Аллагь,
АхIул гохI – дуниял, – Дун дунго вуго.

**ПАЛ БИТIУН ККЕЧIО**

ИчIго чIимихги рехун,
Пал тIамураб дир гIумру...
Гьале нух, доле мурад –
Дие пал битIун ккечIо.

Нух дир мекъаб букIанин,
Чуги рекъаб букIанин,
Мокърукь бетIер тункигун,
Буго дида абулеб.

НусцIуса эбелалъул
ЧIумаз рикIкIарал сагIтал,
Гьале сордо, гьале къо, –
Къисмат гьетI-гьетIун ана.

Къоял гIодулел руго,
Сардал релъулел руго,
Кьурул рагIалда вугин
Гьанже мун, магIарулав.

АзарцIул жергъен кьабун,
Кьурдарал дир шигIраби...
Гьале дунял, доле зоб,
Дун кечIалъцин гуккана.

Дуниял багъардана,
Борхатаб зоб гъугъана:
Мун божараб дур гьаракь
Гьороца бикъанилан.

Анкьго гIурда лъабгIин тIун,
ТIаса бищараб гIищкъу, –
ГIаздада бакараб цIа
ЦIунизе бихьараб къо.

ГIумру цо рахъалъ ана,
ГIищкъу цо рахъалъ ана;
Цояб – дун гIинкъав вугин,
Цояб – дун бецав вугин.

Щиб жоха дир хутIараб
Хазина наслабазе? –
Дирго гъалатIал тела
Нухал ритIизаризе.

Цо кечI, рокьи хутIана,
Курхьин гьабулеб мехалъ
Гьелда базе рекъараб,
Якъуталда релълъараб.

**ГIУНА ВАС**

ГьитIинав вас вукIана –
Гьород кини кIикIулев;
Гьев гIуна, гIуна, гIуна,
ГIурдада васандана.
Васандана, свердана,
Чоде тIаде вахана;
Нухаца гьев вачана
Эхедегин эхеве.

ГьитIинав вас вукIана
ГьитIинаб гъветI гIадинав;
Гьев гIуна, гIуна, гIуна,
ГIолеб гIужде вахана.
Ворхана, кIодолъана,
КIодолъун гIатIилъана,
ГIатIилъун гъварилъана,
Гьавагун дова цуна.

ГьитIинав вас вукIана,
КIодолъана, херлъана,
Херлъигун цIидасан гьав,
ЦIа дагьлъун, гьитIинлъана.

ГьитIинлъана тIанкI гIадин,
ТIоцебехъе букIараб.
ТIеренлъана лъар гIадин,
Лъимадул ригьда лъараб.

Гьеб лъар, гIорлъун хъудараб,
Салулъе унеб буго.
ГIумру, бертинан ккараб,
МагIирукъ букIун буго...

Дица ункъго батIияб
ТIанкI цолъизе гьабуна, –
Щибаб цололъ, гIодор чIун,
Дирго санал рихьана.

## ЛЪАБГО ЦIУМУР

Лъабго батIияб цIумур,
Дир цIар ахIун, зваргъана, –
ЦIада кинидахъ тана
Гьелъул тIоцебесеб кечI.

КIиабилеб ахIдана,
Дун бахIарлъанин абун, –
Дица чодул кьолода
Чан гIадай гIадан лъуна.

Лъабабилеб цIурмил кечI
Дие гьуинаб гьечIо,
Гьеб пашманлъулеб буго
Щибаб бачIараб моцIалъ.

Гьелъ абуна, магIарде
ГIазу балеб бугилан,
ГIолохъанлъиги хисун,
Херлъи духъе бачIанин.

Дуца васият хъвайин

Наслабазе цIализе...
ЦIурмил къасиги къеда
Буго хIинкъараб зваргъи.

...Диде ракь хъвалеб мехалъ,
Йокьулей, гьари буго,
Дир ригьазул лъабго тIегь
Лъе занидул аххада.

ЛъабцIуса цIумур кьабе
Кьурабазул васаца, –
Кьижарав дув ворчIила
Хабалзул макьидаса.

* * *

КигIан гIемерлъаниги
ГIечIо дий гьудулзаби, –
ГIадамалъни щай гурин,
ХIанчIалъги гьел цIехола.

КигIан данде чIваниги,
Дагь руго гьалмагъзаби, –
Дун, чиясда кинигин,
Чундузда гаргадула.

КигIан гIемерлъаниги,
ГIечIо дие гьаб рокьи, –
Ракьалда бакI къварилъун,
Гьеб зобазде боржуна.

КигIан къочарданиги
Къеч буссинчIо дир гIищкъул
ГIорал гьитIинлъун рихьун, –
Океан, хъуде, хъуде!

## ХВАЛИЛ ХАРБИЛ ГIЕМЕРЛЪИ

ТIугьдул ретIулев вуго
Хваразул зонохъ лъезе;
Хвалил харбил гIемерлъи, –
ГIолел гьечIо гьал тIугьдул.

КучIдул ахIулев вуго,
Аразухъ магIу гьабун;
Гьал аразул гIемерлъи, –
ГIолел гьечIо алхIамал.

Даим кверкьовулъ вуго,
ЧIваразе как щурулев;
Гьал чIваразул гIемерлъи, –
ГIолел гьечIо алхIамал,

Кьолеб буго садакъа
Гъарималъ бесдалазе,..
Бесдалазул гIемерлъи, –
ГIолеб гьечIо кодолъи.

ЛахIзатаз вуцIцIун чIола,
РукIарал ракIалде щун;
РукIаразул гIемерлъи, –
ГIодов чIезе гьечIо мех.

Дида ккола, кидаго
Дунгоги хабалъ вугин, –
Хваразул балеб зигар
Гьеб дида балеб бугин.

Газетазул чIегIераб
Рамаялда жаниб лъун,
Лъил сурат бихьаниги,
Дунго вихьулев вугин.

Гьал речIалел тIугьдулги,
Гьаб гьалулеб магIуги,
Гьаб хабада какалги –
Киналго дие ругин.

Аза-азар къанщарал,
Къанабакь жанир лъурал,
Лъала нилъеда цIарал,
ЦIадаца гьел чуричIо.

Гьел – цIаларал гIалимал,
Гьел – гIащикъал шагIирал
Дир эбел, эмен, вацал,
Гьел – берцинал руччаби.

Гьел – даим гIолохъанал,
Дир гIагарал солдатал,
Санаца кIоченаро
Мадугьалзаби, гьалбал.

МагIарулазул васал –
Дагъистаналъул сиял,
Гьаб дунялалъул лъимал,
Лъала, лъала дида гьел.

Дица гьазий как бала,
КечIги дир гьезде буго;
Кидаго нухда дица
Гьезул зонохъ тIегь лъола.

Миллионал къанщарал,
Къанабакь жанир лъурал,
Нилъеда цIар лъаларел
ЦIикIкIун руго камурал.

Гьелги цIаларал чагIи,
Гьезулъги цIа букIараб.
Гьелги нилъ гIадиназе
ГIагаралгин рокьулел.

Гьелги дир вацал руго,
Берцинал дир лайлаби...
Гьезул цо-цоялгун дун
Вагъизе ккун ватана.

Гьеб дирги гъалатI буго,
Дозулги гъалатI буго, –
Гьора лъурал бутIруца
Гьедин абулеб буго.

Дица гьезий как бала,
КечIги дир гьезде буго;
Кидаго нухда гьезул
Зонохъе тIегь рехула.

ЦIар лъалебгун лъалареб
Къаникь лъураб щинаб халкъ!
Цо гIасруялда жаниб
ГIалам гъурараб щинаб!

ЦIар лъалелгун лъаларел –
Кинаб батIалъи гьезул?
Киназего зобгин ракь
Дос гурищ кьун батараб?!

ХIанчIазе батIалъи щиб
Лъалеб, лъалареб иццул?!
Дида цIа баканщинаб
ЦIар лъаларел ясазги.

Дунги цIар лъалезульги
Лъаларельги хутIила...
Миллион – хабалъ лъурал
Лъалелги лъаларелги...

Дица гьезий как бала,
КечIги дир гьезде буго;
Кидаго нухда гьезул
Зонохъе тIегь рехула.

## БОКЬУЛА

Бокьула дие дур гьаб босулеб квер
Каранда тIад лъезе, кIаркьазда хъвазе;
КIутIби гьезда цвизе... Цингиги хадуб?
...Хадуб ккелеб буго кинабго гIумру.

Бокьула меседил гьеб дур каралда,
«Дир канлъи», – ян абун, тIад квер бахъизе
Дур габур лъухьизе... Цингиги хадуб?
...Хадуб ккелеб буго кинабго дунял.

Бокьула, мугъ рехун, кIичIун чIарай дур
КIиябго гъежалда цо-цо квер лъезе.
Мун нахъ балагьила... Цингиги хадуб?
...Хадуб ккелеб буго тамихIгин талихI.

Бокьула бакIида гIодой чIарай дур
ГIебеде ритIулел хIатIазул гIицIлъи.
Гьел расандулел куц, цингиги хадуб? .
..Хадуб букIунеб жо – гьаб алжан, жужахI.

Бокьула дур кIалъай, гьел кIутIбуздаса
Релъен бацIцIине те, нуцIа рахалин.

БацIцIана, рахана... Цингиги хадуб?
...Хадур хутIиладай яги хвеладай?!

## ЭМЕН, ТIАДЕ ВАХЪА...

Эмен, тIаде вахъа, дуда рагIизе
МагIарухъ михIмараз ахIулел какал.
Мажгитул ганчIазул гургинал къадалъ –
Къуръанул аятал аварагасул.

Эмен, тIаде вахъа, вилълъа ХIежалде, –
Чанги хIакъ бугев вас, дун дове щвана.
Огь, дур бичIчIи дихъе бачIараб кватIун, –
ГьечIо Аллагь гурев цогияв аллагь.

Эмен, тIаде вахъа, саринал ахIе,
Сардида балъгого гъасда щурарал.
Шамилил Мадина – Дагъистаналда
Дол сиязул зодой рорхарал кверал.

Дур хIинкъарал санал, дир бикъараб ригь,
Бакъ тIерхьунеб мехалъ рагьараб пардав,
Огь, гьаб дунял, гIасру, миллион пикру, –
ГьечIо Аллагь гурев цогияв аллагь.

Эмен, тIаде вахъа, нахъеги ЦIада
Мун цIехолеб бугин дур биларab хур.
Эбел йорчIизае гIака бечIчIизе, –
Заготскоталъул конторалъ тараб.

Даим саназ чIвараб чIухIи, цIар, божи
Роржун, тIавап гьабун, тIохазда ругин.
Огь, вуго даим дов нилъер гьардарав, –
ГьечIо Аллагь гурев цогияв аллагь.

## АХИРАБ ХЪАЛИЯН ЦIАЛЕВ ВУГО ДУН

Рортун унел руго гIумрудул цIваби,
ГIурччинлъи чурана саназул цIадаз.
ЦIоросаролъалъул бакъвараб хили, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

ЦIан бахъун лъугIана гьаб дир бахIарлъи,

МахIаби гъурараб, бетIер бекараб,
Пикрабазул ругънал даим унтулеб, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

Данде чIвалей йиго цоги лъаларей, –
Цее йикIарай мун йиго батIияй.
Дунгоги хисана, хасел цIорона, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

Унелгин рачIунел руго поездал,
Гьикъула замана гьал вокзалазда.
Гьорокьа соролел квераца цIунун,
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

ЦIер биараб хIорихъ ордекал гIадин,
Аэродромазда гьал самолетал.
СагIтал данде чIвала, санал роржуна, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

ЦIияб цогияб гIел, цIиял поэтал,..
Гьаркьал долго руго, дида рагIарал.
Бакъан хисун буго нилъер улкадул, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

Рортун унел руго гIумрудул цIваби,
ГIагарай, руссинин цIа сунеб гъасде.
ЦIоросаролъалъул бакъвараб хили, –
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун.

## ХIАСРАТГИ КАНЛЪИГИ

Лъикьаго, сункьаго хIинкъуларо дун, –
ХIасратти канлъиги буго дир каранлъ.
Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун, –
Гьаб бакъалда цIехе, цIадалда гьикъе.

Лъикьаго, сункьаго хIинкъуларо дун, –
ЧанцIул хIал бихьараб жеги гьитIинго.
КIалдиб кIиго килищ,.. пищтIана дица,
Гьелъ хIайран гьаруна дандерижиял.

Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун, –
ХIур кигIан нахъ тараб гIолохъанлъиялъ.
ГIодове рехана чодуца чанги,

Амма чан кквечIого, дун нахъ вуссинчIо.

Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун, –
ХIацIулъ ччун цIилцIигIучI дир гIинда хъваге.
Дир нуцIа бухулеб буго херлъиялъ,
Дие ххвел кIваричIо, бачIаян абе.

Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун, –
Дида хвел кIалъала: «хал гьабилин духъ»,
Дун гьелда велъула, дир лъимал гIелин,
Унелгин рачIунел поездал ругин.

Лъикьаго, сункьаго хIинкъуларо дун, –
ХIасратги канлъиги буго дир каранлъ.
Сункьаго, лъикьаго хIинкъуларо дун, –
Дагъистан кидаго буго дир берзукь.

* * *

ГIодосан зобилан, зодосан ракьин,
Рокьи женжедулеб жайранин ккола.
Зигарди, гьари, къец, хъантIи, ццин цолъун,
Хъарс-хъарсараб ракьа бугин ккола ракь.

Дир кечI, – гIалахалда палаткаги чIван,
ЧIезе бакI тIагIарав месхетав гIадин.
ГIищкъу, гьецIокъ гIадин, заралги рорхун,
Забастовкаялда металлург гIадин.

Гьал дир пикрабазул бугеб кризис, –
КочIол шахтаялда чIун бугеб хIалтIи!
ХIеренаб недегьлъи, гьуинаб рекъел, –
Ракъи лъазабурав студент гIадин.

Гьанже магIарухъцин кеп лъугIун буго, –
Киб гьеб бугебали дида лъаларо.
Арал ралъад гIадин бакъвараб гIумру, –
ГIорал Кавказалъул кире чвахулел?

Вацлъидал кьоял щиб, кьуруцин буго
КъватI-кваатIун биххулеб бидул чвахияз.
ШигIруни щиб гурин, ралел какалги
РагIизе толаро гьал трибуназ.

Амма букIаниги хутIун буго цIа, –
ЦIала дица дирго цоги хъалиян.
ГIасру лъугIаниги анищ лъугIичIо, –
Лълъар борхила гIищкъул цоги нухалда.

## ХЪАХIАБ ЧУ

Бицунеб хъахIаб чу гIарабиязул,
Гьелда гIодов чIана, чIоло битIана.
Киналго, киналго самолетал кье, –
Кьеларо дица гьеб, дун ворхарав куц!

Дица цIал кьабана цо нухалъ гьелда, –
Гьелчана киналго карачелаби.
Киналго гуми кье океаназул, –
Дица гьеб кьеларо, дун гьалдарав куц!

Цоги цIал кьабана, кьурдана дир чу, –
Чорхол нусабго сан дилъ басандана.
Киналго ясал кье дуниялалъул
Кьолода нахъаги цереги лъезе.

Жеги цIал кьабана, гьелъ кечI ахIана, –
КвачIида бахъун чIун, гьеб хIихIидана.
Зоб ракьалде ана, ракь зодоб цуна,
Рокьи цциналда тIад кIарун белъана.

Хадуб цоги, цоги цIал кьабарабго,
Кьанагъдана дир чу, чучана чIоло.
...ЩинкIилалъ меседил сали бухъулеб,
Свакараб чу гIадин буго дир гIумру.

Дида цеве чIана, нухда айгъир хун,
Элъул кьили баччун вачIунев эмен...
Дицаги «магIида бан толеб буго
МагIилъ рехсезе цIал», зани чIварабго.

Огь, дир магIаруллъи, чуязухъ дуца
Чармил самолетал хисун росана.
Амма Кавказалъул кечIги къисаги
Кидаго хутIила чодул мугъалда.

**КЪУНКЪРАБАЗУЛ ТУХУМ**

Сачма гIадал гьитIинал,
Гьасул къваридал берал,
Къолденалъулъ Чингисхан,
Чабхъеназул ахIи-хIур.

Цоялдаса цо къокъаб
КъватIисан босулеб бох,
Къокъабигун Темирлан
Щвараб гIор кинигинан.

Манголазул газаргъай,
Гозо загьруял чIорал,
ЧIварал хIулаби тIагъралъ
Ираназул шагьазул.

Дагъистаналъул гIурда
ГIарабазул чотIухъай,
ГIурус генералаца
Росабазда лъолеб цIа.

Даим бакъвалареб би,
Даим паркъолел хучдул;
Зобазде гIергIедулел
Аргъутил гIарадаби.

ГIасиял инкъилабал,
БагIаралги хъахIалги;
Хъвалеб буго чIваразде
ЧIегIераб ракь цин-цияз.

БакIал каскабакь тIаргъал,
Фельдмаршал Клейстил бо,
Кавказалъул щобазда
Щущан добагин гьаниб.

ГIагараб ракь цIунизе
Ахирияб би тIолел
ТIалъиялъул кьерилал,
Кьурабазул бихьинал...

Гьел кьалда къанщаралго,
«Къваргъго, къваргъ», – илан абун,
Къаркъалабазда рещтIун,
Берал рикIулел гъудул.

...Бицуна, гьедин рагъда
Чорхол би тIолел ихаз,
Чодаса гIолохъаби
ГIодой рортулел мехаз;

Рорхатал зобалазда
ХъахIал къункърабазул тIел,
ТIавап гьабун, сверулеб
БукIанин сиязда тIад.

Гьез цIар ахIулаанин
Жив-жив бахIарчиясул,
Жал гьезул рухIал ругин
БухIулеб дунялалда.

ЧIаго ругел нужергин
Нижер гIагарлъи бугин,
ГIодор нуж, тIарада ниж,
ЦохIого рижи бугин.

Умумул чIварал васал,
Васал камурал улбул,
КиназулгIаги нилъер
ЦохIого тухум бугин.

Вацал камун хутIарал,
Росал чIван жалго ругел,
Жалги нужги – кIиялго
Цо кьибилалъул ругин.

Кьвагьдоге нуж цоцаде, –
Кьалда гIумру бохичIин.
ГIедегIуге нуж нижер
Къокъадулъе рачIине...

Гьеб хIикматияб къисмат
ХIакъикъияб батила, –
ХIайранго балагьула
Къункърабазухъ гIадамал.

Дунги гохIде вахуна
Ихдал гьел рачIунелъул, –
Гьале, рагъда тIагIарал
ТIад руссанин вацалин.

Дун хадув валагъула
Августалъ гьел унелъул, –
Эбелгун эмен дида
Цере чIола чIагоял.

Нуж къваридал вакилзай
Къаникь лъурал васазул,
Дирги нужерги тухум
Биххулареб буго гьеб:

Нужеца чIагоязе
ЧIваразул тел цIалула,
Дир цIарги миллионал
ГIагаразулъ рагIула.

## РИГЬАЛ

Харил гъуниялъулъ рукIкIен кинигин,
РикIкIад росулъ тана гьитIинаб заман.
Гьекъон, кIалги бацIцIун, бокал кинигин,
Бекана дица дир бахIараб хIасрат.

Сородулел квераз кодой босулеб
Карщил суркIа гIадин, рещтIана херлъи.
Жибго хвелги бугин, гIумруго гIадин,
ГIантаб рахчи-рукъин кIалъана гIасру.

Гьединал къасдазда дун вугеб мехалъ,
РагIана кинидахъ дий ахIараб кечI;
Цинги цее чIана кIарун елъулей,
КIиабилеб маялъ данде чIварай яс.

Дида гIищкъу лъана, гIумрудул къисмат
Къаси макьилъ гуро дида бихьараб.
Рогьо лъачIеб мехалъ херлъиялъул щиб,
Жеги хвелалъулги дий хIинкъи гьечIо.

## ЛЪАБГО ПИКРУ

Балеб буго гIазу, гIолилал васаз
Босун унеб буго инсул жаназа...
Зодой балагъула – гIумрудул хиял,

ГӀодой хал гьабула – хвелалъул ургъел.

Хабзал чӀван добегӀан, иццухъ гӀертӀалгун,
КӀиго гӀадан йиго: эбелги ясги.
Хабада, – рухӀ гьечӀеб къаркъалаялъе,
Къирбалалде руссун, цӀалулеб къулгъу.

Огь, гӀумруги хвелги хӀинкъараб бугищ
Гьезул рахъалъ ругел хӀисабаздаса?
ХӀасил чӀаголъидал согӀаб бугебищ
Саназ нилъей кьолеб гӀазабалдаса?

Дида ккун букӀана, гьеб кӀиго гуреб,
ТӀокӀаб пикру гьечӀин чӀаго ругезул.
Бакъан, кьер гӀемераб гӀумрудул къисмат,
Хабал къоно бугин дур къисадул тӀанкӀ.

Амма гӀащикъасе, къаникь лъуниги,
БукӀунеб къарнуги къваригӀун буго.
Къасдалъа унаро, хабалъ лъуниги,
Хадуб букӀунеб мех биххараб нухлул.

Гьаб дир черхалдаса батӀалъулеб рухӀ,
Дир лага цӀоронин, дур цӀа свинебищ?
БецӀаб цӀадал сардилъ, дир кочӀол чирахъ,
Канлъи нухлуласе дуца кьеларищ?

Балеб буго гӀазу, гӀолилал васаз
Босун унеб буго херасул мали...
ГӀумрудулгин хвалил хадур рукӀинел
РикӀкӀадал мехазул къасдалъ вуго дун.

* * *

НекӀсиял урхъарал гьудулзабазда
Гьанже данде чӀвазе хӀинкъун вукӀуна.
Дирго рокъой гӀадин гьезухъе щолев,
Щаяли дун кӀалтӀа женжелев вуго.

Лъаларо лъил гӀайиб, дозулищ, дирищ,
Дунялалда бугеб заманалъулищ? –
РекӀеда гӀуж хъвараб цо гӀорхъиги тун,
Гьаб нуцӀа бухизе дий бугеб захӀмат.

Рокъор ратиладай, ратиляродай?
Ратани, киндай дол дида дандчIвалел?
Дозул руччабаца щибдай абилеб?
Дозул гIурал лъимал, – лъаладай даци?

Аман дагь хутIарал дир гьудулзаби, –
Дозги ахIуларо, дунги унаро.
Кьоял риххун гьечIо, амма бахине
Черхалда кIоларо кIичIараб болъо.

МагIарда гIаздада цIа кинигинан,
ЦIунизе захIматаб маялъул хIасрат.
Щиб гьури гьуниги гьетI-гьетIун, чIван-чIван,
Гьал тIохал рухулел гьотIол гIаркьелал.

Ракарал чирахъал иргадал суна,
Сардилъ шагьаралъул бецIлъулел гордал.
Дун гьечIо, дун гьечIо, рекIел вацазул
Доб букIараб канлъи каранлъ гьечIони.

Щайха дун, урхъарал гьудулзабазда
Гьанже данде чIвазе хIинкъулев вугев?
Щай салам дагьлъараб, щай дагь рихьулел?
Щай доз ахIуларев, щай дун унарев?

* * *

Ралъдал тIадгун тIинда гуми кинигин.
Киналго мехалги тIолго нухалги...
Дир черх биччай ине Атлантидалъул
Гъварилъуде, тIинде – тIад букIа божи.

Ралъдал тIадгун тIинда букIараб, бугеб –
Бугоралъул хIорихъ тIегь, тIамах гIадин.
Доб некIсияб ЧIикIаб ана тIиналде, –
ТIад цIиялъуб букIа дир ракIалъул цIа.

Ралъдал гIатIилъуда гIодой тIерхьунеб:
Дир гIумру, дир гIасру, дир тIолго лага.
ТIиндасан дица квер борхулеб буго,
Кодой босейилан, дир бугеб хIасрат.

Гьадаб зобалда гьоркь ракьул рагIалда
Ралъад гьелчолеб куц, – дир как дуй, улка.

...Ралъдал тӀадгин тӀинда – тӀолго дуниял,
Даим къотӀулареб гьаб къолол гьаракь.

## БУКӀАРАБ ЗАМАНА ЛЪИКӀ

Огь, букӀараб заман лъикӀ, –
БукӀана гӀолохъанлъи,
ГӀаздалъги цӀа гӀадинаб,
ЦӀадабги махх гӀадинаб.

БацӀил кӀалдиса кьегӀер
Кьур-кьурун цӀан бахъулеб,
ЦӀиркъ, магӀуги гӀодой тӀун,
Агьан гӀодизабулеб.

БукӀараб мун, букӀараб –
МагӀарда гӀазу буго.
НекӀсияб мун, некӀсияб –
Хабзалахъ занал руго.

Огь, букӀараб замана, –
Чанги квешлъи букӀана,
Кинабго кӀочон тана, –
КӀочонарей дир гьалмагъ.

БукӀараб гьудуллъи лъикӀ, –
Гьанже чи вугев ццидалъ.
Цебесеб чогърол тату,
Цебесеб чорхол тирхи...

БукӀараб мун, букӀараб –
Ана кӀкӀалахъе гьоко.
НекӀсияб мун, некӀсияб –
Судулеб буго гьаналъ.

Огь, букӀараб заман лъикӀ, –
ЙикӀарай мун бахӀарай.
НекӀсияб рухӀ дир гьечӀо, –
Дуниял кьерхараб куц!

Гьанже гӀищкъул сидасан
ГӀодой балагьун вуго.
ГӀор гъоба гъварилъуда
Гъулгъудулеб бугеб куц!

БукIараб мун, букIараб –
Даим ракIалдещвеялълъ.
НекIсияб мун, некIсияб –
Хасалил сардил лъалкIалълъ.

БукIинчIелъ букIаралда
КIалал гьикъулеб заман, –
НекIсияб кочIой дица
Кин цIияб бакъан хъвалеб?

НекIсиялда гьаб цIиялъ
ЦIал балеб хъахIлъараб ригь, –
Гьанже гьаб рохьоб дида
Бихьуларо дирго нух.

Огь, букIараб некIсияб, –
Дун чодаса вортана;
Чангит бана, гьеб чIечIо,
ЧIолорхъо дие щвечIо.

* * *

ХъахIилаб ралъдаде хъахIилаб зодихъ
ХъахIал чайкабазул чурулеб керен.
Карачалабазда ччулеб цо кваркьи,
Цогияб пархелеб борхалъиялда.

Бокьулаан дие ганчIил сиязда
Гьелгун гаргадизе ралъдал гIатIилъухъ.
ГIенеккарав дида гьез абулаан,
Жидер гьалмагъ йигин гьаб дур рокъоян.

Гьелдаеа нахъе дир паналъула черх
Гьелчолеб чвахидалъ чайкадул гьаркьаз, –
Макьилъги мех-мехалъ хIинкъадго ворчIун,
Дир хIикмат, дица дур хIисаб гьабула.

...Дир цо гьари буго чанахъабазде.
Чайка бихьарабго, ярагъ гIодоб лъе!
Улкаялъул кваркьи карачелалъ – цо,
Цогияб – пархолеб борхалъиялда.

## МАРСАЛДА ГІУМРУ БУГИЩ?

Дида кІочон тараб цебееeб суал,
Свера-тирун буго дир ракІ бикІулеб:
ГІаданчи, чед, рокьи, чагъцр, лъим бугищ?
РикІкІад доб Марсалда гІумру бугебищ?

Ракьалда дагълъараб гъудуллъи бугищ?
Гьениб гудраз ккураб эркенлъи бугищ?
Доба тІор баккулищ, тІугьдул ретІулищ,
Гьаб бетІер бухулеб ритІухълъи бугищ?

Дора чамгІаллъичІел чвахиял гьечІищ?
Чорхол би тІоларел байдаби гьечІищ?
Доба дир гІагараб авар мацІгин цІар
Аллагьас бацІцІадго цІунун гьечІебищ?

Доба базаралда багьа кин бугеб?
Берцинлъи, лебаллъи, гьунар бичулищ?
Гьаб дир улкаялъул азарго унти, –
Аптеказда дора дараби ругищ?

Доба дир Дагъистан, дир ЦІада бугищ?!
ЦІияв Колумб, вахъа, дове ваче дун.
Доба марсианалъ ПатІимат гьечІищ?
Гьениб музеялъул телефон кинаб?

Доба аваразул газета бугищ,
Горду гІадин, дица радал рагьизе?
Добаги нагагьлъун КГБ бугищ? –
Бугеб батанани, дун гьанивго те.

...НекІого букІараб кІочараб суал,
Свера-тирун буго дир ракІ бикІулеб:
РикІкІадаб Марсалда гІумру бугебищ?
ГІаданчи вугевищ, чед, рокьи бугищ?

## АХІМАКЪЛЪИГИ ГІАКЪИЛЛЪИГИ

– Гьаб щиб гьал экраназда,
ИгІлан гІадин, жир-жилеб? –
Жиндихъ балагьейилан,
Буго гвангъун ахІмакълъи.

– Гьаб щиб даим улкадул
Ахираб кьерда бугеб?–
Жинда бихьизе теян,
Балагьун буго гIакълу.

Жибги артистлъун бугин, –
ГIумру театр бугин,
Аслияб роль кьейилан,
Кьанагъдулеб ахIмакълъи.

ГIумру музыка бугин,
Гьелъул симфониялъул
Саринахъ гIенеккизе
ГIодоб чIараб гIакъиллъи.

Жинцаго шигIруги хъван,
Хъат чIвалеб гьаб ахIмакълъи;
Аллагьасда цIехолеб
ЦIвабзалъ бугеб гIакъиллъи.

Дида кIиябго лъана
КIудияб гIасруялда...
Вай дир ахIмакъаб гьава,
Дир гIакъилаб тIабигIат!

## САРДИЛЪ ГIАЗУ

Сардилъ ворчIаравго рогьанин ккана,
Канлъи буго гордухъ, вахъа тIадеян.
СагIтил кIутIи буго: «гIедегIуге!» – ян,
ГIаздал хъахIаб канлъи бугин гьеб рагьдухъ.

Балагьана гордухъ, рахьдалал гъутIби,
Гьезул рохьоб – хIатIул ритIучIалъул тIинчI.
Балеб буго гIазу, гIадан чи гьечIо,
ГIодой биччан буго бичасул дунял.

Балеб буго гIазу, гIузрабалъ къарну,
Къоял дагь хутIарав херав чи гIадин.
Гьанже божи гьечIо, дагьаб хьул гуреб,
Хьухьикь гьебги буго, рохьоб чан гIадин.

Балеб буго гIазу, мугIрул Дагъистан,
Дур ругъназда къалеб кваквас гурищ гьаб?

Квачалебцин гьечIищ, хIайранаб тIалъи,
Мун хIатIуд гьабураб ритIучI гурелъул?

...Сардилъ ворчIаравго рогьанин ккана,
Канлъи буго гордухъ, вахъа тIадеян.
СагIтица абуна «гIедегIуге!»  – ян,
ГIаздал хъахIлъиялъул нур бугин рагьдухъ.

## САГIТИДЕ БАЛАГЬУН РУГО

*(КочIол вечер лъугIулеб мехалъ)*

Гьанже нилъ сагIтиде балагьун руго,
Сордо лъикI гьабизе замана щвечIищ?
ШигIрабазул пардав рагьараца къан,
Къаси бусабазде руссун лъикI гурищ?

Дир рахъалъ гьикъани, къачIарав вуго
Къоязги саназги нужгун вукIине.
«Сордо лъикIан» абун кIал букIаниги,
КIетIелеб буго ракI, горда хIинчI гIадин.

Дир жеги абичIеб рагIи букIана,
Дир жеги рагIичIеб бакъан хутIана.
Нуж гIадал хириял кир данде чIвалел? –
Бищунго аслияб абизе щвечIо...

Нилъ гьанже сагIтиде балагьун руго, –
КIудияб судалде ахIулев вуго:
Рагьарас къалилила гIумрудул пардав,
ГIазу дур ботIроде балеб бугила...

Дир рахъалъ гьикъани, гьардарав аллагь,
Ине вачIун вукIин дидаго лъала.
Гьеб дур хIукмуялда разилъаниги,
ХIасраталъ гьарула цоги сон кьейин.

Жегиги лъалареб рокьи бугин дир,
Жегиги бекьичIеб хур хутIанин дир.
Ракьалда гьадигIан гьайбатал чагIи...
Бищунго аслияб абун бахъинчIо.

## КОЧIОХЪАБАЗУЛ ТУХУМ

ЧIварал гьудулзаби гIемерлъанагIан,
ЧIагоял дагьлъана, къанагIалъана.
Къаси гъасде дица хабар-кIалалъе
Хабалъ ругел гьалбал ахIулел руго.

Пачалихъазулги гIасрабазулги
ГIорхъаби рахун, гьел рещтIуна гъасда.
Гъежда плащги бан, кидаго даим
КочIол тухумалъул тамада – Пушкин.

Гьес цIумур кьабигун, кьурун михъалгун,
Кьолбода нур барав щола Лермонтов:
«Дун къалъуда щобда Дагъистаналда,
Каранде гулла щун, шапун вукIана»...

Хъазил хIулиялъул хIарпаз угьарал
Асарал цIалула дол Ронсараца.
ГьутIбузул тIанхазул тIахьалги росун,
ТIаде щола дихъе таназул шагIир.

Ислам баккилалде Къайис гьавурал
Къуръанул хатI бугел гIараб кочIохъай...
ГIодор чIола цIадухъ, кодоб там-тамгун,
Африка, дур гьаркьил дандерижиял.

Дица ХIаямида цадахъ гьекъола,
Цинги МахIмудица хIухьел угьула.
ГIурусазул васас, шишаги чIехьон,
«Шаганэ, Шаганэ» дие цIалула.

КIудияв вачIанин тIаде рахъуна,
ТIаде беццав Гомер щведал, киналго.
Гьал – хIакъикъаталъул хIасратал нугIзал,
Гьал – яхI-намусалъул асирал, лагъзал.

Гьедин сардилъгун къад аварасухъе
Аза-азар шагIир щола иргадал.
Ва амма данделъи данделъийищ гьеб, –
Дихъе мун жергъенгун щвечIого, Щаза?

КочIол свери кинаб Марин камуни,
Кодоб тIамурги ккун, МахIмуд гьечIони.

Вахъуна дир эмен, абула дида,
ШигIру гьечIеб рокъоб бакъ букIунарин.
Гьел гьалбал ругев вас квеш хутIиларин, –
Цоги хазинадул бицунгейилан...

Дица жаваб кьуна: «Хирияв эмен,
ГIищкъул кочIол тухум бугин дир рохел.
Амма гьел чIваразулъ гIемерлъанагIан,
ЧIагоязулъ даим дагьлъулел ругин»...

Гьединан макьаби, гьединан къасдал,
Гьедин къаси сардилъ кочIол тухумал...
Радал дун ворчIигун вачIана Залов
Жинца кечI хъванила Компартиялде...

## МУСА ГАЛИЕ

Ихдалил махI буго, йодалъул гIадин,
ГIаздал катан къараб дуниялалда.
ГIажизав дун вуго дару гьикъулев
Къарнудал аххада гьал аптеказда.

Унтуе сабабал, сахлъидай дару
Дие гьудулзаби рукIана, Муса.
Гьудулзабини щиб, гьеб рагIигицин
РагIичIеб ххвел гьабун, гъудулеб гIасру!

Дица гьел цIехейгун, сварал цIаязул,
ЦIер чIварал иццазул бицуна дие;
Рихьизе гьарула роргулел цIваби,
Хъвалеб тIамуралъул тIутIурал чIваби.

ТIаргъаздаса хехго хисулел бутIрул, –
Хал гьабула цIиял «гIакъилзабазухъ».
ГIодоб бакI къваридаб, зодоб бакI щвечIеб
Зани кинаб чIвалеб гьаб заманалъе?

Гуро, гуро, Муса, цебе букIараб
РекIел хинлъи гьечIо босулеб кверзул.
КечI щиб, какцин буго микрофоналда, –
Гьел цо киялиго руго гIедегIун.

ГIедегIун руго гьел трибуназде,
Телевизоразул каналазухъе.

Дир гIакълу босула гьезул семиялъ, –
Суверенитет щиб гьеб нужер мацIалъ?

Погонал, орденал шагьабахъ кьолел,
Шинелал хисулел ххамил гIаршинахъ...
ГIицIго мех-мехалда цересел ругънал,
Рагъулаб вацлъидал бицун, судула.

Хъвалеб буго гIазу, ахирал кьинал,
Кьурул рагIалалда, цIум гIадин, божи.
Гьудуллъи рекIараб чодул горбоде
Гвермендаби ясаз рехулел гьечIо.

Амма букIаниги къечарав дида
Цо-цо къинчIел иццал дандчIвалел руго.
РакI лъукъарав дие гьаб гьитIинаб моцI
Февраль кIодолъана мун данде чIвараб.

Кинан букIаниги сардал рогьуна, –
Салам дуде, Муса, башкиразул вас.
ГьедигIанго кьогIаб гьечIо чIаголъи,
Кье дихъе дуца квер, дир Мустайил вац.

КигIан гьаб замана рукIкIананиги,
РекIел цIадуда нилъ барахщиларо.
Гьелде пупудулел – пакъирал чагIи, –
Гьелгун гариларо – гурхIила гьезда.

...Ихдалил махI буго йодалъул гIадаб,
ГIаздал катникь ругънал руго унтулел.
ГIасрудал аптека – дару гьикъула, –
Дида гьудулзаби рихьизарула.

## МАГНИТАЛЪУЛ КЪОЯЛ

Гьанже гьудулзабигун
Дун дагьав данде чIвала.
Дихъе тел бачIунаро,
Телефон буцIцIун чIола.

Дуй кIалъараб мехалда
КIухIалго жаваб кьола, –
Жакъаги метерги гьал
Магниталъул къоялин.

Гьанже дир гьудулзаби
Господаби лъугьана.
Генералал рахъингун,
Рагъухъаби тIагIана.

Цо-цо гьекъелин абун,
Дица калам гьабигун,
Каранда квер кIутIула, –
Магниталъул соналин.

Гьанже дир гьудулзаби
Дагълъана, регIун гьечIо;
Дора-гьанир рикьарал
Пачалихъалъ рилана.

Гьезухъе щвезе ине
Виза, валюта, паспорт,
Батизе захIмат буго, –
Магниталъул дуниял.

Гьанже дир гьудулзаби,
ХIухьлал багъа кIудиял,
КIалъай, кечI рагIуларел
Митингазул гурони...

Дир добго адрес буго:
Хисулареб Дагъистан,
Минадул байдан гьечIеб,
Магниталъул къо гьечIеб.

**КIИГО СИ**

Свакарав курсант гIадин,
Кагътида бегун къалам;
Квералги нилъалзукь лъун
Столалда нахъа дун.

Сунеб-бакулеб фонарь
Пикрабазул, къасдазул,..
Къеда сураталдасан
Дихъ балагьун кIиго си.

КIиялго аваразул

РагIарал аварагал:
Цояв – шаргIалъул имам,
Цояв – шигIрудал наиб.

КIиго батIияб заман,
КIиго гьетIун араб нух;
Хъатикь тIамургин цояв,
ТIагъихъахIгун цогияв.

Цоясул тIагъуралда
ТIад къараб хъахIаб чалма;
Цогиясул хъурайсин,
Хъибихъун базабураб.

Цояс чарлъулеб мегеж
Хинаялъ бельун буго, –
Херлъидул цо гIаламат
Бихьилин тушбабазда.

Цогиясул кьурарал
Кьурул гIус гIадал михъал, –
«Рокьи гьоркьоб гьечIони,
Кьалул харбил кеп гьечIин».

Вуго Генуса Шамил,
Гурун чухъил къвалалгун:
«Хвелин, амма гьаб улка
Капурлъизе теларин».

Вуго ХъахIабросулъа
Анасиласул МахIмуд:
«Аллагь, алжан дуйго те,
Дой яс дие тейилан»...

Тамашаял пикраби,
КIиго релълъинчIеб хIисаб,
Гьал кIияздаго вуго
КIалъалев дун иргадал...

КIудияв Шамиллъидал
ТIолго Дагъистаналда,
Дирго гьалдолеб накъит
Гьесдасан байбихьана:

«Гьардарав имам, бице,

Мун рекъечIеб иш ккечIищ
КочIохъанасул сурат
Дургун цого къеда бай?

Мисри, Шамалда лъалев,
Мадиналда вукъарав,
Мюршид, дур мадугьалихъ
МагIарул «лоти» ватун?

Инсул мехтел чIечIони,
Мунго чIвалин вукIарав,
ЧIвалеб гьечIищ чIагIдал махI
МахIмудидасан дуда?

Эбелалъ кечI ахIунин,
Гьей тамихIалде цIарав, –
Мунапикъил гьаркьица
Макьу толеб бугищ дуй?

ГьаракIуниса СагIид
ГIалимчи вукIаниги,
ГIурулъе досул хъуби
Дуца гурищ рехарал?

АнцIул сокIкIун гьарурал
Пурщабазул тIиналда
Цо тIанкI «шараб» бугилан,
Щаклъун квен кваначIев мун.

Имам, дуда цеве дун
Цевехунги гIайибав, –
ГIащикъасул кучIдуца
Дур как хвезабулебищ?»

...Имам, чIумал рикIкIунев,
ЧIана, дихъ валагьана,
Гьанже вугев мадугьал
Дий бегьулев чи вугин.

Гьасул гIадинал кучIдул
Киназулго рукIани,
Какил михIмаралдаги
АхIизе телаанин.

«АхIул гохIда гьадинаб

КIал-мацI ргIарабани, –
КIалккул моцIальги дица,
Лълъар цIун, маян кьелаан.

МахIмуд щив, – щайтIан вукIа,
Гьаб шавкъалъуд шигIраби,
Дирго ШугIайнатие
Щурилаан дица гьел.

Дун цIакъго рази вуго
Мадугьалихъ гьав вукIун, –
ГьаракIуниса СагIид
НекIого кIочон тана...»

Гьадинаб ккана хабар, –
Хадув дун балагьана:
ХъахIабросулъа хIара,
ХIинкъуларищ мунилан.

«КочIолаб хIасраталъухъ
ХIоцосес бухараб мугъ,..
Шамилихъе къотIизе
БетIер кьолев гьечIищ мун?

БатIи-батIияб дугIа
Кинан цоцалъ рекъараб? –
КечI ахIунин Маринил
Букъараб кIал кIочанищ?

ЦIадар рухIарал тIанчал,
ТIутIурал пандрил чIваби,
Берталъ загьру гьекъезе
Поэт тIамураб байдан...

Ясазухъ балагьунин,
Берал рахъарал вацал,..
Игьелдерил доб мали,
Магьдилав кIочон танищ?»

МахIмуд дихъ валагьана:
«Щиб бицунев мун вугев?
Шамил – мугIрул авараг,
АскIор щал рикIкIунев мун?

Дун досул как лъугIигун,

Дагъав кватӀун гъавуна, –
Гуребани, дир Карпат
Доб Даргъоб букӀинаан.

Дун досул кьал къотӀарал
Къоязул вакил вуго.
Гуребани, лъалиниб
Лъезе букӀинчӀо ханжар.

Бекьилъ росу букӀана
Рокьи ккараб дир Макка;
Муил къаву букӀана
Дун балагьулеб къирбал.

Гьелъ куцун ватана дун
Гьаб цо «квешаб» диналъе, –
Дун къуличӀо, къвакана
Килисалда Марияй.

Доб, Дагъистан перхолеб,
Мехалъ вукӀаравани,
Дун имамасда аскӀов
ВукӀинаан наиблъун.

Доба АхӀулгохӀалда
Ахъбердилав кинигин,
Киналго хӀалбихьиялъ
ХӀажимурад кинигин.

Инаан Чачаналде,
Гьалагал гьужумазде, –
Досул чодул рачӀалда
Дирго чол бетӀерги цун.

Бахинаан Алазан,
Чабхъаде вахъун дица,
Чавчавадзел бикаби
Хъамун нахъе вуссине.

Дир пандрил кӀиябго чӀва
ЧӀоразде руосинаан
Гъуниб доб августалда,
Бищун ахираб къалда.

Дун Карпаталде гуро,

Калугалде ккелаан.
Какги Марияй гуро,
Аллагьасе балаан.

Исламалъул гІурччинаб
Байрахъгун вукІинаан, –
Пал лъица тІамураб дий;
ТІохазда тІамур хъвазе?»

...Свакарав курсант гІадин,
Кагътида бегун къалам, –
Къаси гьаб кІиго сигун
КІалъалеб буго пикру.

Дирги гьетІарал нухал,
Дирги батІиял мехал,
Балъгого рарал какал,
Рагьун ахІарал кучІдул.

Дир рокъоб къеда буго
Шамилил ханжа-рачел,
Хадуб цун мадугьалихъ
Буго МахІмудил тІамур.

Огь, магІаруллъи, Дагъистан!

## КІОЧОНАРЕБ КЕЧІ

Гьедин гъугъадулеб гьаракьги гуро,
Гьедин пирихунеб паркъиги гуро,
Амма Мисриялда ганчІил гьарурал
Фараонал дида кІочана кечІалъ.

КечІ дие ахІана цо госпожаялъ,
Гамида Нилалда сверулеб мехалъ.
Дида рекІелъ гьечІо кинабго сарин,
Керен гьелегьана цохІо куплеталъ:

«Шамил, яче дуца дун АхІулгохІде, –
АнцІго вас иргадал дуе гьарила.
Дагъистан цІунизе киналго кьела, –
Кавказалъул цІарул цІумал рукІина...»

Салул авлахъалда варани гІадин,

ГІурул карачелалъ лъедолеб раса...
Лъаларо меседу Марсалдасайищ,
Яги Мисриялда, гьаний гІурайищ?

Гьакиберал гІадал гургинал кІилкІал
КІиябго гІиналда руго къиркъилел;
Аэропланалъул кваркьаби гІадал
Квераз борхун чІвалеб жергъадул керен:

«Шамил, яче дуца дун АхІулгохІде, –
АнцІавго вас цадахъ дуе гьавила,
Дагъистан цІунизе киналго кьела, –
Кавказалъул цІарул цІваби рукІина»...

Дуниял сверана, сапар лъугІана, –
Цебеса унаро Нилги, гамаги,
Гъажалде рехараб испани шалги, –
Шамил кив рагІарав синьориталда?

РакІ хІайран гьабулеб панаяб бакъан,
Фараонал рорхун, эхетун чІарал...
Имам гьеб гьаркьихъе, Мадинаги тун,
МагІарухъе вачІун, чода рекІуна:

«Шамил, яче дуца дун АхІулгохІде, –
АнцІго вас, цо-цо ккун, дуе гьарила.
Дагъистан цІунизе киналго кьела, –
Кавказалъул цІарул цІаял рукІина»...

## ТІОЦЕБЕ БИХЬАРАБ МЕГІЕР

ГьитІинго рагъидул тІохІде вахингун,
ТІоцебе бихьараб гІаздалаб мегІер, –
ГІумруялъ хутІана беразда цебе
Цо-цо рахъалъ гьелъул цо-цо борхалъи.

Чабхъада машгьурал мугІрул кьерилаз
КьилимегІерилан абуна гьелда, –
Живго бетІергьанас кьолораб айгъир,
Авар фараонал, рекІа гьалдайин...

Цо-цояз абула, гьеб кІиябго си –
КІиго хъаравулин, хъала цІунараб:
Цояб квер бугила гьалбадирие,

Цояб зар бугила залимзабазе.

Гьаб хъахIаб чу бихьун, пача кIалъана, –
КIиго бетIер бугин гьеб жиндир цIудул.
Шамилица гьесул кIал данде къана, –
КIиго кваркьи бугин жиндир лочнолин.

Бищун лъикI абуна цо кочIохъанас, –
КIиябго керенин дир йокьулелъул.
...Бакъги накIкIги буго КьилимагIарда,
Кьолон буго айгъир Дагъистаналъул.

**МУХIАМАД СУЛИМАНОВ**

Февралалъул байбихьи,
Пулеб гьури, балеб цIер,
ЦIорораб ракь бухъулел
Хундерил гIолохъаби.
ГIаздалъ – ганчIал, гипсалъулъ
Лъураб лага-черх гIадин...
Дида госпиталалда,
Солдат, мун цеве чIана.

КIкIуйдулъ Прибалтика,
БахIарав фашист – немец,..
Белгиялъул автомат,
Аварав гъркьов течIеб.
Амма хвечIо, ворчIана,
Хирургасул бинталъ мун;
«Медеестра Мария, гьаб
Сордо рагьунеб гьечIищ?»

Дун вачIана доб къоялъ
Духъе палатаялде:
«Медсестра, Мария, гьав
Лейтенант сахлъуларищ?»
Сулиманов вахъана,
Халатаб сордо анин,
ХалгIат нахъе рехана,
Хъаляналда цIа лъуна;

ЦIарабгIан къокълъулеб жо
Гьабги гIумруги бугин,
ГIажаибго сверараб

Саназул гьокойилан.

Гьас жинхъего ахIана
Росулъ тараб бесдаллъи:
Хунзахъ хъудулеб детдом,
Хъалаялъул интернат;
Кьурда кьиндалил цIаял,
ЦIолокь ихдалил чвахи,
Аваразул техникум,
Темир-Хан-Шура, шигIру;

Кавалер батарея,
Мухтарги, мунги, дунги...
РакIалда бугищ, лъалищ
Лъабалго Лермонтовал?
Лъабазулго назмаби,
Зарал рорхун цIалулел:
Ма, босе, Залов ХIажи,
Ма дуй, ХIажиев Заид!

Ахакьдерил жагаялъ
Релъун жирулел кIалал...
КIиго сон гьоркьоб инчIо,
Лъабихъе бикьараб нух...
Мухтар Украиналъул,
Керчал рохьалъ хутIана,
Каспидал карачелаз
Нилъей гъосул бицана...

...Нилъ кIиялго – хутIарал
Тахшагьаралъ ахIана, –
Доб Твералъул бульвар
Авар кочIохъ гIенеккун.
Цодагьаб бетIер гьетIун,
Пашманго гIадин Пушкин:
«Гьаб щиб тамашаяб мацI,
Дир Татьяна кIалъарай»...

МухIамад Сулиманов,
Санал, санал арал куц,
Цо сверудасан раккун,
Цоги сверуде тIерхьун.
Гьаб суал-ишарайищ,
Гьаб ахIул гIаламатищ,
ГIумрудул къисаялъул

Къаданиб чIвараб зани?
Къарнудал пикрабазул
Диктанталда лъураб тIанкI?

МухIамад Сулиманов,
Сунел, сунел чирахъал.
Салулъе арал щинал
Иххал, нухал, хиялал.
Гьалдолеб къасд унтунищ,
АхIулеб кечI чIалгIунищ,
ЧIаголъи, къалам гIадин,
КъалантIаралъуб лъолеб?
Къисмат, кагъат кинигин,
Конверталъуб рехулеб?

Сулиманил МухIамад,
Зодой арал хиялал...
ГIодобе бортараб цIва,
ЩIияб адрес кинаб дур?
Щиб номералъ кIалъалел
Духъе ниж телефоналъ? –
Тамаша, къараб нуцIа,
Чан цIумур кьабаниги.

Дербенталъул къотIнов мун
Къасиги данде чIвачIо.
ЧIун хутIараб машинка,
Музыка гьечIеб роял.
ХъещтIолеб МахIачхъала:
«МухIамад, МухIамадин »...
Мехтараб Каспиялъул
Карачелал: мун «анин».

КечI гьелда божуларо,
Роржун унел чайкаби...
Гьез керен бухулеб куц,
Кваркьаби рекиледухъ.
РакI гьедарулеб буго
ГьабсагIат мун вачIинин,
МугIрузул Тобот чIелищ
Туснахъ гьабун гвандиниб?

МухIамащ  – артиллерист,
Щайзе гIенеккун чIарав,
Гьанже дур гIарададул

Топал лъугIунищ ругел?
Чанги ругънал регъарав,
Гвардияв офицер,
Соназул госпиталалъ
Дуда хирург ватичIищ?
Медсестра, Мария, гьаб
Сордо рогьунеб гьечIищ?..
Мун араб улка кинаб,
Дуца адрес киб тараб?

МухIамад Сулиманов, –
Хабал къоноги рагьун,
КъватIив вачIун кIалъана –
КочIохъангун художник:
Жиндир веказул адрес
Дагъистан гуреб гьечIин,
Жиндир даимаб паспорт –
Дагъистаналде рокьи;
Жиндир рокьиги кечIги –
Дагъистаналъул чагIи.

Февралалъул байбихьи,
Балеб цIер, пулеб гьури,
ЦIорораб ракь бухъулел
Хундерил гIолохъаби...

## КАМИЛ ВАТIАЛЪИ

*Зайнабие*

Кваркьаби рекараб къваридаб гагу –
Къанщаралищ, Зайнаб, Камилил берал?
Каранзул ракIалъул тIутIурал чIваби,
ТIерхьанищ хьухьикье кидагосеб нур?

О, Яловаялъул жамагIатчагIи,
Жакъа хъахIаб бетIер дирги далана.
Босфоралда сунел чирахъал рихьун,
Гьаб черхалда гъаргъар дидаги бана.

МагIарул гъугъдузде гъутIбуз рехарал
ТIанхал руго дица хъатикь кIвекIулел, –
Гьез гьарулеб буго дов тIупулелъур
ТIаде рехеян жал хабадейилан.

Авар Гъойсуялъул карачалаби
Камилилан тана кьодухъ угьдулел, –
Гьез дида абуна жидер къатIраби
Дов къаникь лъолелъул тIаде щущайин.

Гьаб гIалам бакьулъ дур гIадатаб зани
ГIасрудал тIарада буго эхетун.
Европаялъулги Азиялъулги
ГIорхъода вуго дун, гьелъухъ хал гьабун.

Хирияв, гIадатав, гIамал, мацI лъикIав,
ГIумрудул иццул лъар араб гьаб сали.
Дир Дагъистаналда кьалбал хутIараб
Хирияб бигьаро бечIараб улка.

Къо лъикI, авар – туркав, тамахлъаги дуй
Мун къабул гьабураб гьаб ракьул бусен.
Дуда хабал макьилъ церетIамеги
ТIадегIанал сиял Дагъистаналъул.

Къо лъикI, турк – аварав, гьаб улкаялъе
Баркала, къо ккедал, къварид мун течIеб.
Гьадинго дагьаб халкъ, тIалъидал миллат,
Щибаб тIор – хазина нилъер хуралъул.

Къо лъикI, хиси гьечIеб намусалъул вас,
ЦохIо рокьи лъарав кIиго ракьалде;
Ирсалъе Дагъистан, ресалъе Турки,
Цо ракI, кIиго кваркьи. Ана боржун цIум...

## ДИХЪЕ ЯЧIА

Берцинай гIолилай, ячIа мун дихъе
БачIанщинаб къоялъ: радалги къадги.
ЯчIа мун, пархолеб дурго парталгун:
Итниялъ, талаталъ,.. тIубараб анкьалъ.

ЯчIа, чIвай дир чIалгIен, чIор гIадаб лага,
Гьаве дун бахIарав, гьаве талихIав.
Мун гьечIони дие гьечIо Париж, Рим,
Мун йигеб бакI буго дир рекIел Макка.

Берцинай меседо, мех унеб буго,

МатӀу дуй кӀваричӀо, сагӀтихъ балагье.
Гьадинги хӀикматаб дурго гьурмада
Гьегьаб жо бахуней нухда кватӀуге.

Кьижунищ дун вугев, ворчӀунищ вугев, –
ЯчӀа, цо къартӀ-мартӀав хӀара гьаве дир.
Мун гьечӀищ, – гьечӀо дий Пушкин, Низами,
Дун гӀодой къулулеб къилбаялъул цӀва.

Берцинай мадонна, ахӀе дие кечӀ, –
Кинабго улкадул микрофонал чӀа:
Лага кьуркьузабун, цо кьурди гьабе, –
ТӀолго балетазул театрал къай!

ЦӀад букӀа, цӀер букӀа, мун балагьуге, –
ЦӀа дир каранлъ бугин гӀалам хинлъулеб.
Мун гьечӀищ, – гьечӀо дий гьаб зобги ракьги,
Дир микьабго талихӀ цохӀо дулъ буго.

Берцинай госпожа, дун гаваназда
Гамагун, расагун балагьун вуго.
Багъаре дуниял, гьелче океан, –
ГьечӀин хӀасраталъе хӀалхьи, отпуска.

Мун гьечӀищ, – дун херлъун хвелеб чорхол рухӀ, –
Дие хоб бухъулел гьал гӀолохъаби...
Дуца тӀун хабаде тӀегь реханани,
Дун тӀаде вахъина, живго михъ гӀадин.

Берцинай, гӀагарай мугӀрул синьора,
Мун гьечӀищ, – чӀана гьаб гӀумрудал поезд.
Дуца квер хьвагӀани, гӀин тӀамичӀони,
ГӀищкъул аэроплан араб хьухьикье.

ЯчӀа мун, ячӀа мун, цӀидасан гӀуцӀе
Гьаб гӀищкъу лъугӀулеб ццидалаб дунял, –
Президентазул кверщелалдаса
Дур хӀалимлъи дие хӀажатаб бугин.

* * *

ЧӀегӀераб кар, гьелда тӀад
ТӀанхазул гӀадаб кверлъин.
Каранда гурдил бекӀал,

Кокон-цIибил гIадинал.

Цо «кокон» рагьун буго,
Цогияб рахан буго
Бищун щавкъаб бакIалде
Щолеб гъоб гIорхъиялда.

Хъатикь – борхьил тIомалъул
ТIогьилаб бецIаб сумка...
Жийгоги, бсрохь гIадин,
Берцннго кIичIардула.

Бохдул, рорхатал бохдул,
Угъдуз хъвалеб музыка...
Байдан, роял кинигин,
Буго зваргъго-зваргъилан.

Цинги дагьалъ лъалхъана,
СагIтиде хал гьабуна;
Хадуй дагь гIедегIана,
ГIурччинаб их букIана.

ГIаламалда гьабсагIат
КIиго миллиард ясал, –
Мискин дица нахъаса
Дирго гъванща хъасана.

Дун гьаб дуниялалда
КваначIого вегарав,
Кинго макьу щоларев
Гьобол кинигин вуго.

* * *

Йокьулелъул гордухъ бакараб канлъун,
КечI бачIана дихъе къаси сардида.
Дун, кьижун вугилан, кьурун вуссана, –
Гьалъ, кьолой чуйилан, амру гьабуна.

Дун: чабхъен лъугIанин, замана анин, –
Гьаб: заман унарин, мунги унгеян.
Унтабаз кIвекIулев, холев вугин дун, –
Дица мун херлъизе виччаларин гьаб.

Дун гьалда: кеп чIвараб квешаб мехилан, –
КечI: ихдал бачIунеб хIинчI гурин дунин.
Дун: хIинкъараб нухин, бихьараб къедин, –
КечI: гьеб къварилъидуй къваригIинин дун.

Дун гьалда: накIкIилаб ракьалда гьанже
Нилъер рокьиялъе бакI хутIун гьечIин.
Гьаб: жеги гьалдолел ракIал ругила, –
БакI дида батилин, тах дий кIваричIин.

Дун гьалда: гьанже мун АхIулгохIалда,
Имам Шамил гIадин, сверун ккун бугин.
КечI дида: меседил гIадалнах бугин, –
ГIасраби рахинин, дун хвезе гьечIин.

Дун гьалда: гъваридаб кIкIалилан вуго, –
Гьаб дида: кIудияб зобилан буго...
Йокьулелъул хъатикь чирахъ кинигин,
КечI бачIана дихъе. Вахъана тIаде.

* * *

ЦохIого бакIалде гIемераб мехалъ
ГIадан балагьани, дида рагIана:
Гьесул гIакълуялда гIалам бихьулин,
Гьесул гIищкъуялъе даимлъи бугин;
ГIасилъи гьесдаса рикIкIаде унин,
НакIкIильан цIадал ран, гьаб ракь цIилъулин...

Мунали щай гурин, гIумрудул гьудул,
Мун гIодо йикIараб бакIги дий гIола:
Кинабниги гIалам дида бихьизе,
Бихьанщинаб дунял дида кIочене.
ГIумрудул рагIалда вуго гьабсагIат,
Гьанисан цохIо духъ вуго балагьун.

**ГIУМРУЯЛЪУЛ ЛЪАБГО ЧАШКА**

Лъабго чIужугIаданалъ
Гьаб гIумруялъул нухда
Лъабго чашка кьуна дий,
Щибасе кьолеб гIадин.

ТІоцебехъе, чинидал
Чашка эбелалъ кьуна, –
Чадил мочІу жаниб ччун,
Дир вас, гьекъе гьаб рахьин.

КІиабизе, чинидал
Чашка дий яцалъ кьуна, –
Чадил мочІу жаниб ччун,
ГьоцІо кІалдиб босеян.

Лъабабилеб, чинидал
Чашка йокьулелъ кьуна,
Чадил мочІу жаниб ччун,
Чагъир гьекъе, гІащикъан...

Дица рахь гьекъарабго,
Рахьдалин ккана мугІрул,
Кини тун, санал ингун,
Сарин пашманлъана дир.

Дица гьоцІо кванайгун,
ГьацІулин ккана гІумру, –
ГІоразда кьоял риххун,
КьогІлъараб щинаб гІищкъу.

Дица чагъир гьекъейгун,
Чогъролин ккана дунял, –
Чашкаялъул ахада
Батарабщинаб загьру...

Лъабго чІужугІаданалъ
Гьаб гІумруялда жаниб
Лъабго чашка кьуна дий,
Щибасе кьолеб гІадин.

Дица гьекьараб щинаб
Гьуинабги кьогІабги;
Дида дандчІвараб щинаб
ЧІегІерабги хъахІабги!

## КИДАЛЪАГІАН ЧІЕЛЕВ ДУХЪ БАЛАГЬУН ДУН?

Балеб-балареб цІад, сун-свинчІого цІа,
Сордо бачІаниги рахачІеб каву;

ГІумру унеб буго поезд кинигин, –
Гьелъул киноялъул нусго серия.

ХъахІилаб ральдада хъахІал парусал,
Русби гІадин, санал раккун-тІерхьунел;
Нухал, – хатІал гІадин лъугьинчІеб кочІол, –
КидалъагІан чІелев духъ балагьун дун?

РакІалде бачІуна рагъида гьулак,
ЛъабцІул гьулчарабго, мокърукь дур хІетІе, –
ХІинкъарал саназул зоб дугълъун ккурал
Кире нилъ рехилел парашютаца?!

Гьанже сагІат щвечІищ рокъой руссине,
Бакъ тІерхьун ун буго, тІегь бечІан буго.
Пардава къалареб театр кинаб, –
КидалъагІан чІелев духъ балатьун дун?

РакІалде рачІуна кьурулел гъалал, –
Кьурдасан кІанцІулеб кІиго иццул лъар...
Цинги халеб дур кар... Гьеб керчаб рохьоб
Бахчизе биччан те дир хъахІаб бетІер.

Азаргоги цоги сордо – гьаб маргьу,
Азаргоги цоги зани – хабазда.
Дун хвасарлъиялъе цо бакараб кан,
Кидаго вукІина духъ балагьун дун.

* * *

Музеялъул кІалтІа кІиго хъаравул –
Хъазмил гьалбацІазда дица гьарула:
Гьаб Дагъистаналъул Лувралъул Ханум: –
Дир хасалил канлъи авине тогеян.

Хъазмил гьалбацІаца жаваб гьабуна,
Жидеда гьеб лъалин, балагьун ругин.
Амма нижгун цадахъ мун хІажат вугин,
ХІамзатов, вачІайин, кватІугейилан.

Музеялъул кІалтІа кІиго хъаравул –
Хъазмил гІарадаби, дица гьарула:
МутІрул улкаялъул Эрмитажалда
Авар мадонналъул дунял цІунеян.

ГIарадабаз дие жаваб гьабуна,
Жидеда гьеб лъалин, гIенеккун ругин.
Амма ургъун гьечIин ярагъ ракьалда,
Дур рокьуца гIадин, дой цIунулебан.

* * *

Дунги мунги, гьудул, гьанже кIочена,
КIкIалахъе чвахулеб чабхил ихх гIадин.
Цо-цо хутIаниги хутIизе руго,
Риххизе гьарурал гьал занал гIадин.

Нилъехъ ракъараца гIин тIамиларо, –
Гьал цо гIорцIаразе нилъ хIажат гьечIо.
Гьалдолеб ццидае нилъер гIищкъу щай?
ГIалхуда бацIазе нилъер кучIдул щай?

КIиялго рилълъина, гIунтIун гIансагун,
Цо гIадан чи гьечIеб чIинкIиллъиялде.
Гьабила тIогьилал тIанхазул чадир,
КигIанго тIутIурал гьел рукIаниги.

ТIаде бала гIазу, тIаде бала цIад,
ЦIа къасдаз гьарила Прометейида.
Къаси рогьинегIан хъудила ралъад, –
Релълъунге гьеб жакъа дир Кавказалда.

Кида раса щвелеб нилъ хвасарлъизе? –
Хал гьабула сардил карачалабахъ.
Гьел тIаде кIанцIула, гъалбацIал гIадин,
Гъулгъулаго уна, гъугъдулъги речIчIун.

Лъаларо, дир гьудул, гьаб мех макьуйищ,
Я макьу гьукъараб хIинкъараб къасдищ? –
Къаси ралъдалъ лъабго раса бихьана,
Лъабго тIерхьараб цIва хьулалъул гIадин.

Цоялъ квер хьвагIана: жинхъе рачIайин,
Нахъа тараб нух ккун, эхей лъедезе.
Цогиялъ ахIана: жиндихъейилан,
Жинца нуж рачинин мурадалдейин.

Нилъеда лъалареб я нилъ лъалареб

Нилъ лъабабилелда лъим халел руго;
Гъорлъе тIерхьаниги, тIад хутIаниги,
Хиялаз букIинчIеб бищулеб буго.

...Дунги мунги, гьудул, гьанже кIочена,
Гьал карачелазул чвахи кинигин.
Цо-цо хутIаниги хутIизе руго,
Хурдуца рахчарал занал кинигин.

Амма цо-цо нухалъ кочIол расаялъ
Хвасар гьарила нилъ гьал хьухьаздаса;
Яги гъасда цIадухъ, я годекIаниб
Гара-чIварулелъул бицина нилъер.

* * *

Гьанже гьаб дир гьоко эхебе ана, –
Ахириял цIаял гIасрудал гъасда.
Дихъе хвел битIуге хасало, аллагь, –
Хабада дир гьудул квачазе гурин.

Дихъе хвел рещтIунге гIурччинаб ихдал, –
Аваралъ чIегIераб чIинчIу тIад чIвазе.
Дун хвезе виччаге, мех цIараб бертин
ЦIада гIолохъабаз нахъ тIамиледухъ.

ТIадегIанав аллагь, хвезе виччай дун,
ЦохIо лъиданиги лъалареб куцалъ.
Гьудул пашманлъичIеб, тушман вохичIеб
Ахир цо машгьураб гьечIеб гьабе дий.

Биччай дун рехараб чу хIихIидизе:
«ХIамзатов сапаралъ анин, вуссинин».
Нухда дандчIвараца дун гьикъанани,
«Рокъов танин абе, хехго вачIинин».

Абе, сардалги чIван, сариналги хъван,
Свакарав цодагьалъ кьижун вугилан;
Гьаб цIад къотIарабго, къо бачIарабго,
Гъов «рорчIамийилан» вачIине вугин...

Дун анилан абе Мадинаялде,
МугIрул имамасул хабаде щвезе.
Яги бице, танин дун Карпаталда

Цо кавказиясул кагътал цIалулев.

Дун вугеб бакI лъазе поэтал цIехе, –
Гьел кир рукIаниги, дир росдал чагIи.
ЦIехе дун ватизе гьайбатал ясал, –
Гьел кIочараб къоялъ дун къаникь вугин.

Индонезиялда, Мозамбикалда,
Доб Мексика, Куба – киб букIаниги...
Кодоб ккураб бокал, гьелда цIехе дун,
Доб ЦIада росулъа чи лъаларищан.

ЦIехе, ватила дун... Амма цIехоге
Гьал-дол собраниялъ, гьегьал сессиялъ.
Гьениб дунги кечIги некIого хвана
Яги дун хисарав, батIияв вуго.

Гьанже гьаб дир гьоко эхебе ана, –
Ахирияб хведер гIасрудал гъасда...

* * *

Дун чабхилъ лъуравго, дир черхалъул рухI
Чаниде сверуге, гъветI лъугьунгеги, –
Гьадинги гIужилал чанахъабаца
ГIемераб лъукъараб ракI букIанин дир;
Гьадинги, гIощтIоца гIаркьелал къотIун,
Къварилъаби лъарал санал ругин дир.

Дир берал къанщигун, дол къункърабазул
Къокъаялда гьоркьоб дие бакI кьоге, –
Гьадинги, гIагараб Дагъистанги тун,
Дуниял тирулев гIемер хутIанин;
Гьадинги хирияб мугIрул тIалъидал
ТIокIкIарал иццаца дир къеч буссинчIин.

Дун чабхилъ лъуравго, дир чорхол чIваби
Чагуралъул хъахIаб каранда звартъе.
Дир берал къанщигун, къаникь тIупигун,
ТIурачIел къасдазул цIа гъасда гвангъе.

**КЕЧI**

Жагьандаман дир гІумру!
ГІундузда кверал чІвала..
ЧІужугІадан, гІащикъай,
Дида цІакъ гІайиб ккана:
КачІое кьун батана
Мунгун тІамулеб заман, –
ТІасалъугьа дидаса,
ТІасалъугьа дидаса.

Жагьандаман дир гІумру! –
Беразда кверал чІвала...
КучІдул, кучІдул, гІагарал,
Дун цІакъ гІайибав вуго:
Руччабазе бикьана
Нужее кьолеб заман, –
Нуж дида тІасалъугьа,
Нуж дида тІасалъугьа.

Жагьандаман, Кавказ чІван,
Кибалиго араб бакъ! –
БетІер квераца ккола,
Каранда тІад гьел чІвала.
ЧІужугІаданги кечІги,
Дир квешаб такъсир ккана, –
ТамихІ гьабе бокьараб,
Дир гьелда дагІба гьечІо...

Докладаца бикъана
Рокьул кочІой тараб мацІ,
Трибуназда бана
Йокьулелда балеб къвал.
Къецалъулъ ана санал,
Гьегьал собраниязда, –
ТІасалъугьунге дида,
ТІасалъугьунге дида.

Жагьандаман дуниял! –
Дица щибго бикъичІо;
Цодагьаб жо гьекъана,
Диссертациял хъвачІо.
Аллагьасе гурони,
ТІадчагІазе къуличІо, –
ТІасалъугьа дидаса,
ТІасалъугьа дидаса.

**АХИР ЩИБХА ХУТIАРАБ?**

Риххарал халифатал,
Хванщинал империял,
Хис-хисарал, тIагIарал
Гьалгин дол династиял.
Ахир щибха хутIараб,
Зобги ракьги гурони?
Ахир щибха хутIараб,
ПатIимат гуронани?

ЧIунтарал пачалихъал,
Ракьварал океанал...
Ана ралъдал тIиналде
ТIогьолаб Атлантида.
Ахир щибха хутIараб,
Лъимги цIаги гурони?
Ахир щибха хутIараб,
ПатIимат гуронани?

Чингисханал тIагIана,
Наполеонал хвана.
Хабалъ Сталин лъейгун,
«БахIарзал» гIемерлъана.
Ахир щибха хутIараб,
Рокьиги кечIги гуреб?
Ахир щибха хутIараб,
ПатIимат гуронани?

Щущан ана партиял,
ГьечIо нилъер доб Союз.
Зодоб цвизе цо хIетIе
ХутIарабги биххана.
Ахир щибха хутIараб,
Хобги киниги гуреб?
Ахир щибха хутIараб,
ПатIимат гуронани?

Дунял анкьцIул бухIараб,
МикьцIул гIуцIун хисараб,
Нус-нус рагъал гъугъараб,
Азарго ругънал щвараб...
Ахир щибха хутIараб,
Къоги сордоги гуреб?

Ахир щибха хутIараб,
ПатIимат гуронани?

Дирго хIал гьикъанани,
Гьеб бигьаяб иш буго.
Дун ина. Иналде дий
Дуца цIураб бокал кье!
Дица гIумру гьекъела
Щибаб къатIра-къатIра ккун, –
Ахир хутIизе гьечIо
ПатIимат гуронани.

## ГIАЙИБ ГЬАБУГЕ

ГIайиб гьабуге, гьудул,
Дир гьечIеб гьунаралда, –
Гьунар бугел рокьани,
Цо рокьуй нус-нус ругин.

Гъвел гьабуге, дир гьудул,
Гьунар кьураб рокьуда, –
Гьунар щвечIел ракьани,
Ракь гIадин, гIемер ругин.

ТIасалъугьа унтарал
Гьал дир ургъелаздаса, –
УнтичIел, ургъел гьечIел
Хабалъ гIемерал ругин.

ТIасалъугьа панаял
Чорхол хиялаздаса, –
Гьел лъачIел чанги «бачал»
Бичасул «рохьдолъ» ругин.

Дицаги гъвел гьабичIо,
Дур «квешаб» цIар бахъигун,
Цо-цо гъабудал цIолбол
ЦIекIел букIана чагъир.

Дир жахIда-хIусуд ккечIо
Дур хIайранаб цIаралъухъ, –
Гьелъул цIаялъул хинлъи
Дир гъасдаса сунаро.

ЖахIда ккани, ккола дир
Дол бахIарал саназухъ, –
Чан мегIер баханиги,
Черхалда гIетI баккичIел.

Бахиллъула гьинал ракI
РикIкIадисел мехазухъ...
Нухда гIазуги цIерги –
ГIунайзатил бусалъ дун.

## КЕЧI

Руччабазги, бакънazги,
Бакъ гIадаб чагъиралъги
Дие чан гьудул кьурав,
Дие чан тушман кьурав!

Гьал гIищкъул цIадирабаз
Гьел цIалеб заманаялъ;
ЦIайи цин гьаниб ккола,
ЦIайи цин доба ккола.

Гьанже руччаби тана,
Чагъир, бакъан дагьлъана, –
Гьудул тушман ватана,
Тушман гьудул ватана.

Руччабазги, бакънazги,
Бакъ гIадаб чагъиралъги
Чан рохараб мех кьураб,
Чан мехтараб их чIвараб!

Дица дир гIакълуялъул
ГIарщиназ гьел рорцуна.
ЛъугIулареб дагIба-къец:
Щив къурав, щив бергьарав?

Гьанже руччабаз тана,
Чагъир, бакъан дагьлъана, –
Гьудул ватичIо гьудул,
Тушман ватичIо тушман.

**РОКЬИ**

Мун – бухIараб гурхIарабги,
БахIарчияб хIинкъарабги,
Мун – рахIмуяб чIухIарабги,
ЧIвананиги холаребги.

ЧIалгIунареб, свакалареб,
Сордо къояб, къо сордояб,
Сайигъатги хазинаги
Хисулареб, бичулареб.
Рокьи, дир рокьи.

Мун – багIараб чIегIерабги
ЧIараб нургин анкьабго кьер,
ТIогьилабги гIурччинабги
Мун – гIаздалъан баккараб тIегь.

Дур цо тIармил – нусго бакъан.
ТIагъихъахIил – нусго накъищ:
Дур бакъалъул – азарго чIор,
ТIолго цIваби – дур цIаял гьел.
Рокьи, дир рокьи.

Эмен хвана, – бесдаллъана,
Эбел ана – мискинлъана,
Мун букIана дунгун цадахъ –
Дозул ирсги васиятги.

ГIодуларо чIваразухъ дун,
ГIодуларо хваразухъ дун.
ГIодула чIагоязухъ дун, –
ЧIвараб гьезул хIасраталъухъ.
Рокьи, дир рокьи.

Мун – цоялде хиял ккараб,
Хадуселъ дир лъай босараб,
Лъабабилелъ дир бикъараб,
Ункъабилелъ дир гуккараб...

Цо каранда – щуго килищ,
Цоги щуго, гъежда лъураб;
Лъебералда кIиябго ца,
Ццидахараб, данде къараб...
Рокьи, дир рокьи.

Мун дир гьаги, дир гьариги,
Гьардарасе балеб какги;
Политика щибго гьечІеб
Дир шагІирги дир парччахІги.

Щакдарулеб, васвасдулеб,
Басандулеб, пашманлъулеб
Мун талихІги, мун тамихІги,
Мун такъсирги, огь, тамаша! –
Рокьи, дир рокьи.

Мун лъарабго, лъар бахана,
ЛъугІана дир гьитІинаб мех, –
Гьанже гьаб рас хъахІлъаниги,
Вас вуго дун гьитІинлъарав.

Мунгун сагІат гІасрулъана, –
ГІасру дие сагІатлъана;
Росу, рукъ, тІох дуняллъана, –
ТІолго дунял росулъана.
Рокьи, дир рокьи.

Дуца дида тІил кьабигун,
Кьурана михъ, кьурдана дун.
Дуца дихъе цІал кьурабго,
Кьолона чу, ана чабхъад.

Кьижулареб дир макьу мун,
ЛъугІулареб дир шигІру мун.
ГІищкъул сагІат чІезе гьечІо,
Дун чІваниги, дун хваниги.
Рокьи, дир рокьи.

**КЕЧІ**

Рокьи – дида лъараб их,
Бищунго бокьулеб мех;
Чорхолъе гьеб ккарабго,
Кинабго зоб роцІана.

ГІищкъул чода рекІарал
ЧагІи ругел лебалал! –
Йокьулелда къвал бана, –

Къец ракьалда лъугIана.

Рокьуда дун лъараб их,
Дагъабги бахилаб мех;
Дир кверал дур каранда, –
Кинабго зоб роцIана.

Заманалъул лъабго къо
БукIана дир ццидалаб,
Цодагьаб жо хутIана
Хвезе гьелъул загьруялъ.

Хвезеги дие гIилла
ЦохIо гIищкъу букIана.
ГIумруги дир ракьалда
ГIицIго гьаб рокьи буго.

* * *

ЧIагоявгин чIварав дун,
Рокьи, мун – переводчик,
Гьоркьоб ниж кIиязулго
Балъгояб кIалъаялъул.

КIикъого къоялъ буго
Гьаб дир рухIалъе сурав, –
Мун судалъе нугI буго,
Дир сариналъ хутIараб.

Дун ракьулъе аравго,
Ракьалда тараб вакил,
Гьал дир ккарал мунагьал,
Какги бан, дуца чуре.

Къоно чIварал санаца
КъватIиб тараб гьаркьохъан,
Гьеб дур къалантIаралъуб
Къалмикьа илбис хъаме.

Хабал макьилъги дие
Даим гвангъараб чирахъ,
Дир къосарал, бакъ сварал
Сухъмахъазде нур рехе.

Хъвалаго хутIараб кечI,
ЦIалулеб хутIараб тIехь...
Гьезул тIанчазулъ лъураб
Дир тIегь даим бечIаге.

КIикъоябго къоги ун,
Къаркъала тун боржараб
Дир рухI, дир хIинчI духъ гуреб
Дуниялалда гьечIо...
Дир рокьи!

**РОКЬУЛ ТАХШАГЬАР**

Дун пикрабалъ вуго архитекторлъун
Гьаб авар ракьалда, Дагъистаналда...
Дица балеб буго рокьул тахшагьар,
Рио де Жанейро, дур жахIда ккелеб.

Роржине къачIарал, къвал куркьбаз барал
Къочардулел цоцалъ маккал – минаби.
Гьаниб рокьул вагIза – гIищкъуй балеб как,
ГIайиб чIваге дида, Макка-Мадина.

Бертадулъ бахIарай, хIориниб ордек,
ХIавае памятник алжанул гIечгун.
ГIадамий баркала, бугьнал ракьа кьун,
Ракьалда руччаби рижизарурав.

Дица ах гьабила Хадижатилан,
Халикъасул вакил асир гьавурай;
Парк тIогьол гIуцIила ГIаишатилан,
Авараг къанщулеб къандалъо ккурай.

Къуръанул аятал ганчIазда рикIун,
РикIкIаде бихьулеб мажгит гьабила.
ХъахIаб михIмаралда хъахIилал хIарпал –
Дир хIурулгIиназул гьукъарал цIарал.

Дица тIохда чIвараб гIурччинаб байрахъ,
ПатIиматил сурат, чадиралда моцI.
ГIурус килисабахъ Санта-Мария,
МахIмуд гIабдал гуро, долъий как барав.

Накъищаз къачIарал бакъназул гьундул,

Гьений дир Джульетта, гьений Джоконда;
Гьений Дездемона, дир чIаголъарай,
Дов Маврасе чIвазе дица йиччачIей.

Меседил пашмакъалъ гьений Золушка,
Гьенив Зугьрал гордукъ ТIагьир – даим дун,
Лаурал къотIносан къаси сардида
Свердула Зулейха площадалда.

Руччаби... гьадинаб берцинлъи гьечIо, –
Щайзе политика гьал гIадамазе?
ГIищкъу гуронани хазина гьечIо, –
Щай хабар Кармэнил гуреб батIияб?..

...Дун пикрабалъ вуго архитекторлъун;
Гьаб авар ракьалда, дуниял бакьулъ.
Дица балеб буго рокьул тахшагьар,
ТIолго Европалда Париж кIоченеб...

## ПИРИ

Рагъда цебе гIадин, гIодой биччараб,
ГIенеккун сасараб сордо букIана.
Хадуб рохьоб гъутIбулъ, гъалбацI кинигин,
Гъулгъудана дагьалъ добагин гьаниб.

Цинги гъугъадана, цинги кьвахдана,
Цинги кьал – анкьабго зобгин ракьалда.
Бекьун бакканщинаб тIепун бахчана,
ТIорал сородана... пири пирхана.

Паркъана, пархана... рехулел цIаял,
ЦIумалъул кваркьаби, цIвабзазул берал;
ЦIахIилаб чуялъул жал-рачI, лага-черх,
Чиясул гIадинаб чинидул гьумер.

Зодихъ – аллагьасул меседил перо,
Гьаб тIабигIаталда тIад хатI гьабулеб;
Халикъас кьабулеб чарамул хвалчен,
Чвахулаго нухда иххал хъвалхьунеб.

Дуниялалъул чу хIинцлъараб мехалъ,
Гьелъий хIинкъи кьезе кьабулеб гьаб цIал.
ЦIвабзахъе щвелалде космос бекьизе

Кутакгун боржунеб цIаялъул гама.

Гуро, дида ккола, ракьалда лъараб
Дир рокьи бугилан перхолеб пири, –
Гьебги гъулгъудула, гьебги гъугъала,
Гъулдузда перхола, накIкIукь паркъола.

## КЕЧI

Синьорита – мексикай,
Мун дир парчахI, кьурдуге!
Мун цее эхетигун,
Мехтулин дун, гIолин дий.
Дуца цо борхулеб квер,
Дуца цо кIичIулеб хIетI,
Гъуждузда кьуркьулеб шал,
Щущан унеб чорхол рухI...
МохIоса ЧIохъе щолеб
Щоб цебе тIибитIула.

Япониязул сани,
ГьитIинаб бахьинаб кIал,
КIваричIо, ахIуге кечI,
Дур цо ишан гIолин дий.
Дуца кIветI рагьулаго,
КIочон толин гьаб гIалам;
Дуца рагIи абигун,
РакIалде щолин гIумру,
РикIкIада дица тарал
КIкIаратIа росдал гордал...

Лондоналдаса леди,
Лейпцигалъул фрау,
Парижалъул мадмазель,
Польшаялдаса пани,
Гьикъуге дир лъагIелал,
ЩIехоге лъади, хъизан, –
Дида щибго лъаларо,
Лъаниги бицинаро...
Огь, дир бахIарал санал:
...Болъихъ, ЩIумада, ЩIунтIа!

**ДИР КВАРАНАБ КВЕР УНТИГУН**

Унтана кваранаб квер,
КечI, мун дица кин хъвалеб?
Кагътида рокьул мугъал
Кинан дица рекьилел?

КечIалъ жаваб гьабуна, –
Жиб чанги гIузру лъараб
ГIелин, хIалхьуда тейин,
ХIамзатил Расул, дуца.

«Дур унтараб кверзуе
Азарабго рецц буго:
Гьанже хъвадаричIого,
ХъвагIазе мех щун буго.

Рокьийилан абуни,
Рокьи кибго инаро.
КвегIалъги щвараб талихI
Данде къазе бегьула».

**АГЬГИ ОГЬГИ**

Дун хабалъ вукъуге, дица ахIичIеб
Азарго кечI бугин каранлъ гьалдолеб, –
агь, агь, агьа-гьай.
КучIдуца абуна, дуца ахIичIеб
АхIилин кьерилаз, мун кьижайилан, –
огь, огь, огьо-гьой.
Дир берал рахчуге, дица кIал чIвачIеб
КIатIахI чанги бугин батIараб чогърол, –
агь, агь, агьа-гьай.
КIатIахIалъ абуна, алавердиян,
Ине бугин тирун дун наслабахъе, –
огь, огь, огьо-гьой.
Дун къаникь вукъуге, дир къвал жемичIел
ХутIанщинал яеал гьаб гIасруялъул, –
агь, агь, агьа-гьай.
Ясаца абуна, жидеца бусай
БахIарал васазе тIамулел ругин, –
огь, огь, огьо-гьой.
Дун ахIделев вуго, дица ахIилеб
БахIарахъан ахIун бажаруларин, –
агь, агь, агьа-гьай.

Дун кӀалъалев вуго, дир гӀищкъул кӀатӀахӀ
КӀалдиб чӀвани, гьаб гӀел мехтизе бугин, –
огь, огь, огьо-гьой.
Дун гьедулев вуго, гьал тухьулазе
Тату мусудузул, дий гӀадин, гьечӀин, –
агь, агь, агьа-гьай.
Дие жаваб кьуна, чӀезе мех щванин,
Дуе щолеб дуца щибниги течӀин, –
огь, огь, огьо-гьой.

**КӀИГО ДИЕ ДАГЬ БУГО**

КӀиго бер дий дагь буго,
КӀиго бер дий дагь буго, –
КӀикъого бер кье дие
Дур гьаркьихъ гӀенеккизе.
Гьурмадасан чвахулеб
Рохелалъухъ хал кквезе,
Кинабго дур чанилаб
Чорхол рихьал рихьизе.

Дий кӀиго гӀин гӀоларо,
Дий кӀиго гӀин гӀоларо, –
КӀикъого жегиги кье
Дур гьаркьихъ гӀенеккизе.
Дур кӀутӀбуца щурулеб
Щибаб калам рагӀизе, –
Дур каранда гьеб цӀумур
Лъил цӀар ахӀун кӀетӀолеб?

КӀиго квер дий дагь буго,
Дий кӀиго квер дагь буго, –
КӀикъого ругониги
ГӀелищ гьелан лъаларо.
Лугбал къерщолеб куцалъ,
Якьина мун дандкъазе;
КъатӀра риччел хъвачӀого,
ГӀор бахун мун ячине.

КӀиго кӀветӀ дий дагь буго,
КӀиго кӀветӀ дий дагь буго, –
Щай гьел дагьал ругеян,
Дуда лъалеб батила.
Лъалареб батанани,

Балагье гьагъал маккахъ,
Иццазда газалги цун,
Гара-чIварулел ругел.

Цо гуреб гьечIеб гIумру,..
ГIолохъанлъи хех унеб,
Щибго запас толареб,
Заместителал гьечIеб.
Цоял берал къанщигун,
Цогиял балагьизе,
Квераз ккураб талихI-хIинчI
БорчIичIого хутIизе.

**КЬОГЕ ДИХЪЕ ЧАГУР**

Кьоге, кьоге, кьоге дихъе гьеб чагур, –
Чоца гIуру гIадин, танин гьаб гIумру.
ТIоге, тIоге, тIоге тIокIаб гьеб чагъир, –
Чашкаялъул тIинда бихьулин загьру.

Замана – техтеро... Гъугъадулеб зоб,
Гъулдузде бараб цIад, ана дир гIасру.
ГIурччинаб рохалил пашманал хурдул
Хабазда щурщула, лъугIана шигIру.

Лъукъарал дир къасдал, къоринир ккарал,
КъватIире харизе кварго кварилан.
Дихъе рехараб квар: кколаго тIола,
ТIаде харулев дун гIодой вортула.

Дир гIищкъуд хIисабал, хIорда цIерги тIун,
Гъоре тIинде арал, – кверго кверилан.
Дихъе бегьараб квер кколеб борчIула,
Дун, гамачI кинигин, ахаде уна.

Мун ккураб оцалъул лълъурдул рекуниищ? –
Лъутун унеб буго унтараб дунял.
Рагьунги чIоларел, къанги чIоларел,
Даим къиркъидулел къарнудал нуцIби.

...Кьоге, кьоге, кьоге дихъе гьеб чагур, –
Чоца гIуру гIадин, тана гьаб гIумру.
ТIоге, тIоге, тIоге тIокIаб гьеб чагъир, –
Чашкаялъул тIинда бихьула загьру.

## ГIОДАНА КЪУНКЪРАБИ, МЕХТАНА ГЪУДУЛ

Дир хIасрат, бухIараб самолет гIадин,
Бортана гIодобе, гIодана къункъра,
ГIор бахунел хьулал, чоца рехарал
ЧагIи гIадин руго, мехтана гъудул.

Огь, дир божиялъул биххараб низам,
Назму, гимн, гербазул лъугьараб базар.
Гостиницабазда гьалбал кинигин,
Байрахъал хисулел республикаби.

Унтараб лъимада, гьев лъилъизеян,
Лъолаан эбелалъ цоги цIияб цIар.
ЦIар кигIан хисараб, сабаб чан бараб, –
Сахлъуларел ругънал, регъолареб черх.

Мехалги нухалги, нужищ хисарал?
Ялъуни нужее дунищ хисарав?
БахIарал хиялал – дун хехлъанилан,
Херлъарал пикраби – дун кватIанилан.

Гьанже дий нартасул гьаракь кьуниги,
Гьелъухъ гIинтIамулеб тIабигIат гьечIо.
Азарго микрофон, дандерижиял, –
ДагIба чIолеб рагIи рагIулеб гьечIо.

...Дир хIасрат, бухIараб самолет гIадин,
Бортана гIодобе, гIодана къункъра.
ГIор бахунел хьулал, чоца рехарал
ЧагIи гIадин руго, мехтана гъудул.

## КАКИЛ САГIАТ

Какил сагIат, какил сагIат,
Бищун камилаб сагIат...
Кинабго хIайранлъана,
Кинабго хIикмалъана.
ХIинкъи тIурун, ццин тIагIун,
Цо рекIел паракъалъи.
ГIакълугин гIищкъу цолъун,
Цо черхалъул бигьалъи.

Какил сагIат, какил сагIат,
Бищун камилаб сагIат...
Кинабго гIагарлъана,
Кинабго гIатIилъана.
Гьурмада чIварал кверал
Каранда тIад цолъана.
ЯхIги рухIги жубана,
Жанги къасдги рекъана.

Какил сагIат, какил сагIат,
Бищун камилаб сагIат...
Анкьабго зодил канлъи
Ракьалда тIибитIана.
Кини, гъансито, гIалам,
ГIадамазда бугеб нур...
ГIодор чIварал накаби, –
Хварал тIаде рахъана...

Какил сагIат, какил сагIат,
Бищун камилаб сагIат...
Кинабго хIалимлъана,
Кинабго хIалаллъана.
Дир ккарал хIакъаздаса
ЧагIи тIасалъугьана.
Киналго чагIаздаса
Дунги тIасалъугьана.

Какил сагIат, какил сагIат,
Бищун камилаб сагIат...
Кинабго хIикмалъана,
Кинабго хIайранлъана...

**ГЪОЙ ГIАДАН**

Еццуге, еццуге дуца гъой гIадан,
Гъой берцинай гьечIин, гьай цояй гIадин.
Гьалдаса берцинай цоги ятани,
Дица щиб гьабилеб, гьарула, гурхIа.

Какуге, какуге дуца гъой гIадан,
Чан как бананиги, гъой капур йигин.
Гъолдаса ццидалай цоги дандчIвани,
Дица щиб гьабилеб, гьарула, гурхIа.

Беццизе бегьула бича-хисулеб, –
Багьа рокьул гьечIин, гьабуге даран.
Какизе бегьула гьегьаб хIукумат, –
ХIасрат гьезда лъачIин, гьарула, гурхIа.

Беццизе бегьула тIаде щвараб их, –
Гьаб унареб хасел, хинлъулареб черх.
Какизе бегьула хварал генсекал, –
Хисуларел тахал, гьарула, гурхIа.

Чан уна, хутIула гьетIараб кьуру,
Чу уна, хутIула пашманаб гIуру.
Еццизе берцинай гIадан щвечIони, –
Гьей гIодой йикIараб бакIида къвал бай.

Чан уна, бачIуна цоги цIияб чан,
Цебесеб кIочонеб, дагьабги квешаб.
Какизе чIухIарав хIаким щвечIони, –
Гьев гIодов вукIарал бакIал гъурун рай.

## ГЪАГЪАЙ ГIАДАН ДАНДЧIВАРАБ МЕХАЛЪ

ГIагарлъи кIочана, гIалам кIочана,
Гьагъай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.
Дирго мацI кIочана, моцI, цIва кIочана,
Гьагьай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.

КIочанин абизе дун нечаралги
Дида кIочон тана, гъой лъараб мехалъ.
Лъаларин абизе дун хIинкъаралги
ЛъачIо кинго дида, гъой данде чIвайгун.

ГIумру – бакъвараб гъветI, гъой данде чIвачIеб,
Дунял – гъугъдузул гохI, гъолда бер чIвачIеб.
Нужеда гъорлъ, гъоле, гьой гьабсагIаталъ...
Огь, гъолъул берцинлъи, огь, нужер бецлъи!

Унеб нух, вугеб мех, гьел кIочон тана,
Гьагъай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.
ГьечIо ццин, гьечIо кьал, кьижана питна,
Гьагъай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.

Дун гIадав талихIав щивниги гьечIо,

Дун гIадав такъсирав кивниги гьечIо.
ТамихI дий диваналъ бокьараб гьабе, –
Гьагъай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.

ГIумру – бакъвараб гъветI, гъой данде чIвачIеб,
Дуниял – гъогъол гохI, гъолда бер чIвачIеб.
Нужеда гъорлъ йиго гъой гьабсагIаталъ,
Цо гъолъул берцинлъи, цо нужер бецлъиI

Дир ботIроде бараб гIазу биана,
Гьагьай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.
Дир – къоло щуго сон яги къого сон,
Гьагъай гIадан дида дандчIвараб мехалъ.

Дун дунгоцин гуро, – Париж, Рим, Пушкин,
Гьелги кIочон тана, гъой гIадан лъайгун.
ГIайиб щиб нужеда дилъ жахIда ккунин, –
Дирго дилъцин ккана, гъой данде чIвайгун.

ГIумру – бакъвараб гъветI, гъой данде чIвачIеб,
Дунял  – гъугьдузул гохI, гъолда бер чIвачIеб.
Нужеда гъорлъ йиго гъой «бахьикъосад»,..
Огь, гъолъул берцинлъи, огь, нужер бецлъи!

## ЙОКЬУЛЕЙ ЛЪАЛАЛДЕГО

Дихъе рокьи бачIана
Йокьулей лъалалдего, –
Лъарахъе щвелалдего
Рахъарал щинал хьитал!..

Дихъе гIищкъу рещтIана
Марям данде чIвалалде, –
МагIарда гIинтIидул тIегь
ТIелин кIкIалахъ, хъитIнив дун.

Дица рокьул кечI хъвана
Йокьулей дандчIвалалде, –
Макьилъ дида бихьана
Рохьоб бугеб чан кколев.

ГIищкъул къиса ургъана
Къо радалго букIаго, –
Къалъуда гвангъараб бакъ

Къаси сардилъги свинчIо.

Рокьи – дир рекIел хинлъи,
Хасалоги кьерхинчIеб,
Дица дир наслабазе
Даим ирсалъе тела.

ГIищкъу – чорхол хазина,
Херлъидал унтуй сабаб,
Кавказалъул васазе
Васият гьабун кьела.

Биччай цо гIаданалда
Магьари лъолеб мехалъ,
Лъабго хIурматав нугIигун,
Дир хIасратти букIине.

Биччай дой бахIаралъе
Хъалим битIулеб мехалъ,
Дир хъварал кучIдузул цIва
Долъул каранда базе.

## ПОЕЗДАЛДА

Гьалъ абичIо: кIоларин,
КIваричIин, бокьиларин...
КIиялго ниж рукIана
Цо купеялда жанир.

Гьай кIалъачIо: рос вугин,
Вас данде чIвазе кколин...
Россия бикьизабун,
Бакьулъан унеб поезд...

Гьалъ абуна: гьанже цо
Ццидахараб мех бугин,
Мехтарав чи кинигин,
Тартадулеб дуниял.

Гьалъ абуна: квеш бугин
Улкаялда хIалила,
ХIасрат къваригIун бугин,
Балеб къвал дагьлъун бугин.

Гьалъ сунареб цо чирахъ
Казияталъ бахчана.
Канлъийилан абуни,
ТIирун чIараб – кенчIана.

Газеталъул тIамчазда
ТIараматъасел харбал...
ТIаса бахъун, гурде гьалъ
Гурун гьелде рехана...

ГIолохъанай бахIарай,
ХъахIаб черх, хъахIаб гьумер...
Хъвалеб буго музыка
Маххул нухда вагоназ.

Гьалъул гIурччинал тIелхал,
Гьалъул тIеренал кIутIби...
Нахъа тана шагьарал,
Гьекъарал шушби гIадин...

Доб кIочонареб сапар,
БащдабгIан гIасру ана, –
Дида гIумруялъ ккола
Гьеб купеялда вугин.

...Гьелъ абичIо: кIваричIин,
КIоларин, бокьуларин...
Гьаб дунял бикьизабун,
Бакьулъан ана поезд.

## НИЛЪЕР АДРЕСАЛ

Дур адрес – берцинлъи, дир адрес – хIасрат,
ХIалтIулеб буго поч къадги къасиги.
Дур адрес – хIикмалъи, дираб – хIайранлъи,
Гьаб щавкъалъе гьечIо щаматгин гьатIан.

Гьелъул рузман буго дуе балеб как,
Кверал зодой рорхун, бохдул гIодор чIван.
ГIищкъуги лъикIлъиги тIечIого гурищ,
ГIасилъун улкадул адрес хисараб?!

...Дур цIар – гвангъараб цIва, дир – гьалдолеб цIа,
Гьоркьой кигIан гIемер гIазу баниги;

Дуда цIар – музыка, дир цIар – лирика,
РагIиги бакъанги цоцалъ рекъараб.

ГIищкъуги лъикIлъиги – кIибетIераб хIинчI,
Гьелъул хIули бахъун, хъвала дуде кечI.
ГIищкъуги лъикIлъиги гIечIого гурищ,
Закон гIемерлъараб, гIадлу дагьлъараб?!

Дица тел битIула дур рогьалиде,
Данде жаваб щола, щобде нур гIадин.
Дица кагъат хъвала мун ритIухълъиян,
Дур конверт рагьула мутIигIлъейилан.

ГIищкъуги лъикIлъиги рекIелъ гьечIони,
РичIчIизе гьечIо нилъ, чIвараб хIинчI – божи.
ЛъикIлъиги гIищкъуги гIечIого гурищ,
ГIадамазда гьоркьоб кьал-питна бугеб?!

Пачалихъазулги шагьаразулги
Щиб гьури пуниги хисулеб адрес...
ЛъикIлъиялъул адрес – даимаб гIумру,
ГIищкъуялъул адрес – дуниял-гIалам.

ГIищкъуги лъикIлъиги цого кинидахъ
Цадахъ кIияцаго кIикIулеб лъимер.
Рокьиги лъикIлъиги лъачIеб дунялалъ
Даим ругънадаса бахъичIо чIорто.

## ХЕРАЗУЛ РОКЬИ

ГитIинго ккараб рокьи.
Мех-мехалъ квачаниги,
КенчIола дир каранда
Корониб цIа кинигин.
Бищун цебесеб ишан
КIиязулго беразул
КIочонаро, рекIеда
БикIараб накъищ гIадин.

Амма щиб биcаниги,
Чан их, хасел щваниги,
Херал чагIазул гIадаб
ГIакъилаб гIищкъу гьечIо.
ГьебгIан кьалбал гъваридаб

ГъветI ракьалда бижичIо.
Гьеб гIадин, кьучI мухIканаб
Мина ракьалда бачIо.

БахIараб рокьи цо-цо
Кьалда букIананиги,
Гьеб гIадин кьварарабги
Лебалабги лъаларо.
Гьеб дицаги цIунана,
КигIан гIазу баниги,
ГIухьбуз хъалияналъе
Хъатиниб цIа кинигин.

Амма кигIан гIемерал
Кинниял кIикIаниги,
КIудиязде бахараб
ХIикматаб рокьи гьечIо.
ГьебгIан кьалбал гъваридаб
ГъветI ракьалда бижичIо.
Гьеб гIадин, кьучI мухIканаб
Мина кибниги гьечIо.

Гьанже цо-цо хIинкъула
МатIудахъ балагьизе,
БотIрода хъахIаб гуреб
ЦохIоги рас гьечIелъул.
Хаслихъе хIорал гIадин,
ХIабургъарал беразда
Бихьула дирго гIумру,
ГIор бахун доба тараб.

Амма кигIан гIемер кечI
ГIолилаз ахIаниги,
ЧIахIиязул гIадинаб
ХIурматаб рокьи гьечIо.
ГьебгIан кьалбал гъваридаб
ГъветI ракьалда бижичIо.
Гьеб гIадин, кьучI мухIканаб
Мина букIинчIо, гьечIо.

**ХЕРЛЪИ**

Гьанибги чIалгIун буго,
Хвезеги бокьун гьечIо, –

Гьаб хасалил халатаб
Сордо кида рогьунеб?

ЦӀва хьулалъул боржана,
ЦӀа гӀищкъуялъул свана, –
ГӀумруйищ гьаб, хвелищ гьаб
Лъица дида бицинеб?

ГӀумруйищ гьаб букӀинеб,
Кьоло-гъолораб чоде
Чияца ккун гурони
Вахине кӀоларев дир?

ЧӀаго вугин абилищ,
Йокьулей гӀаданалда
Макьилъ гурони дица
Къвал балареб мехалда?

ГӀолохъанлъи кинаб гьаб,
КочӀое гьаракь къараб?
Кодобе кьураб кӀатӀахӀ
КӀалдиб боссе кӀолареб?

Мун гьудулзабаз тараб,
Гьудулзай дуца тараб,
Гьалда лъолеб цӀар кинаб,
ТӀерхьун унеб цӀва, бице?

ЦӀваялъ дида абула:
Дуй жеги зани чӀвачӀин,
Амма чӀаголъиялъул
Ахираб ригьде щванин.

ЦӀваялъ дида абула:
Жеги дур къоял инчӀин,
Амма дол къункърабаца
уй бакӀ къачӀалеб бугин.

## ХЪАМУЛЕБ ЦӀВА

Гьудул, мунги херлъани,
Гьудул, дунги херлъани,
Хвараб гӀолохъанлъидахъ
РачӀа зигара базе.

Дурги чучарал ччорбал,
Дирги чорхол тIураб некь,
Чоца рехарал ихал...
Рилълъа нилъ кверкьовуде.

Нилъер цересел гимнал
Цо-цоязда рагIула,
Церегосел маязухъ
Гьабулеб магIу гIадин.
Гьелегьарал гьужумалъ
Парпадараб байрахъги,
ЛахIуца чIорто гIадин,
ЧIегIер гьабун, белъана.

Дун мугIрузул чи вуго,
Дие чIумал рокьула,
Амма цIвабзахъеги щун,
Гьел кидаго руссинчIо.
КIиго гуреб, азарго
БетIер букIананиги,
Гьеб хъантIараб хъарчигъалъ
Хъамилищ гербалъул цIа?!

Гербалдаги цониги
Iор теларилан руго,
ТIадеялдаса тIаде
Хурзабахъ дагьлъаниги.
Кверал ритIун, чедилан
Чидар улкабазда нилъ, –
Американзул байрахъ,
Гьеб цIвабзазул цIун буго.

Доба китаязулги
Щугониги буго гьеб,
Щунуого хIинчIалъухъги
Цониги хисулареб.

Гьудул, мунги херлъани,
Гьудул, дунги херлъани,
Ххам натIица кинигин,
Борцунеб рецц гун каки.
Дурги ччорбал чучани,
Дунги чоца рехани,
Чед гIадин, цIадирабаз
ЦIалеб рогьогин гьунар.

Дица ахIулеб буго:
Хехлъуге зани чIвазе! –
ЧIаго буго нилъер цIа,
ЧIаго буго нилъер цIва.
Дица ахIулеб буго:
Хехлъуге чIегIер базе, –
Чанахъабаз цIум чIвала.
ЦIвабзазде кьвагьуларо.

## БИЦАНА ЦIУНТIА

Дий бицана ЦIунтIа: жидер бакIалда
БукIараб иш бугин, валагь-билагьин,
КIигоял гьунареб гьаргьадулеб кьо...
Гьенир циги чиги данде чIван руго.

КIиябго рахъалъан гьетIун кьураби,
Гьоркьосан чвахулеб Гьойсудал цояб...
Циялъ абун буго: «Нахъе а, чи», – ян,
Чияс абун буго: «Мунго а, ци», – ян.

Гьал къацандун руго къо бакъинегIан,
Къо ун хадусала къаси сардилъги.
Жиндие нух кьеян, квачIал рорхун, ци,
Жив цеве виччаян, хвалчен гIадин, чи.

Циялъ квачIаз керен хъарсула гьасул,
Хъвай, магIарулавин, дурго васият.
МагIарулас кьола кьварараб жаваб,
Духъ жужахI некIого чIалгIун бугилан.

Ци, цабиги гъирун, тIаде кIанцIула, –
ТIутIун вазе вугин, жинца мун, тушман,
Чияс гьелъул щекъер-мукъулукъ ккола, –
Гъанкъилин жинца мун гьабсагIатилан.

Дица мун гIурулъе рехилилан – ци,
ГIагарлъи ахIейин рукьби рищизе.
Дица дур цIоко-тIом ччукIилилан – чи,
ТIансадул бакIалда къадада базе.

...Гьедин къун чIолареб къецги дагIбаги
Къарнабаца буго цилгун чиясул.

Къаникье аниги, тIаде бахъунеб
ТIабигIат буго гьаб ццидалгун рокьул.

Цоцазе кидаго гьаз нух кьоларо,
Кьалда рукIуна гьал гьаб дир рекIельги.
Киналго чурхдузулъ дуниялалда
Чилъиги цилъиги – цоцалъ багъилеб...

Гьелъин чвахулеб гIор, кьодухъ чIечIого,
Кьабелел гьалги тун, эхей чвахулеб.
Чармил кьурул сиял, гьал сверун къарал,
Щиб къо бачIаниги, гьазда кIалъачIел.

Амма цо кьерилалъ кечI ахIарабго,
Гьаз квер босанилан, бицана ЦIунтIа.
Кьурдасан цо гIадан яккараб мехалъ,
ГIодун бугин циян, гьедула дора.

### СУД

Гьал цо дир саназул сапар лъугIигун,
СиратIалъул кьоде дун щвараб мехалъ,
Дир сорав босила гучав судияс,
Суалал кьела гьес иргадал дие.

Гьес гьикъила: – Дуца гIумру нахъ тана,
Гьелъул дуда тату талихI лъанищан?
Дица, дир гIищкъул цIва, дур цIар абила, –
Гьелъул цIадухъ лъанин кинабго талихI.

Гьес цIехела:  – Дуца мехал нахъ танин,
Нухда ракI сукIарал бакIал кканищан?
Дица зодихъ накIкIал рихьизарила, –
Дирги гьалдолеб ракI гьез гьоркьоб течIин.

Дос дий суал кьела: гIасру анилан,
Бищун гIайибияб щиб дур ккарабин?
Дица гьулел гьурал рихьизарила, –
Цо-цо политиклъун вукIанин шагIир.

Абила судияс: алжангун жужахI, –
Жинца киналъуйдай мун рехилевин.
Дун гьесда гьардела: гьеб кIиялдаго
Гьоркьоб цо гьитIинаб бакI кьеян дие.

**ГЬОРКЬОХЪЕЛ**

Киданиги бокьичIо
Дие гьоркьохъеб къисмат,
Гьал гьоркьохъел гIадамал
ГIемерал рукIаниги.
Гьоркьоб ракьгин зобалда
БукIуна накIкIгин гьури,
Гьоркьоб гьудулзабазда
БукIуна согIаб дагIба.

Киданиги рокьичIо
Гьоркьохъел чиновникал, –
Чин гуреб цоги рокьи
Макьилъги бихьуларел.
Нахъа хутIараздехун
Гьез цаби гъирулел куц!
Дагьал цере ккаразе
Гьез цаби жирулел куц!

Киданиги рокьичIо
Дий гьоркьохъел поэтал, –
Гьоркьохъеб гIищкъу гIадаб
Сурукъаб щиб букIинеб!
Амма гьез буго тIамур
ТIохазда гьанже хъвалеб.
Гьел руго экраназда
Рекламаби кинигин.

Гьел «мултикаца» Пушкин
РагIизе толев гьечIо,
Тютчевгин Блокиде
РегIизе толел гьечIо.
Маргьабалъ лъабго нухлул
Гьоркьохъеб бищаразе
Гьанже битI кколеб буго,
БетIер хIалтIичIониги.

Киданиги рокьичIо
Гьоркьохъел политикал, –
Гьез ккун руго улкадул
Киналго трибунал.
Гьез кколебщинаб щекъер,

Щавкъалъул, гIакълуялъул!
Гьез гIодоб тIамунщинаб
ГIищкъуги лебаллъиги.

Жибго кIудияб улка
Гьел гьоркьохъел тIадчагIаз
Бикь-бикьизе гьабуна,
Гьоркьохъабаз биххана.
Нахъ ругеца хъарсулеб,
Цере ругез хIанчIулеб
БачIараб цо замана,
БичIчIулареб, гьоркьохъеб...

**ДУЦА ГЪОЛДА ГЬИКЪУГЕ**

Дуца гъолда гьикъуге
Гьаб дир рахъалъ щибниги;
Гъолъ цIеханиги абе:
ЩIакъ цевего вихьичIин, –
КIиго рокьуда гьоркьоб
Цогидав жуванани,
Цо гьалмагъар ккечIого,
Кидаго хутIуларин.

Дуца дие бицунге
Гъолъул рахъалъ щибниги;
Бицаниги абуге:
Эдинаб бицен кканин, –
КIиго къецалде гьоркьоб
Цогияб жубанани,
Цо къварилъи лъачIого
КъанагIат букIунарин.

Дуцаго хIисаб гьабе,
КIигоял дандчIвалелъул,
КIул ххолеб картIинисан,
Хал гьаби берцин бугищ?
Хадубги ургъун вихье,
Рокьул ругънал унтигун,
Гьезий тохтирлъи гьаби
Тамашаяб иш гьечIищ?

Диеги гъолъиеги
Лъабабилев кIваричIо,

КIиялго ниж тIурала
ТIаде рачIарал къояз.
Мун гурхIелалъ ватани, –
Нижей къваригIинчIеб жо.
Мун жахIдаялъ ватани, –
Жеги хIажат гьечIеб жо.

* * *

Бихьараб, мерхьараб дуниял нахъ тун,
Дий кьураб гIумрудул сухъмахъал сверун,
СиратIалъул кьодул анкеталъ дида
ЦIаргин фамилия гьикъун хадуса;

Гьикъила: бицеян ракьулъ лъелалде
Ракьалда чан сонин дуца барабин.
«Кинал гьел рукIарал, кинан гьел арал,
Кида мун гьавурав, кида мун хварав»?..

ЦIакъ гIадатаб суал, гIумруялъ дида
ГIемераб рагIараб, жавабал кьураб,
Жакъа, гучав, согIав цо судиясул
Сурав гIадин, буго дий гIазаб кьолеб.

ГIемерав ургъула, гьаб бетIер ккола,
Гьал килщал рикIкIуна, чIая, цо чIая...
Цо гьитIинаб килищ, цоги гьитIинаб
Цогияб гьоркьокъеб, цоги гьоркьохъеб.

Цогиял рортунищ, ракIалда гьечIо,
РикIкIинчIого дица хутIулел руго...
Дун чанцIул гьавурав, дун чанцIул хварав
Халатаб гIумрудул гьетIараб сверулъ?

* * *

Чиясе кьун буго гьаб тIабигIаталъ
ТIокIаб чIаголъидуй лъиего кьечIеб:
Океан пикраби, гьезие бетIер,
Гьаб дуниял ккурал квералги ракIги.

Кибниги бижараб рухIалъе щвечIеб
ШигIру – каламалъе пасихIаб кIал-мацI.

Чиясе кьун буго сундулъго гьечIеб
Гьайбатлъи, гIакъиллъи, гIумрудай гьунар.

Унго гIаламалъул гIатIидал хурзал,
Гьаб хазина гьениб щущан бугеб куц!
Щай, хирияй гьудул, цIунулеб гьечIеб
ЦIадай рехичIого чиясе щвараб?!

* * *

ТIаде ахIдон, кинида
Кинго лъимер чIоларо.
КечI къваригIуна гьелъий,
КечI къваригIуна гьелъий.

Цоцазе хIинкъи кьунин
Кьал кинго къотIуларо.
КечI къваригIуна, гьудул,
КечI къваригIуна, гьудул.

Щиб хъалим кьунаниги,
Рокьи битIун кколаро.
КечI къваригIуна, гьудул,
КечI къваригIуна, гьудул.

* * *

Унтарав, лъукъарав дун,
Къадада квералги чIван,
КIичIарал нухаздасан
Эхеве унев вуго.

Дида мугъ чIван, кверал чIван,
Цебехун нух бахъарал,
Цо дихъ балагьичIого
Эхеде унел руго.

Эздехун дир ццин гьечIо,
Цо махIги жахIда гьечIо.
Жив-живасул тIола некь
Бищун бокьичIеб мехалъ.

Диего гIечIеб гIакълу

ГIоркьилазе кин кьелеб? –
Киназулго тункулеб
Мокърукь ахирги бетIер.

* * *

Ихдал – хухал, кьагIи, риидала – пихъ;
Хаслихъе – цIцIун кьолеб цIибилалъул би.
Хасало – печалъул корохъги вукIун,
Бежулеб картошка, тIохазда гIазу...

ТIубараб лъагIелалъ берцинал ясал,
Гьез ахIулел кучIдул – гьале дие кеп.
ГIурччинаб апрель, май, багIараб август,
ТIогьилаб октябрь, рортулел тIанхал.

ХъахIаб декабралъ, хъахIаб январалъ
Хъван балеб мугIрузул тIогьазде гIазу...
ТIубараб лъагIелалъ берцинал ясал,
Гьез ахIулел кучIдул – гьале дие кеп.

* * *

Гъов щив – гьитIинав чи, гъосул гъол гьерсал
ТIасалъугьун телин, щибилеб гъосда?
Гъов – сонал арав чи, биларaб намус
ТIасалъугьун телин, щибилеб гъосда?

Гъов гIолохъанав чи, гIагарлъи бугев,
ГIайиб гьабичIого, тIасалъугьун те!
Гъой цо чIужутIадан, гъолъул квешаб кIал,
КIваричIо, бицунге, тIасалъугьун те!

Гъов цо гьунар гьечIес чияр рикъарал
Бакъналги кучIдулги тIасалъугьун те!..
Мун кинаб букIинеб, камилаб дунял,
Киналго квешлъаби гьединан тани?!

* * *

Абула, гIорцIеналда
ГIор кин бахунебали,
Киналго къагIидаби

Цо течIого лъалила.

Амма гIор бихьарабго,
Гьелъул рагIалде щвейгун,
Киналго къагIидаби
Гьелда кIочон толила.

Мун кIалъалеб мехалда,
Дудаги лъалел руго
Сариназул, кучIдузул
КиналгIаги сухъмахъал.

Амма кечI хъвазеян мун
ГIодов чIараб мехалда,
ГIурул рагIалда бугеб
ГIурцIмада релълъуна мун.

**НАЧАЛЬНИКАСУЛ КЕЧI**

Шофер, баче машина
Дуца добго сверуде, –
Сун бугищ чирахъали
Доб гордухъ балагьизе.

Сигнал кье лъабго нухалъ,
Долда лъалеб, бичIчIулеб, –
ЯчIунарищ дой бика
Балконалде, бихьизе.

Долъул гIурччинаб халгIаn, –
Хал гьабе лъикIаб куцалъ,
Долъ квегIаб кверги борхун,
Кваранаб хьвагIулебищ?

Дихъе кье долъий кьезе
Кьерал гIемерал тIугьдул,
Дун вачIинегIан вукIа
Добго лъалеб бакIалда.

Дица цо сагIат бала,
Свере, рикIкIаде унге, –
Машинаби хъамулеб,
Хъачагъаб заман бугин.

Базарги музыкаги –
Кинабго цолъун бугин,
Милицабигун цIогьал
Гьанже цIакъ рекъон ругин.

Дун нагагь, цидук гIадин,
Ццин бахъун нахъ вуссани,
Дида щибго гьикъуге, –
Шиша рагье гьекъезе.

Дун, михъида квер бахъун,
Кеп-гIоркьалда вачIани,
Рогьун гьечIонаниги,
Дида ворчIами абе.

Цингиги баче «Волга»,
Биччун цIалтаяб дунял,
Долъул кIалтIу толаго,
КIовухъе бубузабе...

Секция, гьеб гьикъуге,
Рукъзал лъугIараб мехалъ,
Дуца гьаб комуналка
Квер хьвагIун тезе буго.

Гьанже къваригIараб жо, –
Лъадухъе щвараб мехалъ,
Щибан дица абилеб,
Кир хутIанин бицинеб?

Цин кIиго комиссия,
Хадуб лъабго данделъи, –
Министрасул кIалъай,
КIалтIа чIарал гIарзчагIи.

Къаси кьолеб прием,
Дагьаб гьекъезе ккана,
Финазулги нилъерги
Цо гIаммаб компания...

Дица бакъан бачина,
Дуца тIад рекъезабе, –
Гьикъиларо гьолъ хIалтIул,
Гьолъул бетIер бугелъул...

Гьанже гьаб улкаялда
ХIалтIулев чи щив вугев?
Щибав чи щибаб къоялъ
Жергъен кIутIулев вуго...

Шофер, баче машина
Дуца хехго рокъобе!
«Радал кида вачIунев?» –
ЧIужуялда гьикъила.

Дун метер сах ватани,
Цоги сапар гьабила.
Сордо лъикI... квартира,
КватIиларо, дуй щвела.

## СОНЕТАЛ

Хабаде гьетIарал мугIрузул сиял,
Дозул бугеб сабру, дозул бугеб сси.
Аллагьас гьарурал памятникал дол,
Даимаб напсалъе Дагъистаналъул.

КигIан цIа бакараб, кигIан цIер бараб, –
ЦIорорал, рухIарал – цохIо кьуричIо.
Цо кьуру буго дир росдаде гьетIун,
Гьелда вихьизе те, туртида лъейгун;

Тирулеб дуниял, гьелъул бакьулъ доб,
Багьадур кинигин, гохIде бахараб.
Балагьула гьелъухъ цIумазул тухум,
Гьадинаб тах щварав цо шагь вукIинчIин.

Дий щибго кIваричIо, хириял сияз
Дир хабаде къулун, васин абуни.

* * *

Макьил телевизор, азарго канал,
Аллагь вуго къаси дида кIалъалев.
Дир цо гъежда – лъикIлъи, цо гъежда –квешлъи
Буго цIадирабаз цIалеб, борцунеб.

Дие лъикIаб щинаб – чидае квешаб,

Чияй лъикIаб щинаб – дие квешлъараб
Дун цо кивалиго вахунев вуго, –
Эхеве, гIодове вортулев вуго.

ТIадеги вахинчIо, эхейги щвечIо,
Ахир ворчIаравго, ургъулев вуго...
Кив дун вугевали, кив хутIаравин,
Хиялазул накIкIилъ ватулев гьечIо.

Хварав чIаголъула, чIагояв хола, –
Макьил телевизор, азарго канал.

* * *

Гьанже, дирго хъварал гIищкъул бакъназухъ
ГIенеккигун, ккола черновик бугин, –
Чагъир березегIан цIибил течIого,
ЦIекIел дица чанги гьекъон батана.

Гьанже дирго санал данде гьаригун,
Дида ккола гIумру репетициян, –
Роль хIадурилалде, пардава рагьун,
Гьанже къалеб мехалъ дун къварилъана.

КечIалъе тилмачал рукIананиги,
РекIел унтиялъе дида ратичIо.
ХIакъаб, хIакъикъат щиб, гъалатI, хатIа щиб, –
Гъурараб рохь гIадаб гIумруялъул хIатI...

...Огь, дун гIенеккичIеб кватIараб гIакълу,
Огь, дихъ гIенеккичIеб гIедераб гIищкъу!

* * *

Дун вачIун вукIана цо дунялалде –
Цоги бичIчIулареб бана гьаб горо.
НекIсияб ригьалде ругьунав дица
Рагьу кин рагьилеб, дида лъалареб?

Дие кьун букIана цогияб гIумру –
Гьанже бидул гIаздалъ хъудулеб гIасру.
Дир, накIкIулъе унеб, букIараб божи
Гьаб хасало дица хисилеб сундухъ?

Дида ккун букIана битIухълъи цойин –
Огь, бетIер сверулеб гьаб кьурул рагIал!
ГьетIараб нухдасан рекIанщинаца
Бокьухъе рачунел улкадул гьакал...

Дуца, болгаразул палихъан Ванга,
Гьадин ккелин дида щайзе абичIеб?!

* * *

Огь, щиб жо лъугьараб, щиб жо лъугьараб, –
Щвараб гIор, нахъбуссун, чвахулеб буго:
Гьанже чиновникал кучIдул ахIулел,
КочIохъаби чингун, честь ккун, хъудулел.

Хъурщизе рижарал роржунел руго,
Роржине рижарал хъерщелел руго.
Алжан гьабулебин, гьаб улкаялда
Гьанже щибас жужахI гьарулеб буго.

Гьал херал кIудаби бахIарлъун руго,
Гьал бахIарал ясал херлъулел руго.
Хал гьабула сагIтихъ, гьелъин абуни,
Пачаязул заман бихьизабула.

Дун гьелда гьардола, гьудул, мунгун дун
ДандчIвалеб замана бихьизабеян.

* * *

Балеб цIад, мун, борхун тIогьилаб дугъгун,
Дихъ балагьун йиго, дица абуна:
ЦIадаца биччунин лачен холарин,
Къочардунин абун маккал холарин.

РетIелалда тIаби, бахчун черх-гьумер,
Гьороде балеб гъвел, дица абуна:
Бахчун хIалхьи лъараб хIара рагIичIин,
ХIасраталъ ричIичIел тIаби гьечIилан.

Нахъ тарал саназул рухIулел гIарал, –
ГIертIица лъим тIунин, гьеб цIа свинадай?

ТIад женжелел накIкIал некIсияб жулалъ
Жакъа лъухьунилан, зоб къалъиладай?

Къоркъода рачI гъолел гьал хабарчагIи,
Ханида гIоркь гъолел гьал «гIакъилзаби».

* * *

Дур сурат гьабизе ирга щвечIого,
Доб Италиялъул мударисзаби:
Микеланджелалги Рафаэлалги...
Гьоркьоб ккараб питна – гьелъий мун гIилла.

Моцарт цо сордоялъ, Шопен цогиялъ, –
Цинцияз дур гордухъ рачунел бакънал...
Гьаб Япониялъул лъабмухъилаб кечI, –
Лъабалъго бицуна цохIо дур рахъалъ.

Дуде ахIичIеб кечI гьеб кечIцин гуро, –
Катил мимиялда релълъун бихьула.
Жийго Джокондаца, жиндихъ хIайранго
Дун балагьаравго, бетIер хьвагIана, –

Мун щай хIикмалъулев, ХIамзатовилан, –
ХIикмат дуй бокьани, бугин дур рокъоб.

* * *

Мун пашман гьайигув, БетIергьанасе
БетIер чIвала дица: тIасалъугьаян.
БетIергьанасе как къабуллъичIони,
Къулула дуе дун: тIасалъугьаян,

Гьал дир гIайибазул гIиллаги нугIги,
ЯчIа диваналде; дие гьабулеб.
Дир сорав босулеб яхIалъул судалъ
Суал кьейгун, абе: тIасалъугьанин.

Дир хIакъгун хIакъикъат, хIинкъигун хIикмат, –
Гьаб дир къисматалъе къотIулеб хIукму,
Дур кIиго рагIуда бараб буго гьеб,
КIухIаллъуге, абе: тIасалъугьанин.

Гьеб дуца абуни доб диваналда, –
Дун ракьалда тела дирго рокьигун.

* * *

Аварагасул яс, гьес бищараб цIар –
ПатIимат, рилълъа нилъ, сверилин зоб-ракь,
Зобал рокьичIезе ракь язихълъула,
Ракь бокьуларезе зоб гъугъадула.

Мун бусургьабазул Санта Мария,
Цадахъ кIияцаго борцинин нух, мех.
Мун нухда йигони, биххулеб гьаб рукъ,
Мун рокъой хутIани, гьетIун унеб нух.

Мунгун цадахъ дие сагIатги гIемер,
ГIумрудул рачлида меседил гIекI-мацI.
Мунгун цадахъ дие гIасруги дагьаб,
ГIедераб комета, кунчIун унеб нур.

БукIараб кIочона мун кIалъарайго,
КIочараб гвангъула мун балагьигун.

* * *

Дида гьанже лъана, гьанже бичIчIана,
Гьал гIищкъул шагIирал щай хекко хварал.
Дозул жахIда ккана, жакъа мун йигеб
Мехги дуниялги дие щунилан.

Дуе гIоло ана дуэлалъ Пушкин, –
Дой Гончаровалъе дур гвангъи киса?
Греция эркен гьабизе гуро, –
ПатIимат, дуй гIоло хвана Лорд Байрон.

Марияе гуро, дуе бана как
ГIаздал Карпаталда цо кавказияс.
КIал-мацIалъ бокьараб цIар ахIаниги,
ЦIадай дуе гIоло ана гIащикъал.

Гьал халатал саназ хутIарав Дантес
Дунцин гуродайин, хIинкъула цо-цо.

* * *

Гомер бецав вукIин дие хIакълъана, –
Нилъер хIасрат гьечIо Илиадалда.
Шекспир, гьесдехун дир даимаб дагIба, –
«Дездемона Маврас чIвазе кин тарай?»

Бищун хIикмалъула Чеховасда дун, –
ХъахIаб чайкадул рухI босарав тохтир...
Мисал Александр Пушкин вуго дий, –
Мун пашман гьайизе щибго биччачIев.

Цоги мугIрул гIащикъ вокьула дие, –
Рокьул къимат лъачIел къолин абурав.
Къоязул нур сунеб сардил боцIлъидалъ
Дир хъвачIел саринал: рогьел, рогьелин...

Дир гIищкъу хъудулеб гьаб дунялалда,
Йохъ, дармида гуро, дун рагъда хвела.

* * *

Дир адрес – музыка, гьеб – дие гIумру,
Дир гIумру – цохIо мун, цогияб гуро.
Цогияб батIияб букIун батани, –
РукIинчIезда гьоркьов рикIкIе дуца дун.

Дир паспорт – лирика, гьеб дир дуниял,
Дир дунял мун йиго, цогияб гуро.
Цогияб батани, гьекъон бекараб
Бокал гIадин тела тирараб гIалам.

Дир марка – дир рокьи, гьал конвертазда
Кидаго седечIо дица батIияб.
БатIияб батани, бетIергун черх щиб,
Чухъаги тIагъурги гьелги тIокI дие.

Гьеб лъабабго марка – цо лъалеб адрес, –
Лъаларо цогияб гIумру, ракь, рокьи.

* * *

Ясал хиралъунин дуца абуге, –
Аварагасул нух гьезул нур бугин.
Рагъул давлаялъулъ дос жиндиего
ЖугьутIай Рехана йищана тIаса.

Дие, поэтасе дов гьардарасго
Назру гьарун гьечIищ гьайбатал ясал? –
Киналго саринал, гьел кIочон хъварал,
КIочон тана дида бараб цIад гIадин.

Руччаби рокьунин щибго абуге, –
Шамил имамги гьез асир гьавунин;
Дой Армениялъул Аннадасан дос
Аварай ШугIайнат лъугьинаюнин.

Дие, шагIирасе шаригIаталъ гьел
Гьукъун ратиларо кIалккун моцIалъги.

* * *

Гьаб халатаб кино – кинабго гIумру,
КIиго гIадан дие гIазабгун тамихI:
Цояй – дир йокьулей, дун вокьуларей,
Цояй – йокьуларей, дун вокьулин чIун.

КIиго гIадан йиго гIумругин дару:
ГIаздалаб Къирбалги бакъул Жанубги.
Цояй – дир йокьулей, дун вокьуларей,
Цояй – йокьуларей, дун вокьулин чIун.

Лъабабилей йиго дида лъаларей,
Жий лъан хадуса дур лъай боссе бугин;
Гьей дур йокьулейги йокьуларейги
Макьилъгицин дуда рихьизе гьечIин.

Гьаб халатаб кино дир гIумруялъул –
КIигоялни лъалин, лъабабилел щал?

* * *

Лъаларо, гIажамалъ цIалуниш дица,
ЦIикIкIараз бицунеб рагIунищ дида,
Яги дунялалъул гьал сверабазда

ГӀумрудул сапаралъ кантӀунищ дунго:

Лъадал чвахиязухъ гӀенеккаравго,
ГӀурччинаб гӀидрадахъ балагьаравго,
Берцинлъи камилал ясал дандчӀвайгун, –
Гьез чӀвалеб къагӀида, къварилъи чорхол!

Дир лъадал чвахиял чабхилъе ана,
Ихдалил гӀурччинхер гӀаздалъ бахчана.
ГӀолохъанал ясал дир чара хвезе,
Чундул гӀадин, руго данде рачӀунел.

## КОЧӀОЛ РУКЪАЛЪУЛ УНКЪО ЦИЛИ

* * *

КӀудияб океан гьелчелеб буго:
Гьаб дир кӀадолъиян, гӀатӀилъийилан;
Дун, гьелъухъ балагьун, пикрабалъ вуго:
Росдал ицц къанани къине бугин мун.

* * *

Бихьанщинаб гӀалам бичӀчӀарабани,
Ункъо мухъ кечӀ хъвазе дун нечелан.
Заназ кьолел дарсал росаралани,
Ӏищкъул гуреб дагӀба, дун тун, инаан.

* * *

ХӀанчӀи, щайзе унел Африкаялде,
Унго, квешищ бугеб кочӀолаб Кавказ?!
Балагье цӀумазухъ, кьуру хисичӀел,
КигӀан кьерханиги, – огъ, мугӀрул гӀищкъу!

* * *

ЩуцIуса как бала щибаб къол чияс, –
Щунусго дагь буго гьаб дир гIелалъе.
укIанщинаб мунагь рекIел щавкъалъул
РикIкIун бахъинаро киналго чIумаз.

* * *

Бечедаб намусалъ мискинго тарал,
МагIарулал, нужер пашманаб талихI, –
Нужго кIкIалахъ рукIун, рикIкIада цIваби,
Гьел рикIкIарал гIелин гIенеккун чIарал.

* * *

Кьурда гъалараб гъветI, гъун унел тIанхал,
Гъурарал гIаркьелал – дир рокьул ахир.
ГъветI – дир араб гIумру, гIаркьелал – санал,
ГIодой гъурал тIанхал – дир гIищкъул бакънал.

* * *

...Амма букIаниги гIагарал гIадал
ГIадамал ратичIо кир тираниги,
Бищун гIоркьмахIазги, мехтун – ригьингун,
Ралагьула кьалбал жидерго гъотIол.

* * *

Къо-лъикI, политика, гьечIо дур аллагь,
Дуда цо къец лъала, къочи лъаларо.
БачIа мун, лирика, чIа гIодоб дунгун,
ГIищкъу гьанже-гьанже лъарай гIадангун.

* * *

Макьилъ гъугъадана, пирха-хучана, –
Кинав пача диде ццидахун вугев?
Радал данде чIвана дида дур гьумер,
«Дун дур пача йигин» гьимулеб гордухъ.

* * *

Гьаб векалда цебе ккараб дир гъалатI, –
Гъолъулалде данде гьадингояб цIад.
ЦIад балареб гъугъай гъулдузда лъалищ? –
ГъалатI букIун буго бищун битIараб.

* * *

Нилъер гIайибазул хабал гьаруни,
Хур бекьизе кинго ракь хутIиларо.
Гуккарал къасдазул къанал гьаруни,
Къадалъ лъезе гамачI батилароан.

* * *

МаркIачIул замана... Зобги ралъадги
Хъудулел халкъазухъ хал гьабун руго,
Замана анагIан чи гIакъиллъулин, –
ГIалам гIадаллъулеб гIаламат щибан.

* * *

Саназул хIисабал... къадада сагIат,
Цояб рахъалъ ханжар, цо рахъалъ тIамур.
Хонжрохъ балагьани, тIамур угьдула,
ТIармида кIутIани, ханжар паркъола.

* * *

Къо-лъикI, гьитIинаб мех – дир комедия,
Къо-лъикI, гIолохъанлъи – гIищкъул драма.
Дихъе щвана херлъи – трагедия, –
Гьаб театр рокьул лъугIулеб буго.

* * *

Дида данде чIвана цо гIадан жакъа,
ГIодулей гьелъ магIу бахчулеб буго.

Дунги дир кучIдулги гьелъул магIида
ГьабсагIат цоцада релълъун рихьула.

* * *

Дида кватIун лъана, хъанже бичIчIана:
Фадеев щибизе жинцаго чIварав;
Доналда Шолохов, гьеб хабар щвейгун,
Щай жинца гьабичIеб гьебан вукIарав.

* * *

Лъукъараб бацIалъул бидулал квачIал,..
Гьезда катан къалев вихьана цо чи.
Щив гьав лъалев чиян хал гьабулев дун,..
Хадув кантIаравго дунго ватана.

* * *

Дун бетIергьан гьечIо бакараб цIадул,
Ккараб рокьиялъул, ахIулеб кочIол...
Дица киназего гьел маян кьола...
..Дун бетIергьан вукIа гьаб дирго ботIрол!

* * *

Законал, законал – рукъарал зарал, –
КъотIаби, хIукмаби, хIилла гIемерал, –
Закон лъалареб щавкъ, щибилеб дуда?
ХIилла бегьичIеб кечI, кин мун букIунеб?

* * *

МоцIрол канлъи буго хабал зонода
Хваразул мацIалда дида кIалъалеб.
Гьелъ абулеб буго, дир пашманлъи лъан,
Гьанибги щибниги лъикIаб жо гьечIин.

* * *

– Чуял, щай, чуял, щай нуж дагьлъун ругел?
– ЧагIи дагьлъаралго нижги дагьлъула.
– Рокьи, щай, кучIдул щай гьанже дагьлъарал?
– Докладал гъугъадун микрофоназда.

* * *

ГъотIодаги бухьун хьихьулеб дегIен,
Дуда лъухьулеб нус бихьулеб гьечIо.
Метер – къурбан-байрам, мун гIадин, унго,
Гукканщинаб гIищкъу гьал гIасрабаца!

* * *

Дир чанго кечI буго гьанже бихъулеб,
Нахъе тезе нечон, рохъо гьабураб.
Амма гьаб рохъдолъги хъалиян цIазе
ЩIа къваригIун руго цо-цо «гIалимзай».

* * *

Инкъилаб абула, инкъилаб дие
Мун данде чIварабго ккана гIумрудул.
ГIищкъу цо букIана думалъго дир культ,
Дида застой лъачIо, мун лъаралдаса.

* * *

Хулжал цIурал руго цIиял пикраби, –
ЩIияб гIолохъанлъи киса босилеб?
ЧIунтарал мажгитал, храмал рала, –
Хисулареб хIасрат... алда щибилеб?

* * *

Гьанже дир унтаби дуца гьикъуге,
УлкаялъулгIанги гIемерал руго.
Дунни, мех арав чи унтун ватила, –
Улкаялъул ругънал каказ сахлъилищ?

* * *

Дун гьардухъан вуго, гьаб гIаламалда
Гьарула, наку чIван, цо бокал рокьул;
Гьеб гьечIони, тIагIам хвараб дуниял
Цо тIаде цIан щвачIеб хоноян ккола.

* * *

Дур сурат бахъулев саназ вукIана
Сариназул мухъаз, гIищкъул накъищаз;
Хадуб балагьидал, релълъун батичIо, –
Дирго рекIел сурат букIун буго гьеб.

* * *

Волга Каспиялде чвахулеб гьечIо, –
Нухазда гIасиял сангарал руго.
Чуяз гьанже кIалцIи кIваналеб гьечIо, –
Метер чакар кьелин кьабулел руго.

* * *

Гьал дир асаразул черх чIурканаб бис,
ЧIораз басинадай чанахъабазул?
Чанги лъукъараб мун гIодой ккеладай,
ГIазда бидул лъалкIаз кквезе чIеладай?

* * *

Гьекъон вигьарасул кватIараб гIакълу
Дир гIищкъул кучIдузулъ букIарабани...
Цодагьаб гьекъараб гIищкъуялъул щавкъ
Дир гIакълуялъулъе рещтIунебани...

* * *

РикIкIад улкабазде магIарул курьер,
Кодоб дипломатгин, воржунев вуго, –

Каранзулъ абуни эбелалъ даим
Инсул гъасда кини кIикIулеб буго.

* * *

КIикъого батIияб гьуинаб рагIи
Гьаб варaниялъе – Эмиратазда.
Гьар вараниялда рагIарабгIаги
РагIулареб дуда... Гьав дир гIасилъи.

* * *

Гьал трибуназда дагIба дие щай? –
Дирго йокьулелда щурщудизе те.
Дагьаб хъахIлъулебцин дур рас кьоларо
Нус-нус Гайд-паркалъухъ нилъер улкадул.

* * *

Гьанже щибаб кIалдиб – демакратия,..
Дида бичIчIуларо щиб жо гьебали,
Гьагъай гIаданалда цо къвал бачIого,
Къаси гьолъул гордукъ кечI ахIичIого.

* * *

Гьикъула: киса мун, аварав, – абун, –
Азиялъул чийищ, Европалъулищ?
Дица лъаларилан жаваб гьабула,
Рокьи киб гьалдолеб, гьениса вугин,

* * *

Радал хъахIлъи лъана, гьаб ХIежалда дун
ХIайранаб гьаракьалъ ворчIизавуна.
Дида ккун букIана, гьеб как бугилан,
КечI батана дирго гIадинаб гIищкъул.

* * *

Рокьи, мун букIана гьерсаз сверун кжун,
Кверал чIван борчIана, хIалалъ хIухьел цIан.
Гьанже цIияб гванда буго гьаб ццидал, –
Цаби къерщолел куц, огь, борчIиладай!

* * *

Чан магIу бетараб, тушманлъи ккараб,..
ТалихI гьелъул щварав щивго дандчIвачIо.
РукIарал къецазухъ къисас босизе
Балеб къвал гIадаб жо дида лъаларо.

* * *

– Кин ругел?
                    – ЛъикI руго, гьадинан таги...
Гьедин жаваб кьола дагъистанияз.
Дун велъулев вуго, гьезда лъаларо
Дида лъарай гIадан гьаб гIасруялда.

* * *

Дихъе газабел кье, ккарабщиналде –
Киналдего тIаде гьанже ракь хъвазе.
Амма дир рокьиялъ: «дун ракьулъ лъезе
БачIараб букIинчIин», дир кверал ккола.

* * *

Дун гьавилалдеги гьавун хадубги
Хисанщинал кверщелчагIи ракьалда!..
Амма хисулареб кIиго кверщелчи:
Цояб кечI букIана, цогияб – рокьи.

* * *

РакI кIалъалеб буго, – кIал буцIцIухIун чIа,
МухIканлъи гьаб рокьул дида бичIчIизе.
Бихьулищ океан, – микрофонал чIа,

КIодолъи, гIатIилъи гьаб гIищкъул лъазе.

* * *

Дихъе, стол гIуцIун, гIолохъабаца
Дир гIумрудул бокал кодобе кьуна, –
Кинам гьаб гьекъелеб, гьадин гIасияб?
ГIодоб кин речIчIилеб, цо гуреб гьечIеб?

* * *

Эркенлъи бокьараз рокьи гьабуге, –
Дида хIалхьи лъачIин гьаб лъаралдаса.
Рокьиялъ эркенлъи чорхой гьаруге,
Гьеб чабхъадаса чи нахъе вуссинчIин.

* * *

Росабалъ абула, гIадат хвезегIан,
Хваги имамазул тIолго боялин.
Дир ракIалъ абула, гIищкъу хвезегIан,
Хваги гIаламалъул тIолго аскарин.

* * *

ЦIияб рукъни балин, бакъан хисилин,
ЦIияб хIасрат киса босилеб, улка?..
Пашманго Койсуяхъ балагьун вуго, –
Каспий, чирахъазухъ дуца гьал телищ?

* * *

Чанги гIилла буго гIумру какизе,
ГIищкъу дир духъ ккараб букIинчIебани.
КигIандай рихине букIараб гIасру,
ГIумруялъ дида мун дандчIвачIейани.

Жибго жиндицаго чIвалеб гьаб гIакълу,
Жибго жиндицаго чIинтIулеб гIищкъу...

МугIрузда чанил тIинчI чанцIул гIодараб
Чернобыл букIинин нилъер ракIазул.

* * *

Бищун учузаб лъим, чорхол бийищ гьаб? –
Чогъроде – очередь, биялде гьечIо.
ЯчIа, дир йокьулей, гIищкъул бокалгун,
ГIаламалъул гербгун, гимнгун йикIине.

* * *

Дун Букенгемалъул кавабахъ вуго, –
Королева, рагье гьундузул горду.
Дица цIигьулдерил бакъан тIамилин,
Гьезул бакъ лъачIей мун, гурхIула дуда.

* * *

Дун ХIежалде ана, КагIбадул гамачI
«Дий алжанин гуро» анкьцIул сверараб, –
Алжан кьечIониги, дов каримасда
Гьеб дур цIар рагIани, гIун буго дие.

* * *

Дунял байбихьула киниялдасан,
КочIолги байбихьи гьенисан буго.
КIиябго – рокьул ицц. Бице, ракьалде
Мун кисан бачIараб, бичIчIи гьечIеб ццин?!

* * *

Дун боксалда вуго дир заманагун, –
Заралъул цо бакIлъи санаца балеб.
ЧанцIул тартадарав, гIодов ккечIев кин? –
Дир гIищкъул аллагьас квер кьун батила.

* * *

Дица жаваб кьечIо, кьезеги гьечIо
Гьал диде кьвагьдолел «критиказе», –

Нилъер гъасда дуца бакараб цIаялъ
ЦIер рекIеда чIвазе биччалеб гьечIо.

* * *

Инсуй гIурус кваркьи, дий гIараб кваркьи
Камуна магIарул кочIол зобалъе...
КIиялго, киналго цолъулеб хIикмат,
ХIасрат – нижер туснахъ, нижер эркенлъи.

* * *

Рокьи, мун хIарамищ яги кирийищ? –
Дур коронив вуго киналго соназ.
...Гьадин бухIараб цIа жакъа ракьалда, –
ЖужахIалъуй ккейгун кинаб букIинеб?

* * *

ГьитIинаб абуге, гьитIинаб гулла
Гамил каранда щун, гьеб шапун буго.
Дирги гьаб гьалдолеб кIудияб рокьи
Цо-кIиго гьитIинаб рагIиялъ чIвана.

* * *

Лъабго магIил горо гирулеб буго:
Цоялда – букIараб ракIалде щола,
Цогияб – бугелъухъ балагьейила,
ХутIараб – букIинеб накIкIилъ бугила.

* * *

Дида ккун букIана, доба рикIкIада
НакIкIилъ гъугъадулеб, пирхулеб бугин, –
Гъугъалеб батана дирго пикрабалъ,
Пирхулез батана дир рокьул гъасда.

* * *

Гайд-паркалдаса цо оратор вуго,
АскIоре риччаге гьал руччабиян.
Дун духъ балагьана, хIикматги бакъги,
Дур хIетIе чIаралъуб буго дир алжан.

* * *

Гьанже кверал кьола гIицIго кверкьовулъ, –
Киназулго зарал – Инкъилабилан...
Гьел гIемер рихьанин, гьаб дир гIищкъуялъ
Рукъзабазул нуцIби рахалел руго.

* * *

Улкадул хIукмаби, нужедаса дий
Дов ГIумар ХIаямил узденлъи лъикIан, –
«Лъида къвал жемилеб, кигIан гьекъелеб?»
Гьикъулеб букIинчIо дос лъиданиги.

* * *

Дун эркенаб мехалъ – кечI туснахъалъуб,
КечI эркенаб мехалъ – дун туснахъалъув...
КIиялго эркенаб, – гьаб улкаялда
Унго киданиги заман букIанищ?

* * *

Дир рокъоб бан буго ХIаямил сурат,
Гьеб – дир сариназул законги гербги:
БагIараб чогърол рагI, чан гIадай гIадан,
Чагур гьелъул хъатикь, гьей гьасул хъатикь.

* * *

Пачалихъ, дидаса батIаго а мун, –
ВатIан бугин гIищкъу кочIохъанасул.
ГIагарай, яхунге киданиги мун
Конституцияйин трибуналде.

* * *

Дурнаваз валагьун вуго гIумрудухъ;
Цин гьеб гIисинлъула, цин кIодолъула.
Цого цо мун йиго гьитIинлъуларей,
ГьечIо дурнавал дир духъ балагьизе.

* * *

Кидаго рагъулел мадугьалзаби:
МахIамадги дунги гурони гьечIо.
Кидаго рекъарал мадугьалзаби:
МахIамадги дунги гурони гьечIо.

* * *

Огь, Верховный Совет, дур хIукмаби щиб? –
ХIаким зодов вугев, досдаги цIехе, –
Досул цIадахъ гуреб хал гьабулареб
Хуралда щибилеб дица, шагIирас?

* * *

МугIрул расабалъе шагьра гьабуге, –
Шагьаралъул гьерсал гьенир женжезе.
Дол гIоразда тIасан кьоял рорхуге,
Кьерилазул хъизан биххунгутIизе.

* * *

Литинститутальул азбаралда дов, –
ГIазу хъващтIейилан, хъваге кучIдулин...
Андрей Платонов, гьанже гурони
Гьадав мунлъи лъачIо... дир бикъараб мех.

* * *

Гьудулго, гьудулго, гьудулилан дун, –

Гьудулас бикIичIеб тIанкI рекIелъ гьечIев.
Йокьулей, йокьулей, йокьулеян дун, –
Бакьулъа чан нухалъ мугъ беканиги.

* * *

ГурхIизе кколевни дун вукIун вуго, –
Докладазе вахъун хъат чIварав шагIир.
ЖахIда ккезе кколей мун йикIун йиго,
Гьел унел накIкIалин рикIкIарай гьудул.

* * *

Аллагь дунгун къаси кIалъалев вуго,
КIиязулго нилъер цохIо цIва бугин...
Дица цIар гьикъана, дур цIар щурана,
Щуго континенталъ такрар гьабуна.

* * *

– ГIолилав, машин щай хехго бачунеб?
– Хал гьабун йиго дихъ чIалгIарай гьудул.
– ГIолилав, машин щай хех бачунареб?
– Машиналда жаний йиго дир гьудул.

* * *

Гьанжеги чедалъул багьа цIикIкIана,
Гьанжеги чиясул багьа дагьлъана.
Гьанжеги сонисеб чIегIер бан буго,
ЧIвалеб хъат метераб бертадуй буго

* * *

ГIор рикIкIад букIаго рахъарал хьитал,
Рихъарал нахъойги ретIунел руго.
Рохьоб чан букIаго кьвагьарал тункIал,
Патроналги тIагIун, магIида руго.

* * *

РикIкIад Китаялъул къадал рахана, –
Бахун бахъунареб духъе щолеб къед.
Доб Берлин бикъарал санграл рихана, –
Риххуларел щайзе гьерсазул сиял?

* * *

МагIлисес абуна, вазунев чиян,
Чабхикьан ваккигун, лъалин жиндайин.
Дирни гьедин ккечIо, – улкаялда чи,
Чабхикь тIупичIого, щивали лъачIо.

* * *

Шамилги гуккана михъ бугел чагIаз,
Чараб рагIи бадиб, бицунарин ккун.
Михъал ругецаги гьел кIкIварацаги
Дуе гьурабщинаб гьури, дир улка.

* * *

Дун Кремлиялъул бицунев вуго,
Квер хьвагIулев вуго херав хурухъан:
«Гьобол лъикIаб росу лъикIаб букIунин»,
ЛъикIалго ратичIин гьенир гьалбалин.

* * *

Альтернатив букIа щибаб рищидал, –
Бищун щвараб гуро дие Дагъистан;
Долъ малълъараб буго дуде бугеб кечI,
Кибго альтернатив гьелъие гьечIо.

* * *

Бицуна гьал чияр ракьал рахъулел
Чингисханазулги Тимуразулги...
Жидерго магъилъе чабхъен гьабулел

Чингисханал нилъер гIадал рагIичIо.

* * *

Рекъел гьечIеб дагIба депутатазул...
Докладал, кIалъаял...
гьеле гьебмехалъ,
«Их щванин», –гьундухъе цо хIиннI бачIана, –
ХIикмалъун киналго тIаде рахъана.

* * *

Дунги киниялда квешав вукIинчIо,
Квешлъана гIемераб квешаб данде чIван.
Дунги вачIинахъе лъикIав вукIинчIо,
ЛъикIлъана гIемерал лъикIал данде чIван.

* * *

Цо вождь мегеж-михъгун, гьев кьижаравго, –
Кьурарал цо михъал, букIинчIо мегеж...
КIиябго гьеб гьечIел паркъана хадур,
Амма хур бижичIо, – кванана гIунхруз.

* * *

ЧIурканай депутат, хIайранал кIутIби, –
КIвар кьун, арендалъул бицуней йиго;
Дун, арендаялъе ах, хур кIваричIин,
Араб гIолохъанлъи кьейилан вуго.

* * *

РекIелъа унаро рикIкIадисеб их, –
«Дун гIадай талихIай гьечIин» дур калам...
Замана сверана, гьанже дагьлъана:
«Дун гIадай талихIай гьечIин» дур калам.

* * *

ГIеретI бекун йиго херлъарай гIадан,
Гьаб регьейин абун, гьалайчиясда, –
Гьав, чанги пахь тIунин, пайда гьечIилан,
ЦIакъ гъурараб гIеретI бугин гIищкъуян.

* * *

Дихъе микрофон кье, гIенекке, гIалам,
Цо гIищкъул кьо гьабе зобгин ракьалда, –
Рокьул татуги лъан, тIокIал цоцаде
Ццидалъ щивго кивго кьвагьдонгутIизе.

* * *

Памятникал руго пачазабазе,
Гьаб ракьалда биял гIемер тIуразе...
Жеги рагъ гьабичIев пача ватани,
Гьесие балаан дица памятник.

* * *

Дихъеги гIумруялъ цIун туманкI кьуна,
КьвагьичIо дица гьеб... ГIадамалъни щиб,
ГIалхазда чундулъцин дир тушман гьечIо, –
ТалихI дуда хадуб, гьеб хутIана дир.

* * *

Гьанже немцал цоцалъ цолъулеб мехалъ,
Цоцалъ къацандулел, къо бухIулел нилъ.
...Доб Освенцималда чIварай ясалъул
ЯсикIоялъ дие макьу толаро.

* * *

Рокъобе бачIана кIиго кравать...
«Киса гьал?» – ХутIанин туснахъазулин.
Инсуца абуна: «Нахъе росе» – ян,
...Огь гьесул санаца бикъараб макьу.

* * *

Рагъда цебе бертин, бахIарав – дир вац
Гьесул цIвак-цIвакарал цIиял чакмаби..
ЦIадул рагъ. ХутIана кIиябго чакма,
Хал гъабула гьезухъ, гIодула эбел.

* * *

ГIолохъанлъи щвани гьабсагIат дихъе,
Гьареян кIиго жо, жинца гьабилин, –
Гьарилаан махщел гьаб хур бекьизе,
Хадуб рокьиялде кучIдул гьаризе.

* * *

Дун рохьов вукIана, чанахъабаца
Чан чIварабщинакъе, дун чIванин ккана.
Йокьулей, гъеждаса царал рачI бахъе, –
Гьеб сихIирил берал, гурхIулин гьезда.

* * *

Гьороде чIвачIвалел чIахIил авлахъал,..
Дица ракьул закон цIалана гьазий.
Гьез дида абуна, ракьалъейила
Рокьул закон цIикIкIун къваригIун бугин.

* * *

Бицуна, уябищ дида лъаларо,
Доб цо дунялалъул чагIи рихьанин;
Гьанже хутIараб хьул цо гьезде буго,
Гьаб нилъер улкадул керен чучизе.

* * *

Гучал фараонал, гьегьал герцогал,
Пачаял, къиралал, гьундул, музеял...
Рихьана, – рачIинчIо гьел дир кочIолъе,

Каранзул нуцIбузул кIулал духъ рукIун.

* * *

МахIмуд чIвана, ана, эмен хутIана,
Хадув гъов камуна, лъагIелал ана...
Лъабабилеб Койсу магIарул кочIол
Доб Каспи ралъдалъе щвезе бугодай?

* * *

КIалдиб жо лъечIого лъабго сордо-къо,..
Бахчун чIола лачен чанай иналде.
Гьел гозо хочолал лучнулин ккола
Кверщел къваригIарал гьал гIолохъаби.

* * *

Сессиялда кIалъай сасараб мехалъ,
Сорав босула дир курантаз даим;
КигIан жал кьабезе, звargъезе кколел,
Дуда чIалгIунарищ гьаб чIандайилан.

* * *

ЧIегIераб – къварилъи, хъахIаб – божи-хьул,
БагIараб – хис-баси, битIун гьабураб...
Кинаб кьер букIинчIеб гьаб гIумруялъул, –
ГIурччинал дир тIанхал тIогьиллъарал куц!

* * *

Санал иргаялда рехараб гванда,
Дун некIсияб сагIтихъ балагьун вуго...
Рехуге гьенибе гьаб цо гIищкъул их, –
Гьел дир гIумруялъе гIемер хутIичIин.

* * *

Огь, щибаб кечI буго керен бухулеб,
Кинабго музыка: «ТIасалъугьа», – ян.
Дие диван гьабе, гьалдолеб ВатIан, –
Гьале дир шигIраби, гьале дир рокьи.

* * *

СагIтил хъаравулал, цодагьалъ лъалхъе,
Цо гIадан гордухъан йихьулин дида.
СагIтил хъаравулал, нуж гIедегIуге,
ГIолохъанлъи нахъе бачIунеб бугин.

* * *

Огь, цо гIаданалъул, унго, берцинлъи!
Цогияйги йиго жеги берцинай...
Миллиардал ясал, шигIрабалъ гьечIел,
Дун – щай гIищкъул шагIир херлъизе толев?

* * *

ГIумрудул квацIидалъ кIиго тIегь буго:
ТIегьалеб, бечIалеб, багIараб, хъахIай...
Цояб – цебесеб мех, ракIалдещвеял,
Цояб – тIадеялде тIеренабго хьул.

* * *

ГIундулги черхги дир чанил рукIана,
Гьанже бакIлъун руго пилалъул гIадин.
Beралги ракIги дир хIанчIил рукIана,
Гьанже хIарщулъе дун, хIасрат, тункуге!

* * *

Саназул цояб хъат, бераздa чIвараб, –
Огь, бихьун батичIо дида гIемераб!
Цогияб букIана дир кIалалда чIван, –
Огь, кIалъан ватичIо кколеб бакIалда.

* * *

Дир ракIги букIана, разведчик гIадин,
Чорхол къасдал рахчун, балъго цIунараб.
Амма йокьулелъул контразведкадул
Кутак цIикIкIун батун, гьурщана дица.

* * *

Газелал рихьана рохьор кIанцIелел,
Лълъурдузул берцинлъи, беразул гвангъи!..
Дирги хIасрат буго ХIапизил гIадаб,
Амма хIинкъана дун газелал хъвазе.

* * *

ЧIваразул гьан щвани, щибго кунарел
Кваркьалаби ругелъль ругин бицуна, –
Гьанже гIадамалъги гIемералъль гьечIищ
Гьадиналго хIанчIи, – рекулел занал...

* * *

Гьабунщинаб квешлъи, кканщинаб балагь!
БукIинадай кири бараб какалъул?
Реканщинал къанал, къарабщинаб ицц! –
Къабул гьабиладай гьанже ккураб кIал?

* * *

РикIкIад улкабазда аваразул мацI
Аллагьасда гуреб лъалев чи гьечIо.
Дун гьесда кIалъала дурги, роодалги,
Дагъистаналъулги хIакъалъулъ бицун.

* * *

Унтараб гIалам, ракь, лъукъараб гIищкъу,
ГIасрабаца дуе хъванщинаб рецепт...

Ва амма дараби, нус-нус улкадул
Аптекал тирана, ратулел гьечIо.

* * *

МацIалъ цIунараб гIус лъухьулеб гIадат, –
ЦIуничIеб киб бугеб кочIолгун рокьул?
КиналгIаги цаби цоязде тIаде
Цоял кколел гьечIо, – гьадай гIаданин.

* * *

Зобгин ракь цолъулеб мина гьабизе
ГьецIо бахъулезулъ дунги вукIана, –
ГIададисел къецаз гьетIарал къадал,
ГамачI битIун лъезе лъалареб гIищкъу...

* * *

БатIи-батIияса чвахулел лъарал, –
ЛъачIо гIадамазда рекъон хьвадизе.
Нуж раччи бакIлъарал гьардухъабиийищ,
Гьедин дагIбадулел сардоги къоги?

* * *

Щай гIемер къацандун, нухалъул бицун,
Бохдул рекун ругин дир пикрабазул, –
МагIарде вахани, ахада ицц мун,
Ахаде щваравго, магIарда тIегь мун.

* * *

БацIцIадаб блокнот, рахь хъахIаб кагъат,
Цо лъикIаб кечI хъвайин жидер гьурмада...
Дида церечIана гьел дур гIанаби,
ГIажаибаб лага.., – кечI буцIцIун чIана.

* * *

Мун йиго, кIийиде йикьун йигин жий, –
КIинусго рахъалде викьун вуго дун...
Унго, радиоялъ рогьел чIвалеб куц!
Гьал собранияца сарин чIвалеб куц!

* * *

Дун дирго черхалда барахщун гьечIо,
Чияца гуккарал мартазда вуго.
БожичIониги квеш, божаниги квеш...
Щиб бакъан бачинеб бикъараб рокьуй?

* * *

Дир букIараб гIищкъу цо-цо кьурдула,
Цо-цо гIодой къулун, къварилъахъдула.
Цо-цо гIазу бала, цо-цо цIад бала,
Амма гьаб цIа свине дуца толаро.

* * *

Гьудулас абуна, дурго кечI хъвайин,
ДагIбаги рагIиги дуе щайилан...
ШигIру, дагIба гьечIеб дихъе бачIинчIо,
ДагIба рокьул гуреб дий къабуллъичIо.

* * *

Жал чоца рехани, чармил кьураби
КьватI-кьватIун риххилин ккарал чан арал?
Цо-цо кьерилаца, жалго гьелни щай,
Гьез кьолораб чодул кьалал рухула.

* * *

Мехтаразда гьанже щиб жо абилеб? –
ГанчIиде лъим тIунин тIегь баккуларо.
Мехтун ригьаразда щиб жо абилеб? –
Араб какунилан ккелеб пайда щиб?

* * *

Дун туснахъ вукIинчIо. Кремлиялъул
Бищун кутаказда аскIов вукIана.
Туснахъалде жаниб кучIдулъе инчIеб
КигIан духъ гьалдолеб гьава дилъ бугеб.

* * *

«Судалде кканищ?» – ан цохIого суал, –
Судалде ккечIеб къо къанагIат буго:
Жакъа дий дирго суд сонисеб къодахъ,
Къаси тIасалъугьа жакъа ккаралъухъ.

* * *

Расаги, Каспийги, кIиго бокалги,..
КIарун релъанхъулел гьадавги дойги...
Гьадав дун вукIана гIолихъан – шагIир,
Дой щийилан гьикъе карачелазда.

* * *

Рокьи хIикмалъана, кечI чиякълъана,
Чагъиралъул бокал дие гьукъигун.
ГIищкъуялъул рекIел чIваби кIалъана,
КIал букъарай Марин гIадин ругин жал.

* * *

Дун вуго хIамалав дир хIисабазул:
ХIасрат, санал, ияхI улкадул рахъалъ;
Гьел даим бакIлъула, – кIичI-кIичIараб нух,
Доб кIудияб мегIер кинан бахинеб?

* * *

Гьанже гьал чагIахъе чадил бакIалда

Микрофонал кьола кванайин абун;
Дидаги, ахIулеб кечI къотIизабун,
Чогърол бокал гIадин цере ккола гьел.

* * *

– ГIурдада речIалел ругел щай тIугьдул?
– Гьанже мажлисазе ниж хIажат гьечIо.
– Мажлисазда чанги руччаби руго?
– Дозги гьанже хунжрул рорчунел руго.

* * *

Цо трибуналда лъаб-лъаб оратар...
Лъаларо, кIалъалищ, кIалъаларищ дун;
КIалъани, цIалила дища цIияб кечI
ЦIва гIадай ясалде, гьазда кIочарай.

* * *

...КIал щулалъагиян, воре щварабин,
ШигIру лъугIарабго, дихъе кьолеб рагI,
Гьанже мун бекана, кочIол мех ана, –
Концерт тIокIаб гьечIо ЧIарада гуреб.

* * *

Гьаб цо байданалда, Пушкин, дуе бакI
Митингазул къецаз къварид гьабуна.
Вилълъа дида цадахъ Дагъистаналде, –
Доба жеги цIумаз цIар хисун гьечIо.

* * *

Санаца бицана, божун вукIана,
Боржунеб бугин мун, гIагараб улка;
Гьанже балагьидал, дида бихьула
Даим ремонталда, лифт гIадин буго.

* * *

Гьанже гаргаразул бугеб горо-цIер, –
Гуро, кин цIунулеб хурги рокьиги?
Газетал, журналал, кьирщулел цаби, –
Мукъулукъ ккун буго кочIолгун рокьул.

* * *

Лълъарни ккун букIана цо-цо махалъул, –
Лъутана, борчIана, кочIолъа ана.
Карандени къана гIащикъал санал, –
СагIтил хъаравулаз дихъ гIинтIамичIо.

* * *

ГIор тIеренлъун буго лъар кинигинан,
Кинаб цIул гьениса гьанже бахъилеб?
Рохьор гъутIби руго, «квералги» рархун,
Как балел зобазде, гурхIайин абун.

* * *

Цояз мацI бихьула, цогияз – цаби, –
«Киб бугеб мун, рокьи, ракьулъищ лъураб?»
Дирни къасд букIана, ракьулъ черх лъейгун,
Ракьалда ирсалъе телин рокьиян.

* * *

Зобал бетIералда тIад цунищ ругел? –
ТIаде ворхулаго чIинтIулеб хиял.
Хирияй, доб гьулак тараб рикIкIада, –
НакIкIал бакIлъарал куц щибаб соналде!

* * *

Ракьалдани киса, зодобги хIалхьи
ХIанчIазе толарел гьал чанахъаби...
Гьезда релълъун руго гIащикъзабиги –

Я йокьулелъ чIвала, я чIваби тIола.

* * *

Жеги лъалареб нух, малълъарухъаби:
Нахъехунин – цоял, цереян – цоял...
Цебехун – къелъ тункун, рекарал бутIрул,
Нахъехун – гъугъдузулъ гъурарал рукьби.

* * *

Чодул лъалкI мерхьунеб тайи бихьигун,
Тамаша гьабула кIудиял чагIаз...
Гьанже кIудияца нахъ тараб гIумру
Улкадул гIолилаз гьабулеб гIад-хочI.

* * *

Дицаги гьаб бокал бек-бекилаан,
Берцинал руччаби рукIинчIелани.
Дицаги цохIо мухъ хъвазе букIинчIо,
Берцинал руччаби рукIинчIелани.

* * *

Дунго дидасаго чIухIун вукIуна, –
Нухда данде чIварай чIурканай гIадан!
Дунго дида чIалгIун, чIвалин вукIуна, –
Данде чIвалей гьечIо гьей гIадан къаси.

* * *

Дун къого сон барав херав чи вуго, –
Хирияй йокьулей къвалакь гьечIони.
Ункъого сон барав гIолихъан вуго, –
ГIащикъай дир гьудул тIингъилъ йигони.

* * *

Дий тохтир кIваричIо, унтараб мехалъ
АхIе берцинай яс, паркъан вахъина.
МагIихъан кIваричIо, хвараб мехалда
АхIе гьудулалъ кечI, дун чIаголъила.

* * *

Йокьулей, ракьалда бугеб къварилъи
Дуда бараб къвалалъ кIоченабила.
Квешал ругъназ цIураб гьаб гIасруялда
Бищун гIасияб щиб? – Мун гьечIеб сагIат.

* * *

Гьаб цо мажлисалде ячIа, дир гьудул,
Гьайбатай, парчахIай, гьими хIикматай...
Микрофонацаги депутатазги
Дуй бутIрул къулила, гьеб къец сасина.

* * *

Гьанже данделъабалъ бищун мискинаб,
Бищунго бесдалаб гьаб рокьи буго.
Гьеб – дир император, Корсикаялде
Кидагойищ араб, нахъ буосунарищ?

* * *

Гьаб пачалихъалде регIичIеб рокьи,
Рокьи рагIулареб согIаб пачалихъ...
Саринги приказги кинаб бергьинеб? –
Кидаго лъугIичIеб рагъда вуго дун.

* * *

Гьал занахъ балагье, бищун гIасияз
ГIищкъу гуреб цоги васият танищ?
Хабалазда хурдул щурщулел руго,
ШигIру гъозул гIадаб унго рагIанищ?

* * *

– Нуж, рокьиги кечIги, кире тIагIарал,
Нужер гьаракь гьечIо гьал мажлисазда?
– Ниж, автономиял округаздаса
Депутатал гIадин, руго бокIнида.

* * *

ЦIияб их бачIингун, бичIчIана дида
Гьанже гIолохъанлъи чода гьечIолъи.
Чвахулеб гIуруца абуна дида,
ГIищкъуги дир черхги батIаго бугин.

* * *

ХъахIаб жавгьарул гор дур габуралда –
МагIил гарал гурищ нилъер улбузул?
МагIил гараз дие жаваб гьабуна:
Жидер багьаял гьел гьечIилан абун.

* * *

АхIмакъасда гьикъун, къватIир рахъани,
Къваридал нухазда бетIер бекула...
Огь кинал ахIмакъаз гьаб унаб сухъмахъ
Унтараб рокьуда бихьизабураб!

* * *

БетIералъе гьечIо лъай гIадаб тIагъур,
РекIей рокьи гIадаб гьечIо лебаллъи;
Амма гьел ругеца гьаруге абе:
Паракъатаб сагIат, бигьаяб сапар.

* * *

– Лъица тIармил чIваби тIурал?
– ГIабдалас.
ЧIужугун вагъулев – гьадавго гIабдал.

Гьелъин гIолилазул гIищкъуялъулгун
ГIасияб кьал бугеб ригь аралдаса.

* * *

Огь, къинароан лъар, къинароан иццуухъ,
Аздагьаби кIалтIа рукIинчIелани.
Чан аздагьо бугеб гьаб рокьул иццухъ,
Чан аздагьо бугеб бакъназул лъарахъ!

* * *

Рукъалъул къагIида къадаз бицина,
Иццаз, нухаз, хобаз росдал бицина...
Лъицадай бицина гьанже улкадул? –
АхIулеб кечI кинго рагIулеб гьечIо.

* * *

Чвахулеб иххги чIван, ана дун нухда,
Ахаде, салулъе тIерхьана дир лъар.
Гьанже дунги вуго салулъан унев, –
Лъеда батичIеб нух дида батилищ?

* * *

Ихдалил гьороца ана гIемерал,
Жеги гIолохъанал дир гьудулзаби...
Гьанже гьаб хасалил гIумрудул гьури,..
ГIодов ккеладай дун? – МугIрул борхалъи!

* * *

Рокьул гьерсихъаби, кин кьижулел нуж?
Кьалде гIищкъу цIалел, кин кьижулел нуж?
Дие макьу гьечIо нужер гьерсаца,
Паракъалъи гьечIо нужер рогьоялъ.

* * *

ВахI, вахI, вахI... замана! Бохдул унтана,
УнтичIеб гIадалаб бетIер сабаблъун.
Огь, огь, огь, замана! БетIер унтана,
УнтичIел кIухIалал бохдул сабаблъун.

* * *

– Кьалул къисабазухъ гIенекке, васал!
– Ниж гIедегIун руго, ниж регIун гьечIо.
– Дирго рокьулгIаги бицинин нужей...
– Ниж митингалъ руго, те гаргадизе.

* * *

– Дун гьанже цо вуго, цогияца щай
Дун живго толарев?
– КучIдул сабаблъун.
– Дун гьанже цо вуго, цогиял щайзе
Дица толел гьечIел?
– Рокьи сабаблъун.

* * *

ЧамгIалал квераца чурараб гьумер
Чароклъараб гуреб, бацIцIалъуларо.
Улкаялъул гьумер чурулел ругел
Чорокалцин гьечIищ, – балагье кверахъ.

* * *

Гьоб гъваридаб кIкIалахъ чIикIасезул хIор
Буго тIалъел гьечIеб лъадал хьаг гIадин.
Хьагалъул тIиналда: мажгитги, хобги,
Хур-рукъги, гIищкъуги... Огь, бесдалаб зоб!

* * *

Ракъиги, гIинкълъиги, рекълъи-беццлъиги –
Мукъулукъ чиясул ккурал гIузраби...

Амма чи тIагIани харбие, рокьуй, –
Дун хобалъув вуго, гьебгIан квешаб щиб?

* * *

ЦохIо милъиршоялъ их бачIунаро,
Амма мун ячIингун бачIана дихъе.
ГьечIо дие хасел, рагьун те гордал,
Горо щиб, гIазу щиб? ГIишкъу – даим май.

* * *

Ралъад,.. цо рагIалда рацаби харил,
Цогияб рагIалда – сусуралъул хур...
Щибха цадахъ бугеб? – Рокьиги ццинги,
Щай гьал гIакса гьечIел гIумрудул чвахукь?

* * *

Дир кIикIулеб кини, – кечI ахIе, эбел...
Дир хъудулеб бертин, – кечI ахIе, дир яц...
Дун хабалъ тIупулев, – кечI ахIе, гьудул...
БукIуна кинабго, кечI кIочон тоге!

* * *

Их ана, вортуге, хадув гъеларо,
Хасел щвана, дандчIвай, мун ворчIиларо.
Гьанже космосалде нилъ рахинаро,
КватIана – батIияз ,бахана Ла-Манш.

* * *

Гьал карачелалги рекIел тIвапиги,
КигIан рикIкIаниги, рикIкIун рахъинчIо.
Нухлул сверабиги дур берцинлъиги,
КигIан биcаниги, рорцун рахъинчIо.

* * *

Пил кIодолъиялъе гьелъ эбелалъул
Ургьиб бараб къоло кIиго моцI гIола.
КIодолъи, камиллъи кочIолгун рокьул –
РекIелъ гьел халатккун хутIи батила.

* * *

– Рокьиги кучIдулги, кин руцIцIун чIолел?
МацIазе жаваб кьун, щай кIалъаларел?
– Кутулгун рагъулел рукIиналдаса,
ГъалбацIалъ чIвай лъикIин, – кьуна гьез жаваб.

* * *

Накалдаеа тIажу тIутIун аниги,
Бугебани гьанже гьитIинаб заман.
КигIанго гIадалаб букIананиги,
Буссунебани нахъ гIолохъанаб жан.

* * *

Гьал гIолохъабазухъ хал гьабун вуго, –
Херлъулев вугин дун зигардиларо.
Киназухъего хвел хех щварабани,
Херлъи дунялалда букIинароан.

* * *

Дуда берал, бералин гьардарал гьудулзаби,
Гьел кьуралго, кьаллъана – кьунсрул кIочанин абун.
Дир кьунсрул лъухьаразги хиял гьабулеб буго
Гьанже берал рахъизе, – балагьун вуго гьезухъ.

* * *

Дун гьитIин вукIаго, кIаркьаби ккуна,
КIудиякьа хIинкъун, огь, гьезул тамихI!
КIудияв гIуравго, гьаб бетIер ккола,
ГьитIинакьа хIинкъун, – гьезул гIасилъи!

* * *

ХIалакъал гIиялги гIедерав вехьги
Цадахъ щола рокъой, къо араб мекалъ.
Дунги гьедин вуго гьал дир кучIдулгун,
Доб кини кIикIараб гъасде вуссинин.

* * *

Цо-цо гIадан вуго гIорцIен гIадинав,
Гьел гIемерал лъана дида гIумруялъ:
Нахъехун лъалхъаниц цабзаз хIанчIула,
Цевехун кIанцIани, кIалдиб мал бала.

* * *

Дуниял сверана, хIикматал лъана,
Гьанже хIикмалъизе щибго хутIичIо.
ЦохIо хIикмат буго дир кидагосеб, –
ГIумруялъул хIасрат къасиги къадги.

* * *

Дир цо бералдаса гьаб цогияб бер
Цо-цо намуслъула, цо-цо хIинкъула,
Цоги гIаданалъухъ къотIноб хал гьабун,
Хадув дун рокъове вачIараб мехалъ.

* * *

Беццлъараб бералъул цо магIил горо,
Гьебги гIезе ккола гIайибал чIвазе.
ХатIаб ккараб рекIел цохIо кIутIиги
КIудияб иш буго, – тIокIаб цIехоге!

* * *

– Дуца бице, лъица дур бер бахъараб?
– Дир цеве вукIарав рекIел гьудулас.

– Огь, гьанже бичIчIана, гьанже хIакълъана,
ГьадигIан мухIканго кинан бахъараб.

* * *

Сардилъ шагьаралда сверулев вуго,
Сунеб буго гордухъ иргадал чцрахъ…
Тирула дуниял, дур гордухъ чирахъ
Дир рекIелъ сунаро киналго сардаз.

* * *

ЧIухIараб бигьаро гIечугъотIода,
Дур гIодобе бичча щибан, кIалъана.
ГъветIалъ жаваб кьуна, жинца пихъ кьолин,
Лъимер гьабулареб дур пайда гьечIин.

* * *

Дун кIодолъанагIан, санал анагIан,
Сарин пашманлъана, хьулал цIикIкIана.
Дир тIалабал гIуна лъимал кинигин,
Лъадуца кинидахъ кечI ахIанагIан.

* * *

Чармил гъабуниги гьечIо цоги къед,
Къварилъи дир рекIел жаниб бахчулеб.
Кин кIулал раниги гьечIо цо каву,
Дир кочIол хIасраталъ жиб рагьулареб.

* * *

ЩагIил хъаба буго: балагьейила,
Жиндир тIину бугин тIолго гIарцулин.
Пахьул гIеретI буго кIарун белъулеб:
Гьеб хабар бицеян дуца бецдазе.

* * *

Рагъда къолохъабаз рухулел къалал,

Гьел къваридго руго бертабахъ чIалгIун.
Жеги бахIаралда къвал бачIел васал
Къаникь лъолел руго рагъул байдабахъ.

* * *

Дица цо абуна, гьаб дир тIармица
ТIамуна цогиги батIидб бакъан.
Дица цо кьабана, гьаб дир цIурмица
ЦIар ахIун батана дун хIикмалъараб.

* * *

Дун Эмираталъул кIиго шагIиргун
Щвана магIарухъе: «Гьале нижер ракь».
Гьез дий суал кьуна: цо салул авлахъ
Нужер гьечIищилан, гьеб киб бугебан.

* * *

ЛъугIулареб дагIба, чIалгIунареб къец,
Къисас: «биялъухъ би», – бакъвалареб гьеб;
Хабалазул занал: «Сабру гьабе», – ян, –
«Санал гIаламалъул къокъ гьаруге», – ян.

* * *

Риидал бихьараб хасало лъала,
Харбие хIисабал данделъаралго;
Хасел бачIун буго, бичIчIулеб гьечIо
Гьаб араб замана, заз буго рекIелъ,

* * *

Ах тIегьалеб буго, гьикъана щаян,
Гьалъ жаваб гьабуна: жиб дунял бугин.
Ах бечIалеб буго, гьикъана щаян,
Гьалъ жаваб гьабуна: дуниял бугин.

* * *

Зобал гъугъадана, цIад балеб гьечIо, –
Гьаб дуниялалда щиб жо гьабилеб?
ЦохIо хьул букIуна, метер бакъ щвелин –
Бакъан хисаниги хисуларев чи.

* * *

Хвана чи. Унтиялъул гьасие ургъел гьечIо.
Хвана чи. Херлъиялъул гьасие ургъел гьечIо.
Эбел, лъимал гIодула, гьалда гьеб рагIуларо.
Хвана чи. ТIерхьунеб бакъ, дуда гьал рихьанщинал...

* * *

Цо-цо ккола, мехтун бугин гьаб тIалъи –
Цин майн тIор кьола, цин тIирун чIола.
Кивдай гIорцIилаан гьал цо гIадамал,
ГIабдал дунялалда вукIинчIевани.

* * *

«ГIагарал чагIи кинал?»
– Цо хъизан буго нижер.
«ГIагарал чагIи кинал?»
– Цо къисмат буго нижер.
«ГIагарал чагIи кинал?»
– Цо гIалам буго нижер...
«Цоцалъ щайха рагъулел, цоцалъ щайха рагъулел? »

* * *

Дуца чу кьололеб буго, кьерилав,
Кьабулеб буго цIал, билълъаян, гьелда –
Мун къокъунеб нух чIван, довехунги щун
Дун щуцIул ракI букIун, нахъ вуосун вуго.

* * *

Дуца щиб гьабилеб, гьадав цо ахIмакъ

Дуде ахIданани,  гIенеккун вукIа...
Данде ахIданани мунгоги гIабдал,
ГIайиб диваналъул дуде букIина.

* * *

Зодихъ балагьула: «ЦIад кьелищ дуца?»
Ракьухъ балагьула: «ХIалухъен кьелищ? –
ХIасрат дуца кьуни, йокьулей гьудул,
Ракьалъ тIорщел кьола, зобалъ цIад кьола.

* * *

Лъади гьечIонани, гьейни ятила,
Гьаб дуниялалда – миллиард ясал...
Рокьи гьечIонани, балагьунилан,
Батилищ гьансиниб букIинчIеб месед?!

* * *

Дихъе цо тIамур кье, «гьудулзабаца»
Дун какулев вугин, цо кечI ахIизе.
Дие цо хоб бухъе, – рецц гIемерлъанин
Гьал цо гIадамазул, дие гьабулеб.

* * *

О... раччи бакIлъараб чу, пашманлъуге, –
Чияр рагIи жеги бакIлъулеб бугин.
ЧIегIераб жалун тIом цо-цо хисула, –
О, хисулареб ракI рекIкIав чиясул!

* * *

– Рохьазда бугеб чан, щай мун угьдулеб?
– Дир ругъун угьдула, дун угьдуларо.
– Дир ургьиб гьинал ракI, щай зигардулеб?
– Дун зигардуларо, кечI зигардула.

* * *

КIияздаго гьоркьоб гьаб сарингун дун..
Дида бичIчIуларо кочIол автор щив:
Г ьаб гъветIищ, ралъаидщ, ялъуни дунищ?

* * *

ГIасруялъул ахир,.. букIараб бертин
РакIалде бачIуна, амма пайда щиб?!
ГIакълуялъул ахир,.. ахIарал кучIдул
Такрар гьарунилан, гьез бахIарлъилищ?!

* * *

– Щиб жо къанагIатаб?
– БукIараб хасел.
– Жеги къанагIатаб?
– ТалихIаб херлъи...
ТалихI кин букIинеб!? – РикIкIада лъимал,
РекIкIал арал санал, аскIоб унти, хвел...

* * *

Дир газаргъоялъул рехулел чIорал
Эхеде роржана, гIодоре ана;
ГIужда къанагIатаб гурони щвечIо, –
...ШигIрабиги гьедин рукIана рекIел

* * *

РагIаби рукIана рахсал кинигин,
Кверазда рахарал, гьел гIемер руго.
РагIаби рукIана маржанал гIадин,
Гьанже гIадамазе гьел гIолел гьечIо.

* * *

– РитIухълъи, щибизе бетIер хьвагIулеб?
– Унго цо гьераси хьимхьидулеб куц!

– Гереси, щибизе мун хьимхьидулеб?
– Гьаб бетIер бекараб ритIухълъи бихьун.

* * *

– Чвахулел иххал, щай гьадин хъудулел?
– Гьал гIенеккун чIарал ганчIазде цциналъ.
– ГанчIал, щибизе нуж гIенеккун чIарал? –
ГIоразул кечI рагIун, гьеб каранда къан.

* * *

Арал хаселаз щиб, хиялаца щиб...
Херлъана гъой гIадан, – гьечIо бахIарлъи.
РекIараз чIвани щиб, лъелаз чIвани щиб,..
ЧIван ватана инсан, – гьечIо хвасарлъи!

* * *

– Хуриб щиб бекьулев вугев гьанже мун? –
Хур бачIараб мехалъ бичIчIила дуда. –
Кинаб кечI къачIалеб бугеб ахIизе?
– КечI лъугIараб мехалъ рагIила дуда.

* * *

ГIаздаца рахчулел харил авлахъал,
Хасел щолеб бугин, биххуге мина.
ХIоразда бекулеб цIералъул матIу,
Их бачIунеб бугин, хоге, дир гьудул,

* * *

Санал ананиги гIолохъабазул
Михъал гIемеразда раккулел гьечIо;
Цо-цо раккаралги катилал руго, –
КечI, нилъер махалъул, мимидулеб куц!

* * *

Цо рахъалъ – гьерсихъан, цо рахъалъ – цIогьор
ЦIалеб дир кечI буго цин-циязухъе.
КечI, цебехунги ун, кIалъалеб буго, К
Iиязего нужей нагIанайилан.

* * *

Дунгун вилълъайила, – алжан кьелила,
Цо аварасухъе хвел бачIун буго;
Хадуб бачIайилан дурго жужахIгун,
Жакъа дун тейилан, гьес гьарун буго.

* * *

БачIун араб унти тIокIаб бачIунге, –
ТIад вуссарав гьобол лъикIалъе гурин.
Сванани гIищкъул цIа тIокIаб цIилъуге, –
ЦIияб кечI ахIизе дун кватIун вугин.

* * *

Доба Кубачиялъ гьарунаниги,
Кверзул махщел гьечIо, щавкъ гьечIонани.
Доба Унсоколо рукIананиги,
Устарлъи рекълъила кIухIаллъаразул.

* * *

Дида долги лъала, гьадалги лъала,
Гвакьал-тIекьал лъала, дунго лъаларо,
МахIамил кечI лъала, ХIажил бичIчIула,
ХIасрат дида дирго бичIчIулеб гьечIо.

* * *

Мун бацI букIаниги дий ургъел гьечIо,
Амма щайзе дуца дир кьагIи кунел?
Начальник вукIунин, гьеб дир иш гуро,
Амма дир каранзул каву бухуге.

* * *

Мехтарав гIолихъан – гIищкъул бицунев,
ГIумру арав херав – рокьул бицунев...
Гьезул бутIруздаса тIагъурги бахъун,
ТIурун унеб буго цIогьораб гьури.

* * *

Гьуралцинал гьинал, ккунщинаб микки, –
КигIан макрабаца гуккарал чагIи!
Гьанже гIасруялъул ахиралдаги
Нах бахунеб гьечIищ – бетIер къотIизе!

* * *

Гьал цо мажлисазда ракIалде щвана
НекIогосеб сарин магIарулалъул;
ЧIайила, дир лъимал, релъинин хинкIал, –
РукIана хьагинир гьалделел ганчIал.

* * *

– Бищун пашманаб щиб?
– Гуккараб хIасрат.
– Бищун хIинкъараб щиб?
– ЧIвараб хIакъикъат.
...ТIерхьунеб бакъалда хадуб балагьун,
Херлъарав чиясул гьурмал пашманлъи!

* * *

– Ралъдалъ чвердолей яс, гьороца унеб
БотIрода тIад чIвалеб дур чIинчIо гурищ?
...Гьай балагьун йиго, гьороцайила
Чан пикру арабин, гIумру арабин.

* * *

Щибаб харил буго хасаб жиндир мацI, –
Хасало чIаралъухъ гIенеккун вуго:
ТIокIаб жиб кидаго гIурччинлъиларин,
Лъалила, жиндир нух хвалилаб бугин.

* * *

Хасалил накIкIилъги – рекIелъ даим бакъ,
Хабал рагIалдаги – рагIулъ махсара;
Кьурул рагIалдаги вихьула гIадан,
ГIумрудул кваркьаби каранде къалев.

* * *

ГIаздаца зурма пуй, цIералъ къали чIвай, –
Къоял квешал гьечIо, нилъ квешлъичIони.
Роол букIи букIа, кьиндал квач букIа, –
КьогIал сардал гьечIо, нилъ семичIони.

* * *

Дунял гIенеккула кочIол рагIабахъ, –
Мун гIенеккулареб кинаб гьаб сагIат?
Лъалхъе мун, – дой гIадан дихъе ячIинчIо, –
ЯчIун дой дандчIвани, чIараб кьуруге!

* * *

ГIумруялъ гьел хIатIакь чанцIул хIехь лъолеб?
Гьеб лага борхизе, бетIер тIокIлъизе.
ГIумруялъ хIатIакьа чан хIехь бахъулеб?..
...Огь, хисулел бутIрул тIаргъал кинигин!

* * *

Рокьазда жен-желел маймалаказул
Махщел тIокIаб гьечIо кIанцIей гурони.
Гьал цо митингазул докладчагIазул
Даранбазар гьечIо харбил гурони.

* * *

МегIерги, ралъадги, гьоркьоб гIидраги, –
ГIаларча кьурдула, цIал кьабарабго.
Чодуе цIал гIадаб рагIи кье гIищкъул, –
ГIолилай кьурдизе, керенги борхун.

* * *

Дицаго борчина гьаб дирго хвалчен,
Дицаго бачина гьаб дирго лачен...
Кьибил-тухумалъул чи вукIаниги,
Чияе кьеларо гьаб бачIараб кечI.

* * *

Гьанже цо МахIамил цо гIамал, мекълъи! –
ГIорцIенищ вукIарав гьасие эмен?
Гьанже цо ГIумарил гIасилъи мацIил, –
БацIицайищ гьасул кини кIикIараб?

* * *

БацI херлъараб мекалъ гьаби рокула,
Гьел тIокIал цогиял рукIунарин ккун.
...Пенсиялде хъачIав хIаким аравго,
ХIалхьи щванин ккарал, – пуланал чагIи.

* * *

РакIалде щвеязул кIудиял гьундул, –
Гьенир арал ихал, нухал, гьомерал...
Хьулазул, къасдазул къваридаб мина, –
Гьенир бокIнилъ, къвал бан, къоялгин сардал.

* * *

Тукада цо чадир букIинароан,

БацIал цIадаздаса цIунулел ани.
Кибго тIимугъ, тIагъур хутIилароан,
Хаселалъул гъудуз ургъел гьабуни.

* * *

ТалихI дагьаб буго рекIунеб чодул,
Чол кьолода лъезе гъудул гьечIони.
ТалихI дагьаб буго ахIулеб кочIол,
Каранде къазе цо гIадан гьечIони.

* * *

Чойни щиб, ункъо бох,.. гьеб гIодоб ккола, –
Дида гIайиб чIваге бох бекунилан.
Лачен, куркьбал рекун, ракьде бортула, –
Дирги цо-цо хIули хIулана рекIел.

* * *

ХвечIони – тIеренал рицалъун уна,
ХвечIони – рицатал тIеренлъун уна
ТIеренал тIотIола, рицатал хола, –
Хисаралщинал гьаб ракьалда чагIи!

* * *

ЦIвабиги мех-мехалъ рахчула нечон, –
Нечоларел берал ясал-васазул.
Карачалабиги, сас тун, лъалхъула, –
Сабру гьечIеб гIищкъу гIолохъабазул.

* * *

ГIали щокълъаравго, Шамилин абун,
Гьев лъилъизе хьулалъ лъун букIана цIар.
...Бице, улкаялъул шагьарал, бакIал
Щокълъунищ рукIарал? – хисанщинаб цIар!

* * *

КиналгIаги чуял чIалде щоларо,
Киналго рагIаби гIужда щоларо, –
ЛъикI махх бухичIого, рекIараб хвалчен
БукIунареб лъала амузгиязда.

* * *

Цо керчаб гъветIалъул рагIдукь хIалхьуда,
Бакъ бухIараб мехалъ, чан хIайван бугеб?!
ЦохIо хIакимасде кверчIвайги гьабун,
Гьесул гIагарлъидул чан гIабдал вугев?!

* * *

Дун гIакъиллъилалде рокъоб букIараб
Кинабниги боцIи бацIаца квана.
Дир бацIал рукIана гIасиял санал,
Дир бощIи букIана маялъул кучIдул.

* * *

ЛъикIаб мехни буго мун, гIолохъанлъи,
Нахъа чIун хисизе херлъи гьечIони.
Берцинаб гIуж буго багIараб рии,
МагIардасан хасел хадуб гьечIони.

* * *

БецIаб гъасда цIулахъ хал гьабун вуго...
ЦIа кенчIолеб буго... Гьелдаса хинлъи
Сверухъ ругезе кьун, гьеб холеб буго, –
Художник, цо-цо мун гьединан гьечIищ?

* * *

Вакъараб мехалда зурмихъанасда
Бертин букIараб мех ракIалде щола,
Ругъналъ буго керен, ругъналъ буго кечI, –
Киб букIараб бертин дир ВатIаналъул?..

* * *

ГьакIкIан кIалгун, диде тIаделъараб бацI
ТIад буссун анани, баркала гьелъий.
Гьанже улкаялде бачIараб балагь
Нахъ буссун анани, баркала гьелъий.

* * *

ХIатIазда хьиталищ къан ругел гьанже? –
КъецI-дагIбадулъ буго улкадул хъизан.
Мугъалда раччийищ бакIлъараб гьанже? –
Нух какулеб бугин кинавго чияс

* * *

КьагIилъун рукIана, – гьал гIадамазе
ГIорцIизе рахь щвечIо,.. хадуб, хадубин.
Чахъаби лъугьана, – гьал гIадамазе
ГIурччинаб хер кьечIо,.. хадуб, хадубин.

* * *

Хур гьечIеб бакIалда чвахулеб лъадахъ
ЧанцIул хал ккун чIарав хиялазда дун.
Лъим гьечIеб бакIалда гьарулел ахахъ
ЧанцIул валагьарав пашманлъарав дун.

* * *

ЧагIи чIвараб мехалъ гъудул рохула, –
Гъудузул гIемерлъи гьанже ракьалда!
Хабзалахъ щайтIабаз щигIру ахIула,
ЩайтIабийищ ругел цо-цо кочIохъай!

* * *

Рокьи дица бичун босараб гьечIо,
Гьеб цIадирабазда дица цIаларо.

Рокьи базаралда бичулеб гьечIо, –
Багьа гьелъул гьечIо, гьеб борцунаро.

* * *

Дун дагьалъ хутIана хвезе нусцIуса,
Нусаз гьоркьов тана рас хъахIлъанагIан.
Гьанже щив хваниги хабзалалъ дида
Дие хоб бухъулеб бугилан ккола.

* * *

Хабар ккараб мехалъ, щивго какулев.
Дие кечI ахIуге, рокьул бицунге.
Цого хоноялъул хайгинги гьабун,
Гьеб квешабин дуца дида абуге.

* * *

Дица рачIел какал, – кочIое гIоло,
ГIайиб гьабичIого теларищ, Аллагь?
Рорхарал бокалал, – дир хIасраталъухъ,
ХIарам гьаричIого чIеларищ, Бичас?

* * *

РакI бухIизе ккана, абулеб рагIи,
Гьал мугIрузда цIехон, абичIеб мехалъ,
Пашманлъизе ккана, дир гIащикъаб кечI
ГIурул чвахиязда цIехечIеб мехалъ.

* * *

РакIалъе дару щиб? – РакI лъикIав гьудул,
Гьев ахIулеб буго бухIаяб керен.
Беразе канлъи щиб? – Берцинай гIадан,
Гьей ялагьулел дир нур сунел берал.

* * *

Дир киналго бакънал рекъелан руго:
Рокъобги, къватIибги, жиб-жиб къулгIадухъ.
Дир киналго кучIдул рокьиян руго:
Ракьалда, зобазда, жиб-жиб рекIеда.

* * *

Дагьаб гIоларезе гIемерги дагьаб, –
ГIорцIуларо хъантIи, мехтанагIан цIакъ.
Дирни хъантIи буго цо гIищкъуялъул, –
ГIоларо кигIан гьеб гьалдананиги.

* * *

Кьаллъарал кидаго рекъечIелани,
Рукъ букIинароан питна камураб.
Кверал цоцазухъе кьезе лъачIони,
Лъималазе талихI букIине гьечIо.

* * *

АхIмакъ гIакъил гьави – гIададисеб иш,
ГIакъил гIакъил гьави – жеги гIантаб иш.
ГIакъилазул накъит,.. гьелъ сваквачIев щив?
АхIмакъазул дагIба,.. гьелъ зуричIев щив?

* * *

Гьаб дир гIумруялъул гIасияб сурав:
ГIолохъанлъи, гIищкъу, хIинкъарал санал...
ХIасил букIаралъул рогьойищ, цIарищ? –
ТIолго цIадирабаз цIалеб куц къаси!

* * *

О, палихъабахъе кверал ритIуге, –
Киназго абила: дуй нух битIилин.
Дидаги абуна: дун тIад вуссунин...
Вуссунареб сапар – гIумруги кечIги.

* * *

БахIарал, релъуге дун кIудиясда, –
Нужги кIодолъила, кIетIолеб сагIат...
КIудияв, бахIарахъ ккоге дур жахIда, –
Жакъа квер хIанчIунин, гьаб къо чIоларин.

* * *

Дун дунго хутIигун, гьаб дир шигIругун,
ЩайтIаби, дир гIинда нуж шуршудуге...
Йокьулей меседуй сихIираб калам,
Гьелдаса сурараб дида лъаларо.

* * *

Гьанже лъебералда анкьабилеб сон,
Унго, гьечIеб талихI, бачIунгеги гьеб.
Гьанже доносчикал дагьлъулел гьечIо, –
Дир кечI Колымалде гьез битIилаан.

* * *

– Бащдав чи щив ракьалда? – Гьобол вокьуларев чи. –
Бащдав чи щив ракьалда? –Гьудуллъи лъаларев чи. –
Бащдав чи щив ракьалда? – Мадугьал какулев чи. –
Бащдал чагIи гIемерлъун гьечIищ гьаб гIаламалда?!

* * *

Огь, гьаричIониги бегьулел чагIи
Гьарун ругелщинал нужеца, улбул!
Унго, гьаричIого кинго рес гьечIел
КIгIандай хутIарал гьал хурухъаби!

* * *

Цции бахъарасухъе рагIаби кьолищ? –
Гъос кьабулеб бугин эбел-яцалда.
ГIакълу сверарахъе гулла-хер кьолищ? –
Гъос кьвагьулеб бугин дир йокьулелде.

* * *

Цо нухалъ гьекъани кIалъазе виччай,
КIицIулго гьекъани кечI ахIизе те;
Хадув дун гьекъани, рокъов щвезаве, –
Щайха гIемераца гIакса гьабулеб?

* * *

Бакъ тIерхьунеб бихьун тIагIам хола дир;
ТIегь бичIалеб мехалъ ракI чIунтула дир.
Амма живго гIадав чи къварилъигун,
Къел ракьанда вахчун чIолев кинав чи?

* * *

ГьитIинав чи вуго, тIаса лъугьун те, –
ТIоноцI жеги мокърукь тункичIо гъосул.
ЦIикIкIарав чи вуго, рикIкIунге гъалатI, –
БикIулеб бихьулин хабалалъ зани.

* * *

ГIурул рагIалалда как балев херав, –
Карачалабазулъ бахIарав гIащикъ...
ГIакълуги гIищкъуги цолъулеб дару
Цониги гьечIебищ бугеб аптека?

* * *

МоцIрохъ балагьеян, цIваби долеян,
Дун вукIана дуда, – дол тIерхьун ана.
Каранде къалалде, къвал жемилалде,
Ургъел гIемер гьабун, гьаб гIумру ана.

* * *

Гьал цо сардаздаги квешал абулев,
Дуда квешал сардал кидаго лъачIо.
Гьал цо къояздаги лъикIал абулев,

ЛъикIал къояз нуцIби дур къирун гьечIо.

* * *

Мун кинав гIабдалин, кинав гIабдалин,
ГIабдаласде кIалъан вуго рагъухъан.
«Рагъда вукIинегIан гIадаллъи лъикIаб», –
ГIабдалас кьун буго гьасие жаваб.

* * *

Хасалил гьороца чIва-чIвалел гъутIби,
Нужей паракъалъи гьечIо дий гIадин.
Пулелъги балелъги толев гьечIо дун,
Амма таруларо нилъер гьал хIубал.

* * *

РагIаби – тIикъва-магI чодул щонкIлода,
ШигIру – кьили буго гьелъул мугъалда;
Кьолода лъурай яс – гьеб буго рокьи, –
Биччан унеб буго айгъир векаца.

* * *

Цеве вукIунаан: доб Бейрут шагьар
Базе лъикIан абун Дагъистаналда.
Гьанже Бейруталъе ккараб бихьулищ? –
Кинабго черх буго гьелъул бухIулеб.

* * *

ГIурцIмадул гIадаб мугъ, гъалбацIил керен, –
Гъулгъудулел руго гьанже гIемерал...
Дур тай-гIаладал мугъ, миккидал керен,
Кверал кье кинабго гъул-гъул тIагIине.

* * *

Цо ботIрода жаниб азарго хиял,..
Гьаб гьарделеб буго, паракъат теян.
Дие кIиго хиял хутIараб гIелин:
Цо гIумрудул рахъалъ, цо хвалил рахъалъ.
(Цаяб рокъул ракъалъ, цо ракьул рахъалъ).

* * *

Дир рокьи, – азарго хъачагъ тIаделъе, –
Хъамун бажарулеб бечелъи гуро:
Дир кучIдул лъугьинчIел гьез рикъиларо,
Лъугьарал рикъизе къуват гIеларо.

* * *

Аллагь гIадамазда: «ГIумру гьабизе
Дица кинабгIаги нужей гьабунин, –
Нужеца дир хIалтIул къимат гьабичIин,
Къаникь гуронани нужей бегьичIин».

* * *

Рокьи дирголъидал, кьогIлъананиги, –
Дица киб рехилеб каранзул унти?
Ургъел дирголъидал, бакIлъананиги, –
Гама тIинде уна, гьаб унеб гьечIо.

* * *

ЦохIо гамачI речIчIе, тIохазда чIарал
ТIолалгIаги гъудул, пархан, роржуна.
Дир рокьул кучIдузул чIорал щваниги,
ЧIегIерал къасдаца къвакъвай толаро.

* * *

Нусго тохтир вачIа, гьезда лъаларо
Гьаб дир бугеб унти, дидаго гIадин.
Гьал градусниказ дир гIищкъул бухIи
ГIумруялъ кидаго борцине гьечIо.

* * *

Балагьилин зодихъ, накIкI щолеб бугищ?
Балагьилин зодихъ, цIад базе бугищ?
Балагьилин гIодой мегъ, хур, хералъухъ, –
Хал гьабилин цоцахъ, рокьи бугебищ?

* * *

Гвангъараб меседалъ жиндие гIоло
ГIодоб тIураб бидул бицеян абе.
Берцинай гIаданалъ жиндие гIоло
ГIумру кьуразулъ дун рехсеян абе.

* * *

Баркала кинидай, дие кIикIараб,
Гъасда доб цIаялъе, дие кунчIараб, –
Байбихьи букIана гьеб кIиялъулго,
Гьел кIочон таразе талихI кьеларо.

* * *

ТIаде вахъа, инсан, цо мунго гIадав,
Молода гIадамаз ваччулев вугин;
Гьесулъ дур гIумрудул ихалги ругин,
Гьесулъ дур нухазул свераби ругин.

* * *

Дуй эбел-инсухъан ирсалъе щвараб
Месед-гIарац буго гIадатги мацIги.
Дидаго дандчIвараб, дун асирльараб
Месед-гIарац буго гIищкъуги кечIги.

* * *

Такъсир гьечIеб мехалъ гьабураб тамихI
Такъсиразе гьанже гьабулеб гьечIо.

Законал, хIукмаби гIемерлъанагIан,
ГIадамал, гIамалал согIлъулел руго.

* * *

Бицине жони дир гIемер букIана, –
ГIенеккулел кочIохъ гьанже дагь руго.
Абизе бокьараб дир дагьаб гьечIо, –
Рокьиялда гьанже божулел гьечIо.

* * *

Дунго-дунго вуго рокьул щигIругин, –
Йокьулелъул макьу кинайдай бугеб?
Дунго-дунго вуго бокал гьекъолев, –
Гьеб тункарав гьудул вугев рикIкIада!

* * *

Дун гьал гIадамазда гIемер гурхIана,
Гьанже гурхIун вуго дунго дидаго, –
Накалдаса тIажу тIутIун аниги,
ТIад буссунеб ани гьитIинаб заман.

* * *

Гьал мугIрузда лъала, гIоразда лала
ГIолохъанчийищ мун, херав чийищ мун. –
Дуца кигIан гIемер гIумру баниги,
ГIоралги мугIрулги, дуда гьел лъачIо.

* * *

Гьал дир гIундул росе дуца, критик, –
Квешал гьаркьал гьечIо гьаб дунялалда.
Гьал дир берал росе дуца, суратчи, –
Сурукъай яс гьечIо Дагъистаналда.

* * *

Абула: цин цебе рагIи букIанин,
Дидани ракIалде гьедин кколаро.
Дида ккола, рагIи гьал гIадамаца
ГIищкъу лъараб мехалъ абураб бугин.

* * *

Восток Восток буго, Запад – Западги...
Гьел цолъизе кинго гьечIин гIалимчи.
Дир керен Западги Востокги буго, –
Дир ракI хъарпуз гуро бащад хъвалхьизе.

* * *

Бицуна, хъвала гьаб, дида лъаларо,
Лъабабилеб дунял щиб, киссаяли.
Дирни чорхолъ буго цохIо дуниял,
Даим бикьулареб гIицIго цо рокьул.

* * *

Ражанхъулел руго цадахъ гIадамал...
Цоцахъе кьураб квер зобалъгун ракьалъ...
Гъоркьа дуниялгун тIаса дуниял
Дагьалъ хутIун буго гьанже цолъизе.

* * *

Дунни рокьиял;да лъалев ватана, –
Лъимадул мехалъго – дун гьелъул асир.
Рокьи дида кинго бичIчIулеб гьечIо,
КучIдузулъ гIумруялъ ахIананиги.

* * *

Кколеб ккезе буго, гьаб ккараб рокьуй, –
Кибго данде чIвачIо хоб бухъулеб бел.
БачIунеб бачIина, бачIараб кочIой
РатичIо каваби рахалел киртал.

* * *

ЦӀад къваригӀарабго, къалъун щвараб бакъ,
Бакъ къваригӀарабго, чвахун бараб цӀад, –
Чан калам гъабураб ккечӀеб бакӀалда,
КигӀан кӀалъачӀеб кечӀ ккараб бакӀалда?!

* * *

ЦохӀо талихӀ буго, – панаяй эбел,
Гьей пашманлъулеб иш дихъан ккечӀони;
Цоги талихӀ буго – хӀайранав эмен,
Гьесул хӀурматгин цӀар цӀунизе лъани.

* * *

Гьал театразда релъанхъанагӀан,
Руго гӀумруялда гӀадамал пашман.
Зурма пулеб буго гьанже гӀаксалда,
Бертин букӀараб мех ракӀалдеги щун.

* * *

БитӀаралъе туснахъ, гьетӀаралъе тах –
Гьабун батараб куц нилъер замана!..
Меседил погонал гъежда раразул
Заназда речӀарал хеккого тӀугьдул...

* * *

Рагъда щвараб ругъун, регъон, лъилъула, –
Лъилъуларо ругъун чорхол яхӀалъул.
Бокьараб бусада макьу щоларо,
Жиндий бокьулареб чидай гьабуни.

* * *

Нилъ кӀиялго цадахъ, лъабабилев щив? –
Гьал дида лъаларел миллиардчагӀи.

Нилъер кIиязулго – кIудияб дунял.
Гъаз изну кьеладай аскIор рукIине?!

* * *

Хьвадизе куцана – духъе хьвадизе,
Воржине куцана – духъе воржине;
КIалъазе куцана – киналго мацIаз
КочIолъ йокьулилан дуда абизе.

* * *

Эбелалъ кинидахъ ахIарал кучIдул,
Киналго ратила рокьул рукIарал.
Инсуца дий гъастIа рицарал харбалъ
Берцинай яс гурей ракIалда гьечIо.

* * *

РекIел гIищкъуялъул хасаб самолет,..
Хисулареб бронь буго дуй гьениб;
Президентасул совет кинигин,
Мун, ирга гьечIого, ячIа гьение.

* * *

Доба КагIбаялда квералги ритIун,
Как барал нилъеца щиб жо гьарараб? –
Гьаб Дагъистаналъе дагьаб цебетIей,
Гьал цо лъималазе цодагьаб лъикIлъи.

* * *

Щиб жо хIасил бугеб дир гIумруялъул,
ГIищкъуги бакъанги хутIун батIияб? –
Цогияб хутIараб гъоркьан тIурана,
Цогияб хутIараб тIасан боржана.

* * *

Рокьул гIузруялъе дару гьабуге,
Дагьабги бухIизе те гьалдолеб кечI.
Ццадал унтиялъе аптекал гьаре,
Аллагь, гьаб тIабигIат тIатIал ккелалде.

* * *

Дун ХIаям гуревлъи гьеб дида лъала,
Амма дилъ гьесул ракI кIетIолеб буго, –
Цо карачел гIела гIаралъул дие,
ГIумру тасдикъ гьабун, гьаб мугьру чIвазе.

* * *

Огь, бюрократасул гIайибазул гохI!..
ГIабдаласул жеги гьеб борхат буго, –
Гьасие кьабизе чIужу щай кьурай?
Гьесие кьвагьизе ярагъ щай кьураб?

* * *

КIиго батIияб ракI цоцазде цолъун,
Цо лъугьун букIана, гьудул лъаравго, –
Гьанже цо букIараб дир некIсияб ракI
Нусго лъугьун буго, гьудулас гуккун.

* * *

Рокьул бицанани, китаязул мацI
Кинабго бичIчIула, тилмач гьечIого.
Ццидахун абулеб авар каламалъ,
КигIан абуниги, бичIчIуларо гьеб...

* * *

Хабалазул занал, лъалхъилин гьенир...
Нахъ балагьичIого биччараб чоца
ЧанцIул нилъ рехарал, бохдул рекарал, –
Хабазда гьикъилин гьанже унеб нух.

* * *

Цоги сагIат ана, свери нахъ тана,
Зодойги гIодойги дун балагьана.
ГIумругин хвелалда гьоркьоб букIараб
Гьаб манзил цодагьалъ жеги къокълъана.

* * *

Куркьбал хъахIаб ордек – хIорил матIудалъ,
ХIайранай бахIарай берталъ кинигин.
Дир лъихъ жахIда бугеб жакъа лъаларо –
Араб бахIараб мех щай дилъ бухIулеб?

* * *

ГIемер кочIохъаби ругеб бакIалда
ВукIунаро МахIмуд, гьечIо Лармонтов.
ДагIбаял – магIие; къецал – кьалуе, –
Гьез кьураб чед дида жеги бихьичIо.

* * *

Цояб хъасилалде, цояб букарун,
БукаричIеб лага чорхол хутIичIо...
Нусго гIус цIунараб гьаб дир улкаялъ,
Океанги бахун, цIехолеб дару...

* * *

Лъим жубачIеб чагъир, берцинай гIадан
Реццизе кколаро, кье дий гьекъезе.
Лъим жубараб чагъир, сурукъай гIадан,..
ГIемераб бицунге, те нужеего.

* * *

КъотIараб гъотIода хIинчI рещтIунаро,
ХIайранал саринал гьелъ ахIуларо.
Дир Кавказ, Дагъистан, хирияб тIалъи,

Дур гъотIол даимлъи буго дир талихI.

* * *

ГьечIеб бетIералда тIагъур кин лъелеб?
Вакараб килщида кин баргъич ххелеб?
Гьаракь гьечIеб мехалъ кечI кин ахIилеб? –
Кколеб гьечIо данде рагIигун бакъан.

* * *

Дун тIараде ана, гъоркь хутIараца,
Ракьалде вуссинин, абуна дида.
Дун гъоркье вуссана, дол тIад ругеца,
ТIад вуссинин мунан, абуна дида.

* * *

Эбелалъ реццахъе берцинлъанани,
Джокондал рукIина киналго ясал.
КочIой поэтазул рецц рекъанани,
Пушкин Кавказалда кIочон телаан.

* * *

ГIункIкIазени хIукму кутуз гьабила,
Кутул цIогьодани гьабилеб щибдай?
Такъсиралъе тамихI судалъ гьабила,
Судиял мекълъани лъихье раккилел?

* * *

Зобни гъугъаданин, хIасил щиб ккараб?
Ракьни багъаранин, хIасил щиб ккараб?
Рагъана, гъерана... хIасил щиб ккараб? –
ХIасил зани гуреб гьечIо гIумрудул.

* * *

Дие рокьуларел щалин бицинищ? –
Иццазухъе тулел, гьерсал рицунел.
Гьабизе кIолареб тIаде босулел,
Гьайбатай ясалде рагIи рехулел.

* * *

Къуръаналъул ХIадис, рекъола дуда,
Ва амма гьукъуге гьаб цо «цIиркъил рахь».
Гьеб цIолбол биги тун, гIакъиллъулеян,
ГIадалал ратулин ахIулел кучIдул.

* * *

Дур тушбаби рукIа, гьезул улбузде
Цо рагIи абуни, дур ияхI гьечIо.
Дур тушбаби рукIа, гьезул лъимазде
ЦохIо цIал хьвагIани, мун цIукIа вуго.

* * *

Сабру – гьеб бергьенлъи, гIедегIи – гьеб къей,
Къола гIемерисел тIаде кIанцIарал.
Мун лъудби хисулел росал гIадинан,
ГIедегIулеб гьечIищ, хирияб улка?!

* * *

Аваразул калам, кин бицаниги,
БичIчIуларо дида рокьи гьечIони,
РикIкIад африказул мацIги гIагараб, –
ГIищкъу дир пачалихъ бугеб мехалда.

* * *

Гьаб – министеразе кеп гьечIеб заман,
Килщал депутатаз бадир гьесулеб.
Министр йищани дир талихIалъул, –
Дуе альтернатив батилароан.

* * *

Дун даим вукIана, Дагъистаналъул
МугIрул хисиларин, нилъ хисаниги.
МутIрулни мех-мехалъ хисун ратана, –
Хисун батуларо чиясул гIищкъу.

* * *

РакIалде ккарабни чанги букIана,
РекIкI гьудулзабаца гьабураб мехалъ.
Гьелъул хIисабалда вукIаравани,
ХIасраталъул бакъан кин бачинебан.

* * *

Чагъир, мун абула, бугин эбелин
ТIолго унтабазул, гьал ургъелазул.
Бице, мун гьечIого, кинан бичIчIилеб,
Кин дару гьабилеб гьаб улкаялъе?

* * *

Самолетал уна бищараб нухда,
Поездалги уна жидерго нухда...
Гьаб цо гIищкъу щайзе, нух батулареб,
Билеталда рекъон бакI кибго гьечIеб?

* * *

Дие хIалхьи течIел, дий рокьуларел
Гьаб ракьалда руго гIезегIан чагIи;
Дун гIищкъул кочIокъан вукIинчIевани,
ВукIинаан кьалда кидаго гьелгун.

* * *

Цциналъ ахIаралъув цо нухалъ ани,
Цинги нахъ вуссине букIунеб захIмат.

ЧанцIул дица ханжар къватIибе цIараб,
Дуца цIунана дун, баркала, рокьи.

* * *

Гьал цо дир рохелал гIадаллъилаан,
ГIундул къварилъиялъ цIацIачIелани.
Гьал дир къварилъаби,.. хвезе вукIана,
Хадуб цо-цо рохел кунчIичIебани.

* * *

Херав магIарулас, дир Аллагьилан,
Кьурде вахун, зодой рорхарал кверал:
Дуца дун цIунанин цIадулал саназ,
ЦIунейилан васал Дагъистаналъул.

* * *

«ГьечIо», «бегьуларо», –гьаб кIиго рагIи
Щибаб кIалдиб буго,.. гьаримаб улка...
«ГьечIо», «бегьуларо» букIинароан,
Щибаб рекIелъ рокьи букIарабани.

* * *

Рокьи ккарай гIадан бесдалай йиго, –
Инсуца цIунуге, дица цIунила.
Ячарай дир лъади гьей лъимер йиго, –
Лъицаго хьихьуге, дица хьихьила.

* * *

Мун квешай йигилан абуни дица, –
Дунго квешав вуго, – гьечIо, дир канлъи.
Мун лъикIай йигилан абуни дица,
Дунги лъикIав вуго, – лъана дида бакъ.

* * *

Дирни щаклъи гьечIо щибниги дуда, –
Щакдарулеб гIищкъу гIищкъуйищ бугеб?
Цо-цо щакдарула дунго дидаго, –
Дунялалда тIокIаб тIегьго баккичIищ?

* * *

«Аллагь», «аварагин» площадазда
Гьал как балел руго, каримав бичас...
Гьаб Дагъистаналда бесдалал гьечIищ?
Мискинлъидул ургъел гьазие гьечIищ?

* * *

Дир мехтарал кучIдул гьал киналгIаги
«ГIакъилазул» дарсахъ дица кьеларо.
Дир гьекъараб рокьи гьаб заманалъул
Загсахъ, магьарабахъ, йохъ, хисиларо.

* * *

Замангин дуниял, нужер пикрабаз
Дун цин пашманлъула, цин ццидахуна.
Цинги велъанхъула – кигIан нух тараб, –
Кинго нилъ цоцада ричIчIун ратичIо.

* * *

Телефон зваргъана, хабалъан гьаракь...
Эбелги эменги: «алло», василан...
Балагье, гьал занал кьватIулел ругин,
Кьвагьи лъугIуларищ улкаялдайин.

* * *

Лъабго «талихIав чи» дандчIвана дида:
Цояв – дунялалда щибго лъаларев,
Цояв – лъананиги, гьеб бичIчIуларев,
Цояв – бичIчIаниги, щибго кIвар гьечIев,

* * *

Цояб рахъалъан ццин, цо рахъалъ жахIда,
Цогиял рахъалъан: макру, гьереси...
Сверун ккун бугеб куц камилаб рокьи, –
Кинан мун борчIилеб горсверудаса!

* * *

Нуха унеб мехалъ, авария ккун,
Автобус бихьана кIкIалахъе бортун.
...Огь, кIудияб улка, гьаб унеб нухда,
Авариял гьарун, кIкIалахъе унеб!

* * *

Дица какиларо цебесеб заман,
Зани чIвараб мехалъ хварав чи гIадин.
Дица бецциларо гьанжесеб гьаб къо, –
Метераб гьечIого, гьеб бичIчIуларо.

* * *

Гьанже гIаламалъе гIайиб гьабулеб
ГIемер бугебщинаб суд... прокурор.
Кир ругел, кир ругел нуж, адвокатал? –
Аллагьищ гIайибав, нилъищ гIайибал?

* * *

ТIасалъугьа дида, гIагарав эмен,
Дуца къураб дие кьезе рес ккечIин;
Жеги тIасалъугьа, дир лъималахъа
Гьеб бажаруларо, – нилъ мискинзаби.

* * *

ГIодов чIун вукIана рестораналда,

АскIове вачIана цо бурятияв:
«Мун переводчиказ гьавурав вугин», –
Гьасда кин бицинеб дир эбелалъул...

* * *

Поезд... цо гордухъ – моцI, цоги гордухъ – моцI,
Цебехун-нахъехун жиб кквейин абун...
Гьеб нилъехъ жахIда ккун жен-желеб бугин,
Жанибищ ахIилеб, къватIибищ телеб?

* * *

ХъахIал хIулай руго хIанчIил роргулел,
Гьанже санал гуро, рикIкIуна сагIтал.
Огь, гьаб гIицIлъулеб гъветI, – ккарал хатIабал,
Хабалъ тIупараяго, ритIиларoдай?!

* * *

Дуниял бихьарай херай, унтарай
Аваралъул кIутIби: «аллагь, аллагь, – ан, –
Дунги хвани, халикъ, дур щив хутIилев
Духъ гIинтIамулареб гьаб гIаламалда?»

* * *

Чан гIайиб букIараб, кIиябго гIин ккун,
Коронив рехизе жужахIалъул дир.
ГIиллаби рукIана, майилая абун,
Алжан дие кьезе, – кьолеб гIазабгIан.

* * *

Дир какги, дир кечIги, гIумруги, хвелги
Дуе гIоло буго, гIагараб ВатIан.
Гьарула, цIуне дилъ яхIги, гIакълуги,
Гьагъай гIаданалде ккараб гIищкъуги.

* * *

Дун дунго дидаго божичIогойищ? –
Буго чияхъего лъолеб гьаб тIагъур.
Чияраб кинабго квеш бихьанани,
Камиларищ хIасрат гьеб гьечIони дир?

* * *

Бисмилла гьечIого, гьаб дунялалда
Гьабун бугебщинаб рокьиги кечIги.
АлхIамдулагьилан, кIал бацIцIинчIого,
КIутIби цун ратаралщинал кIутIбузда!

* * *

МустIапа вачIана, дуниялалда
Досукьа гурони жив хIинкъуларин...
Цинги яккана дир хIайранай гьудул, –
Дукьа хIинкъулев дун досда вихьана.

* * *

Рищват какулев дун, дунго – рищватчи,
Гьал хъварал кучIдузухъ кепкал росарав...
КочIолъ рокьи буго, рокьухъ кьолеб харж
ХвезегIан букIинчIо гIазаб гурони.

* * *

Улкаялъул санкIил кIулал – хIакимахъ,
ХIалтIулезул кверахъ цо пинкьал руго.
Дун дол кIияздаго гьоркьов хутIана, –
Дун ракьулалдаса рокьул чи вуго.

* * *

МугIрул росабазул годекIабазул
ГанчIазда чIахIияз бицунеб хабар
Хисиларо дица гьал митингазул

КӀалдиб полоп барал тӀолго кӀалъаяхъ.

* * *

Огь, нуж шигӀручагӀи, барахщи гьечӀел...
Дий Есениница сарин-кечӀ гуреб,
Сайигъат гьабуна маян Россия,
«Босе», – ян дир гӀумру, дир дунялилан.

* * *

ХъахӀилаб ралъдаде тӀаде къулана,
КӀиго къатӀра лъадал бадиб речӀчӀана, –
Гьел тӀелхалъ магӀугун журалел руго,
Жал дур яцал ругин цо къварилъидул.

* * *

Столалда чирахъ, хъахӀаб абажур,
Хъвалеб буго дица мукъсанаб пикру.
Пикрабалъ паркъелеб буго дур гьумер,
ГьечӀо тӀокӀаб дида щибго бихьулеб.

* * *

РагӀараб батана гӀемераб лъикӀаб,
Бихьараб батана жеги мухӀканаб.
Ва амма дицаго ургъараб гӀадаб
Аллагьас кьечӀо кечӀ, щукру, бетӀергьан.

* * *

Огь, дида бугеб хӀал, бетӀергьан-Аллагь,
БитӀараб гурони къабуллъуларев, –
БитӀараб бицине гьелдаса хӀикъун,
Гьереси бицине дудаса хӀинкъун.

* * *

Росулъе вуссана, иццул лъим гIадаб
ЛъикIаб гьекъел дида кибго батичIо.
Рокъове вуссана. Гъансито, кини...
Гьанир гIадал кучIдул кирго рагIичIо.

* * *

Гьал лъикIал рагIаби дагьлъулел руго, –
Огь, лъикIал гIадамал дагьлъунищ ругел!
Берцинаб бакъан-кечI къанагIалъана, –
Къец-дагIбаялдейищ гIумру буссараб?!

* * *

Гьал данделъабазда гIадалал чагIи
Цо-цо гIакъиллъизе гьарулел руго.
Амма гIамерисел гIакъилал чагIи
Гьенир гIадаллъулел рихьана дида.

* * *

МаркIачIул замана,.. бакъгин моцI цолъун,
Цо магIарда бугеб багIараб гор щиб?
Яги доб гьавадул футболчагIаца
Гьаниб-добе чIвалеб торгIо-дунялищ?

* * *

Лъадал матIуялде бетIерги къулун,
Къасдазда цо гIадан гамил рагъида...
Дун гьелъул хIисабаз дир каюталъул
Кроватгун къаси къецалда вуго.

* * *

Макьуян абизе кьижунги гуро, –
ВорчIунин абизе вахъунги гуро, –
БачIун буго заман, цIакъ бичIчIулареб,
Дун чIагойищ вугев, чIваралъищ вугев?

* * *

Сордо нахъа тана туннел кинигин,
Бакъ, Босфор, расаби, нус-нус дельфинал
Дорехун рорхула, гьанир рахчула,
Гьал дир тIураларел хиялал гIадин.

* * *

Ниагараялъул полпил чвахиял –
Гьурщулел дур гьалал, гьозулъ вахчун дун.
Босфоралда рарал рорхатал кьоял –
Дур кьунсрул, дур кьунсрул – дозул кьуркьури.

* * *

Пушкин лъачIогонищ, лъарав кIочонищ? –
КIалазул гIасилъи гьал гIадамазул!
Поэт, дур рагIаби рагIичIогонищ? –
Мун вахараб сидухъ согIлъи чагIазул!

* * *

ГIемер чанахъаби ругел рохьазда
Чундузда чIезе бакI батулеб гьечIо.
Дий щигIру ахIизе паракъатаб бакI
ГьечIо гьаб ракьалда, огь, бугеб кьвагьи!

* * *

Дагъистан – гитара, гитараялъул
ЧIваби гIадин, кенчIе, дир кочIол бакънал.
Дагъистан – газаргъо, газаргъоллъул
ЧIорал гIадин роржа, нуж, дир жугьаби.

* * *

Лъималазул цо-цо гIундул кьурула,
ГIакълу бугес гьезул гьумер чIваларо.

Гьединан букIуна гьаб хъвалеб кечIги, –
ХъвагIай цо-цо бакIал, пикру хъвагIаге.

* * *

Гьаб жакъа гIадаб къо жеги гIумруялъ
Кидаго букIина я букIинаро.
Жакъа гьудулалда къвал жемичIони,
Къаси макьил хIалхьи дуй букIинаро.

* * *

Дица хъвананиги, чан далай бугеб,
ир рехъалъе ккараб чияр гIи гIадин.
Дица хъвачIониги батIияз хъварал
КигIан бакънал ругел, дир рукъ гвангъарал

* * *

ЛъикIав чи вукIана дагь лъалев мехалъ, –
Щай дида гъов лъачIев лъикIаб куцалда?
Хирияв вукIана бакъулал къояз, –
Щай къаси чIечIого чвахун цIад балеб?

* * *

Аллагь, гьалда кIалъай, гьасдаги кIалъай,
КIиязулго жахIда, щцин сасинабе.
Гьелда бараб буго гьаб гIаламалъул
ГIадатти гIамалги – гьеб дида лъала.

* * *

Гъудузул жамагIат, хIанчIазул тухум,
Телалъул хIубазда гьел ораторал...
Унеб буго поезд дир-гIасруялъул
ГIасиял гъулдулъан борохь кинигин.

* * *

Ралъадни гьелчела, ракъдаллъи кинаб –
Паракъатаб сагIат цониги гьечIеб?
Гьанже гьал пикраби карачелалищ,
Кидаго чIечIого кьурда речIчIулел?

* * *

Дун свакан вугев куц сонисеб къодахъ
Жакъа багIарлъулел гIумрудул соназ.
Заманаялъ даим гIин кьурула дир,
ГIайибав васасул инсуца гIадин.

* * *

ГъотIода бугеб хIинчI кквезеян абун,
Кодоб букIараб цIум боржун ана дир.
Улка, мун гъвалида релълъунеб гьечIищ,
РачI балагьулаго, лълъурдул рекараб?!

* * *

Лотос – дир гIищкъул тIегь, мун тIагьалеб хIор
ХIабургъун бугеб куц, – къуркъбузул къуркъур...
Заманаги ракьги, рокьул кечI дица
Киб ахIилеб? – РекIел тIутIурал чIваби...

* * *

Дуда данде ккарав гьев мунго вуго, –
Щай маймалакилан дуца гъов толев?
Дуца квер бачунев гьев мунго гIадав, –
Щай борохьлъун дуда вихьулев вугев?

* * *

Дир гьитIинаб заман – гьеб бицинаро,
Гьанже лъималазда гьеб бичIчIиларо.
Дир бахIараб заман – ахIиларо кечI,
Гьанжесел бахIарзал цогиял руго.

* * *

Дун гIундул гьечIого щайзе гьавичIев, –
Гьеб дур согIаб рагIи рагIунгутIизе?
Дун берал гьечIого вижаравани,
Валагьги гьадав чи вихьилароан.

* * *

Рокьи, дица кьолеб дуе дагь буго,
Рокьи, дуца кьолеб дие дагь буго.
Дуеги гIолареб, дийги гIолареб
ГIишкъу цоги кибдай дида батила?

* * *

КечI ахIун лъугIигун, бокьула чаша,
«Йокьулин» – къвал байгун, бокьула чаша;
Чода рекIунелъул, бокьула чаша,
Чагъир – рокьуд дару, бокьула чаша.

* * *

Гьанже канлъи сунеб квачараб мехалъ
Дир ихдалил канлъи цохIо мун йиго.
Цогияб хутIараб хиялалъ буго,
Гьебги, мун гьечIони, бечIараб тIамах.

* * *

НекIсиял кагътазулъ батана тетрадь
Телефонал хъвараб гьудулзабазул...
Гьел номерал рищун, дий жаваб кьолел
Жакъа ругел дагьал, – гьелги рикIкIада.

* * *

Дир чуги херлъана, черхги херлъана,
Амма херлъуларо рогьалил рокьи.

МугIрул гIаздал цIола, цIергоро бала,
Ва амма цIилъула ихдал гIищкъул тIегь.

* * *

ХIалтIи лъугIаниги, лъугIичIеб ургъел,
Ургъел ананиги, щолареб макъу...
ГьечIеб гIолохъанлъи, чIвараб гьудуллъи, –
Ана дир гьаб гьоко  гьанже кIкIалахъе.

* * *

Рокьиги дир буго, кечIги дир буго, –
Киса мацIихъаби дида лъаларо.
Гьудулги дир йиго, чуги дир буго, –
Чияр харбазул дун хважаин гуро.

* * *

Дир чу, сабру гьабе, гIодебе биччан,
ГIазу биун, байдан гIурччинлъизегIан.
Дир кечI, мун пештIоге, мун паракъалъе,
Гьудул йихьизегIан, рокьи лъазегIан.

* * *

Дурго кьижайила, дидаги абун,
Ун ратана сардал, гIумрудуй кьурал.
Дурго дагIбадеян, дидаги абун,
Ун батана гIумру, гIищкъудуй кьураб.

* * *

Балагьун, виххула – рахарал нухал...
Кинан дун рехичIев дол кьурабахъан?!
Огь, бетIер сверула, – дир гIолохъанлъи,
Мун куркьбал гьечIого, кинан боржараб?!

* * *

Къокъид нух киб бугеб гьаб гIищкъуялъе? –
ГIумруялъ тирана, дида батичIо.
Шагьра нух бугебищ гьаб шигIруялъе? –
Щибаб иххалда кьо биххун батана.

* * *

Цо сагIат букIана хасел кинигин,
Гьанже хасел буго до сагIат гIадин, –
ГIедегIун арал дир гIисинал санал,
ГIансиде къваридго къулараб херлъи.

* * *

Къолохъабиййищ нилъ гьанже улкадул,
Поэтал, поэтал ва ле, поотал?!
Кьурдухъабиййищ нилъ пачалихъалъул,
Поэтал, поэтал ва ле, поэтал?!

* * *

Кьурде рахун руго, кьвагьи къотIигун,
Кьвагьдолел мехаца рахчун рукIарал.
Гъулгъудулел руго, гъалбацIал жалин,
Жакъа къо щвезегIан кутул рукIарал.

* * *

Дир столалда тIад гьитIинаб чирахъ, –
Пикрабазул канлъи кибдай дир щвелеб?
Дун шагIирищ вугев яги щайтIанищ,
Инсул тIалъиялда дуца бицина.

* * *

Гьерсихъабаз кучIдул гьарунин абун,
Поэтал цIикIкIинчIо Дагъистаналда.
Рикъарухъабаца бакънал тIамунин,
Бикъи дагьлъун гьечIо дир улкаялда.

* * *

Унго, гьанже гIурал гIадалал ясал, –
ГIодизе улбузда малъулел руго.
Унго, гьанже ругел ахIмакъал васал, –
Умумузда гIакълу малъулел руго.

* * *

Дуниял, мун бугеб лъикIаб кьурдухъан, –
Кьурул рагIалалда бачунеб «чачан».
ГIасру, мун батараб кепаб зурмихъан, –
Хабал занахъ пулеб дур зурмил бакънал.

* * *

– Мун щай кьижуларев?
                    – Викъардун, хIинкъун.
– Дуй щай макьу гьечIеб?
                    – Чиякълъун, вакъун.
– Мун щай кьижуларев?
                    – ЖахIда, ццин, квачалъ.
– Дуй щай макьу гьечIеб?
                    – Рокьи ккун, гьудул.

* * *

– Дир кечI, гIедегIуге, гIодоб чIа дунгун.
– Берталъе кватIизе кин дун бегьулеб?
– Дир кечI, кекдаруге, къо радал бугин.
– Къаникь лъолев чIелищ дун бачIинегIан?

* * *

КIиго гIаданалъе цо гIищкъу кьуна, –
Цин-цияб рахъалде рахъун ана гьел.
Гьазул цонигияй, киндай кIалъалей? –
КIиго гIаданалъе цо кечI ахIана.

* * *

Къалъуда бихьулеб, къаси рагIулеб,
Рокьи, мун кколеб къед киндай борхилеб?
Щибаб цололъ – гIундул, гIалхазда – берал, –
ГIищкъу, дур балъголъи кинан цIунилеб?

* * *

Къечани, чвахиялъ чанги лъим буго, –
Дица къечон гуро чагъир гьекъолеб, –
Бокал борхичIого дур берцинлъидул
Бицани, хIелхIелчи вукIинарищ дун.

* * *

Цебего риххарал рорхатал гьундул,
Гьанже бахъун хIуралъ бецлъулел берал...
Цебего къанабакь лъураб къаркъала,
Гьанже тIолеб магIу – тIадаллъараб ракI.

* * *

Дир рокьиги ццинги, кинал нуж херал?
Хекко пенсиялде кинал нуж унел? –
Ццин буго: хвезегIан жиб хутIилила,
Рокьи: мун хваниги, жиб хутIилила.

* * *

Эбел-инсуе вас, яц-вацасе вац,
Лъималазе эмен, лъадиялъе рос,
Гьаб Дагъистаналъул хIасратав шагIир, –
Цоги хIажатаб жо щиб дие бугеб?

* * *

ГъотIода бижараб тIагIамаб микьир
Дир рокьи гуродай кьалбазулъ бугеб?
ГIурдада лъалъалеб сусурги чIарги,
Лъил цциндай букIараб гьаб ракь бегулеб?

* * *

БотIрол гIакълуялда гIищкъул цIураб ракI
ГIемерисеб мехалъ рази гьечIо дир.
Гьедин хIакимзабаз кьолеб амругун
Кьалда буго даим бакъанги кечIги.

* * *

Гьал санал анагIан, чорхол хиялал
Щайзе халалъулел, – гьеб битIун бугищ?
ГIумру къокълъанагIан, ракIалъул къасдал
Щайзе гIемерлъулел, – гьеб битIун бугищ?

* * *

– Щай дуца гьабураб гьагъаб гIадалаб?
– ГIамал лъачIо дида дир дандиялъул.
– Щай дуца гьабураб жеги гIадалаб?
– ГIамал лъачIо дида дирго черхалъул.

* * *

Нилъер гIумруялъул гьетIун араб гъветI,
Добе-гьаниб цIанин, гьеб битIиладай?
Гьал гьегьал законал бацIазе хъванин,
БоцIи хъамичIого гьел рукIинадай?

* * *

Бижанщинаб гъветIалъ пихъ кьолебани,
Гьардурхъан ракьалда вукIинароан.
Гьавуравщинав чи чи вугевани,
Чернобыль гIумруялъ рагIилароан.

* * *

– Улка, щай дур керен дуца бухулеб?
– Нуха дун чIухIдарун, бекана бетIер.
– Улка, щай дур щигIру пашманаб бугеб?
– Дирго жагьиллъиялъ жагъаллъана черх.

* * *

Росулъ МахIмудица кечI ахIарабго,
Колода хIапдолел гьаби чIун руго, –
Щайха гьаб Пушкинил площадалда,
Поэтги кIочон тун, митингал ругел?

* * *

ХIамида рекIине дир ракI чIухIана, –
РекIараб чоца дун гъоркье рехана.
КочIол дунялалда лъелазда гьоркьов
Ваккун-тIерхьун вуго, рохьоб чан гIадин.

* * *

Щибаб лъагIелалъул лъабнусабго къо,
Дуде бугеб рокьуй кьун руго дие.
Цогиял хутIарал, гьел руго рачIал
Дица цIан хутIарал хъалияназул.

* * *

Ккараб рокьиялда велъунгутIизе,
Къалам кодой босун, кечI хъвана дица.
БукIараб гIищкъудахъ гIодунгутIизе
Чвахун унеб гIоргун гаргадана дун.

* * *

Рокьуца абичIо, дун бачIинегIан
Балагьун чIайилан, жибго бачIана.

КочIоца абичIо, жиб кIалъазегIан
ГIенеккун вукIайин, жибго кIалъана.

* * *

ГIинкъазе назмаби ахIулеб улка,
Беццазе матIаби ричулеб улка;
Гьал батIи-батIиял хехал хIукмабаз
ХIалтIичIого хурзал рекьулеб улка...

* * *

ЦIогьаз, рищватчагIаз тIад налог лъечIеб
ТIалъиялда гьечIо гъветIги чахъуги.
Гьел дир кучIдуздеги цIакъ ццидалъ руго,
Цо кепкил жидее пайда гьечIилан.

* * *

Дица ахIилебги дуца ахIанин,
МахIмуд, гьанже дица щиб кечI ахIилеб?
Дица гьабилебги дуца гьабунин, –
Гьанже Игьаливе чIвазейищ инев?

* * *

Дида гьаб мехалъул кьурди лъаларо, –
Кьерилаца биччай свери бахъизе.
Цебесеб гурони кечIги лъаларо, –
Лъималаца биччай бакъан тIамизе.

* * *

«Дун кибе, дун кибе, дун кибе?» – йилан,
Кидаго гIасрабаз сверулеб талихI,
Чан гIабдаласул мун гъасда рещтIараб,
Чан гIакъил къваридго балагьун тарав?

* * *

Сон квараб жагадул жакъа бицунге, –
Жакъа кинан бугеб нилъер чорхол хIал?
Метер щолеб жавгъар жакъа беццуге,
БихьизегIан рукIа гIумруялда гьеб.

* * *

Нилъ лъицаго тункун инчIо гIурулъе, –
Нилъго ккана гIодор, гIодуге гьанже.
Нилъ лъилго кумекалъ рахъине гьечIо, –
Кверал кье цоцахъе ццидахинчIого.

* * *

Дий бокьун бугебл куц, гьаб рокьи хутIун,
Цоги кинабгIаги квер хьвагIун тезе, –
КечI лъугIараб мехалъ черновик гIадин,
Бихъун гIодой базе гIумрудул дагIба.

* * *

Гьанже щибас хъвала дир улкаялъул
Унтабазе рецепт щибаб сагIаталъ;
Амма аптеказда гьечIо дараби
Даим гIемерлъулел гьал гIузрабазе.

* * *

Дир анищ букIана тохтир вахъине, –
БачIана гьаб рокьи – поэт вахъана.
Дир хиял букIана поэт вахъине, –
БачIана гьаб унти – тохтир лъугьана.

* * *

КвачI базе жан гьечIев, чвахулеб гIурухъ
ГIемер балагьунин, дие пайда щиб?
Дир гIумру бекана гIеретI кинигин, –
ГIоркь хутIана кодоб, гьалъул пайда щиб?

* * *

Дун халатал цIадаз пашман гьавуна,
ЦIадазда гьеб щибго лъалеб батичIо.
Дица чанги щобил бакъанал рачана,
Щобазе рокьана гIоразул гьаркьал.

* * *

ГIемер жо учузаб, – учузлъун гьечIищ
Гьал пачалихъаца хъвалел законал?
Дагьаб жо къиматаб, – къанагIатлъичIищ
Гьанже доб букIараб ракIалъул рокьи?

* * *

РачIа гIин цIунизе, – цIиял хабарал
Пашманал гурони рохарал гьечIин.
РачIа бер цIуниэе, – цIалун бихьулеб
ЦIаги биги бугин, рокьи, кечI гьечIин.

* * *

Дихъе ракь кьейилан абуна цояс,
Цинги зоб дицаги босизе бугин.
Дихъе рокьи кьеян абуна дица,
Цинги кечI, гьеб жибго бачIине бугин.

* * *

Дица, гIор бахингун, гьабураб кьодухъ
Гьанже балагьула гохIдеги вахун.
Гуро, цо гьединаб даб Инкъилабалъ
Ункъо нухалъ бана, щуцIул биххана.

* * *

Гьанже лъугьун руго карачелалъе, –

КвачIал ралев дида бихьулеб буго:
БукIараб – чIегIераб, букIунеб – хъахIаб,
ХъахIилаб, багIараб – кинабго гIумру.

* * *

Цояб кверзукь – бетIер, цо кверзукь – керен, –
Кибго батуларо унтулареб бакI.
БотIрониб – Чернобыль, каранлъ – Карабах, –
Кин дица цIунилеб мун, дир Дагъистан.

* * *

Гьанже улкаялъул чиясул гьумер:
Пашманаб, ццидалаб, цо гьими гьечIеб;
Цабзаца рукъулел хIинкъарал кIутIби, –
Гьаб дир хIасраталъе кибго бакI гьечIо.

* * *

Огь, гьанже бичIчIана хIанчIи щибизе
Африкалде унел Кавказалдаса, –
Гьазул рокьул кучIдул рикIкIад ракьазда
Рокьулел ратила гьаниялдаса.

* * *

Дирго улкаги тун, Америкаялъ
Аваразул кучIдул ахIаралани,
Гьанже вукIинаан кIалухъ вахъулев...
Дий гьеб хъуй кIваричIо, кIкIалабазул халкъ.

* * *

Инсул гIумруялда хадув гьезе дий
ХутIана анкьго сон, – гьеладай хадув?
Инсул махщалида хадув гьезе дий

ХутIана даимлъи, – гъеларо хадув.

* * *

Дун арал ихазда хадув угьдичIо, –
Арал гъудулзабаз толаро рахIат.
БахIарал соназухъ зигардуларо, –
Дуде гIазу байгун вуго гIунулев.

* * *

КIиялго рекIинин цого чуялда:
Цее мун, нахъа дун, яги гIаксалда, –
Дур гъеждасан дида бихьана дунял,
Дир гъеждасан дуда бихьана гIалам.

* * *

Мокъокъил кIалзул лъалкI – чармил сиялда,
Чанил хIатIазул лъалкI – мугIрул гIаздада...
Дун чанахъабазда гьарделев вуго:
Гьел дир кучIдул ругин, кьвагьдогейилан.

* * *

ГIелалъ гIел кколила руго гIадамал, –
Нуж дир гIелалъулищ, гIолилал васал?
Кьералъ кьер кколила рагIула аби, –
Нуж дир кьералъулищ, кьурабазул халкъ?

* * *

Яги руччабийищ я бихьиналищ
ГIемер щал релъарал, дида лъаларо;
Ва амма гIодизе гьаб гIасруялда
Нилъер руччабазде щивго вахинчIо.

* * *

Гьанже лъагIелазул ункъо мех гьечIо, –
Их, рии щоларо хасел аниги...
Жинцаго кванараб гIидра мерхьунеб
Рехьед гIадин руго гIадамалчагIи.

* * *

Щибаб рогьалида кечIгун вагъула, –
Ккарабщинаб дагIба нуж сабаблъунин.
Сардилъ дун рокьигун цо-цо кьаллъула, –
Кьурабщинаб гIазаб дуцайин абун.

* * *

Люля-кебабалищ гьал микрофонал? –
Гьел кваналел ругин гьал ораторал.
Бегун унеб поезд чвахулеб цIадакь
Гьадаб цIцIел нухдасан лъица бачинеб?

* * *

Гъоркь ругеца квераз, тIад ругез кIалалъ –
КIиязго бикъулеб буго мун, улка...
Аллагь зобалазда кIарун велъула, –
КIалзул базар рагIун, ишахъ балагьун.

* * *

Дун хабалъ рукъарал рорчIаян вуго,
Гьол мунго жидехъе вачIайин руго.
Дир гъуждул кIвекIулеб кIудияб раччи
КIолеб гьечIо кинго кочIол баччизе.

* * *

ЦIадулъаяя кIкIуяллъун цIиял партиял,
КIкIуйдулъ пирхадулел гьал ораторал...
Улка, росу гIадин, гIадлу биххараб,
ГIакIаби чIечIого даим ахIулеб...

* * *

ХъахIаб скамейка, плащги бахъун,
Гъенив гIодов чIарав гIолохъанав вас,
ГIодобе рехараб пачка-хъалиян...
...Гъерсилаб мехалъул гъерсил йокьулей...

* * *

– РагIи щай гIемераб? – ГIадлу гъечIого.
– Ракъи щай гIемераб? – ГIадлу гъечIого.
– ГIажал щай гIемераб? – ГIадлу гъечIого.
– ГIищкъу щай хIинкъараб? – ГIадлу гъечIого.

* * *

Доб заманаялда дида гъеб лъачIо, –
Лъимал гIураб мехалъ бичIчIулеб буго:
Доб дир гIолохъанлъи гIолохъанлъийищ?
ГIищкъу дир кочIолаб унго-унгойищ?

* * *

Дица, гIищкъуян ккун, ццинги къулчIана, –
Цо батараб къанцIа чагъирин абун.
Чиян ккун, чудкида кIалъан ватана, –
Квералги бохдулги хучдул ратана.

* * *

Дун дов аллагьасе как балев вуго,
Квешал мацIаздаса рокьи цIунеян.
Гъев дий жавабалъе кIалъалев вуго,
Живги гъез толарин, дуца цIунейин.

* * *

Бертадулъ бахIарай хIориниб ордек,
ХIайранаб кечIалъе рекъараб бакъан, –

Дие гьаб лъабабго гIезе букIана
ГIумру дунялалда тасдикъ гьабизе.

* * *

Дий хIалхьи толаро хIалихьатаца,
ХIилла-рекIкI гьабурал «гьудулзабаца», –
Панаяб рокьиги бокьулеб кечIги,
Кин нужецаги дир гьаб ракI бикIулеб?

* * *

Гьадин гьабунилан, цо-цоял хвана,
Цоги гьабунилан, батIиял чIвана...
Бугебищ лъаларо лъабабилеб нух,
Гьал лъарал хъудула санал кинигин

* * *

Дир кочIол жугьаби руго дурнавал,
Дун викьизе нужей вокьун ватани.
Дир рокьул цIураб ракI буго микроскоп,
Камилго гьаб дир хIал лъазе бокьани.

* * *

Дун гIодов ватичIо гьал гIадамазда,
ГIищкъул зобалазде унеб дир гама.
ЦIад-цIералъ виччулев чи вукIинчIо дун,
Дир гIумру – чабхъада, хъатикь чагургун.

* * *

Дица цIураб бокал чорхолъе ана,
Черхилан абуни ракьулъе ина...
Рокьи, дун гьечIого, щибилеб дуца?
ШигIру, мун гьечIого, кин дун вукIинев?

* * *

Чияца какарал кучIдул рухIани,
Гъасда цIа бакизе цIул хIажат гьечIо.
ДагIба ккаралщиназ лъудби риччани,
Лъимал дунялалда хутIизе гьечIо.

* * *

ГIадамазул бугьтан – къотIноб балеб цIад,
Нилъеца балеб къвал – рокъоб бугеб цIа...
Гьаб цIвакараб бокал багIараб чогърол
Чвахукь лъим гьекъолез, гьайгьай, какила.

* * *

Цогиял пикраби, гьанже нуж кьижа, –
Рокьи бачIун бугин, кечI бачIун бугин.
Квачарал мугIрузул гIазу, мун биа,
ГIурччинлъи борчIанин, хIанчIи рачIанин.

* * *

Ургьире лъугьанин согIал хIисабал, –
Дихъе цо сабру кье, панаяб рокьи.
Дие ракьалдаса ракIал гIагарал, –
РекIине виччаге дун ццидал чода.

* * *

Росдал рагIалалде, магIарде щварав
Дица дир чуялда гьикъулеб буго:
«ТIадищ нилъ руссинел, церейищ инел?» –
Цо бикьун бугеб куц рокьиги хьулги.

* * *

Гьал Кремлиялъул кIалгIабахъ дида
КIкIалабахъ иххазул чвахи рагIула.
Курантал кьабигун, дица цIехола:
ЦIадаги Хунзахъги хабар щибилан.

* * *

Гьал дир анищазул бищун квешаб жо –
Киналго хутIана доб росдал гIурда.
Гьал дир хиялазул жеги квешаб жо –
КватIана, тIурачIо, гуккана гьез дун.

* * *

Дунго гьитIинлъула, духъ гIенеккигун,
ГIурде васандизе виччай жегиян.
Дунго бахIарлъула, духъ балагьигун,
Инин космосалде, дур кверги босун.

* * *

Унго, киналгIаги гласность бугин,
ГохIил тIогьир рахун, гьаркьагъунел куц!
Гьабиян ккезелъун, кутул хIапдолеб,
Огь, кинаб заманалъ каву бухараб!

* * *

Къаси кечI бачIана, – дун ворчIилалде
Гьеб тIурун батана, тIад буссунаро, –
Дица ччугIа ккуна, – квердаса борчIун,
Карачалабалъе араб щоларо.

* * *

Телевизор моцIалъ сасунебани,
Сабру гIадамахъе бачIунарищан;
ГьакIкIарал кIалазда кIулал ранани,
Дагьаб пикруялъе улка кантIизе.

* * *

Океанал рахун унел хиялал,

ХIисабал улкадул – хурзал рекъулел,
Херлъиян абуни болъодул хIокIахъ.
Хабзалин абуни, росу рагIалда.

* * *

Къижарал чагIазда макьилъ гурони,
Рокьи ккарал ясал рихьизе гьечIо...
Макьу тарал сардал рукIинчIелани,
РакIалде щиб дида щвезе букIараб?

* * *

Миллион санаца гIуцIананиги,
ГIадан дунялалда разияв гьечIо.
Гьес даим биххизе гьабулеб бугеб
Ахир хвечIого гьаб, огь, хутIиладай!

* * *

Дида нух кIалъала; гIодов вукIайин,
ГIезегIан мерхьанин дуца дунилан...
Нухлуй жаваб кьола: дийни гIун бугин,
Гьаб дир гIищкъуялда хIалхьи лъаларин.

* * *

РикIкIада бухIараб дир бахIарлъиялъ
Жакъасеб гьаб бичIчIи гьарулеб буго.
Гьанже санал араб гьаб дир къаркъала
Доб цебесеб къуват кьейилан буго.

* * *

Дицани мугъалда мугIрул раччана,
МагIаруллъи кибго дунгун букIана.
Дицани гъуждузда кIкIалал жемана,
КIкIуйдулал росаби цадахъ рукIана.

* * *

Гьабиги бацIалги рекъонищ ругел? –
Бикъи гIемерлъанин, гIиял дагьлъанин.
ГIухьбиги цIогьалги цолъунищ ругел? –
Цадахъ кIияцаго рикIулел цаби.

* * *

Цере гьоро-бокьор рукIарал гIункIкIал
РикIардилел руго царгъида жанир.
НекIо доб магIарда жендарал бацIаз
МацIаз кIветI бацIцIуна росдал азбарахъ.

* * *

Гьал гIабдалзабазда гIайиб щиб бугеб,
Гьезухъ гIин тIамулел чагIи ратани?
Гьодил нах щваразул щайзе бицунеб,
Гьелгун къацандарал къолел ругони?

* * *

Дун разияв вуго, гьороца аги
Гьороца рачIарал мехазул кучIдул...
Ва амма гьорое дица кьеларо
Гьалдолеб гIумрудул гIищкъул саринал.

* * *

Доб магIарда гIазу биунеб мехалъ
ГIакълу данд жубана дица лъаралгун.
Лъараца абуна, жиб лъимер бугин,
Лъай-гIакълу гьикъеян даим мугIрузда.

* * *

Телевизоразул гьал цо гордал къай, –
КьватIул байдан гьечIин митингал гьечIеб.
Газетал, тIахьазул тIанчал дандраге, –

ТIамах хутIун гьечIин гъутIбузда гьинчIеб.

* * *

ГIисинал саназул саринал, дихъе
Сардилъ нуж рачIунге, дий гIазаб кьоге.
РукIарал къоязул къасдал, хиялал,
Къаданир эхетун, нуж релъанхъуге.

* * *

Умумул куцулел ругел гIолилал,
Чан гIадалаб ищдай нужер букIинеб!
Нужедехун жахIда-хIусуд гьечIо дир,
Жаниб цо бухIулеб хIинкъи буго дилъ.

* * *

ГIумрудул рукъалъул къадазе ганчIал
Рокьуцаги лъуна, цциналъги лъуна.
Рокьуца лъуразул цили битIана,
Ццидаца лъуразул къадал гьетIана.

* * *

Трибунал руго тIаде ворхайин,
ТIорщел магъилъ буго гIодой къулеян...
Гьал кабинетазул рокьиялдаса,
Ракь гьарделеб буго жиб цIунейилан.

* * *

Чоца нахъа толеб хIурухъ балагье, –
Дир хIасратин бугеб жалалъе къулун.
ХIайранаб Койсудал кочIохъ гIенекке, –
Дир гIищкъуйин бугеб гъоба квачI балеб.

* * *

Дир хъатиниб буго хурул тIорол мугъ,
ТIаде къулун, гьелда гьикъана дица:
«Щиб мун, тIураб бийищ, чвахараб гIетIищ,
Я дир эбелалъул магIил горойищ?»

* * *

Рокъор эбел-эмен къварид гьарурал
КъватIире, рохьоре рачIараб мехалъ,
РицIги бигьароги хIинкъун сорона,
ХIанчIи, кучIдулги тун, рахъ-рахъалъ ана.

* * *

РоцIараб мехалда цIцIани хьихьизе,
Бихьинал щай гурин, ясалги уна...
Берталъ кинацаго ахIула кучIдул, –
Улкаялъ цогиял цIехолел руго.

* * *

Гьаб декабралда хъван балеб гIазу,..
ГIагарай, кье кверал, квачалел ругищ?
Дицани кьеларо риидахъ хасел, –
Хирияй, мун дунгун цадахъ йигони.

* * *

Цо лъикI цIавуцIинин, цо кIовокIилин, –
КIоларищ къасд ккараб чоде вахине?
Ваханищ – бахана цогиги мегIер,
ВахинчIищ – рехана кIкIалахъе гIумру.

* * *

– БацI, дур чIаголъи щиб, дур чIурканлъи щиб?
– Щайгуреб дирабго дицаго гьабун.
...Дунни бацIни гуро, амма дирго кечI –
Кинабго дицаго ахIараб буго.

* * *

Гьал – дир хазинаби, ахIизе щвечIеб
Анкьго-микьго шигIру, дие как гIадаб...
Гьедин эбелалъул масед букIуна
Васасул бертадуй гъансиниб цIунун.

* * *

Байрахъал парпала гьорода рекъон, –
Гьедин мун букIунге, дер рекIел щигIру.
Щвараб гIоралъ уна къотIарал гъутIби –
Мун, кьурул гIус гIадин, кьуруге, гIищкъу.

* * *

Чиясулгун бацIил кIалъай ккун буго,
КIиялго цоцада релълъун ругин нилъ;
Азарго сон анин нилъер гIумрудул,
ГIамал хисуларин, кьер хисаниги.

* * *

Рокьуе цохIо кечI кинго гIоларо,
Рокьуе анкьго кечI – гьелги дагь руго;
Рокьуе азарго кечI дагьаб буго, –
Дица гьел ахIана, огь, гIолел гьечIо!

* * *

Цин мун йихьарайго, мехтанин ккана,
Цинги йихьарайго макьуян ккана.
ГIумруялъ йихьана, киноян тана, –
Кидаго божичIо гьаб талихIалда.

* * *

Дур кIалалъ абуна дида бацIилан, –
БацIида ракIалда чахъу букIуна.

Дица кинан дуда гьедин абилеб, –
Бищун гьайбатаб чан дуниялалда.

* * *

КIалтIасан яккана, жаний ячIана,
Жагьандаман дунял, – гьаб уяб жойищ?!
Цоцахъ балагьана, бащдаб век ана, –
Балагьун чIалгIинчIо, огь, нилъер къисмат!

* * *

Байбихьулъ кьурдана дун чияхъего,
ЯхъинчIо данде яс кин свераниги.
Хадув дун кьурдана дида лъавухъе, –
Лъабго миллиард яс – бокьарай йище.

* * *

ЛъабцIуса ракьалда гьавунаниги,
ГьабсагIат хвезе дий бокьилароан, –
Хадусел гIасрабаз цоги мун гIадай
ГIадан дунялалда данд кинан чIвалей?

* * *

Цо гьекъараб бокал, дагьаб буго гьеб,
Цо нухалъ бараб къвал, дагьаб буго гьеб;
ЦохIо ахIараб кечI, дагьаб буго гьеб, –
ЦохIо бугеб гIумру, гIищкъул букIа гьеб.

* * *

Цебе балагьичIо, хIетIе босана, –
БетIер беканщинаб дир улкаялъул...
Нахъе балагьичIо, кучIдул ахIана, –
Керен бухулев дун хутIаравщинав...

* * *

Гьал дир пикрабазул бохдузда рарал
Рахсал рукIун руго гIумрудул нухал...
Доб гIурччинаб ихдал дида гьеб лъачIо, –
Гьанже гIазу бана, гIакълу кватIана.

* * *

Цогияб лъалареб бетIерги ракIги,
БатIияб гIумруги букIинаан дир,
Гьал дие рокьарал, дие гьукъарал
Гьомерал бахIарго данд чIваралани.

* * *

ГIурччинал тIанхаца тIасан рахчарал
Чудкаца ккунщинал щигIрудал куркьбал.
...РагIадал къадазда къаси жендола
Къанабакье арал дир хиялазул.

* * *

Бидурихь къотIарал, гулла къулчIарал,
Борхатаб къедасан къотIной кIанцIарал,
Жидецаго чIварал кочIохъабазул
Киназульго руго дагьал дир санал.

* * *

Чвахулеб гIуруца кьо биххун ана,
Къурабазда речIчIун, нахъе гьулчана, –
КIочон тарал цIарал рагIизе ругин,
Гьанже рагIуларел жеги хъудилин.

* * *

Дагь-дагь ккун бецIлъулеб лъадал рагIалда
Доба-гьаниб муцIи – моцIрокъ балагьун...
Гьелъул лалабаца цуйдухъе инчIеб
ГьетIараб гIумрудул лъукъараб гIищкъу.

* * *

Гъугъдулъ гъаримаб чIахI, хъитIниб хъахIаб тIегь,
ТIутIураб гурдида тIаби кинигин...
ТIолго гIумру гьедин букIинчIониги,
 РакIалде щола мех гьалда релълъараб.

* * *

Къункърабазул миллат, макказул тухум...
Тамаша, цо гъозул цоцазулъ рекъей!
Кинал нилъ – букъараб зар цабзаз кунел,
Зодор дол цIвабзазухъ балагьуларел?

* * *

Цоники миллат-халкъ какулев чияс
Какула дир миллат, – метер балагье.
Цоники мадугьал кIалухъ вахъулес
Мун кIалухъ вахъула, нахъа гIенекке.

* * *

Гьал рорхарал занал, хваразул кверал,
Хал гьабе жидехъан, гьарделел руго:
«Гьанибе нижеца щибго босичIо,
Нижер ирс бикьулел, нуж кьвагьдоге», – ян.

* * *

Велъанхъулев вуго гIадилав аллагь,
ГIолохъабазулгун дир дагIба рагIун, –
Цебесеб инчIого, цIияб гIечIого,
ГIумру я букIинчIин, я букIинарин.

* * *

Сардида цIвабзазда цIехола дица:

«ЦІа свиниц, свинарищ гІумрудул гъасда?»
Зодил палихъабаз дий жаваб кьола:
Рокьи свинчІонани свине гьечІилан.

* * *

Дие берал кьуна, зоб-ракь бикьулел, –
Цо дунго викьулел щай дие кьечІел?
ГІундул щвана тІанхил шури рагІулел, –
Щай рагІулел гьечІел дирго рагІаби?

* * *

Дунго чІванищ вугев? – цо-цо чІагояхъ,
Чияр чагІахъ гІадин, вугин хал гьабун.
Дунго хунищ вугев? – гьал хабалъ ругехъ,
ЧІагоязухъ гІадин, вугин гІенеккун.

* * *

РачІа буртабазе аят цІализин,
ЦІадаца риччизе нилъ риччачІелъухъ.
Хвалчаби, чуязде кучІдул ахІилин,
Киналго цІаязулъ нилъ цІунаралъухъ.

* * *

Гьал данделъабазул депутатазда
Дие дур хиралъи кинан гьеб лъалеб?
Гьаб Верхсоветалда мунгун дандчІвазе
Дун чІалгІун вугеб куц кинан бичІчІилеб?

* * *

Гьаб жакъа араб къо бугеб рикІкІада,
Къаси щолеб сордо бугеб гІагарда...
Сонисеб билараб, метераб щвечІеб
Батана гьаб гІасру Дагъистаналъе.

* * *

Огь, борхатаб мегIер, дун вахине те! –
Дида гIемераб жо бихьулеб гьечIин.
Веказ чвахулеб гIор, гIакъилаб малълъе –
Дида гIемераб жо бичIчIулеб гьечIин.

* * *

Рагъул цIа сварабго, бодухъ кинигин,
Балагьун вуго дун рарал саназухъ:
Сахал чан хутIарал, хварал чан ругел
Лъукъарал, хIинкъарал, хIасратал бакънал?

* * *

Ханжар камураб лъел, лъел гьечIеб ханжар,
Лъаларо кин бугеб кечIги рокьиги.
Дие тIагIам гьечIо гьаб гIумруялъул,
ТIамуралда чIваби рекъон гьечIого.

* * *

Арендалъе гуро, кидаго думалъ
Дица наслабазе тела дир хIасрат.
ГIищкъул кооператив ракьалда гьабе,
Гьенир рекьизе те дир рокьул мугьал.

* * *

Сентябрь. ТIанхазул тIогьилал тIаби...
Гьел тIун, тIаса ретIел бахъарал гъутIби...
Военкоматалъул кавудал кIалтIа,
Кир ругел васалин, мискинал улбул...

* * *

Дун хвалилал саназ жахIавго тана,
Жеги бахIар вугин, саринал хъваян.

Санал араб мехалъ, гьоркьов виччана,
Рагъуй херлъун вугин, харбал рицейин.

* * *

БахIарай гIаданги чогърол бокалги
Чиясе гьел щвани щиб къваригIараб?
Гьеб бичIчIуларезда бухIизе гьечIо
Дица ахIулеб кечI киналго саназ.

* * *

О, бекерулеб чан, бекерулеб чан! –
Чахъу гурелъул доб, хадув гъеларо.
Нахъ тарал хиялал, хутIарал хьулал
КигIан хапданиги кквезе чIоларо.

* * *

Дун борхалъиялда вижарав вуго, –
Вахчизе хобалъув гурони гьечIо.
Гьенисаги цо-цо къватIив вахъина,
Къункъраби нахъ руосун рачIунеб мехалъ.

* * *

Футболалъул байдан буго гьаб дунял,
Дир рокьи – бакьулъе рехараб торгIо.
Добехун кьабула, гьаниб сверула,
Сеткадул кавудахъ дуца гьеб ккола.

* * *

Риччан унел руго гIумрудул чуял, –
Чан свери хутIараб дир щунгъаралъе?
Гьелъул габуралда гвермендо базе
Заман щолеб гьечIищ, чIел букIинарищ?

* * *

Цоял рикъардулел, цоял гьардолел...
Законал, хIукмаби, комиссияби...
Бице, бежулебищ, бежуларебищ
Гьанже улкаялъул корохъ мун, гурга?

* * *

Цин гордал цIоролъан цIинкана берал,
Цинги, нуцIа рагьун, гвангъана гьумер.
Гьеб дур «ворчIами» дий букIана гIумру,
РикIкIадеги араб, аскIобги бугеб.

* * *

Гьаб дир гIумруялъул гургинаб гIайиб,
ГIодой гираниги даим цIилъулеб...
Гьаб цо дир цIаралда чIвалел бугьтанал,
ЧIинтIарал рукIинин, хъущтIун унарел...

* * *

ГодекIан батичIо гIабдал камураб, –
Чан гIакълу хутIараб бетIерги далун?
Дунялги батичIо хIилла камураб, –
Чан хIакъикъаталъул ккураб мукъулукъ?

* * *

ГохIда хIор гьабурал гьал дир пикраби
Гьанже кIкIалахъ бугеб билилин руго.
Азарго соналъул рукIарал къасдал
Къоял, сардал килщаз рикIкIунел руго.

* * *

Гъабуялда гъабу релълъананиги,
Гъолъул цIолбол чагъир батIи-батIияб...
Дица ккара-ккараб гьеб гьекъоларо, –
Дир канлъи, дур бераз мехтарав гIола.

* * *

Нухлулав лъалхъула хваразул занахъ,
Зодовги гIодойги балагьун къасдалъ...
Лъалхъилин нахъ тарал ихазул занахъ,
Щолеб хаселалъул хIисабги гьабун.

* * *

Киналъулго тIалаб киназго гьабе, –
Дирни пикрабазе цохIо мун гIела.
Дунялалъул къадал гIаламалъ рорхе, –
Дир гIумрудул зоб-ракь мун гурей гьечIо.

* * *

Депутат вищула щуго лъагIалий, –
ШигIру буго вакил нус-нус соналъул.
ХIукумат – улкадул костюм гIадаб жо, –
Каранлъ хIасрат буго сунареб чирахъ.

* * *

Бокьухъе пуй абе гIухьбуца щвантIих,
ГIайиб гьабиларо магIарда гIияз...
Дун гьал гIасрабазе, гьаб гIаламалъе
ГIищкъул кечI ахIулел – камилищ бугьтан?

* * *

ТIолго гIаламалда ругел музеяхъ
Дур суратал руго, цоги цIар лъурал;
Дие бокьун буго гьел ракIаризе,
РекIел запасникал – киналго рагьун.

* * *

Росулъа некIого рикIкIаде ана, –

Амма рикIкIунге дун росу таразулъ:
Росулъ ахIараб кечI буго дир каранлъ,
Росулъ лъараб рокьи буго дир рукьбалъ.

* * *

Цовкраялъул лъимал кварида унел,
Дида ккола дозул кIваркьаби ругин:
Эркенлъиян абун зодой рорхула,
Жидер рокьийилан ракьда пархола.

* * *

МаркIачIул гIужалда магIарул тIохда
НакIкIги кIкIуйги буго, кIиябго жубан
ЦIаялъул лъималги цIадал эбелги, –
Гьезул хабаралъухъ хал ккураб гIалам...

* * *

Даим, гьобо гIадин, тирараб улка,
Бекулеб буго мун, корахъ чед гIадин
Цин биххараб гIуцIун, гIуцIараб биххун,
ГIасру, мун бихьула, гIаздал торт гIадин.

* * *

– Лъица чухIараб хур?
– Чиновникаца.
– Лъица бухIараб хур?
– АхIмакъзабаца.
– Лъица хъамураб хур?
– Гьегьал хъачагъаз...
...Огь, хъасулеб гъванща векьарухъанас!

* * *

Дуй бакъан бачинчIеб чагъана гьечIо, –
Чанги гIенеккана дун гIаламалда.
Дуде кечI гьабичIев кочIохъан гьечIо, –

Мун киназего цIва, киназего цIа.

* * *

ГьецIоги цIерлъараб, цIерги маххлъараб,
ЦIакъ гIасияб мехалъ гьабураб сапар
Гьал унтарал кверал лъухьулеб буго
КиналгIаги саназ нилъер инкъилаб.

* * *

Гьанже улкаялда, къадалги рихху н,
Къанал «ма, босе», – ян рекулел руго.
Гьал «инкъилабаца», сахлъи кьезеян,
Судизе гьабичIеб черх хутIун гьечIо.

* * *

Эмен, Койсуялъул карачелалъа
КигIан цIул бахъараб ЛъаратIа дуца!
ГьитIинаб чвахидалъ: жавгьар цIехолев
Жакъа эхетун дун лъарал рагIалда...

* * *

Аллагь, дур гъалатIищ, гьаб дир гIайибищ? –
ГIумрудул лъугьараб лъамияб чIагIа.
Дуцайищ малълъичIеб, дидайищ лъачIеб? –
Дуниял батараб тату гьечIеб пихъ.

* * *

Умумул абула, лъимал абула,
ЛъикI сонги букIинчIо, жакъаги гьечIо.
Васалин абула, ясал абула,
Добго рокьи буго, добго кьал буго.

* * *

БотІрол тІоноцІиса гъоб ахаде щун,
Щибаб чорхол лага унтараб гІасру...
Кин дун хутІаравин сардазул шуршур,
Щай дун хутІаравин къоязул суал.

* * *

ШагІиразул дагІба, гІащикъазул къец,
Гьел гІоразул чвахи даим къотІичІо;
Дунги дагІбадула дирго къарнугун,
Дунги къацандула дирго дунялгун.

* * *

ГІумруялъ ботІрода дида тІад лъураб,
ТІаде къо щванагІан бакІлъулеб гьецІо,
ГІодов дун кканиги, киб рехилеб мун? –
БукІина хабада хурдулъан баккун.

* * *

Дицани, ПатІимат, гьадинан гуро
Гьаб гІумрудул дунял ургъун букІараб.
Гьаб гьадин гьабурал батІиял руго, –
Дов БетІергьанасда рагІичІо дир как.

* * *

Гьанже нилъер бугеб гІумру гІумруйищ? –
ГІищкъуги бакъанги бесдалал гІадин.
ГІищкъуялъул дунял цоги батила,
Цебесеб кечІ гьанже бугеб кинигин.

* * *

ХІамулги нилъерго, бацІалги нилъер –
Нилъго нилъедаса кинан цІунилел?
ЦІогьалги нилъерго, дизанги нилъер –
Дунялалъул хІукІму кинан битІилеб?

* * *

Гьанже ругел щинал «ХIажимурадал», –
Щай мун буцIцIун чIараб, чIухIараб назму?
Назмуялъ абуна: ХIамзат велъарал
ХIамабагъадурал ругин гьелилан.

* * *

Ункъо гIаркьел буго гIумрудул гъотIол:
ГIелму, дин, культура, цинги хутIараб.
Цогияб лъабгояб дир гъотIол гIаркьел:
Йокьулей гIаданги, бакалги, кечIги.

* * *

ХIаям Бухаралъул ханазда цадахъ,
Халатккун, тахида вукIана саназ, –
Гьанже кочIохъабаз Кремлиялъул
Креслай цIорозе риччалел гьечIо.

* * *

Унго политикал палихъабийищ? –
Гьез даим бицуна букIунеб заман.
Гьаб бетIер сверулеб жакъасеб къодал
Жаваб лъица кьолеб? Огъ, гьал цыганал!

* * *

Рокьи дир букIана кIиго батIияб:
Цо – кучIдулъе араб, цогидаб – инчIеб.
ИнчIеб бахчун гуро, я хIинкъун гуро –
МахIмуд цеве ккана, дун кватIун щвана.

* * *

Дир жахIда ккун буго мугIрул сиязухъ,
Сардида цIвабигун гара-чIварулел.

ЦIвабзаца абуна, жахIда ккогеян,
Жидеца дур рокьул бицунеб бугин.

* * *

Дун хIикмалъуя вуго – гIадан холев куц!
ГIолохъаби рукIа, чIахIиял рукIа.
Кибего очередь, – хвалде щай гьечIеб? –
Хекко камурав куц бахIарав гьудул.

* * *

Вождь хвараб мехалда хадуб хвараб ракI,
Дов хун гьечIин, жакъа хIинкъун буго дир.
Досул гурищ жеги гьаб питна бугеб?
Дос гурищ гьанжеги гьал чагIи чIвалел?

* * *

КIудиял пикрабалъ гьитIинал ишал,
ГьитIинал пикрабалъ кIудиял ишал…
Гъоркьехун букIараб тIаде араб куц,
ТIадехун букIараб гъоркье араб куц!

* * *

Гьал дагIбаяздаса дун рикIкIада те,
Демократияги диктатураги.
Дица кIиябго щиб, киналго кьела
Кьунсрукь тIелхазда гъоркь беролел иццахъ.

* * *

Мунгун данде чIвазе цIараб мех щвейгун, –
ЦIазе жо гьечIищан вачIуна чIамучI.
Гьас тIубараб пачка бухIун бахъана, –
Нахъе унев гьечIо дир гIищкъул тушман.

* * *

Гьанже васазукъе хвалчаби кьоге, –
Хваразул заналцин рекулел ругин.
Ясакъе кьабизе жоргъен кьоге, –
Жундузул гуреб кечI ахIулеб гьечIин.

* * *

Миллионал васал гьарулел руго, –
Гьезул цонигиялъ МахIмуд вугодай?
Миллионал ясал гьарулел руго, –
Гьезул цонигиялъ Муи йигодай?

* * *

Дунго дидасаго киве лъутилев,
ЛъутичIого чIезе кинан бегьулеб? –
Кквe дунилан, буго дир сонисеб къо,
Къалеб диде нуцIа метераб къоялъ.

* * *

Къисаги къисматги батIаго ана,
РатIалъул кьаллъарал рос-лъади гIадин.
ГIун нахъе хутIарал ццидалал лъимал, –
Лъаларо, щиб дица гъозда абилеб.

* * *

Дир чанги кечIалъул бетIер къотIизе
КъотIун буго хIукму, тIубазе гьабе.
КъотIараб нахъойги жеги цIилъила,
ЦIилъараб нахъойги гIодой бортила.

* * *

ХIасил кинаб ккараб хIарамаб гIечул,
ХIаваца алжанул гъотIода тIураб? –
Бижана гьаб гIалам, лъана гьаб гIищкъу,

ГIадамал, щибизе гьаб цIунулареб?

* * *

Гьанжеги кIийиде викьун вугев дун,
Гьоркьоб бугеб кьодухъ свердулеб ургъел.
Огь, саринчиясе чогърол бокал кье! –
Щибго бичIчIуларин: бачIунеб, унеб.

* * *

Дицаги, ПатIимат, гьадин букIинчIо
Гьаб гIумру дуе хъван, дир гIищкъул бика.
ГIурда цере кьоял рихxун ратана,
Нухал гъоб кIкIалахъан ана кIичI-кIичIун.

* * *

МугIалимал гьанже гIунги тIокI руго,
ГIищкъу, канлъи, хинлъи цебего гьечIо.
Щцидалаб гIакълугин гIантаб рокьиялъ
Бекьараб ракьалда щиб дур букIинеб?

* * *

Бохдул, кверал гьечIеб, керен, черх гьечIеб
Кибдай мун букIина, дцр босараб рухI, –
Гьаб цо тIегь чурулеб цIадцин гурищ мун?
Гьаб цIадухъ ахIулеб кечIцин гурищ мун?

* * *

ХIежалда рукIана, квералги рорхун,
Как балел кIиялго батIа-батIаго.
Дов бетIергьанасда цо мун йихьана,
Цогиялги дунги квер хьвагIун тана.

* * *

Аллагь, бице дуца, кечIги гIищкъуги
Гьаб дир гIумруялъул гъалатIцин гурищ?
Гьаб гъалатI батани, битIизабизе
БетIер къотIаниги дида кIвеларо.

* * *

Дидасан поэтаз гьанже гIарз хъвана:
«Гьев МахIмуд гурелъул, гурхIун виччана...»
«МахIмудаз» кидаго гьединаб рохел
Лъийниги гьабичIеб, дие гьабилищ?

* * *

Дида ккола цо-цо, цевего хварав
Хабалъа гьанже дун вахъунев вугин.
ГIумруйищ дир макьу, хвелищ дир макьу? –
Хадув гъолев гьечIо, унеб гьаб гьоко...

* * *

Дун вукIараб дунял цоги букIана,
Довасан гьаниве вачIун вуго дун.
Доб бихьараб мехалъ гьабин вукIана,
Гьаб данде чIварабго дабилан вуго.

* * *

Пушкинил пашманлъи, жиндир пагьмугун
Жив гьаб Россиялда щай гьавуравин.
ГIасияб гIасруялъ гьаб дир цIар гуреб,
ЦIунараб, щущачIеб щибго тун гьечIин.

* * *

КигIан бицаниги Мавзолеялда
Макьу Лениние толеб хIал гьечIо.
Цеве гьав цIунарал Кремлиялъул
Курсантаца гьасда речIчIулеб буго.

* * *

Огь, Маяковский, мун чIун вугев куц,
ЧIвазе ахираб суд къотIарав гIадин!
Дуцаго дуего гьабураб диван,
Гьеб тамахаб бугин тана цо-цояз.

* * *

Беразда кверал чIвай, бихьула гIумру, –
ЦохIо мун гурони цогияб гьечIо.
ГIундузда килщал чIвай, рагIула кучIдул, –
Цо дуде гурони цогиял гьечIо.

* * *

Хвел, цодагьалъ кватIе, хутIун ругин дир
ГъалатIал гIумрудул ритIизаричIел.
Хвел, цодагьалъ кватIе, ругин гIолилал,
Дие дир гIищкъудал бицине щвечIел.

* * *

Нилъер гIумру буго гьитIинаб лахIзагI
Гьал цо гIасрабазул даимаб сагIтил.
Гьеб лахIзатги тIубан гIищкъуй кьоларел
КигIан гIадалал нилъ рижизе нколел?

* * *

Ццидалги гIищкъулги гьекъанщинаб лълъар!
ГIумрудулгин хвалил, йохъ, бицинаро.
Гьадинаб кIудияб рокьи ккарав чи
Ракьалда, дун гIадин, халат хутIичIо.

* * *

Операциялъул столалдаса
Бусаде вачингун, тIоцебе дица.

Дур рахъалъ гьикъана, сестраялъ дида,
Сас теян, ичIго тIегь бихьизабуна.

* * *

Санаториядца дунгун свердулел
Сон хвалил гIорхкъода рукIарал чагIи:
Горбачевин – цоял, Ельцинин – цоял, –
Цо дун вуго гьанив ПатIиматилан.

* * *

Нусго батIияб ракI цоцаде цолъун,
ЦохIо лъугьана дир дур цо рагIиялъ.
Цо гуреб гьечIеб ракI нусго лъугьуна,
Цогияб дур рагIи рагIараб мехалъ.

* * *

Дун даранчи гуро, даранчиясда
Данде багьа ккечIеб мацI бичIчIуларо.
Гьаб дуниялалда гIищкъул гурони
ГIагараб мацI гьечIо, дида бичIчIулеб.

* * *

Адаб чIахIиязул, тIалаб гIолезул,
ГIищкъу меседуде бикьун кьун буго.
ХIурмат гьоболасе, мадугьаласе,
Рокьи гьудулалъе – гьеб даим букIа.

* * *

Цояца чехьалъул гьабула тIалаб,
Цояца черхалъул гьабула тIалаб.
Чехьги черхги буго чараб гъадилги –
Чилъи, гIищкъу буго къваригIараб жо.

* * *

Цо кечI ахIун, дица азарго рагIи,
Араб бакI лъачIого, тIагIинабила.
Цо мунгун тIамураб бахIараб сагIат
Цогиял дир санахъ кьеларо дица.

* * *

Мискинал бесдалал кинигин – тIугьдул,
Дуе тIун рукIарал, мун ячIинчIого.
Къунел иццал гIадин – ургъарал кучIдул,
АхIизе дуй щвечIел, мун ячIинчIого.

* * *

Вохун къулулев куц дун киниялде,
Кибго гIумру бугин, гьеб лъугIиларин.
Къварид къулулев куц хабал заназде,
Кибго хвел бугилан, гьеб лъугIуларин...

* * *

Огь, дуца бицунге дир ургъелазул, –
Ругъун лъица лъураб, гьеб дида лъала.
Гьале стол, гьениб лъун буго матIу,
ЛъикI балагье гьелъухъ... Баркала дуе.

* * *

МугIрул ральдацайищ, ральад мугIрузищ
Берцин гьарун ругел, гьеб дида лъачIо.
МугIрулги, ральадги, гIумру-дунялги
Дуца берцин гьари, гьеб дида лъала.

* * *

БихьичIеб бихьизе рохьоре рильлъа,
РагIичIеб рагIизе мугIрузда раха.
Лъалареб лъазе гьаб дуниял свере,
БукIинчIаб букIине рекIелъ гIищкъу лъе.

* * *

Гьадин гIолохъанай мун йигеб мехалъ,
Гьадинай камилай мун йигеб махалъ,
ГIолохъанал ясал кин нилъер гIурал?
КечI дица цогияб лъиде ахIилеб?

* * *

КечIги дирго буго, рокьиги – дирго,
Гьаб рокьукъаб мацIил бетIергьаби щал?
Рукъги дирго буго, чуги дир буго,
ЧамгIалал гьал харбал лъица цIалкIулел?

* * *

Дир чу, гIедегIуге, гIодобе биччай,
ГIурччинаб их щвела цIараб мехалда.
Дир кечI, гIедегIуге, паракъат букIа,
ПатIимат ячIина цIараб гIужалда.

* * *

Дунялалда чанги цIад-бакъ бихьана,
Дирги пикрабазул космос букIана,
ЦIада бакIалъ гIадаб лъалкI рекIелъ течIо.
Амма кечI ракьалде рокьиялъ кьуна.

* * *

Шамилил как гIадаб кечI букIана дир, –
Гьал чиновникаца чу бухараб куц!
МахIмуд хIикмалъулеб хIасрат ккана дир, –
Гьеб канцеляразул кагътаз чIвараб куц!

* * *

ГIумру къокълъанагIан халалъулеб къасд,

Къацандилев вуго арал саналгун.
Санал дагьлъанагIан гIемераб анищ,
Ургъалида вуго щолеб гIарудал.

* * *

Гьаб гъугъалеб дунял, багъарулеб ракь,
Рокьи ккараз гьелде квер хьвагIулеб куц!
Хабзалабахъ кигIан чагIи лъуниги,
Чалухлъи беразул къотIулареб куц!

* * *

Дица рихъун рана рокьи ккелалде
Ракьалда гьарурал киналго кучIдул,
Гьел кучIдулъ букIана пачалихъ, дунял, –
Пачаги дунялги дий цо мун гурищ?

* * *

Дунялалда чанги хIикмат бихьана,
Гьанже хIикмалъизе щибго хутIичIо.
Амма щибаб нухалъ, дандчIвараб мехалъ,
Дуца хIикмалъизе гьавулев вуго.

* * *

Лъабкъоялда микьил маялъул къоял
ЛъачIелани дуда, Ян Гусил улка,
КIикъоялда щуйилъ рехарал тIугьдул
ТIокIал киданиги ричIалароан.

* * *

– Чвахулеб гIор, щайзе гьадин хъудулеб?
– Гъудулзаби дида ганчIил ратана.
– ГанчIал, щибизе нуж гIенеккун чIарал?
– ГIоразул бахилал бакънахъ гIенеккун.

* * *

ТІугьдузухъ балагьун тІугьдул рокьула,
ТІолго ясал дуца гвангъизарула.
Гуро, гуро, гуро, – дун гІакса вуго,
ТІолго ясал дуца бецІлъизарула.

* * *

Доба Кубачиялъ гьарунаниги, –
Кверзул махщел хола цІорораб рекІел.
Доба Унсоколо Идирисилги
Устарлъи кІичІула кІукІаллъанани.

* * *

Дун санаца гуро херлъизавурав, –
Хиялаз, унтиялъ, цо хиянаталъ.
Улка гІуцІа-къараб щущазабуна, –
Щибасе къваригІун къецалъулъ тІокІлъи.

* * *

Мун йиго абулей гьекъогейилан,
Гьелъ гьабураб пайда жеги рагІичІин.
Лъа, гьудул нахъаса камизе дица
Киданиги течІо, бокал цебе лъе!

* * *

Гьав гьекъогейилан, дов гьекъейилан –
КІиго гІакълуялъ дун дунго цохІо те.
Йокьугеян абун, рокьи чІолебищ,
Йокьеян, амру кьун, рокьи бачІунищ?!

* * *

Бокал борхичІого, гьой гІаданалда
ГІищкъул берцинлъидул кинан бицинеб?
Гьелъул бицинчІони, дунги живго тун,

Жий гIедегIун йигин, яхъун инарищ?

* * *

Белъанхъилеб буго гьакълил сурахIи,
Дун гьукъараб хIукму бахъун рагIулин, –
ХIукумат кинаб гьаб, гьадин канлъукъаб,
Яги жеги керен течIогойищ гьаб?

* * *

Щайзе дун гьедарав, гьагъай гIадангун
ДандчIвазегIан, кIатIахI кIалдиб хъваларин, –
Гьале кIиябго анкь дир гIумруялъул,
ГIатI ххунареб гьобо гIадин сверулеб.

* * *

Анкьабго выговор дир рокьухъ кьураб
Микьго орденалъухъ кьеларо дица.
Выговорал щвана бихьинал ишахъ, –
Орденал щай кьурал – ракIалда гьечIо.

* * *

Абула тIад ругез: депутатила,
Дур цIаралда рекъон гьечIин гьекъезе.
Гьеб дида лъаларо, жахIда батила,
Жидейго гьекъезе бегьуларого.

* * *

Эбелалъ абуна, анцIго чедалъул
Чогърол тIанкI батани цонигиялда,
Квине гьукъулила... Огь, гьанже лъана
Гьал гIарабал щайзе даим рагъулел!

* * *

Капитализмаги гьоркьоб биччан тун,
Гьаб социализма щванилан абун,
Щвараб жо буххулел дагъистаниял,
Дол цере ругезда хадур гьезеян.

* * *

Хъулухъалъе гIоло гьудуллъи тола,
Хъулухъалъе гIоло гьаб бокал тола.
Гьезда гурхIун вуго, хъулухъалъ тейгун,
ТалихI къарал гьезий къачIай самогон.

* * *

ХIакимзаби, гьекъе, нуж хвараб мехалъ
Хисизе гъирадалъ гIемерал ругин.
Ниж поэтазулни ниж хвараб мехалъ
Хисизе чи гьечIо, – гьекъола, тIола.

* * *

ЦIолбол гъабу чIвазе диван къотIарал,
Къаси гьекъон радал бетIер унтаял,
ЧIа очередалда рахь босизе нуж,
Васасе бахIарай ячунеб мехалъ.

* * *

Гьекъелин берцинал ясазул рахъалъ,
Васал гьезий гIоло хвезе бегьула.
Цогиял – ахIдолел хIелкал руго гьел, –
ХIелкаллъун рукIунге лъикIал бихьинал.

* * *

Дун тамада гуро, гьев сихIир вуго, –
Цодагьаб цIоларо, цинги гъоркь тола.
Гьеждасан тIураб жо жеги рехичIо, –
Дица сихIирлъани сарин кин хъвалеб?

* * *

Дун цо банкеталде ахIулев вуго,
Алкоголь гьукъараб, цIакъго гIакъилаб.
РачIа дий рокъобго цо магIна гьабе, –
Цингиги закуска доба гьабилин.

* * *

СамагончагIазда гIайиб чIваларо,
ГIаракъи тукада гьечIеб мехалда.
Самиздаталдаги гIайиб чIваларо,
ГIищкъудай редактор вугеб мехалда.

* * *

Рокьул критикал, кочIол цензарал,
Кодор лълъарал ккурал редактарзаби...
Гьаб лъабабго хIуби хIажалъиладай
РекIел хIалхьиялъе, чархол рохалий?

* * *

ЦIалун рахъунарел къисаби гIадал
Гьал ресторанаца кеп кьоларо дий.
Къокъал кучIдул гIадал, кицаби гIадал,
ГIисинал духанал рокьула дие.

* * *

Йокьулей, дулъ ццидал унти батани,
Цо рецепт буго дир дару мухIканаб, –
Доктарал кIваричIо, духъ балагьизе
Дуца мунго ахIе матIуялъусан.

* * *

Сундуй гьал чагIаца чагъана хъвалеб? –
Чорхол сахлъиялъе, дин, хъулухъалъе.
Дицани чагъана цохIо дуй хъвала:

Мун – чорхое сахлъи, чин дий кIваричIо.

* * *

ГIелалъул чи гIадин вуго дун ахикь,
Анкьго сон тIубарав васгун къецалда.
Гьаб дир ригьде щвезе гьасие, лъалхъе,
Лъабкъого сон – гIумру, огь, машааллагь?

* * *

Щибаб нусго грамм – хъвалеб ункъ-ункъ мухъ
Гьекъон бугеб щинаб дица ракьалда!
Щибаб ккараб рокьи – кочIолъе араб, –
Унго вукIун вугев дун квешав гавур!

* * *

ЦIунуге поэтал, риччай гьел хвезе,
Пушкин кинигинан, Байронал гIадин,
ЦIунуге поэтал, гьерсилал саназ
Гьез цIунун батичIин талихIалъул цIва.

* * *

Балеб горо гIадин, – гласность, дагIба,
Граждан рагъ буго дир каранлъ жаниб.
Цевехунги – дунго, нахъехунги – дун, –
Дуэлалда руго гьал дир хIисабал.

* * *

Нахъехун нух гьечIо, цебе накIкI буго, –
Цо бугеб хIал дида хIанчIил гIадинаб.
Боржана – боржана, – куркьбал хIулана, –
Кибго бакI тун гьечIо гIодоб рещтIине.

* * *

Нусго сурат бахъе, азарго кечI хъвай,
Аллагьас гIадинай мун гьайиларо.
Аллагьас дун, гIащикъ, бакъул нуралъе
НугIлъи гьабизеян гьавурав вуго.

* * *

Нухлулав, мун кIиго гIадангун цадахъ
Цо машинаялда унев ватани,
Гьениб цо бакI гьабе бакIлъарав дие
РакIгIаги цодагьаб кIарчан букIине.

* * *

Сониселъ гуккана, жакъа гьеб лъана,
Жакъасеб бицунеб метер бичIчIила.
Добго метералда кинан божилев,
Метералде кучIдул кинан ахIилел?

* * *

Бекаяб гьеб матIу, гьелда цееса
Цо мун унарого, ах мерхьунев дун,
БухIаяб дур ретIел, чанцIул хисулеб? –
Хал гьабун сагIтихъгун, семун холев дун.

* * *

Байбихьулъ рукIуна, арал саназул
Ккарал гIайибазухъ гIундул кьурулел;
Хадуб байбихьула бутIрул къотIизе, –
Къоябго къарнуялъ гьединан буго.

* * *

Огь, рагъ букIарабищ я букIинчIебищ?
БукIараб батани, кинал бергьарал?
ЧIагоял бергьинчIо, чIварал бергьинчIо, –
ЧIегIераб гуреб кьер кьалалъул бугищ?

* * *

Жал гукканин руго къваридго гъутIби, –
Къоялъ зоб гъугъанин, амма цIад бачIин.
Жидер божи чIванин ццидалъ гIолилал, –
ГIемераб биццанин, амма батичIин.

* * *

Умумул рукIаго бесдал хутIарал
Васал кигIан ругел: эбел, эбелин.
БетIергьай рукIадго, чIунтун хутIарал
Хурзал детдомалъул лъималин ккола.

* * *

Дун арал ихазда хадув хапделев, –
Гьаб хаселги дихъа бахъилин гIумру.
Дун бахIараб хIасрат дихъе ахIулев, –
Гьанжесебги чIвалин гьаб дир чIаголъи.

* * *

Цо кечI ахIичIого, цо кьурдичIого,
Кьижизе кIоларел чундулгин хIанчIи...
Чундул, нужер рокьул хIикмат кье дие,
ХIанчIи, нужер кочIол хIасрат кье дие.

* * *

Лъаларо бисмила кида абураб, –
АлхIамдулилагь дир гIищкъуе гьечIо.
ГьебгIан гIорцIулареб тIагIам кваначIо, –
«КигIан къочаниги къеч буссунаро».

* * *

– Нуж кисан рачIарал, шигIраби, дихъе?

– ШвантIихалъ абуна жинца ритIанин.
– ШвантIих лъица пураб?
– Рокьиялъ пуна,
ГьитIинго, гьитIинго духъе рещтIараб.

* * *

Дуца бицунелгIан бахIарчиялни
РукIун гьечIо чагIи, дир рагIараб кечI.
Дуца рещулелгIан берцинлъи бугел
РатичIо мусудул, цо гIадан гурей.

* * *

Гьанже васасухъе нус кьечIебани,
Мискинай эбел мун гIодилароан.
ГIолохъаби рагъде ритIичIелани,
Улкаялда лъимал гIемерлъилаан.

* * *

Хваралгун рагъизе, араб какизе
КигIан бахIарчиял нилъ рукIун ругел.
Нусгоял рахъуна цоясде данде, –
Цо жакъа бугелъул лъица бицинеб?

* * *

Дир «гьудулзабазул» рекIкI лъараб мехалъ,
Дун цин рекIекълъана, цин ццидахана,
Цинги велъанхъана, – гьезда гурхIайин,
Гьезул бицунгеян зобаз абуна.

* * *

Мун рокьул цебехъан буго, музыка,
Жибго рокьиги мун буго, музыка.
Рокьул ахирги мун – хвалил музыка,
ХутIараб гьеб буго гьадинго гьурра.

* * *

Рокьи байбихьана берзул ишаралъ,
Бераца беразде ишан босигун;
Дида бичIчIуларо, рокьуе гуреб
Ракьалда кьалуе щай бугеб ишан?

* * *

ГIицIаб чIинкIиллъуда дунго хутIани,
ДандчIвалин бацI, цIиркъин гуро хIинкъулев, –
ХIинкъула, кIалалда микрофонги цун,
Цониги политик гьенив вачIинин.

* * *

Дида ци бихьана рохьоб кьурдилеб –
Гъолъул рокьи бугин кьуна дий жаваб.
Жакъа гьудулзабахъ балагьаравго,
Ццин лъилъулеб дару дида бичIчIана.

* * *

Мун данде ккезегIан, гохIда ахIдолеб
Гагудал мацI дида бичIчIулароан.
Дуца гуронани цоцахъ хIасратал
ХIанчIазул кечI дида лъазе гьабичIо.

* * *

Байбихьулъ букIана кинабго лъикIаб,
Кинида бущараб лъимер кинигин;
Лъади ячинегIан бахIарав гIадин, –
Хадуб гIасилъана гIумруялъул лъар.

* * *

Щибас кверщел щвейгун, жив щвезегIанин,
Щибго квеш букIанин, хис-бас гьабуна.

Хадуб, сонал ингун, къотIарал бутIрул
БитIун ккечIеб дармил бицунел тана.

* * *

Дир ккарал гъалатIал: щай хутIаравин, –
Хиялалгун къасдал: цогиги сонин.
Сордо-къо рикIкIунеб – дир рекIел кIутIи,
Цо гIасру дагь бихьун – лъукъараб гIищкъу.

* * *

ГIищкъу гIедегIана, гIакълу кватIана,
ГIумруялъул чIваби цоцалъ рекъечIел...
Мун лъараб мехалда лъай босула дир,
Лъавуде вачIингун, ячIунаро мун.

* * *

Эмен, дур кучIдузул камилаб гIакълу
ГIелаан киналго магIарулазе.
Дица кочIолъ толеб гьалдолеб гIищкъу,
Гьеб гIеладай, унго, гIолохъабазе!

* * *

Къадарав чиясе гьаб ракьалдаеа
Ракьулъ лъикIин абун вукIана Шамил.
Дир тушбабазе дий хвел бокьиларо, –
Рокьухъ босараб ццин, гьеб гIела тамихI.

* * *

Абуге, гьерсихъан, тIаса лъугьаян,
Гьадинги дир дуда ракI гурхIуи бугин;
Дуеги дагьаб цIар къваригIинарищ,
ЦIакъаб щвечIониги цо квешабгIаги.

* * *

Ихдал хабалъ лъурав хирияв гьудул,
Хаслихъе лъугьана цо гIелалъул нилъ.
Гьанже хасел щвана, цIунцIрахана черх –
ЦIикIкIана дудаса бащдаб соналъ дун.

* * *

Рагъиде вахъана. Гъаларал гъутIби,..
Гъора хIанчIаз дие «ворчIами» кьуна.
Баркала хIанчIазе, гьеб лъикIаб рагIи
Лъималазда дагьаб кIочонеб бугин.

* * *

Гьанже гIолел васал, гьанже кьерилал
Чу кьолозе эмен куцулел руго.
Гьанже гIолел ясал, гьанже гIолилал
ГIодизе улбузда малълъулел руго.

* * *

Орденал: бахIарзал, кир ругел нужин, –
БахIарзал: бахIарго хъахIлъанин жалин.
Орденал: бахIарзал цIехолей руго, –
БахIарзал: бахIарго хванин жалилан.

* * *

Гьале гьаб хасалил хиса-басиялъ
Херлъигун рещтIана дагьаб лъай дихъе.
Лъанщинаб батана гьеб царал макру, –
Цогиги лъабго их кье дие, Аллагь!

* * *

КIиго бикьараб лъар цолъулеб буго,
Цо дуда къвал базе дир кверал гIадин.
Цолъараб кIиго лъар ана гIурулъе, –
Нилъер гIищкъуялъул щибдай букIина?

* * *

Дур карил расазул меседил квацIи
Цояб – кереналда, цояб – гъажалда.
Цо рас, сусур гIадин, кIалзул цолода,
КIутIби цолъаниги, бортун унареб.

* * *

Августалъул сордо, къандалъоялда,
Къаси бутIрул лъезе хIадурулел нилъ.
Лъимал гIадин, гордухъ балагьун гъутIби,
Огь, гъозда гьечIеб нич, гъозул цо чанкIкIи!

* * *

Рагъул частал руго, честьги ккун, унел
Чинал тIадегIанал командиразе...
Дицани кинабго гIалам ахIула
ГIищкъуе честь кквезе, дир командующий.

* * *

ГьитIинго дир бетIер къотIичIев Аллагь,
Къаламги, кагъатги, кечIги лъалалде;
Гьанже къойил дихъе вачIунев Аллагь:
«Аварав, как банин дуй пайда гьечIин».

* * *

Гьал дир пикрабазул маххул каваби
Рахан ратарал куц киналго мехаз.
Каранзул рекIеда зваргъолел рахсал
Меседил маржанал ругин ккарав дун.

* * *

Цо михъал какана, цоял реццана, –

Цоги гьал бугеб жинс жеги какичIо;
Гьезул кварал гьарун, къориниса дун
КъватIиве харилин буго кочIол хьул.

* * *

Гьаб дир ахIараб кечI гIарац батани,
АхIизе хIал кIвечIеб букIина месед.
Рокьи лъалеб дагьаб батани месед,
Лъалареб букIинеб кIудияб талихI.

* * *

Цояб кIодо гьабе, цо гьитIин рикIкIе, –
Гьединал гьалатIал лъилгоги ккола.
Нилъеца гIасияб гьаб гIасруялъул
Макруяб эркенлъи барки ккана мекъ.

* * *

Дида ккун букIана дида мун лъалин, –
Дида лъарай гурей цоги ятана.
Гьей цо цогиялъги хIикмат гьавула,
Амма цо-цо мехалъ пашман гьавула.

* * *

Улкаялда кверщел, чвантиниб букIун,
Бортараб бумажник кинигин буго.
Гьеб батарал руго рохелалъ унтун,
Гьеб биларал руго ццидаца унтун,

* * *

Радал бакъ бачIуна, чIаго вугищан,
ЧIалгIун гьечIевищ мун доре арахъан.
Дица жаваб кьола, «дорехун арал
Дида щибаб макьилъ рихьулел ругин».

* * *

Эбел, мунги, кечIги, зобалги рекъон,
Гьаб бакъул гъадаро – дунял дин кьуна.
Гъадрида кьватIичIеб бакI хутIун гьечIо, –
БитIулеб къагIида лъалев къебед щий?

* * *

Заманагун рокьул даимаб дуэль,
Дида гьеб гIадинаб гIантаб лъаларо, –
Пушкиница Пушкин кинан гьев чIвалев?
Гвадич саринazde саназ рехулищ?

* * *

Востокги Западги цолъуларила, –
Цо нилъехъ балагье, зоб-ракь цолъана.
Къо гьеб къо бугила, сордо сордойин, –
Цонигияб гьечIо, гьикъе рокьуда.

* * *

КечI лъугIараб мехалъ, гIорги бахун, дун
Доб цояб рагIалде щванилан ккана.
Мун данде чIварайго, анкьго гуребги
Микьабилеб дунял батанин ккана.

* * *

Бищун гIадамасе гIолареб щиб жо? –
ГIарац, мех, сахлъи, чед, гьаб чорхол гьава.
Амма гьездасаги бищун гIолареб
ГIадамасе кверщел батана щвани.

* * *

Цо-цо пенсияйин гьабула калам,
ГьебгIан дун хIинкъараб рагIи рагIичIо.
Дир хIасрат, щиб дуца гьалда абилеб?

Панаяб кечI, бице, кин жаваб кьелеб?

* * *

Дир кучIдузул тIармил тIеренал чIваби,
ТIадегIанаб рокьул дунял гьабулел, –
ТIеренаб черхалъул ясаца гурищ
Васалги гIаламги гьабулеб бугеб?

* * *

Гьадин къварилъизе къотIи букIинчIо,
Къвал цоцада бараб доб цо маялда, –
Нилъер къасдал лъачIел гIумрудул цIадал,
Нилъер гIищкъу лъачIел кIичIарал нухал...

* * *

Гьадалго дур берал, добго балагьи,
БетIер батIайиса хьвагIула цо-цо.
Гьадабго дур кIал-мацI, цо-цо рагIаби
РагIула цогиял... Ккана дир гIайиб.

* * *

Вай хьулазул эбел, хьулазул эбел,
ХьуцIилъ цIа бакулел гурищ нилъ ругел?
Вай гьаб гIищкъул халикъ, гьаб гIищкъул халикъ.
Ханида гIоркь гъезе лъугьун гьечIищ чи?

* * *

Дун гьаб гIумруялда лъабцIул мехтула:
Бокалалъ, кочIоца, ккараб гIищкъуялъ,
Дун гьаб гIумруялда лъабцIул вигъуна:
Бокалалъ, кочIоца, ккараб рокьуца.

* * *

ГIолохъанай эбел... Гьелъул лъимада
Дун лъикIаб гьуинаб рагIи абулев...
Эбел елъанхъула, – гьалда кин лъараб
Лъимер гIилла букIин гьейгун кIалъазе?

* * *

Зоб-ракь балагьичIо, бачIинахъего,
Мун кодой ячана, дир канлъийилан,
Зодой балагьана – гьеб гъоба гIодой,
ГIодой балагьана – гьеб доба зодоб.

* * *

БагIараб абула, багIараб гIищкъу,
Дир багIараб байрахъ, цо гьелъул буго.
ХъахIабин абула, хъахIаб дур гьумер,
ХъахIаб байрахъ дица дуе борхула.

* * *

ГъутIби, тIегь, гIурччинлъи, гIор, раса, ясал...
Россия, щибизе дуй парламентал?
Гьаб байдан чIван унел дунги Лейлаги...
Ленин, щай квералъ ниж рихьизарулел?

* * *

Нуж хIукуматазул хIакимал, рачIа
Гьаб цо гьукъараб лъим гьекъезе дунгун...
Нужер политикалъ чIвараб щинаб кеп! –
Цо кочIохъ гIенекке, ясахъ балагье.

* * *

РакIалда бугеб жо бицинчIого тун,
Гьеду чIегIерлъанин рагIун букIана.
РакIалда бугеб жо кIалалъ абичIев
Чан гьудул вукIарав, – гьел хъахIго руго.

* * *

ТIагъурни хисила, ретIел хисила, –
БетIер хисулебищ хасел щунилан?
ХIукумат хисила, ракьал хисила, –
Йокьулей, кечI дица кинан хисилеб?

* * *

Церекъад – росдал вас, къад гIолохъанчи,
Къаси – хъахIаб бетIер, хъван балеб гIазу;
Метер – хурдузулъе тIерхьунеб зани –
Халатаб гьечIо кечI нилъер гIумрудул.

* * *

Цо хIаким вачIуна – чIвалеб хъат, гьурра!
Гьев уна – нахъасан хъван балеб рохъо...
Дир век, бетIер кквезе, унго, мех щвечIищ?
Оц бикъараб мехалъ рахалеб каву.

* * *

Гьаб мехтараб къецги гьалагаб кепги
ГьечIеб цо чIинкIиллъи кибдай батила? –
Дий дугIа гьабуна минарабаца,
Дий хабар бицана хабазда хурдуз.

* * *

Абула, цин цебе рагIи букIанин,
Дидани ракIалде гьедин кколаро.
Дида рагIи лъана мун, данде чIвайгун,
Дихъе кечI бачIана дур квер босигун.

* * *

Рокьул институтан абуна цояс –
Рокьи гIелму гуро, гьеб гIумру буго.

ГӀищкъу дарманилан кӀалъана цояв –
ГӀищкъул унтиялъе тохтирлъи гьечӀо.

* * *

Гьанже матӀуялъув балагьаравго,
Цо батӀияб ургъел бачӀуна дихъе –
Дирго нодоялда рукӀкӀалай рихьун,
РакӀ, дур бахӀараб мех инилан хӀинкъун.

* * *

Дир ракӀ – сберкасса, кигӀан асарал
Ругел хӀасраталъул гьенир цӀунарал;
Рокьул цӀа цӀикӀкӀингун, цӀиял наслабаз
Гьел росеян абе кассаялдаса.

* * *

Цого рамкаялъуб кабинеталда
КигӀан тӀадчагӀазул сурат хисараб!
Кинал заманаби, унго, рукӀинчӀел, –
Эбел-инсул сурат дица хисичӀо.

* * *

Цо гъажалда лъикӀлъи, цо гъежда квешлъи
Кинабго гӀумруялъ хъвалеб буго дир.
Кинаб гьеб гӀемераб кийго лъаларо, –
Цин гьаниб, цин доба далула бетӀер.

* * *

ЛъачӀого гӀураб куц цо батӀияб гӀел, –
БетӀер хьвагӀолеб куц, нужехъ балагьун:
Лъаларо гурхӀунищ нужеда вугев,
Гурони жахӀдайищ дир нужелъ бугеб?

* * *

– Дуда рекIелъ бугищ доб гьитIинаб мех?
– Гьаб, дир цебе ккураб хъат гIадин, буго.
– Дуда рекIелъ бугищ жакъа араб къо?
– Гьеб дида кIочана, кIкIуйдулъе ана.

* * *

Огь, гIакъилзабазул ахIмакъал лъудби,
ГIакъилал лъудбузул ахIмакъал росал...
КIиялго гIакъилал, гьел абиларо, –
КIиялго гIадалал кинаб гьаб гIумру.

* * *

Дун гIажаиблъана, магIарда гIазда
ГIурччинаб мокьрогъветI хасало бихьун...
ГъутIбузда багIарал тIугьдуз абуна:
ТIубан рокьи кьуни, щибго букIунин.

* * *

Баркалаялъеги нагIанадайги
Нус-нус гIилла бугел гIасрудал санал...
Гьал судулел ругънал, регъезе гIакълу
БацIазда гьикъулеб гьаб божулеб халкъ.

* * *

– Дуниял, цогияб букIун буго мун,
Цебе лъаралдаса, бихьаралдаса, –
Дунялалъ абуна, жиб – добго торгIо,
Жиндир футболчагIи гьел ругин цоги.

* * *

– Щайзе, метерисеб, мун бихьулареб?
– Жакъасеб бичIчIулеб гьечIелъул дуда.
– Щайзе мун, жакъасеб, бичIчIулеб гьечIеб?
– Сон букIараб унти кIочана дида.

* * *

НагІана батаги, Карабах, дуе, –
Кавказалъул хъазан биххизабураб. –
Мун багъаяб бугищ, гьаб ракьул бутІа;
Бараб чІегІералъул, чІвараб вацлъидул?!

* * *

Берцинал руччаби, хал гьабичІого,
Хваниги кІоларо риччазе дида.
Берцинал руччаби... щибай гьей ккола,
Щаяли мун йигин, цо хутІичІого.

* * *

Цо бокалги гьекъон, гьебги гІечІого,
ГІемерабги тІокІлъун, чІвалеб гьаб гІакълу.
Цо гІадангун дандчІван, гьейги гІечІого,
ГІемералги рокьун, бикьараб гІадлу.

* * *

– Херал гІолохъаби, нуж дир тушбаби –
Те гІолилал ясал, намуслъуларищ? –
Хераб бахІарлъиялъ жаваб гьабуна:
Жакъа къвал бачІони къаси жиб холин.

* * *

Щай унго, дандчІварай гьай цо «хулиган», –
ХутІарал мадонал дида къосине?
Къвалищ гьалда балеб, бадибищ твилеб? –
Берал кьурдулел куц: Гьайбатай «куцквеш»...

* * *

Унтарав херлъарас цо нухалъ дида

ЦохIо талихI бугин жиндир абуна:
«Дица чIужугIадан пашман гьайичIин», –
Дун пикрабалъ вуго гьесухъ гIенеккун.

* * *

КIиго горда гьоркьоб рогьалил гIужалъ
Рагъида цIаюцIцIун йиго цо гIадац...
Гьелъул рос жегиги вегунищ вугев
Яги сапаралда къватIивищ вугев?

* * *

Гьанже ахиралда, нух тараб мехалъ,
Дун кочIохъан гурев дида бичIчIана.
Гьевлъун вукIине дун цIакъ хехдарана,
Хадув гьев лъугьине дун цIакъ кватIана.

* * *

МахIмудида гьикъе, – дун поэт гуро,
Заловасда гьикъе, – дун поэт вуго.
Гьезул киназда дун божизе кколев? –
Киназдаго лъала, дидаги лъала.

* * *

Нилъер мина буго Кремль гIадин,
Дораги какделел цоцазде руго.
Добаги гьекъеэе бегьулеб гьечIо,
Рокъобги гьеб дуца биччалеб гьечIо.

* * *

Хрущевасдаса щивго хIинкъичIо,
Брежневасдаса щивго хIинкъичIо,
Горбачевасдаса щивго хIинкъичIо, –
Щай, мун Сталинщц, дукьа хIиккъулин?..

* * *

Дида лъачIеб рохел, диц щвечIеб талихI
Щибасе бикьизе бокьун вуго дун, –
Гьедин ХIаямица нилъее тана
ТалихIги рохелги, жиндаго лъачIеб.

* * *

Аллагь, дуе щукру, чанги ургъараб
АхIмакълъиялдаса гIищкъу цIунеян.
Аллагь, тIасаъугьа, духъ гIинтIамичIеб
Чанги гIанталъ рокьи гьоркьоб дир течIо.

* * *

Цоцазе рокьизе гьал гIадамазе
ЦIакъ кIудияб гIакълу къваригIунаро.
Амма гIумру лъараз абулеб буго:
Гьелдаса гIакъилаб щибниги гьечIин.

* * *

Нужер рокъоб жужахI, къватIибги балагь,
Къоги нужей сордо, рииги: хасел...
ЖахЦда-ццин, нужеда дун гурхIулев куц,
Нуж гIадал гъаримал унтарал гьечIо.

* * *

Анкьго яс йикIана гьаб сессиялда
Цо дун балагьулел, гьаб дир ракI цIалел;
Гьел трибунаеде рахингун ккана
Мун депутат гьечIей дир талихI бугин!

* * *

Физикал, лирикал... НекIсияб дагIба
Гьанже политиказ къине гьабуна,
Дун гьездаса къуни – къваридав асир,

КъватIиве ворчIани – гьеб дур берлъенлъи.

* * *

ТалихIал къасдазухъ къваридаб диван
Къоязги сардазги гьабун толеб куц!
Къокъаб рохелалъухъ халатаб гIазаб
Дие гьаб гIумруялъ кьолеб бугео куц!

* * *

Дида батIияса ахIилаан кечI,
Кверал дида бадир чIвачIеланани.
Дица батIаяса хъвалаан тIамур,
ТIадмагIарул хурзал рекьаралани.

* * *

ГIинда – буртIинкилщал, кверал – беразда, –
Каранзул рекIеда – азарго рукIкIен;
Гьеб мехальги дица дир кочIол чIорал
ЧIегIераб царада щвезе гьаруна.

* * *

Дун вижунин абун, гьеб абиларо,
Аллагь, гьай йижарав щукру буго дуй;
Дунял щунин абун, гьеб бицинаро,
Гьай гIадан йижарав, щукру буго дуй.

* * *

Нилъер рокьуе нугI Аллагь гIелаан,
Аза-азар дугIа щай гIищкъуй хъвараб?
Аллагьас бижараб гъотIол гьабураб
Пандрил чIваби руго – лъица гъол хъвалел?

* * *

Дир самолеталда цIа рекIун буго,
ЦIер, гороялъ куркьбал рухулел руго.
ГIодоб кIкIалал тIинда дир тIубачIеб хьул
БахIарал саназул саринал ккола.

* * *

Дица дур кваранаб квер босарабго,
КвегIаб кверალъ дагьаб тIайиб гьабуна.
Дица дур квегIаб квер каранде къайгун,
Кинабго къаркъала дагьаб барщана.

* * *

Бегун унеб гьоко, гьаб нилъер дунял,
Дуца квер чIвалареб кинан, дир шигIру?
Биххун унеб буго дур рукъалъул къед,
Къвал щай гурулареб дуца, дир рокьи?

* * *

Дов – жиндирго хабалъ, гьов – жиндир хабалъ
Хабар гIелцоязул рагIула сардилъ:
РукIарал къасдазул щиб жо ккарабин,
Киналго къецазул щиб хутIарабин.

* * *

Огь, гьаб политика, гьетI-гьетIи, кIичIи,
Гьалъ цIехон батичIеб цIцIел сухъмахъ гьечIо.
СихIирлъи лъалареб дир нух цо гIищкъул,
Цо гIаданалъ дида бихьизабураб.

* * *

Арал рачIинилан ракIалде ккунищ,
БукIараб мехалде балеб гIарада?
Хварал рорчIилилан хIинкъунищ ругел,
ХIур гьабулеб буго памятниказул?

* * *

Яс гIун йигей лъала, гIемер лъадай ун,
ГIеретIги бекун, гьей ячIараб мехалъ.
Дур хъаба чIинтIараб чIахъаги доб къо, –
Дица къвалакь кверал чIвараб дур рагъи.

* * *

Цере ккурал кверал, как, вагIза, дугIа, –
Кверкьовулъе чагIи гIедегIулел куц!
ГIадамал, санайил зигара балел,
Зарар щай гьабулеб чIаго ругезе?

* * *

Телевизоралъул анлъабго канал,
Киналъ дий бицинеб гьалдолеб рокьул?
Гьелъие нужер бакI гьечIеб батани,
Гьале дун, гьале дой – ниж кIалъазе те!

* * *

Гьанже гьал рагIаби, гьанже къарарал
Ихдал къоролалъул рекIел къасдалищ?
Гьелъ къол анцIго нухалъ ретIел хисула,
Цин хинлъулей йигин, цин квачан йигин.

* * *

Их бащалъулъ жеги жалго хутIанищ
Хиял лъечIеб хурги, лъикIай гIаданги?
Дий их бащалъула хасел бакьулъги,
Дур хиял гьабичIеб гьечIо дир сагIат.

* * *

КигIан цо-цо цIорон мун кIалъаниги,
Дида цIа бакула, йокьинай, дуца.

КигIан хинаб калам букIананиги,
Дун квачазавула йокьинариялъ.

* * *

Больница... Лъилъилеб лъалареб унти.
Хасел... Биинеблъи лъалареб гIазу.
ГIажаиблъи, дир хьул кинаб халатаб,
Хиялазул берзукь щаим мун йикIун.

* * *

Их щунилан абун, щиб дие рохел? –
Щибуниги нахъе унареб хасел.
Мун ячIун кIалъазе гьечIеб санагIат,
Гьай кIодохъ балагье кIутIби релъулей.

* * *

Дица дуе кьуна азарго тIокIцIар:
Киналго ратана гьел хIакъикъиял,
ТIегьилан, бакъилан, канлъи, дарманин...
ХIикмалъула гьанже, – ПатIиматищ мун?

* * *

Океанал щал жал, зобал кинал жал? –
Киназдасаго ракь бечедаб буго,
Амма ракьги, зобги, океаналги
Мун гьечIони, рокьи, гьардухъай руго.

* * *

Дуде балеб гIазу диде бай абе,
Диде балеб гIазу дуде багеги.
Дуе бугеб ургъел дие кье дуца,
Дида бугеб ургъел дуда лъагеги.

* * *

ЦІадал къалиялъухъ бакъул сахІ кьолел,
Гьал дир бакънал раче, нужеда цадахъ.
Ццидал гІарщиналъухъ гІищкъул натІ кьолел,
Дунги гІахьал гьаве гьеб нужер дармилъ.

* * *

ЦІад балеб мехалда хурдузул лазат...
Гъозухъ балагьула, духъ балагьула,
Бакъ щвараб мехалда хурул берцинлъи...
Гьелъухъ балагьула, духъ балагьула.

* * *

– Щайзе гьаб ракьалда кьаллъулел чагІи?
– Гьаб ракь гІоларого я гьеб гІемерлъун.
– Щайзе гьаб ракьалда рокьул кьал бугеб?
– Рокьи гІоларого я гьеб гІемерлъун.

* * *

ГІолохъаби руго, жидер бакъназухъ
ЖахІда бугин дирин, ахІун бачунел.
Дирни жахІда буго бахІарал санахъ, –
Саринал рукІарал дидаса инчІо.

* * *

– Щай цо-цо нилъер чи дий чиярлъарав?
– Чарал гъудулъе ун, цІудул гІамал тун.
– Щай цо-цо чияр чи дий нилъерлъарав?
– На кинигин хІалтІун, тІутІал рехун тун.

* * *

Огь, кечІ хисараб куц, гьай цо меседо:
«Баргъичал рокьилин, мун вокьиларин».
Бакъан сверараб куц, гьав цо кьерилав:
ГьабсагІат къвал балин, къаси кІоченин».

* * *

Дица кечI ахIана гъитIинго марталъ,
Гъудул, мун дандчIвайгун тIурал дол чIваби.
Лаилагь абуна дица цIакъ кватIун,
Квешлъи гIасруялъул гъабун хадуса.

* * *

Аза-азар рагIулъ бищун бокьула
Вокьулин цо рагIи магIарулалъул.
Гьеб жеги рагIичIел дуниялалда, –
Дун гьезда кинигин барахщуларо.

* * *

– Дида рокьи лъана, кечIги ахIана,
Киниги кIикIана, щай, зоб, зваргъолеб?
– Дун рокьи лъачIезе, кечI ахIичIезе,
Кини кIикIичIезе зваргъелеб буго.

* * *

Закон бахъизегIан хIалтIи танани,
ХIалухъин хурибго хутIизе буго.
ХIукму бахъизегIан рокьи танани,
Йокьулелда чIанда чIалгIине буго.

* * *

Киниялда лъолеб лъимадул каранлъ
Квер лъе, гьениб буго недегьаб кьегIер.
Кьижунищ букIараб гьелда жаниб бацI, –
БорчIизе гьабулеб гьаб гьалагаб мацI?

* * *

Герояс абуна, черх сукIулелъул,

Чи, дий мун вокьулин, цIадор вукIайин.
Дица хвалда цебе абулеб буго,
Инсан гIасилъуге, лъикIлъи гьабеян.

* * *

Кьалулги байбихьи букIуна кIалзул, –
КIиязего балагь гьабун лъугIана.
Балайги байбихьулъ букIуна кIалзул, –
КIиязего лъимал гьарун лъугIана.

* * *

Мун кодой щвезегIан ахIанщинаб кечI,
Ккаравщина гIодов, чодаса вортун.
Мун кодой щварайго, гIищкъул шигIраби,
ГIурдаде чвахулел цIадаз ахIула.

* * *

Цо гIащикъасухъе кагъат бачIана,
Гьай гIадан течIони мун чIвазе вугин.
ВачIунаро гIащикъ гьудулалъухъе,
Гьадингояб гьури – хIинкъараб рокьи.

* * *

Духъ цин балагьана, гьаб ракI кIетIана,
КIицIул балагьана, лугбал сорона.
ЛъабцIул балагьана, сарин бачIана,
Санал ана, гьале, поэт лъугьана.

* * *

ГIазу бана гьанже, дица дуе тIун,
ТIегь кьураб доб байдан батулеб гьечIо.
НакIкIал бакIлъун руго, самолеталда
Сардилъ аэродром батулеб гьечIо.

* * *

ГьитIинаб мехалда дир жахIда ккана
Кирниги рикIкIаде роржунел хIанчIахъ.
РикIкIаде щварав дир, кIудияв гIейгун,
МагIарул цIумахъе цIалеб буго ракI.

* * *

Огь, Гъуниб бигьари, дуда дун лъанищ? –
Дой рокъой хутIана, салам битIана.
О, хундерил чIвахи, дун кIочон танищ? –
Долъ дуда кIал чIваян гьарун букIана.

* * *

КьилимегIер, дуда кинан гьаб кIолеб
КIалъачIого чIезе, гIасрабаз буцIцIун?
ГIазу бананиги, цIер бананиги,
Дуца цIа гьаричIо, рокьи лъачIеб мун.

* * *

ГIелилан – гьаб бетIер, гIоларилан – ракI,
ГIумру унеб буго, лъугIуларо къец.
Тейилан – цояб бер, тIейилан – цо бер,
Цоцахъе бахъулеб бугр гьаб бокал.

* * *

АхIулеб кечIалъулъ берцинлъи гьечIо, –
Берцинаб букIинищ сверулеб дунял?
Рицунел рагIабалъ гьуинлъи гьечIо, –
Гьуинаб букIинищ нилъее яшав?

* * *

БукIинин букIараб гьава хисана,
РикIкIунев вукIарав гьудул хисана,
БетIергьан аллагьас дун гуккиларо,

Гуро, щайха бакънал даим хисулел?

* * *

Дир рекIелъ гьве буго даим хIапдолеб,
ХIасратай йокьулей, кий мун йигеян.
Каранда чу буго дир бекерулеб,
Дагъистаналъ кибе ахIананиги.

* * *

А мун, бакъ, а мун, къо, къотIи бугин дир
Къаси дой гIадангун гара-чIваризе.
БачIунгеги рогьел, рагьуге горду,
Гвангъун бугин дие гьадинги сордо.

* * *

Бищун гIемер сундухъ дун балагьулев? –
НуцIихъ балагьула, гьеб рагьиладай?
ЦIадухъ балагьула, гьеб свинедайин,
СагIтихъ балагьула, заман щванадай?

Къадал цололъ лъолел ганчIал кинигин,
КочIол цололъ лъолей дир ункъабго мухъ.
Дица нуж рахъила, къачIа-кIатIала,
Къадахъабаз кьурул гьецIо кинигин.

* * *

Гьаб дир рокьиялда бокьарал божа,
Бокьарал божуге, жо абиларо.
Жидеда гьеб лъачIел кинан божилел?
Лъарал, божичIого, кире кIанцIилел?

* * *

ТIубалареб анищ, ахир гьечIеб къец,

Я къун вукIунаро, я бергъунаро.
Гьал дир къасдасул цIа, къватIиб гIазу-цIад,
Я цIер биунаро, я цIа сунаро.

* * *

– Мун кин гIажизлъараб, дир гIедераб чан?
– Чиясда божиялъ, гьесул сихIруялъ,
– Мун щайзе гIодулей, гIолохъанай яс?
– ГIолилас абураб гьереси батун.

* * *

Дуца Шамилил бо щущазабила,
Живго ХIажимурад хIинкъила дукьа, –
Огь, гьерсилай гIадан, дур кIалзул кьвагьи,
Дица кIиябго квер борхула дуе.

* * *

ГIадамал рукIуна, хурухъ балагьун,
Хирияб ракьалде цIер багейилан.
Дицайин абуни, гьарулеб буго,
Панаяб рокьуде цIер багейилан.

* * *

Дун квешлъун хадуса росу рихуна,
Росу квешлъанани, улка квешлъула.
Урхъарай, гьардарай, мун квешлъанани,
Кинабго дуниял, гIалам квешлъула.

* * *

Абула, ракьалда бокьанщинаб тун,
Ракьулъ цониги чи лъечIилан абун;
Йокьулей, ракьалда щибго кваричIин,
Мун щвараб мехалда абуна дица.

* * *

Черхни гьетIулеб жо, ботIрол пикраби,
Гьава хисунилан, хисичIел ани.
БетIерги херлъула, цинги хъахIлъула,
ХъахIлъуларебани бахIараб хIасрат.

* * *

Гирулеб бетIералъ гьарун рагIула:
Гьаб кIочараб дида бихьугейилан.
Гирулеб бетIерищ гьаб дунял бугеб, –
Балагь мех анагIан гIасилъун бугин?

* * *

Гьал цо гIадамазе гIодулел берал
ГIунгиI тIокIги руго дуниялалда.
Гьал цо гIадамазе гIорцIарал чахьал
ГIолел гьечIо кинго дуниялалда.

* * *

Бакъараб мискинлъи макруяб рагъда, –
Нусазарго соналъ рекъел гьечIеб кьал...
Рокьи, гьоркьобе ун, гьезул кверал ккве,
КечI, гьел гIагар гьаре, бащадги гьаре.

* * *

Ралъдаца къинчIеб дир гIоралъул гьаракь,
ГIуруца къинчIеб дир, лъаралъул бакъан...
МагIарул иццухъан араб гIищкъул кечI,
Мун ралъдалъе унищ, салулъ тIагIунищ?

* * *

Сордо ун, къо щвелин къасдалъ вукIана,
Къаси сордо лъана, гьечIо дир гьудул.
Рукъ хуралъ гIуцIилин хиял букIана,

Хурги гъаримлъана, гьечIо дир гьудул.

* * *

Чан хиял букIараб, хун лъикIан абун, –
Эбел цее чIана, лъимал цIунеян;
Баккана гIурда тIегь: гIумру, гIумруян,
ГIодана къункъраби: лъимал цIунеян.

* * *

Баркала, дир аллагь, гьанжелъагIан дун
Гьаб дуниялалда таралъухъ гьадин.
Аллагьас абуна: мун къаникь лъелин,
Бищун дуй дуниял къваригIарабго.

* * *

ГIумруялъул бугеб цо балагь буго,
Бищун анищияб мехалъ лъугIула.
Гьединан букIуна ахIулеб кечIги, –
Бищун кеп щолаго гьоркьоб къотIула.

* * *

Йокьулей, зоб-ракьалъ дида абуна,
Жал рекъезе гьечIин, нуж рекъечIони.
Йокьулей, цIад-бакъалъ дида абуна,
Жал рекъезе ругин, нуж рекъанани.

* * *

Щив баркат гьечIев чи дандчIварав дуда,
Даим нух битIичIеб дир ВатIан-улка! –
Устар живан абун гьалайчи чIунищ?
ГIакъил живан абун ахIмакъ лъугьунищ?

* * *

Кьвагьулареб туманкI, ахIулареб кечI,
Ватуларев гьудул – гьел гIемерлъана.
Амма дир ццин гьечIо, дунги рокьиги
Ракьалда гьел рикьун, ругьунлъун руго.

* * *

– Рокьи, щай щурщулеб? – Диктатураялъ.
– Рокьи, щай ахIдолеб? – Демократия.
– Рокьи, щай бахчараб? – Диктатураялъ.
– Рокьи, щай нич тараб? – Демократия.

* * *

Иш битIун ккелаан, гьаб ракьалда тIад
Рокьул диктатура букIарабани.
Дир кечI, гьелъий гуреб мутIигIлъуге мун,
БотIродаса тIолго рас бетIаниги.

* * *

Цере роргулаго, цIер тIураб мехалъ,
ЦIер тIотIолеб буго, цере унел нилъ, –
Яги тIад руссуна, я тIинде уна.
Цогияб нух гьечIо... Кинаб бищилеб?

* * *

Щайзе гIабдаласе демократия? –
Гьес, гIариги бухIун, цIадай рачуна.
Щай демагогазе гьаб диктатура? –
Гьез, дунялги бухIун, кьалде рачуна.

* * *

Демократияйищ, диктатурайищ? –
Дунялалда гIодой чвахулел биял.
ЦIияб пикруйищ гьаб, некIсиябищ гьаб? –
НакIкIал улкаялда сверулел ругин.

* * *

Жалго хвараб мехалъ хадуб жоялъе
Херазул букIуна бахчараб гIарац.
Дунго холеб мехалъ хадуб жоялъе
ХутIилелщинал дир хIисабал, къасдал...

* * *

Дун духъе кватIана. Нухда рагIана
МугIрул гIенеккарал зобазул гьаркьал,
Музыка, мун гIадаб хIикмат лъаларо,
Дир хIасрат цохIо дуй мутIигIаб буго.

* * *

Бицуна роржунел гъудрузул дие, –
Дол рухIалцин гурищ доре аразул?
Доб цо дунялалде, гьанже ракьалда
Нилъер хъуяз, гьаркьаз паракъат течIел?

* * *

БухIулеб АхIулгохI гIадаб дуниял, –
Даим гьалаглъулеб пожар дур рокъоб:
Гьаб демократиялъ биххулеб низам,
Диктатураялъул цIоб гьечIеб зулму.

* * *

Гьаб гIищкъу мекълъараб, гIумру тIекълъараб
ГIаламалъе кинаб бакъан тIамилеб?
ГIарадабазулги бомбабазулги
Бакъналищ ракьалъе гьанже рокьарал?

* * *

Дунял букIун буго БецIахIар гIадин,
МоцI-цIва гьечIеб сордо, сварал чирахъал.

Цинги, нилъ рачIингун, гьаб ракьалда тIад
Рокьиялъуд цIаялъ гвангъана гIумру.

* * *

ГъветIги тIегьги гьечIеб, тIор, херги гьечIеб
Цо хIур букIун буго некIо гьаб гIалам.
Гьелъухъ чIалгIунищ гьал, чIаголъи лъарал,
ЧIвачIвадилел ругел, рагъулел ругел?

* * *

Рокьуе баркала гьаб кечI кьуралъухъ,
КечIалъе баркала рокьи малъулъараб.
Гьезул кIиязего анцIго баркала
Зоб, ракь, мун, дуниял дие кьуралъухъ.

* * *

Бакъги, моцIги, цIваги – лъабабго чирахъ,
Лъала, киназего ракарал руго.
Бакъги, моцIги, цIваги – киналго ссуна,
Дир канлъи, дур гьумер гвангъараб мехалъ.

* * *

Лаиллагь бачине цIакъ кватIана дун,
Канлъи дир беразул дагьлъараб мехалъ.
Далалай бачана бахIарго дица,
МахIмудихъ гIенеккун, какимех кIочон.

* * *

КIалал – пулеметал, патронташ – кIалъай...
Гьаб гьерсазул дунял, – пулеб бугеб куц!
Гьанже дун божулеб цохIого цо жо –
Цоцалъ цулел кIутIби.. КIочана щибго.

* * *

Гъовги дойги руго, цоцазул рукь ккун,
Рокьул кечI ахIулел. Рокьулелдай гъол?
Рокьулел нилъ руго. Нилъей щай кьечIеб
Гъозул гIадаб гьаракь... Огь, жагьандаман!

* * *

Дунял-гIаламалъул хIал лъала дида,
Дур хIорилал берахъ балагьаравго.
Дуниял гьимула, мун гьимарайго,
ГIалам пашманлъула, мун пашманлъани.

* * *

Дунял, бокал гIадин, кодоб ккуниги,
Кеп букIунаро дий мун юкIкIанани.
ГIасру, зурма гIадин, пуйзе кьуниги,
Кьурдуларо дир ракI мун рекIекълъани.

* * *

– Мун щайзе росулъе гьанже дагь щолев?
– Дагьлъана санайил гIагарлъи доба.
– Бугониги, гIураб ВатIан гурищ гьеб?
– ВатIанги пашманаб, гьудулзай гьечIеб.

* * *

Бухулеб къалиги пулеб зурмаги...
Гьоркьор толароан дица бертаби.
Гьанже дунялалъул кверкьовулъ вукIун,
Кьурдизе мех гIечIо дий бертабазулъ.

* * *

ГьетIараб, биххараб чабхил нухалда
Чоца рехарав дун дагIба-рагIиялъ.
Дир мехги, дир нухги, чуги – гIабдалзай, –
Мунги гIабдалилан, данде чIола гьел.

* * *

ГІасрудал аххада чвахулел бияз
Чиясе ахирги кьеларищ гІакълу?
Яги гІаламалда рокьи лъугІунищ? –
Йокьулей, яха мун борхатаб тІохде.

* * *

Санайил дагьлъулеб ЦІада гІагарлъи, –
ЦІияб, бачІунеб гІел дида дагь лъала.
Ясал цІваканагІан цІоролел бакънал, –
ЦІиял кучІдул дида дагьал ричІчІула.

* * *

Алжан бакьулъ бугеб гъотІол гьукъараб
Пихъил хІакъ босарай даимай ХІава.
Дицани дуй гьеб гІеч хІалал гьабула,
ПатІимат ячІине кьучІ дуца лъедал.

* * *

Йохъ, хвел бачІунилан дун хІинкъуларо, –
Бугеб хІалихьалъи бихьичІого лъикІ.
Ахир щолеб мехалъ сородиларо, –
Чанги сахал чагІи руго ракьалда.

* * *

– Бищунго хІайранаб хІухьел лъил бугеб?
– Лъимадухъ гІенекке, кинида лъолеб.
– Бищунго бухІараб магІу, лъил бугеб?
– Эбелалъул бадиб балагье лъазе.

* * *

Йокьулейги гьечІо йокьулей гурей,
Гьоркьоб цо мехтараб «гъалатІ» кканиги;

Дагъистан цо гуреб, цогияб гьечІо,
Цо-цо Парижаца бецц гьавуниги.

* * *

Васал гьечІев эмен хведал кІочонин,
ХабарчагІаз дида тункизабула.
Щайха кІочон течІев кІудияв МахІмуд
Я васал, я ясал течІого арав?!

* * *

ЧІужугІадан, дуца дуниялалда
Дуй гІоло рухІ лъица кьолеб гьикъана.
Кьолон буго дир чу, ана дун чабхъад,
Дица ракьуй гуро, рокьуй кьола рухІ.

* * *

КІудияв кочІохъан далараб мехалъ,
Рорхарал гІисинал гІемер рихьана,
Цо кІудияб кьуру кьвагьун биххигун,
Ахада гиргилел ганчІал кинигин.

* * *

Дун гьанже херлъигун рагъде вахъана:
Ханжаргун, кечІгун – дун, как, гІансагун – дов.
ГІансил кутак бергьун, квералги рорхун,
Гьаб дир гІолохъанлъи тІурулеб буго.

* * *

Дун тІохде вахингун нухаз ахІана,
Лъейилан чуялда чергес кьилиян.
Гьанже нухда вугев рукъалъ ахІула,
ГІансагун гьецІ босе, цуоса жинхъеяв.

* * *

Огь, рагIун букIана, божун вукIинчIо,
БукIун буго чорхой Чернобыль херлъи.
Берзул сунеб канлъи, кверзул унеб жан,
Карабах гIумрудуй гьаб гIоларебищ?

* * *

Я рокьи лъалареб, я кьал лъалареб
Кьижулеб лъимадул берцинаб хIухьел.
ХIасрат дида лъараб дудаги лъаги –
Гьаб дунялалъул ццин дуда лъагеги.

* * *

Дийни щиб, дий гIела гьитIинаб мина,
Гьай ячарай лъади, гьарурал лъимал...
Амма дун лъугьани кучIудул ахIизе,
Дунялги гIасруги гIоларо гIищкъуй.

* * *

Рокьуца гьалдана, цинги гьелчана,
Цин дун велъанхъана, цин магIу тIуна. –
Диктатураялъул кьватIараб кьуру,
Демократиялъул ротулел къадал!

* * *

Дуда бащадаб жо щибго дир гьечIо,
Дуда бащалъулеб щибго батичIо,
Дуда бащалъулеб кибго батичIо, –
Кидаго, кидаго гьедин вуго дун.

* * *

Ицц гьечIеб магIарда чу кIутIулев щив?
ЧчугIа гьечIеб лъелъе гьин рехулев щив?
Чагъир гьечIеб кIатIахI кIалдиб чIвалев щив? –
Мун гьечIей бакIалда дир ракI гьелебищ!

* * *

Цо-цо мехалъ ккола, ккечIеб анищан
Карандаса гурде бухIараб рокьи,
Рокьи лъачIед дандчIван, гурхIула дир ракI,
Гьал ганщил гIинзунир гIун ратилилан.

* * *

– Рокьул цIа бищунго кида гвангъулеб?
– Кверал тIоцерехъе цоцахъе кьейгун.
– Рокьул цIа тIадеги кида гвангъулеб? –
Киниялда лъимер бущараб мехалъ.

* * *

Цо хиял букIана каранзул рекIел,
Кидадай, дир дарман, мун дандчIвалаян.
ДандчIвана, хиялал дир азарлъана,
Ахир гьезий гьечIеб дида бичIчIана,

* * *

Рокьи, бугониги цо-цо мун, тамихI,
Рокьи гьечIониги, гIасияб тамихI,
Рокьи бугони, гьеб – бергьараб талихI,
Рокьи гьечIонани, гьеб – гIантаб талихI.

* * *

МегIерги бахина дуй гIоло дица,
ГIоралги рахина дуй гIоло дица...
Дида тIад роржунел хIанчIаз абуна:
ХIасраталъул гIадал кваркьаби гьечIин.

* * *

Гьанже пачалихъаз хъвалел къотIаби,

Нилъер къотIи гIадин, тIуралелани,
ТIолабго дуниял гIищкъул цIелааан,
ГIаламалда хъизан биххилароан.

* * *

Огь, улкадул лъимал, ракьалъул васал,
Нужей бицанщинаб гIемераб рагIи!
ГIораз, гьураз росун аралщинал гьел, –
Гьерсахъ орден гуреб щибго кьоларищ?

* * *

Мун – дир рукъ, рукъищ гьеб, мун гьечIони рукъ?
Мун дандчIвачIеб росу, росу гуро гьеб.
Жибго дуниялги дунял лъугьана
Дида мун лъарайго, магIарул Леди.

* * *

МугIрул берцинлъула берцинал рохьаз,
КIкIалал берцинлъула берцинал иццаз.
КучIдул берцинлъана, дуца ахIигун,
Дунял берцинлъана, мун балагьигун.

* * *

Гьаб дуниялалда миллиард васал,
Гьаб дуниялалда миллиард ясал...
Аллагьасда гуреб кIвезе букIинчIо
КIиялго цоцазда лъазе гьаризе.

* * *

Гьанже улкаялъул хабар бицингун,
Хабалъан Сталин велъулев вуго:
«Цо дун вугевани довайин», – абун.
Дица «йохъ, кIваричIин» абулеб буго.

* * *

ХьокбакІил гургинал бутІрул кинигин,
БатІа-батІа руссун чІарал миллатал.
Бекизе къачІараб ханихъ кинигин,
Хал гьабун вуго дун Дагъистаналъухъ.

* * *

Дуца – цохІо рагІи, дир – кІиго рагІи,
Дица – кІиго рагІи, дур – лъабго рагІи.
Лъеберидe щвана, гІурхъи бахана,
ГІезе заман щвечІищ, рачІа къвал базе.

* * *

Далалай ахІана бахІарал ихаз,
Дулалай бачана вачарал нухаз.
Гьанже улкагин дун цадахъ унтунищ? –
АхІулеб кІиязго буго вабабай!..

* * *

Инсул чухъа васас цІадаб лъун буго,
ЦІияб босилилан, гьаб басралъанин.
ЦІияб балагьула, батулеб гьечІо, –
Гьелда релълъун гьечІищ мун даим, улка?

* * *

– Щиб жо, цІадираби, цІалеб нужеца?
– Цебе гьабурабги гьанже бугебги,
– Лъилха, цІадираби, цІайи бергьараб?
– Цого гьирал руго, гьечІо батІалъи.

* * *

БоцІи къваригІуна лъабго къоялъе,
Лъади ячунелъул, гьалбал рещтІингун,
Гьаб гІумруялдаса ратІалъулаго.

...ИяхI къваригIуна киналго къояз.

* * *

Бокьани рикIкIе дун консерваторан,
Бокьани рехсе дун радикалазулъ;
Дие батIалъи щиб? ГIищкъуги кечIги
ГIумруялъ букIинчIо партиялда дир.

* * *

Чачанал, ингушал ана, руссана,
Аза-азар чорхол ругънал регъана.
Амма чилъиялда, яхIалда лъурал
Лъилъуларел ругънал, щибилеб гъоза?

* * *

Гьанже гIолилазул кучIдухъ гIенеккун,
Окуджавал ругин ккола киналго, –
Кинан гьаб ракь гIолеб гьазул гьаркьазе,
Ракьуе, къасдазе – гьадин къваридаб?

* * *

Булат, гитара кье депутатахъе,
Дида гьал гIадинал бардал дандчIвачIин,
Микьабго микрофон гьаб мажлисалда
Дуй бакънал рачунеб, бакъараб улка.

* * *

ВатIан тун арав, вас, хутIарай эбел...
Хал гьабула гьезул пашманал берахъ.
Гьазда ракI гурхIана, амма, дир ВатIан,
БатIаго бищун цIакъ дуда гурхIана.

* * *

Аза-азар соназ рагъилел руго
РитIухълъи ва тIекълъи тIатIала, гъоркь ккун:
Лебалаб ритIухълъи – мун бидул цIураб,
ЦIукIамахIаб тIекълъи – тIурун борчIулеб!

* * *

Кьалул цIадав гIурав Генуса Шамил
Гулбуз гьоркьов тана, – хъахIлъана мегеж.
Рокьул цIадав гIурав ХъахIабросулъев, –
ХъахIлъичIо цохIо рас, – чIвана бахIарго.

* * *

ГIолохъанав шагIир трибуналда,
ТечIо гьас кIудияв цо кIал кьабичIев.
Дир кьегIерин, – гъежда квер лъуна херас, –
Хал гьабилин духъги, чахъу лъугьингун.

* * *

Бищун берцинаб хIинчI хIелеко буго, –
ХIетIе босулелъул ботIрол цо кIичIи!
Амма тIеметIбагIар рикIкIад гьечIелъул,
РикIкIунеб гьечIо гьеб роржунел жалалъ.

* * *

Доба Карибалда лъим бацIцIадаб бакI
Балагьун, сверулел руго лангустал,
Гьел церетIамуна, улка тун унел
Эмигрантал рихьун, гьезухъ балагьун.

* * *

Пушкинил мехалъул руччабиййилан,
Беричал мусудул руго сураталъ.
Къоабилеб векалъ мун яккун йиго,
Пушкин кив вугевин, гьале дунилан.

* * *

– Гьанже гIищкъу кинаб гьадин гIасияб?
– ГIуруца чиясул божи ун буго.
– Гьанже гIасру кинаб гьадин нич гьечIеб?
– Нич гьечIел гIадамал гIемерлъун руго.

* * *

Лъимадул божилъи, – кодой щвараб хIинчI,
Квердаса боржингун, лъукъун рагIула.
Дир бахIараб божи къад данде чIваралъ,
Къаси рихьилилан, гуккун лъукъана.

* * *

ЦIан букIараб бертин, къварилъаби ккун,
КигIан нахъ тIамураб гьал нилъер къояз!
Щибаб къоялъ кверкьей гьанже улкадул, –
Унго, букIинарищ тIокIаб гьаб бертин!

* * *

Рачарал, риччарал, ригьин биххарал,
Гьаб мех бахъанагIан гIемерлъун руго,
Гьел цо сабру гьечIел гIолилазулищ
ГIамал босун бугеб нилъер улкаялъ?!

* * *

КигIан матIуялъур балагьаниги,
БатIиял руго нилъ гьал ругездааа.
Нилъго нилъеда нилъ дагь лъалел руго, –
Демократиялъ гьеб бихьизабуна.

* * *

Намусалда лъураб гьитIинабцин тIанкI,
ТIолго гIазабал кье, хисила дица.

Жегиги бахIарго кочIол яхIалда
Лъураб дагьаб ругъун регъолареб куц!

* * *

РекIелъ жаниб течIеб, кIалалъ цIуничIеб
Доб кIиго рагIиялъ хисараб къисмат!
КъотIной, берал берцин, мун данде чIваялъ,
ЧIолеб бакI лъачIого, дир ккараб гIумру!

* * *

Гьал росулел квераз кинаца щибдай
Гьаб дуниялалда гьабулеб бугеб? –
Дирни санал ана, хъатикь къаламгун,
ХъахIаб кагъаталде рокьи цIалкIулев.

* * *

Дунго дунгойилан дунги лъугьани,
Дунго дунгойилан мунги лъугьани,
Дунго дунгойилан довги лъугьани,
Щив гьудул вищилев гьадал гIадамалъ?

* * *

Инсудаса хIинкъун, гьекъана балъго,
Лъадудаса хIинкъун, гьекъана балъго,
Лъималакьа хIинкъун, гьекъана балъго, –
Гьудулзаби ругел лъикIал гIадамал!

* * *

БахIарчи гьикъулеб цIа бакараб рагъ,
ГIакъил валагьулеб чара хвараб иш...
КIиялго кьейилан как балеб буго
Дир кечI аллагьасе... гьалдолеб дунял.

* * *

ГIалам гьабулелъул, гьелъул кинидахъ
Хъван буго цо рагIи, – гIедегIугейин.
Гьеб нахъе хъвагIанищ, цIаличIогонищ, –
ЦIакъ хехлъулел гьечIищ хвалде гIадамал?

* * *

«Ле!» – йилан ахIана хъахIилаб зобалъ.
«Гьа!» – ян жаваб кьуна гIодосан ракьалъ.
«ГIумру кин бугеб?» – ан гьикъана зобалъ,
ГIумру унеб бугин абуна ракьалъ.

* * *

Цо-цоясда, цIияй чIужу ячингун,
Йиччан тарай лъади анищан ккола.
Дидаги, гьанжесел накIкIахъ балагьун,
РикIкIад тарал ихал цере рачIуна.

* * *

– Воре, цо къулилин, къирбал киб бугеб?
– Кинигун гъансито тараб доб росулъ.
– Воре, кечI ахIилин, чагур киб бугеб?
– Чвахулед иххазул чIваби ругелъуб.

* * *

ГьетIарал мехаца битIараб гIакълу
ГIемер кьечIо дие, хирияв эмен.
Дур хабал заниялъ хадуб малълъана, –
ГьелъулгIан мухIканаб пикру батичIо.

* * *

МоцIрохъеги воржун, гамачIги босун,
Вуссарав чиясе хъат чIвалеб гIалам...
КигIан гIадалаб гьаб, дур къимат лъачIеб,
Дунялалъул рокъой дида ятарай.

* * *

Векаца рагъана ханжарги хечги –
Я ханжар бергьинчIо я хеч бергьинчIо.
Бергьана харицел, хурдул рецулеб,
Бергьана рокьул кечI, кибго ахIулеб.

* * *

СихIру гьечIей гIадан цониги гьечIо,
Гьеб гIайибалда дун тIаса лъугьуна.
Дилъги буго сихIру – гьеб дур бахIарлъи
Лъалареб ххвел гьаби, хутIараб гьечIо.

* * *

Гьал гIакъилзабазул дагIбаги къедги,
Даим рекъел гьвчIеб, рукъ, хур кIочараб.
Гьаб гIакълу батани, ахIмакълъи щибха? –
ГьекъечIеб мехтараб гьаб депутатлъи.

* * *

Руго устаразул росаби хасал:
ТIансаби рессулел, месед бикIулел,
Мун гьабураб гIадаб; устар лъаларо,
О, Авар тIабигIат, бала дуе как.

* * *

Нахъ тараб гIумрудул хIисаб гьабуни,
ХIинкъула цо-цо къо ракIалде бачIун.
Дица дирго тIахьал дагьал цIалула,
ЦIадаб лъеян чIараб цо тIамчий гIоло.

* * *

– Гьаб кечI хъвайщ, хадуб хвани кIваричIо!

– Хадуб жеги рокьи, – жаваб кьуна гьелъ.
– Гьай гIадан дандчIвани, чIвани кIваричIо!
– Жеги данде чIвалин, – дир рекIел анищ.

* * *

Заманалъ кочIохъан харбиде цIала
Дун хутIана кечIгин киналго саназ;
Ихал ананиги, хасел щваниги,
Херлъулареб рокьи, щибилеб гьалда?

* * *

Инсул зани – суал-ишара гIадин,
Унго, щай рагъулел нуж лъималилан.
Эбелалъул зани – ахIул ишара, –
Аман, ханжар лъейин лъалиниб васаз!

* * *

Шамилил васият: дий хабал макьу
Хвалчабазул гьаркьаз гьуин гьабеян.
Дир васият буго: дий хабал макьу
Рокьул саринаца гьуин гьабеян.

* * *

БагIарал абула, хъахIал абула –
КIиялго рагъулел – ругънazулъ даим.
БагIарабгин хъахIаб дур гIанабазда
ГIажаибго рекъон берцин бугеб куц!

* * *

Гьаб хIалкъаялдаса, къварилъудаса
КъватIив кин ворчIулев бичIчIула дида, –
Къаси гIенеккани гIаразул бакънахъ,
Радал балагьани гIаздалал тIогьахъ.

* * *

ГIадрабазде рарал цIадал цере чIун,
ЦIаял сунел; руго ди,р хиялазул.
Соназул дагIбаги даим гIасилъун,
ГIищкъудуй бакI буго рекIелъ дагьлъулеб.

* * *

Цагиги анкь ана рокьи гьечIого,
Цоги хутIарабги гьедин анани,
ГьечIо дунги кечIги, – кIиялго цадахъ
КIиго лъар цолъичIеб цо кIкIалахъ хвана.

* * *

Улкаби, шагьарал, мехалгин нухал,
Гьел хъудулел руго, регIулел гьечIо;
Гьел дагьаб мехалъ дун гIемер вукIана,
Гьел гIемераб мехалъ дунго хутIана.

* * *

Нилъер гIасру, буго госпиталалда,
Гипсалъулъ лъукъарав рагъухъан гIадин.
Рихьула гIолилал, гIадада арал
Дир унтарал мехал хабалъ рукъулел.

* * *

ЧIагоязени щиб, чIваразегицин
Гьаб хIалхьи толареб, хIинкъараб заман.
Заназда гIужилго речIчIулел ганчIал, –
Гуро, цо балагье гьанже «бахIарзахъ»!

* * *

Жакъа катътидасан цIалана кучIдул, –
ЦIа сунебищ бугеб сон дир букIараб?
ЦIорабералги ран, балагьизейищ

Ккараб йокьулелъухъ, рокьул бицине?

* * *

Бакъанил замана, бакъ ананиги,
Къодал хутIелгун дун харбида вуго.
Гьелъ дида абуна: «Бищун аслияб
Ахирияб шигIру щуре дурго», – ян.

* * *

Сордо. Гургинаб рукъ. КIиго гордул бер...
Цояб гордухъ – ралъад, цо гордухъ – мугIрул,
Гъоба аххалъуда пашманал гъутIби, –
Рогьел щиб гамида бачунеб бугеб?

* * *

ХIаямги, Ронсарги, дир Есенинги
Доб ЦДЛалда руго гьекъолел.
Гьикъана: «ГьечIищ бакI нужеда аскIоб?» –
Абуна: бугила МахIмудий тараб.

* * *

*С. Есенинние*

Бидурихьги къотIун, лъо лъикI, гьудулин,
Абизе замана дий щун букIана.
ХъахIилаб щакъиялъ хъахIаб кагътида
Дир хъвачIеб кочIоца «чIа!» – ян абуна.

* * *

Алжаналде ккезе какал гIечIо дир,
ЖужахIалъуй кколел кучIдул гIемерлъун.
МаулхIаят гьекъон, кири щвечIо дий,
Кодоб ккуна дица цо гьукъараб рагI.

* * *

Квар горбода, бачIо, гулла речIчIичIо,
Гурониги вуго дун дицаго чIван.
ЧIаго хьвадулев дуц дир рагIад вуго,
ЧIегIераб ракьулъ дир хIакъикъат буго.

* * *

– Лъица мун, Россия, хвасар гьабулеб?
– Пушкиница.
– Лъица мун, Россия, пасат гьабулеб?
– Пушкинил, тушбабаз.
– Сунца мун, дуниял, хвасар гьабулеб?
– Рокьуца.
– Сунца мун, дуниял, пасат гьабулеб?
– Рокьул тушбабаз.

* * *

Гьанже гьудул гьечIо, – чIаго вугищ дун?
КечI бачIунеб гьечIо, – чIаго вугищ дун?
ЧIобогояб бокал, – чIван, хун гьечIищ дун?
Пихъ, тIегь, хIанчIи гьечIо, – чIаго бугищ гьветI?

* * *

*Шагьиярие*

Бакуялде щвейгун Иранaлдасан,
«Шагьгун данде чIвачIищ?» – гьикъана дида.
Дица Шагьиярил сурат бихьана:
Шагьгун данде чIванин, – гьале, балагье.

* * *

Жакъа цо гIадалаб пикру рещтIана, –
Дун поэт вугилан ракIалде, ккана.
Ралъад белъанхъана, мугIрул гьимана,
Мун кий йигейилан дида гьикъана.

* * *

Реццгун цIаралъул цIад, дир гIумруялъул
ГIурул доб рагIалда балеб хутIана.
Гьанже хасел щвана, – рагIалъул тIинда
БогIол чIагIа буго гьекъон бахъунеб.

* * *

БачIунеб рогьалил чIараб нуралъул,
Ккараб рокьиялъул хъахIбагIараб кьер
Хадуб, мех арабго, чIегIерлъулеб куц, –
Гьал цIумазда гъолел гъудузул куркьбал.

* * *

Унти бугониги, Хиросималде
Руссуна гIадамал гьенир гьарурал.
Щи**б** гьури хъваниги, унти чIваниги,
Дир улка, васаз мун толеб бугеб куц!

* * *

РакIалда гьарула: дуе гьабураб
Гьал гьудулзабазул квешлъи кIочаян.
Дозда гIайиб гьечIо, дур гIадаб рокьи
Ракьалда лъачIезул жахIда ккеларииц?

* * *

Гьаб цо тIабигIаталъ гьавуралдаса
Дуца гьавурав куц дун гьетIун, гIасру, –
ГIасияв устарас квартIа кьабичIеб
Кибго гIаламалда гIищкъу хутIанищ?

* * *

Огь, кIудияб гьобо – гьаб Каспий, ралъад...
Гьудул, щиб жо гьалъул дуда релълъараб?
Гьаб хъудулеб буго ццидакь сардида,
Дур сурат паркъола хIинкъадго цебе.

* * *

ЦIвабиги дагьлъана гъугъайги чIана,
ЧIегIер берал, гIадин руго дол зобал.
Дозда бихьула ракь, рокьи, ццин лъараб,
Рогьалил хиялал хабалъ рукъараб.

* * *

ГIелцоял, нилъее суд гьабуларел
Гьанже гIолохъаби дандчIвалел гьечIо.
Дица кечI цIалула дир гIищкъуялде,
ГIинкъаб цциналда гьеб рагIулеб гьечIо.

* * *

Зобгин ракь цолъулеб; хабалзул зонохъ
Цо маркIачIул гIужалъ гIодов чIана дун.
ГIищкъуялъ абуна: «ТIаде вахъа», – ян,
ГIакълуялъ абуна: «Бакъ свана дур», – ан.

* * *

Дие щай рукIарал гьал пачазаби,
Гьал цо политикал, гьал цо генсекал?
«Цоцаца гуккарал кинаца кинал?» –
КечIалда гьикъана, гьеб буцIцIун чIана.

* * *

Рокьуе жиндирго рагIи гIечIони,
ГIакълу тIабигIаталъ кьолеб гьечIони,
ТIахьазда гьикъула гьунар мукъсаназ,
Гьал кучIдул хъвачIого чIезе кIоларез.

* * *

КучIдузул тIанчалги гьотIол тIанхIалги,
Их бачIанин, дуе кьолей вуго дун.

ТIанчазулъ батани тIанхазул тату,
ТIокIаб жо кIваричIо, чIахъаги гIумру!

* * *

НакIкIилъе унеб кIкIуй, кIиялго цолъун,
КIал гьикъулел руго гьал дир соназда;
Кинаб букIараб дур къасдги сапарги,
Свера-тирун ахир киве мун ккарав?

* * *

КьахIаб гIаздалъ мегIер – хъахIаб къандалъо.
Къаданиб гьебги лъун, кьижараб гIидра.
ГIурччинаб юргъангун гъорлъ егарай дур
Даимаб берцинлъи – кочIолаб рокьи.

* * *

Жакъа дун Тютчевгин тирулев вуго,
Жакъа дун Тютчевгун хIалххьуда вуго.
«Маялъул байбихьи, щай гъугъалареб...»
Гьалмагъир улкадул дагьаб кантIизе?!

* * *

ХIорил муцIи къотIун гьабураб лалу,
Мун гьардараб щинаб хъахIил зобазда!
Дозда гьеб рагIана, гIумрудул гIурул
ГIурччинаб кьо бакьулъ дандчIвараб къисмат.

* * *

Исана их щвечIо, дир гьудул хвана,
Хабалъ лъуна дица дир санал гьевгун.
Гьанже хутIараб мех – гIисинаб гIарац
Дица рикIкIунаро, реформа, багьа...

* * *

Аллагь, дуца кьураб бакъназул щвантIих
ЩайтIаналъ мех-мехалъ пун батаниги,
ГIищкъул кечI гIадинаб как дида лъачIо,
Киридай гьеб гIадаб садакъа гьечIо.

* * *

РагIаби чIорал руго, цоязда хадур цоял
Я гIужда, я гьадинго гьаваялда речIчIула.
Гьаваялда речIчIарал диралги гIемер руго,
ГIужда щварал гурони дида ракIалда гьечIо.

* * *

Абураб рагIиялда, ракеталда аниги,
Гьелда хадур гъоларо, гьеб гIемеразда лъала.
АбичIеб рагIиялда, абунилан абулеб,
Гьелда хадув гъечIого, хиялазда вуго дун.

* * *

РагIаби рукIуна, рахсал кинигин,
Кверазда рахарал, бохдузда рарал.
РагIаби рукIуна, маржанал гIадин,
Дир гIищкъул коралъул каранда ралел.

* * *

– Сунда тIад хIалтIулев гьанже мун вугев?
– Сарин лъугIарабго бихьила дуда.
– Хуриб щиб бекьулев гьанже мун вугев?
– Хур бачIараб мехалъ бичIчIила дуда.

* * *

СагIат, духъ балагьун, гьадин дун вуго,
Дихъ балагьулареб дуда щибилеб?
Дун дой ячIинилан, гьадин чIун вуго,
Дой ячIуней гьечIо, мун щай чIолареб?

* * *

Мунго вихьичIезда, мун лъаларезда
Бице мун вахарал борхалъабазул.
Мунго рагIичIезда, мун вичIчIичIезда
Абе мун Пущкинил гъудул вукIанин.

* * *

Гьеб дурго хвалченги, чуги, лъадиги
Лъидаго божуге, лъихъего кьоге.
Кьолбол васал рукIа, я вацал рукIа, –
Дуца ургъараб кечI дуцаго ахIе.

* * *

Чиясе рагIи буго чодуе цIал гIадаб жо,
ЦIал кьабараб мехалда, кьурдулеб бихьана чу.
Гьеб квачIидаги чIола, рачI-жал хьвагIун боржуна, –
Чиясе рагIи буго чодуе цIал гIадаб жо.

* * *

Кинаб гIорцIеналда аскIов гIурав мун,
Эмен гьебцин гурищ дуе вукIарав? –
Нахъасан вачIани мал бала дуца,
Цевесан вачIани хIанчIула дуца.

* * *

БацI херлъараб, мехалъ гьаби рохула,
Гьелдаса гIиялги рази рукIуна,
Пенсиялде хъачIав хIаким аравго,
ХIалхьи щвелин ккарал чагIи кинигин.

* * *

Жибго те телефон – гьеб хъахIаб ордек,
АхIдоге: милица, милицайилан...

Дур гъамас бикъарав рокъовго вугин, –
Ругелщинал цIогьал гьаб улкаялда!

* * *

Тукада цо чадир букIинароан,
БацIал цIадалдаса цIунулел ани,
Кибго тIимугъ, тIагъур хутIилароан,
Хасало гъудузул ургъел гьабуни.

* * *

Дилъ щибго лъикIлъи гьечIо –
ЛъикIлъана мун сабаблъун.
Дилъ щибго квешлъи гьечIо –
Квешлъана мун сабаблъун.

* * *

ТIугьдузухъ балагьун, тIугьдул рагъула
ТIолго ясал дуца гвангъизаруна.
Гуро, гуро, гурр, дун гIакса вуго, –
ТIолго ясал дуца бецIлъизаруна.

* * *

Щибаб бетIералъе букIуна тIагъур,
БотIронир пикраби, хьулал гьалдола.
Щибаб хьагил буго жиндирго тIалъел,
Хьагиниб гIемераб тIагIам гьалдола.

* * *

– Бищунго пашманаб щиб?
– Щущан унеб хIакъикъат.
– Бищунго хIинкъараб щиб?
– ШигIру лъугIараб рокьи...

* * *

Пашманлъуге, дир гьудул,
Гьороца тIагъур унин, –
Гьелъ дир кигIан хириял
Хиялал росун арал!

* * *

Дун гьанже цохIо вуго,
ЦохIо вугониги дун
Цогияз щай толарев? –
ШигIраби, нуж сабаблъун.

* * *

Цо тIегь баккулила их бачIунаго,
Амма мун ячIингун бачIана дихъе,
БачIана, унаро лъеберго соналъ, –
ЛъагIелазул гьечIо хасел, хаслихълъи.

* * *

ЦIад бан, хур щварабго, агрономасе
Орден кьола цо-цо, гьесул гьунарин.
Бакъуца хIал гьабун, хур бакъварабго,
Гьесул гIин кьурула, дур гIайиб бугин.

* * *

Дир рокьул кечI буго борхалъиялда,
Кибниги щцин гьечIо, гьеб чIвазе кIолеб.
ГIищкъул бакънал руго гъварилъиялда,
ГъоркьчIел гьабунилан, гьел ккввезе лъечIо.

* * *

Чияр цIороберaца
ЦIалдезе ккараб мехалъ,
Канлъи дагьаб букIуна, –
Дида некIого лъана.

* * *

ГІолохъанлъи, дудаса лъикІаб щиб жо букІинеб,
Дуда хадуб бачІунеб херлъи букІинчІебани.
Рииги хаслихълъиги, унго нужер берцинлъи,
МагІардасан хал гьабун, хасел букІинчІебани.

* * *

Мун йиго абулей: цоги щиб дуян,
Дица цохІо бугеб ракІ дуе кьунин.
Дун вуго абулев: ракІ хадуб кьейин,
Хурхине виччайин дур черхалда цо.

* * *

Дирго гІарцуца вуго
Гьудулзабаздаса тІун, –
Гьал дие налъи ккарал
Квер босизе чІоларо.

* * *

Цее гьай къочулаан,
ГІищкъу ккун, гьудуласда, –
Гьанже гІаракъидул махІ
Бугищ лъазе къочула.

* * *

Гьав гІабдалгун вагъана, –
Живго гІабдал лъугьана.
Гьав гІакъилгун вагъана, –
Довго гІабдал ватана.

* * *

Гьавадухъ хал гьабун, хисула партал,
Хисуларо гьедин гІащикъаб рокьи.

Рокьиялъ малъула бачунеб бакъан,
Бакъ къалъананиги, гIазу баниги.

* * *

ХIинкъула, нагагь ццин тIагIун хадуса,
Цосина гьаб рокьи чIалгIинин абун.
Щаклъула, – ахIмакълъи, гIантлъи лъугIилин, –
ГIакълуялъе хIалтIи хутIиларилан.

* * *

Чода рекIараб таращ бихьизе бокьанани, –
Трибуналда йигей гIаданалъухъ балагье, –
Гьелъ гьеб бухун, толеб куц, гьелъ кверал хьвагIулел куц,
– Жий чIалде щолей йигин, чIвай жиндие хъатилан.

* * *

Хандакъалда жаниб, хучдуз бухъараб,
Хурхун къвал жемарал цо васги ясги...
Гьел рихьигун дида дагъаб бичIчIана,
Дунялалда рагъал щай рукIаралин.

* * *

ГIакъиллъигун ахIмакълъи
АхIмакъгун къацандигун,
Нусго кечI буго хIанчIил,
Киналго мочохурин,
Мунги цохIого ханил
Хайгин гьабулев даим.
Живго ХIажимурадги
ХIинкъана, гьел дандчIвайгун.

* * *

Цогияб вагIза щай? – цохIо мун гIела
ГIаламалда аллагь вугевлъи лъазе.
Цогияб рагIи щай? – шигIру-кечI гIела

ЩайтIан дунялалда букIин хIакълъизе

* * *

Божарал гIадамаз, рекIкI гьабурабго,
РакI гурхIула гьездаа хIикмалуларо, –
Гьезда кIвечIо чIвазе чIухIараб рокьи
Ракьалде, чиясде, гIумруялде дир.

* * *

БацIги церги цолъани, –
Цодагьаб мех барабго,
БацI цодагьаб церлъула,
Цер цодагьаб бацIлъула.

* * *

– Нахъа тарал нухал, риххарал кьоял,
ГIуж руго гIайибал дир гIазабазе –
Нухазги кьоязги кьола дий жаваб:
Мунги гьетI-гьетIани, битIун хьвадичIин

* * *

Сониселъе жаваб жакъа гьикъулеб,
Жакъаселъе жаваб метер цIехолеб
«Метер» бачIунареб, даим багъулеб,
Ругъназ цIураб дунял, щибилеб дуда!

* * *

Дида рагIанщинаб бихьарабани,
Дида бихьанщинаб, гьеб лъарабани,
Дида лъарабщинаб бичIчIарабани,
Балароан дица гьабго щинаб мех.

* * *

БачIунелъе: «Салам», унелъе: «Къо лъикI», –
КIиго къо гурони гьечIо гIумрудул.
Дийни гьеб цо буго, цо мун ячIараб, –
Цогияб дий гьечIо, гьеб бичIчIуларо.

* * *

Гьал санал аниги, щай дйца течIеб
Гьаб цо шигIру, гIищкъу – гIолилазул иш? –
ГIолохъанал соназ ккарал гъалатIал,
Гьел гIадаб битIараб щибго батичIо.

* * *

Дун жакъа къоялъул рагьтIател вуго, –
БетIер гьал сагIтазе къотIизе кьела.
Амма метер, метер гьанжесеб хъулухъ
Дир гьалмагъзабазда кIочон теларо.

* * *

Гьаз дида гьикъула, дур гьари щибан, –
Гьардухъан – дун вуго ритIухълъи кьеян.
Гьаз дий жаваб кьола, жидее щвечIеб
Жидеца кин кьелеб, кочIохъан, дуян.

* * *

«ГIагараб Дагъистан» – гьеб кIиго рагIи
Радал, бакъанида щурараб мехалъ,
Щибго хIинкъи гьечIо дие ракьалда, –
Ракьулъ тIупаниги вуго, дун чIаго.

* * *

Зодосан гIодоре гIадамал рачIин,
Гьеб жо хIикмат гуро ХIамзатовасе.
ХIикмат цохIого цо – дур гьимулеб ццин,

Цогияб гьеб буго гьадингояб жо.

* * *

Гьаб дуниялалда кколел ишазул
Кинго диваналда нугIлъун йикIунге.
НугIлъун дун вукIина, – мун йиго хIасрат,
ХIасилгун байбихьи бугеб щиналъул.

* * *

Чиярайищ, дирищ гьаб дунял, мун бичIчIуларо,
Чиярабищ, дирищ гьаб гIумру, мех бичIчIуларо.
Чиярабищ, дирищ гьаб гIищкъу, кечI бичIчIуларо, –
Кинабго жубан буго, мулаткадул куц гIадин.

* * *

ГIакълу – дир гIищкъуялъул чоде рехараб чангит,
Дуца ккун чIолебищ гьаб, чIалде унеб дир айгъир?
ГIищкъу – мун гIакълуялъул горбоде рехараб квар,
Кидаго абилищ гьалъ ракь сверулеб бугилан?

* * *

ГIумруялъул къокълъи, къодул халалъи, –
Херлъиялъ цIехечIо: бачIинищ жибан.
ГIасруялъул хехлъи, сагIтазул хIинцлъи, –
Санаца гьикъичIо: инищ жалилан.

* * *

Заготскоталъул ракулъ цо мискин
Цодагьаб жо месед батараб мехалъ,
Бищуиго кIудияв шигIручи гIадин,
Чвантиниб кверги лъун гара-чIварула.

* * *

Цо рачI хутIун буго гьвелъун вукIине,

Цо ракI хутIун буго чилъун вукIине;
Лълъурдул хутIун руго оцлъун вукIине,
Кваркьби кьун гьечIо хIинчIлъун вукIине.

* * *

Меседил багъа, лъала меседил устарасда,
Амма панаяб кочIой кидаго багъа гьечIо,
Гьаб рокьиялъе гIадин, гьаб гIумруялъе гIадин,
Байкалалъе гIадинан, Каспиялъе гIадинан.

* * *

БацI херлъараб мехалъ гьаби рохула,
Гьелдаса гIиялги рази рукIуна,
Пенсиялде хъачIав хIаким аравго,
ХIалхьи щвелин ккарал чагIи кинигин.

* * *

Мун шагIир вугилан бицунеб мехалъ,
БутIрул хьвагIула гьаз, гьев чи рагIичIин.
Дур машгьурай лъадул цIар бахъарабго,
БутIрул гьанкIула гьав, гьа-гьа, гьев лъалин.

* * *

Кидаго чIей гьечIеб дур къур-къур щибан
Къоркъода гьикъигун, гьелъ абун буго:
Дун дир гьаракьалъухъ рокьи ккун бугин,
Киназулго жахIда жиндилъ бугилан.

* * *

Дир рокьиги ццинги, хIарамзадабаз
Чан хIукму гьабулеб, чан приказ кьолеб?
КигIан заман араб, цо пишаялда
Пенсиялде ине ракIалда гьечIо.

## ЦО ГЪЕРСИХЪАНАСУЛ ЗОНОДА

Рицанщинал харбал, гукканщинаб халкъ,
Дурго хвел гуккизе кин дуда кIвечIеб?
Бикъанщинаб боцIи, чIванщинаб рокьи,
Ракьулъе щиб дуца цадахъ босараб?

## КIАЛКВЕШИДЕ

Азарго бер бугей, нусго гIин бугей,
Миллион кIал бугей «кIодо» йихьула.
Гьалъул бер щвечIеб бакI, гьалъ щуричIеб гIин,
Гьалъ щущазабичIеб гьудуллъи гьечIо.

## ГЕРБ ХИСИЯЛДЕ

ГербалдагIаги те хириял тIорал, –
Хурзабахъ улкадул гьел дагьлъун ругин...
Дагъистангун Чачан, чан нилъер росу
КIибетIераб цIумалъ,  цIа лъун, бухIараб!

## МИКЬМУХЪИЛАЛ КУЧIДУЛ

* * *

Дие бакьулеб тIехь, гьеб дица хъвачIо,
Гьеб цебего буго цогияца хъван.
Гьедин гуребани, гьаб дунялалда
Дун хвезе вукIана жеги бахIарго.

Гьаб дир рокьигун кечI, дун гьавилалде,
Дунял нусцIул сверун, бачIараб буго.
Гьедин гуребани дун Гулагалда
Цониги гуллица валагьилаан.

* * *

Дунялги хазина, мунги хазина –
Лъил цIайи цIикIкIунеб цIадирабазда.

Мун гьечIеб дуниял – гьеб торгIо дица
Тела цогиязе, цо мун гIела дий.

ГIалам гъоб тIиналда, мун доб тIарада –
ТIадейищ вахинев, эхейищ инев?
Ахаде ина дун – дуе тIегь тIезе,
ТIаде вахина дун – дуе гьеб кьезе.

* * *

Нилъер миллатазда щакдарулезда
Шамилилан абе – паркъела бакъ-моцI.
Нилъер бакъан-кочIол бухIи лъачIезда
МахIмудил цIар абе – кенчIела цIваби.

Цогиял улкабахъ дир гIищкъу ккезе
ГIилла цо букIана – ахIулеб шигIру.
Индиязул мацIал дида ричIчIула, –
Дозулъ буго рокьи дирго гIадинаб.

* * *

Лъадукьа хIинкъулеб лъабабго дару
Дие тIабигIаталъ тIураб, кьураб куц!
Цояб чашкаялъуб – ччулччулеб чагъир,
Цогияб – чалухал беразул ясал.

Лъабабилеб буго – лъадул судалъул
Суалазе кьолел чарал жавабал...
Дир цодагьаб копой – ццидалаб тамихI, –
Дир талихI – лъадукьа хIинкъулеб дару.

* * *

Унго нилъер кверaз кколеб мукъулукъ
ГIакълу-намусалъул нус-нус саназул.
Рокьи гIасилъула, рагIи хъачIилъула,
Хъухъалеб бугеб куц берцинлъидал гьветI.

ГъотIол векал рараб хIуби угьдула:
ХIурматги тIалабги тIагIунеб бугин.
ТIанхазулъ рукIарал хIанчIи гарула:

ГурхIалие рекIелъ бакI хутIун гьечIин.

* * *

Лъица чиясухъе чудкилаб кьураб –
Чадил буго гьанже гIемерисеб мацI.
Кисан гIадамазе бацIилаб щвараб –
БоцIул бицун руго вацал кьаллъулел.

Гъугъаде дуниял, пирхе нуж, зобал,
Гьаб цо гIаламалда нахъойги абе:
ГIадамасе щвараб лъиего щвечIин,
БетIерги, квералги, керен-ракI, мацIги.

* * *

Эбел ццидалъ йигин абуге дуца, –
Элъул ццин – тохлъукье хех бараб гIазу...
Гьеб гIемер букIуна, хекко биуна,
Бихьана дида гьеб гIемерал саназ.

Дуца абе: эбел къварид йигилан,
Дуца абе: эбел йохун йигилан, –
Гьеб кIиябго асар гьелъул гIадинаб
Цоги гIадамасул дида бихьичIо.

* * *

ЦIадалъ хIинкъи кьун буго
МугIрул тIогьиб гIаздае,
Дун тIаде чваханани,
Дуца щиб гьабилебан.

ГIаздаца гьикъун буго,
Мунги кисан щварабан,
Куц квешаб, гIадлу гьечIеб
Гьадингояб цIахаян.

* * *

АхIуге кечI, рагIана,

Дие хабар кIваричIо, –
ХинкIал релъунел ругин,
Релъун даим рахъинчIел.

ГьитIинаб мехалъул хьул,
ГIолохъанлъиялъул хьул,..
ГIумру лъугIулеб буго, –
Кидал релъинел хинкIал?!

* * *

Дун вукIана гIурдада
ГIурдахIаби рищулев, –
ГIемер нусгоязда гъорлъ
Цо батана бегьулеб.

Дун вукIана гьанжесел
КочIохъабахъ гIенеккун, –
ГIемерал гьаркьазда гъорлъ
Цо батана бокьилеб.

* * *

Дица цIалула цIакъго
БатIи-батIиял тIахьал.
Цоцалъ жубан, гьекъола
ГIаракъи, пиво, чагъир.

Гьелъ кьвагьулеб батула
Кьижун ворчIигун бетIер,
Цо МахIмуд, цо гIаракъи
Гьекъон чIезе лъачIого.

* * *

РакIелъ гIищкъу гьечIесул
ГIумру гьеб – пародия.
Гьава чорхолъ гьечIони,
Чи  – фельетон гIадаб жо.

Политикаялъулгун
Гьудуллъи ккечIебани,

Гьал цо эпиграммабаз
Дир асарал телаан.

* * *

Хвел бачIана цо нухалъ
Херав аварасухъе:
Алжаналъуй вачинин,
Жакъа дунгун вилълъаян.

Херас жаваб гьабуна:
Жакъа цIакъ бокьун гьечIин, –
ЖужахIалъуй рехизе
Хадуб нахъа бачIайин.

* * *

Даим гIакълу малълъизе
ГIадалаб ракI дир гьечIо.
ГIенеккичIого чIезе
ЧIухIаравги дун гьечIо.

Дида лъараб жибго тун,
Жеги лъикIаб гьекъана...
Мекъи ккун дирго кверал
КигIан гIемер хIанчIарал!

* * *

Гьанже нилъ ратIалъана, –
Дун духъе вачIинегIан,
РачI гьагъаб цо хIамаялъ
Ракьалда цвизе буго.

Гьанже нилъ ратIалъана, –
Дун духъ балагьизегIан,
МацI гьечIеб варанидал
ГьетIараб мугъ битIила.

* * *

Дуй квешезе, биччанте,
Йиччан тела дир чIужу.
Дуй квешезе, ина дун
Дове Африкаялде.

Добасан дица духъе
ЦохIо кагъат хъваларо,
Дуй квешезе, квешезе...
Щай мун велъулев вугев?

* * *

Дир талихI – кечIги чуги,
Дир талихI – тIамур, тIагъур.
ТIокIаб щиб жо гьарилеб, –
Гьайбатай яс гурони.

Дир талихI – бахIараб мех,
БахIарай, чIахъаги мун!
ТIокIаб щиб жо гьарилеб, –
Пуй, музыка, дуниял.

* * *

Дица дуй дагьаб кьуна,
Дур гIайибал рагIана,
Дица дуй гIемер кьуна, –
ГIенеккарай кIалъачIо.

Щибниги дуй кьечIого,
Дун кьурун нахъ вуссана.
Нусго къо гьоркьоб ана,
Баркалайин абуна.

* * *

КIигояс гьин рехани,
ЧчугIа кквезе бегьула, –
Кинан гьеб бащад гьабун,
БарщичIого бикьилеб?

КIиялго тIаделъани,

ЦохІо пьесаги хъвала, –
Кинан гьунарги цІарги
ЦІадирабазда лъелеб?

* * *

Бихьиназул матІу – чода тІад кьили,
Черхалда борчараб хвалчадул тІагъи.
Руччабазул матІу – гъансито, кини,
Кодоб ккураб жаргъен, гъажалда гІеретІ.

ГІаламалъул матІу – гьаб зобги ракьги,
Гьанир ругел щинал океаналги.
Дирни матІу буго тІамурги кечІги –
Кинабго абулеб, хъвалеб ragІиги.

* * *

ЧагІазул рукьби руго,
Ракь бахъигун ратарал,
Нус азарго сон барад, –
Балагьун вуго гьезухъ.

Дица пикру гьабуна:
Гьал рукьби тарал чагІаз
Рокьи жеги цебесеб
Нилъее течІодайин.

* * *

Жндий лъикІлъи гьабуни,
Гьвецин цо хІапуларо, –
Щайха хІапдолел чагІи
Жидее чед кьурасде?

ЛъикІаб щвантІвх бихьани,
Жибго борохь кьурдулеб, –
Дица кечІ ахІанагІан
Квешлъулев гьалмагъ кинав?

* * *

Огь, дир букІараб бертин

РикIкIада хутIараб куц!
Кьурдараб гIолохъанлъи –
ГIодиза кколеб мехалъ.

Дун балагьараб кино! –
Гьанже гурев кантIичIо.
Дица хъат чIван батана
ЧIвалел дирго саназе.

* * *

РагIизецин бокьичIелъ
Рукьбал руго рухIулел,
Макьилъцин дун хIинкъаралъ
Буго мукъулукъ къалеб.

ГурхIел гьечIеб хIукумат
ГIагарабин абураб,
ГIоралъ унеб дир бетIер,
ЧIаго бугищ жеги мун?

* * *

БацIида абун буго:
Дур горбол бицалъиян.
БацIица абун буго:
Дургоги бицалъизе,
Дица гIадин бикъеян,
Дица гIадин кванаян...

...КигIан гIемерал бацIал
ГIадамазда гъорлъ ругел!

## ГЬАНЖЕ НИЛЪЕР ХIАЛ

Раччи бакIлъараб мехалъ
Гьардухъаби рагъула, –
Гьединабго хIал буго,
Гьудулзаби, нилъеда.

Цере кIанцIараб мехалъ

БетІер буго бухулеб.
Нахъа хутІараб мехалъ
ХІатІал руго рацІулел.

## ЦО

Дун цадагьалъ вохана
Дуниялалъул рокъов, –
Дур кучІдул реццулев чи
Цо дида данде чІвана.

Цогиязда кидаго
Мун вичІчІичІо, мун лъачІо, –
Живго жиндаго гІадин,
ГІадан чияда лъалищ?!

## ГЬАЛБАЛ ХИРИЯВ ЧИ

Щибаб сордо-къоялъ гьав
Лъилниги гьобол вуго;
Жинхъего гьобол щвани,
Гьесулги гьобол вуго.

Цояв гьоболасухъе
Цогияв гьобол вачун,
Гьезул рахъалъ лълъар борхун,
Чвахулеб буго гІумру.

## ХИЯНАТ

Мун гурей, гІемерал цогиял рокьи,
ГІамалберцин, дуе хиси гуро гьеб.
Гьаб дуда бараб къвал къватІий лъаралда
Къойил бананиги, хиянат гуро.

Хиянатан абе, мунги йикІаго,
ТІокІай цохІо гІадан гІун, дун чІанани, –
Хисанилан абе, ихдал дандчІварал
Дида риидала кІочон течІони.

## ГЪАЛАТIАЛ

– Чиясул гьумер гьечIеб
Социализмаялъул
Саринал ракIалде щун,
Гьанже мун рекIекълъичIищ?

– Черниченкол гьумергун,
Демократия бихьун,
Борохь данде чIварабго,
ГIарщ гIадин кIочон тана.

## ЦО КОЧIОХЪАНАСУЛ ЗОНОДА

Гьасул лъимал рукIана,
Лъадул кумек гьечIого,
Гьарурал кучIдул, харбал, –
Китабал руго гьезул.

Лъимал гьасдаса цере
Цо хутIичIого хвана, –
Гьасул гIайибаздаса,
ГIадамал, тIаса лъугьа!

## КИНИГИ ГЬАНСИТОГИ

## КИНИДАХЪ ДИР КЕЧI

Кьижа, кьижа, дир хIанчIи,
Дир кечI – нужер кинидахъ, –
Кинадго ракетазул

Чагъанаби гъареян:
Чундул кьурдизаризе
Кьурабазул сиязда,
Чуял квачIида чIезе
Киналго сверабазда.

Кьижа, кьижа, дир кьагIи,
Кьурда рижарал тIугьдул, –
ТIолго гIарадабаaул
ГIертIал гьаризе риччай:
ГIолилалъул гъеждаса
ГIашикъас лъим гьекъезе,
ГIалам баччулеб чодул
Чорхол чIоло битIизе.

Кьижа, кьижа, дир цIумал,
Кьижа гIумрудул цIваби, –
ЦIадал ясазул раги,
Росу цIумазул цIеги!
Гьал рехулел бомбаби
Зурмабазде руссаги, –
Зобал паналъиледухъ,
Эхеде рорхун, пуйзе.

Дунялалъул танкаби
Аргъаназде руссаги, –
Рагъул аэроплан,
Эзул маккал лъугьаги!
КIал квешал пулеметал
ЩвантIихазде свераги;
Автоматал тIолалго
ТIамуразде руссаги!
ТIамурги хъван инсуца
Нужее кечI ахIизе,
Жергъен кьабун эбелалъ
Нуж кьурдизе гьаризе.
Гулбуздаса хинкIал лъикI,
Хучдуздаса гIучIал лъикI.
Хвелалдаса гIумру лъикI,
ГIищкъул гьава жеги лъикI.
Жеян цоцада балеб
Къвал гIадаб щибго гьечIо...
Къаси бецIлъулеб бугищ,
Кьижа, кьижа, нуж лъимал.

## КЬИЖА, ДИР ЛЪИМЕР

Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Ана магIарде чуял.
Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Ана рохьоре чундул.
Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Ана роржун къункъраби.
Ахх, кьижа мун, дир айгъир,
Дир лаченги дир чанги..

Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Ана къо, къотIана цIад..
Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
ЧIараб нуралъул кьерал.
Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Гъасда цIа, зобазда цIва.
Кьижа, дир цIадал къатIра,
Кьижа, дир цIадул кунчIи.

Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Эхебе нух иццухъе.
Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Эхеде нух моцIрохъе.
Цо, кIиго, лъабго, ункъо...
Чвахулел лъарал, гIорал...
Кьижа, борхатаб мегIер,
Кьижа, гIатIидаб ралъад.
Ахх...

## ЦIИГЬУЛДЕРИЛ ЛЪИМАЛАЗЕ

Дуда лъалищ борхалъи
Доб КьилимегIералъул?
Кьили чуялда гIадин,
Дуца гьеб мугъалда лъе.

Рихьулищ дора-гьанир
ГIертIал гIадин росаби, –
ГIураби бертабазе
ТIансабилъун тIиритIе.

Дингир-дангарчу,
Дингир-дангарчу,
Далалай, дингир-дангарчу.

Мадугьалихъ гIолей яс,
Дуца бухари-тIагъур,
Гьей тIохде яхунаго,
Босеян гьелда речIчIе!
Гьеб тIагъур гьелъ ккунани,
Гьей гIодой ккечIонани,
ГIун йиго дур бахIарай,
Гьей абизе дун витIе!

Дингир-дангарчу,
Дингир-дангарчу,
Далалай, дингир-дангарчу.

Цинги чодул кьолода,
Чан гIадинан, гьейги лъун,
Киналго рохьал свере, –
Рокьуе манзил гьечIин.
Дуда лъалищ гIодоса
Зобалазде бугеб нух? –
Вахъа цIигьулдерица
ЦIар чIвараб цIва бищизе.

Дингир-дангарчу,
Дингир-дангарчу,
Далай, далалай...

МагIарул гIадат тIадаб
Гьал гIоразе кьо гьечIо.
ГIакъилаб калам гIадал
Кваркьаби цIудул гьечIо.
Кинабго дунял свере,
Дагъистаналде вусса,
Чияр океаназухъ
Нилъерго ищцал кьоге.

Дингир-дангарчу,
Дингир-дангарчу,
Далай, далалай...

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЛЪИМАЛАЗУЛ КИНИДА
## КЪОГО ВАЦ, КЪОГО ЯЦ

Къого мегIер, къого вас,
Къого гIуру, къого яс,
Къого гьулак кIикIана
ГIасрабаз Дагъистаналъ.

Къого вас, къого хвалчен,
Къого яс, къого жергъен,
Къо-къо бакъан бачана
Къарнабаз Дагъистаналъ.

Къого чIор, цо газаргъо,
Къого чIва, цо чагъана,
Къоябго миллаталъе
ЦохIого цо Дагъистан.

Къого кIал – йокьулила,
Къого кIал – вокьулила,
Къоязего цо рокьи, –
Цоги гьечIеб Дагъистан.

Къого килищ цо кверзул
Киналго данде къарал,
Къого накъищ цолъараб
Цо тIанса тIалъиялъул.

Къого кечI эбелалъул,
Гьезул бищун хIасратаб:
Васазде гIищкъуялъул,
Ясазде божиялъул.

Къого кечI эбелалъул,
Гьезул бищун хIинкъараб, –
Къого рокьуда гьоркьоб
Гьогьен ккезе гурилан.

Къого тIор унеб буго,
Урхъун, Каспий ралъдалъе, –
Эбелалъул кечI дие
Карачелаз ахIула... Ахх, ахх...

## РОРЧІА, ИЦЦАЛ

БорчІа, мун кьижараб ицц,
Рагье бецлъарал берал,
Дир лъимал къечон руго,
Эбел къваридго йиго.

Кинаб ичІго бетІераб
Аздагьоялъ къулчІараб, –
Цо къатІра лъадал гьечІин,
ХІанчІи гІодулел ругин.

РорчІа, рорчІа, чвахиял,
Ракьалъул чогърол чІваби, –
Нужер гьаракь къотІунин,
Поэтал пашман ругин.

Кинал согІал хъартаца
Хъатал чІварал нужеда, –
Гьал чарамул сиязда
Чундузул магІил гарал?

БорчІа, некІсияб ЧІикІаб,
ТІиналде араб гама, –
ТІадмагІарул росаби
Чирахъазухъ хисулищ?

Кинал чудказ бикъараб
Къисмат, ирс аваразул? –
Къварид буго АхІулгохІ,
Ургъалилъ буго Гъуниб.

## КРЫМАЛЪУЛ ЛЪИМАЛАЗЕ

ЧІегІераб ралъадалъул
ХъахІилал карачелаз,
Крым, дур лъималазул
Лугби кІикІулел гьечІо.

Кида гьел руссунелан,
Росабазда, хурдузда
РечІалелгун тІегьалел

ТIугьдуз цIехолеб буго.

ЦIадаз абулеб буго:
Жидеда гьикъугеян.
Бакъалъ абулеб буго:
Жиндида лъаларилан.

Рорхатал кьурабазда
Кьабулел гъол чвахиял,
Нужер цIаралги ахIун,
ЦIакъ нужехъ чIалгIун руго.

Огь, Тавридалъул лъимал!
Кинида рущилалде
Ккараб нужер такъсир щиб? –
ТамихIалъул гIасилъи!

Жеги ургьир рукIадго,
Халкъалъул тушбабийин,
Хирияб зобги ракьги
Нужехъа бахъараб куц!

Умумул кIкIуйдулъ рагъда,
Рутъналъ росун, хиялалъ, –
«Нуж – хиянатчагIи», – ян
Хъван буго вагоназда.

Эбел, къваридай эбел,
Крым, мискинаб Крым, –
БетIергьаби гьечIого,
РечIалел руго гъутIби.

Нужей гIоло гьанже как
Киб балеб, лъица балеб? –
КиналгIаги мажгитал,
Туснахъал гIадин руго.

Нуж хваралщинал унго,
Би чваханщинаб унго!
Ва амма Бахчисарай
Саназ нужилан буго.

Огь, Тавридалъул хIанчIи!
Огь, хIалуцараб керен!
Нужер гьулак-кинидахъ

КечI цо пашманлъараб куц!

Занал рекарал хабал:
Хириял умумузул, –
Хириял жидер васал
Руссинин, руссинилан.

БорчIилила Таврида,
БачIинин чIвачIеб рокьи, –
Ракьулъе эбелалъул
АхIулеб кечI унареб.

Огь, Крымалъул лъимал,
Нужер мацI лъачIониги,
Дида гьеб бичIчIулеб куц!
Дие гьеб бокьулеб куц!

## МЕСХЕТАЛЪУЛ ЛЪИМАЛАЗЕ

Доб ЦIоралда бижараб,
КъотIараб цIолбол гъабу,
КъватIиб доб Ферганалъул
Гьород самураб квасквас.

О, Месхеталъул хIанчIи,
ХIули нужер киб гьечIеб!
Кинаб ахх бачаниги,
Макьу гьечIел пуланал...

Доб ЦIоралъул ракьалда
ХутIараб нужер хIасрат,
Хурдулъ тIерхьарал занал
Мискинал умумузул.

ЦохIо как букIаниги,
КечI батIияб батана.
Навоил ракьалдаги
Рокьуй нужей битI ккечIо.

Доб ЦIоралъул ракьалда
Нужер хIихIилел чуял...
Чарамул хвалчабазда
ТIад чIвалеб бугеб кьаву.

Нужер гьулак кIикIичIел
Гьурал кирехун ругел? –
Гьанже нужер бахчараб
Бакъ кинаб накIкIикь бугеб?

Нуж гIаздал бусабазда –
ГIазизал пуланзаби.
Гьале бащадаб гIасру –
ГIодилеб нужер ВатIан.

Гьенир ралел цIадаца
Нужер цIарал ахIула, –
ЭбелгIан пашманай щий,
Гьарурал лъимал гьечIей?

О, Месхеталъул лъимал,
КъватI гурони, рукъ гьечIел.
Русби гьелчелел руго:
ГьечIин жидер гаванин.

Унго гьаб гIаламалъе
ГIоларищ рокьуе бакI?
Мун илагьийищ бугеб
Киналго икъламазда?

Негралилан абула,
Индеялин рукIуна,
Эзул улбуз нужергIан
Пашманаб кечI ахIичIо.

## ПАЛЕСТИНАЯЛЪУЛ ЛЪИМАЛАЗЕ

ВатIан гIицIго бакъназулъ,
Накъищазулъ, макьабалъ....
Нуж – Палестинаялъул
Пальмадул чамасдакал...

Нуж чияр киниялда,
Эбелгин эмен гьечIел,
Эбел – Палестина, ниж
Духъе руссине ругин.

АскIоб гьелчелеб ралъад,
Гьелъул карачелазул
ЦохIого цо кечI буго
Палестинаян абун.

Гьалделеб буго Ливан,
Пашманго буго Тунис, –
ГьечIо гьайбатал тIугьдул
Палестиналда гIадал.

Иерусалим бикьараб,
Ургъелазул тахшгьар, –
Макьабалъа унареб
Мун цIадулъ, Палестина.

Аза-азар михIмарал, –
АхIулеб как цо буго,
Аллагь, хвасар гьабейин
Хвалдаса Палестина.

Гьадин халатаб сордо
Санаца рогьунареб, –
Рогьелги, бакъги, ихги
Рахараб туснахъалъуб.

Дур сали гIадаб месед
Дур бесдалазе гьечIо, –
ХIанчIи кида руссунел
Васахъе, Палестина?

ЯсикIазул бакIалда
Лъималазе бомбаби, –
Бидул маулхIаятищ
Мун бугеб, Палестина?

ГIезегIан гIемераб бакъ,
Ракълие гьеб гIоларищ? –
Рихьула, Палестина,
Дур гъасде руссун васал.

Гьадинги бекьичIеб ракь
Рокьуе бегьуларищ? –
РагIула, Палестина,
Дур гьулакалда кучIдул.

## БОРЧІА, ЦІУМУР – КЬИЖА, ГІАРАДА

Кидаго гІенеккараб
Кремлиялъул цІумур,
Керен бухун, кьабелеб
РагІана дида макьилъ.
Пачаяб гІарадаги,
Даим гІенеккун чІараб,
ГІергІедана, кьвагьдана, –
Кьижарав ворчІана дун.

Кинаб рокьукъаб хабар, –
Хиросима – цІи-цІияб...
ЦІумур, улкадул хІухьел
ХІалуцинчІеб мех гьечІищ?

Дуца борчІизе гьабе
БечІараб божидул тІегь;
Дуца буссине гьабе
Бусаде чІвараб макьу.

Кинаб хІинкъараб чвахи,
Чернабылалъул гІазаб?! –
ГІарада, гІенеккун чІа,
ГІун бугин ккараб балагь.
Биччай Кремлиялъул
Курантазул кьабияз
Дур кьвагьи къинабизе, –
Кьижа, гъугъадуге мун.

Макьилъ рагІани, рагІа
Дида цІурмаэул кучІдул,
Кинида регун ругел
Лъималазе зваргъолел.
Макьилъгицин рагІуге
ГІарададул гІергІеди, –
ГІертІалги цІун рачІунел
Руччаби тІаме цере.

БорчІа, борчІа, мун цІумур!, –
ЦІа рокьул свине тоге,
Гьунаралъул, цІаралъул
ЦІва накІкІикье биччаге!

Кьижа, кьижа гIарада, –
ГIакълугун къадру чIваге.
ЧIаголъи гIасруялъул
ЖужахIалъуй рехуге!

## ГЪАНСИТО

Цо гъадаро гIадаб нижер гъансито,
Доба гъоркьарокъоб кьерхараб хасел.
ГьитIинго ракуда кунчIараб хинлъи
Кидаго гIумруялъ хутIун буго дилъ.

Рукъалъул къваридаб цIер гьечIеб горда,
Бадиб чIорто гIадин, чIвараб къандалъо,
КъватIнб балеб гIазу, дир инсул кверзукь,
Чодуе цIал гIадин, цIа рекъезе гьецI.

ГIодоб чIараб хъизан, эбелалъул кечI,
Кодоб, жергъен гIадин, цIалкIуги хIерччги.
...Гьанже башдаб дунял сверун щварав дун
Дагьав щакърахуна бесдалаб гъасда.

ЦIидасан гвангъула дир инсул гьумер,
Гьесул ригьде дунго вахананиги.
Нахъеги рагIула эбелалъул кечI,
Кини таралдаса гIасру аниги.

Гьанже дир хасалил гьаб херлъиялъе
Доб хинаб гъансито киса батилеб?
ГIолохъанлъиялъ гьеб гьоркьоб биччана,
Рокьи гьелегьараб гьелде регIичIо.

ГьабсагIат абуни, ниж тайпаялъе
Телевизор буго, гъансито хисун.
Гьениб эбелалъул кечI рагIуларо, –
МагIу буго чIварал къасдазда хадуб.

Чанил бусен гIадаб нижер гъансито,
Хисана гьанже мун гьаб цо экраналъ
Гьенир рагIуларо инсул къисаби,
Гьениб – къасигун къад хъудулеб дунял...

## БАЗЕ БИЧЧАЙ ЧВАХУНЦІАД

Кьижа, кьижа, ритІухълъи,
БачІун буго гьерсил мех, –
Гьури пулеб бугеб куц
Киналго рахъаздасан!

Кьижа, кьижа, яхІ-намус,
МахІцун буго гьанже хІор, –
ХІанчІи рещтІунел гьечІо
ГанчІада лъим гьекъезе.

Кьижа, кьижа, лебаллъи,
Кьер хисанин цІаралъул, –
ЦІа сунеб бугин гъасда
БукІараб гьунаралъул.

Кьижа, кьижа, мун гІищкъу,
ГІазу банин мугІрузда, –
Гьанже цидулал гІадал
Цабир угин божидул.

Кьижуге, ахІулеб кечІ, –
БорчІизабе ритІухълъи,
БачІун буго замана
Чода тІад кьили лъезе.

Кьижуге, тІармил чІваби,
ЦІуне гьеб тІеренаб хьул, –
Базе биччай чвахунцІад,
Чвахизе риччай гонгал...

## ДИЦАГО ДИЕ

Кьижа, Расул ХІамзатов,
Кьижа, ХІамзатил Расул,
Дур росу рикІкІад бугин,
Дур санал накІкІикь ругин.
Дур некІсиял саринал
Салулъе цІадлъун анин,
Дур цІваби, гІодой ртун,
ГІурул тІиналде анин.

Кьижа, цIигьулдерил вас,
ЦIар рехсолев инсул вас,
ЦIа сунеб бугин гъасда,
ЦIер чIвалеб бугин хIорда.
ЦIунизе кIвечIин
Дуда некIсиял гьудулзаби;
Пашманго балагьулин
Эбел-инсул занал духъ.

Кьижа, гуккарал къоял,
Кьижа, рикъарал къасдал;
Къойилан дуца тараб,
Сордо букIун бугин доб.
Саназ дуда малълъараб
Маргьа букIун бугин доб.
Дуца нахъ тарал кьоял
Кьвагьун, риххун арал куц!

Кьижа, собраниязда,
Сарингин рокьи гIадин,
Гьегьал канцеляразда
КечIги гIищкъуги гIадин.
ГIумруйищ гьетIун араб,
Гьурийищ хIалуцараб? –
ХIинкъараб бугин гьаракь,
Гьанже дур къункърабазул.

Къанал рекулел ругин,
Гьанже дур солдатазул,
Санграл риххулел ругин
Гьанже дур хиялазул.
Мехищ гьерсилаб бугеб,
Нухищ гьетIараб бугеб? –
Гьакал рекулел ругин
Гьанже дур гIумруялъул.

Кьижа, ХIамзатил Расул,
Кьижа, хIасраталъул вас,
Кьурул рагIалда бугин
Дуца нахъ тараб гIасру.
Бортилищ, бортиларищ,
Батилищ, батиларищ? –
Бертабалъ пураб зурма,
Дуца дун гуккарав куц!

Пирхулеб буго пири,
Риххулел руго къадал, –
Къуръан лъачIел дур кучIдул,
Какал рачIеб дур гIищкъу...
Кодоб ккураб лъимадул
Судулеб суалалъе
Дур санаца, дур кучIдуз
Кинаб жаваб гьабилеб?

Кьижа, Расул ХIамзатов,
ХIинкъараб къарнудал вас,..
Зодой балагьун берал,
ГIодор чIвалел накаби.
ГIадамаз квер босулеб
ГIицIго кверкьовулъ буго...
Кинаб ахираб багьа
Гьанже чIаголъиялъул?

Кьижа, Расул ХIамзатов,
Кьижа, ХIамзатил Расул,
Дур росу рикIкIад буго
Дур санал накIкIикь руго...
Амма букIананиги,
РачIарал къункърабаца
ВорчIизе гьавила мун
Цо-цо магIаругь ихдал.

## ЭБЕЛ-ИНСУЕ

Сверухъ чан мегIер бугеб,
Сверухъ чан кьуру бугеб?..
Кьижулареб дир хIисаб,
Сасунареб дир ургъел.
Бищун борхатаб мегIер
Хирияв эмен вуго.
Бищун анищаб гIидра
Урхъарай эбел йиго.

Кьижа, дир хириял,
Кьижа, дир херал.
Зодихъ бугебщинаб цIва,
ГIодоб бугебщинаб цIа...

ГIумру даим чIолареб,
ХIанчIи рачIунел, унел.
Даим тIерхьунареб цIва –
ЦIа гIадинав дир эмен.
Кидаго сунареб цIа –
ЦIва гIадинай дир эбел.

Кьижа, дир гIакъилал,
Кьижа, дир гIагарал.
Чан континентал ругел,
КигIан улкаби ругел?
Макьу гьечIел чвахиял,
Кьижуларел заманал.
Бищун гучаб океан
ГIазизав эмен вуго.
Бищун гIатIидаб ралъад
РахIмуяй эбел йиго.
Кьижа, нуж дир хириял,
Дун хадув гъолев вугин.

## ПАТIИМАТИЕ

Хаслихълъи гIагарлъана,
ГIурччинлъи тIогьиллъана;
МугIрул тIогьал хъахIлъана,
Кьижа, кьижа, ПатIимат.

Кьижа, дир саназул цIа,
Кьижа, сапаразул цIва;
Дур цIар ахIулел ругин
ХIанчIи, югалде унел.

Бакъ щобал щинкIун ана,
МаркIачIул накIкIал щвана;
Дунял кьерхунеб бугин,
Кьижа, кьижа, ПатIимат.
Кьижа свакарал берал,
Дир сариназул канлъи;
Хабар цохIо дур бугин
ДандчIвалел улкабазда.

Кьижа, гендерил гъабу,
Кьижа, Гъуниб бигьари, –

Гъун унел ругел тIанхаз
Дур ихазул бицуна.
Поездалги гумиги
Свердула къоял гIадин,..
Ралел ругел цIадаца
Дур цIар ахIулеб буго.

Цо къарнуялъ нилъеда
Къо лъикIилан абула;
Къаси цIияб, бачIунеб
Сордо лъикIилан буго.

Дун гъавурав ватана,
Гъаб дур гъулак кIикIизе,
ГьитIинаб мехалдаса
Гъаб бетIер хъахIлъизегIан.

Кьижа, кьижа, ПатIимат,
МугIрул гIидрадул кьегIер,
ГIалам, гIасру гвангъараб
Дир гIумруялъул чирахъ.
ГIарабалъ пальмадул гъветI,
Персиялда бирюза...
Парижалда лъаларо
Дуда релълъараб щибго.

Прагаялъул цIорол
ЦIваби кенчIолеб бокал,..
ЦIар лъезе шагьар гьечIо, –
ТIубан дуниял йиго.

## ПАРАКЪАТ КЬИЖА, ГЬОБОЛ

ВачIаравидц, гьобол, мун?
Гьанже дир рукъ – гьаб дур рукъ;
Паракъалъе, сордо лъикI,
Свакарав нухлулав, дуй.
Дур ургъелал дие кье,
Дур унтаби дие те.
Дур пашманлъи дие кье,
Кьижа, кьижа, гьобол, мун.

ВачIаравищ, гьобол, мун?

Паракъалъе, мун кьижа;
Кьуре гIодобе чирахъ,
Чуче борчараб рачел.
Гъадаб рехараб тIагъур
ГIодобе щвезегIанги
ГIадамасул рахIаталъ
РухI цIилъизе гьабулин.

ЦIа гъасда свине гьечIо,
СагIат кIетIолеб буго.
Цоги гIагарлъи, росу
Дур макьу цIунун руго.

ЦIвабзахъ балагьун, гьобол,
Дур гьвеги чуги буго;
ГIицIго цо чвахи буго
Чабхида ахх бачунеб.

Кьижа, гьабол, дур хIалтIи
Дица тIубазе буго.
Дур хIажатгин къасд, хиял
Дица къала каранде.
Къо буго дие сордо,
Салам кьун мун рещтIараб,
Кьурдилаан гьанже дун –
Дур макьу хвелин гуреб...

Кьижа, гIагарав гьобол,
Кьижа, хирияв гьудул,
Мунгун къацандулевцин
Къавулъ дица теларо.
Дудаса къисас боссе
КъваригIарав вачIани, –
Къед берцинлъизе гуро
МагIида ярагъ бараб.

Кьижа, гьобол, кьижа мун,
Макьу лъикIаб бихьаяв!
Дуда макьилъ бихьараб
Рокьул мурад тIубаяв!
Къаси гIисин цIад буго,
ЦIа сун гьечIо бакараб.
ХIелеко гьаркьагъани,
Гьелъул бетIер къотIила.
Кьижа, гьобол!

**ЦЕНЗУРАЛЪУЛ КИНИДАХЪ**

Рокьул иццухъ аздагьо,
Асаразул цIадухъ ци...
Кьижа, кьижа, цензура,
Кьижа даимаб макьид.

Дун вачIана балъголъи
ГIаламалъул бицине,
ГIищкъудул, гьайбатлъидул
Гъурмал пардав борхизе.

Дуцайилан абуни,
Дир бертин чIвалеб буго,
ЧIечIого бахIаралде
Пардава цIалеб буго.

Дир кIал букъараб рукIкIен,
Дир рекIеда чIвараб магI,
Кьижа, кьижа, цензура,
Кьижа даимаб макьид.

Дун вачIана, киналго
Туснахъал рагьилилан, –
Мун рахсалгун, кIулалгун
КIалтIа батана дида.

Дун вукIана, хIасраталъ
Эркенго хIухьел цIалин, –
Дур «цIодорлъиялъ» дида
ЦIа бакана хIинкъараб.

Кьижа, бакъназул судья,
Накъищазул КГБ.
Кьижа, кьижа, цензура,
Кьижа даимаб макьид.

Дунги кечIги рукIана;
ВатIанго, ВатIанилан...
Дуца бетIер хьвагIана, –
Пачалихъ, пачалихъан.

Дунги кечIги рукIана
Къваридазул рахъалда, –
Къадруги законги дур
Залимахъан батана.

Мун искусствоялъул
Ургъалил рогьел чIвалеб,
Кьижа, кьижа, цензура,
Кьижа даимаб макьид.

## ЦIОГЬОРАСУЛ КИНИДАХЪ

«ЦIогьор, моцIрохъ балагье, –
Мафиялъе лъикIаб бакI.
ЦIогьор, цIвабзахъ хал гьабе, –
Хазинабазул цIурал.
Нилъер гьаб къавулъни щай,
КъватIиб пачалихъалъцин
ГьечIеб якъутгин месед
Нусго батIияб доба...».

ЦIогьор жирулев вуго,
Жиндие гьел кIваричIин,
МоцI, цIваялъухъ хал гьабун,
Поэтал рукIайилан.
Жиндихъе подвалал кье,
Жиндихъе базаби кье,
Базарал, магазинал,
Банкалгин кассаби кье.

Кьижа, цIогьор, кьижа, мафиялъул вас,
Чанги жо цIцIунин, ххунин, хIанчIанин;
Дуца цIоко ччукIичIеб цIцIе-хух
Улкаялда хутIичIин.

«ЦIогьор, гIорал, иххазул
Чвахиязухъ гIенекке, –
Чвархъи рагIулаpебищ
Кверда ралел рахсазул?
Колымалде ятабалъ
Пачаязул туснахъал...
Мун тайпа битIанщинал,
Нахъе хIинчIцин борчIичIел ».

ЦIогьорас жаваб кьола;
Жиндие хIинкъи гьечIин;
Жинда рагIулел кучIдул,
ГIицIго кепказул ругин.
Жив хIинчI гурин, хъвек вугин,
Хъиргъугин хъумур вугин.
Жив гьечIого, пачалихъ
Гьаб ракьалда букIинчIин.

Кьижа, цIогьор, кьижа, мафиялъул вац,
Чанги жо цIцIунин, хунин, хаханин;
Дуца кIулал гъуричIеб
Гьамас, цагъур хутIичIин.

«ЦIогьор, сороде гьанже,
Инкъилаб бачIун бугин;
Киналго бикъулезул
Мукъулукъ кколеб бугин».
ЦIогьор кIечIелев вуго:
КIвар гьечIин дие гьезул, –
ИнкъилабчагIазеги
Ракъизе бокьуларин.

«ЦIогьор, балагье, гьанже
Социализма балел,
Советал, коммунистал,
Гьаб гIахьалаб магIишат»...
ЦIогьор велъулев вуго,
ГIахьалаб магIишатги,
ГIахьал гьабун, бикъулин,
Кинадго цадахъ цолъун.

Кьижа, цIогьор, кьижа, мафиялъул дурц.
Дуца цIвичIеб, хвичIеб, кваначIеб мех хутIичIо,
Кинал законал, приказал хъваниги,
Мун хутIана.

«ЦIогьор, рагъул замана,
Законал кьварараб мех.
ЧIун лъикI гурищ гуллица
Гвангвара борлъилалде?»
ЦIогьорас жаваб кьола:
Жив чIвалеб къуват гьечIин;
ЧIваразул бикъанигин

Жиндий хIакъ батуларин.

«ЦIогьор, балагье, гьале
Перестройка буго.
Гьанже гласность буго,
Демократия буго».
ЦIогьор, гIедегIун вугин,
Квералги хьвагIун ана,
ТIолго кооперативал
Жиндихъ балагьун ругин.

Демократалги лъалин,
Коммунисталги лъалин,
Гьел гаргадилел телин,
Гласносталъул бицун...

Кьижа, цIогьор, кьижа, мафиялъул даци,
Дудаса бергьараб щибго гьечIин.
Прокурорги – дур гьудул, судиявги – вац,
Санал ранагIан, кIулал бакIлъанин
Дунялалъул нуцIбузда,..

## ГIАБДАЛЗАБАЗУЛ КИНИДАХЪ

Макьу гьечIев дир гIабдал,
ГIакълу чIварав дир чIамучI,
Дун цIакъ гIедегIун вугин,
ГIезегIан хIалтIи бугин...
Цодагьаб, хIалхьи босе,
Нужер гIусал цIунаял;
Гьаб цIорораб лъим гьекъе,
РагIул цIад балев ахIмакъ.

Кьижа, вахьна, кьижа мун,
КIал богIое те, гIабдал, –
ГIемераб рагIудаса
РагI цIураб чIагIаго лъикI!

Абула, бюрократал –
Балагьалъе гIиллайин, –
ГIабдалзаби лъаларез
Лъолеб бугьтан буго гьеб.
Росдал годекIабахъги

Кремлялъул гьундухъги
Гьезул кIал – пулеметал,
 Гьел цоцазда релълъуна.

Кьижа, гIабдал, кьижа, мун,
КIал богIое те, танкач, –
ГIемераб рагIудаса
РагI цIураб чIагIаго лъикI!

Нужехъ гIенеккизегIан,
МичIица черх бухи лъикI.
Нужер гIемерлъи, унго,
Гьеб къотIнобго тIубала.

Щиб дица аллагьасе
Гьабураб квешлъи бугеб,
Гьаб балагь дида, тIаде
РещтIинабизе ккани?

Маймалакал кIанцIола,
ГъотIодаса гъотIоде,
Гьезда релълъун кьурдуге, –
Кьижа, гIабдал, кьижа мун.

Цо секундалда жаниб.
Нусго хIухьел угьулел,
АзарцIул кIал минуталъ
ЧвархъечIого чIоларел...
Щал актерал, кидаго
Театр лъугIуларел? –
Те дун дудаза рикIкIад,
Дуй абураб жо кьелин...

ГьекъечIого мехтарал,
КваначIого гIорцIарал,
Нужер гIемерлъи унго,
ГIагардб улкаялда!

Дун сапаралда вуго! –
Цадахъ нуж ккоге дида, –
Дир йокьулей дандчIвазе
Микьго минут хутIанин.

Бубулеб бокьоб гъвала,
БагIадулел чахъаби...

Дун тун, дир тушманасда
ДандчIваяв, кьижа, гIабдал!

## КЬИЖА, ЛЪЕБЕРАЛДА АНКЬАБИЛЕБ СОН

ТIокIаб мун бачIинадай,
ТIокIаб мун борчIиладай? –
ЧIегIерал машинаби,
Подвалазул суравал...
Судиял, тройкаби,
Туснахъал, рахсал, гьаби...
Макьилъгицин бихьизе
Бокьилареб, хIинкъараб.

Кьижа, лъебаралда анкьабилеб сон,
Лъебералда анлъабилебги кьижа,
Микьабилеб, ичIабилебги кьижа,
Кьижа, чIегIерал санал, кьижа, балагьал сардал,

ТIокIаб мун борчIиладай,
ТIокIав Пушкин чIваладай? –
АнцIила анкьабилелъ
Бекьун бижараб жужахI;
КIикъоялда цойилаб
Ццин гIагар гьабураб цIа,
Гьанжеги божидал цIва
Гвангъизе толареб хьухь.

Кьижа, лъебералда анкьабилеб сон,
Лъебералда щуабилеб, анлъабилебги кьижа,
Микьабилеб, ичIабилебги кьижа,
Кьижа даим, чIегIерал санал.

ТIокIаб такрарлъиладай,
Дур топал лъугIичIодай? –
Дол цо багIарал тIаргъал,
Дол цо тIухьидул берал;
Дол рогьунарел сардал,
Салулъе унеб пикру,
Чвахулел магIил гараз
Чурун бахъунареб би...

Кьижа, лъебералда анкьабилеб сон,

Кьижа, рокьи чIварал чIегIерал ихал,
Кьижа, гIакълу чIвараб гIасияб хасел..,
Кьижа, лъебералда анкьабилеб,
КIикъоялда анкьабилеб...
Кьижа, балагь, кьижа, рогьо.

**А –Я**

**АВАРИЯ**

**А**

## АСАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

Асаламу гIалийкум,
Аваразул милат, мацI,
Аслудал адаб лъураб,
Ахир рокьуе гьечIеб;

Аххан кини кIикIарал
Албаназул наслаби,
Агьан кучIдул ахIарал
Азиялъул бахIарал.

Асаламу гIалайкум,
Аваданаб авар халкъ,
Африкаялъул хIанчIаз
Август тIамулел тIохал.

Азарго гъулгъулеб лъар
Ахада, гъварилъуда...
Айгъир дур квачIид чIарал
АхIулгохIалъул тIогьал.

Асаламу гIалайкум,
Аваразул лебаллъи, –
Амузгиназул хвалчен
Ахъбердиласул рачлихъ.

Армяназул пашманлъи
Арарат мегӀер буго.
Аваразул пашманлъи –
Авар мацӀ лъалел лъимал.

Асаламу гӀалайкум,
Аваразул орфеял,
Аллагь, алжан кьогейин,
Дой яс кьеян гьардолел.

Асаламу гӀалайкум,
Афродитал магӀарул,
Аллагь, чухъа кӀваричӀин,
Чи кьейилан ахӀулел.

## Б

### БУКӀАНИЛА

«БукӀанила, букӀинчӀила» –
Байбихьи маргьаялъул...
Борхьил ичӀабго бетӀер
БахӀарчияс къотӀараб.

БахӀарай чуялда тӀад,
Балагъалги нахъа тун,
Багьадурав гӀолилас
БурутӀ гӀадин хъамураб.

БуцӀцӀа, буцӀцӀа, мун маргьа,
Борхьил ичӀго бетӀер щиб? –
Берлин босарав солдат,
Балагье гьесул ругънахъ.

Балагьалъе гьакӀкӀарал
БацӀазул кӀалдиса гьес
Бахъана гӀищкъу, гӀасру,
Бахъана гӀумру, дунял.

«БукӀанила, букӀинчӀила», –
Бицунеб буго маргьа:
БухӀулеб хӀанчӀил хӀули,

Буюрин, хIихIилеб чу...

Бицараб, гьеб лъаларо
БитIараб, гьересийищ?
Бихьарабгун букIаралъ
Буго дир ракI бухIулеб.

Балагьараб дур берзухъ,
Босараб дур цо кверзухъ
Берлинги кьела дица,
Дунялги кьела дица.

## В

## ВА-ХIАТУТА, ХIАТУТА

Ва-хIатута, хIатута,
Ворта, вахче – рахчирукъ,
Вахчарав мун ватила,
Ватун зодой ворхила.

Васа-вакун тIагъур лъун,
ТIаргъинив хъивихъила.
Воре гьагъай, воре дой,
Дуца кинай йищилей?

Ва-хIатута, хIатута,
Вахче, вате дунилан, –
Ватила, чагъана хъван,
Чундул кьурдизарулев.

Ватила чол кьолода,
Кьерилал мусудулгун, –
Векерун кинай щварай,
Керен чIван щий йищарай?

Ва-хIатута, хIатута,
Ворта, гьале дунилан, –
Воре цо цIал, цIиркъица
Дуе накаби чIвала.

Воре, цоги цIал кьабе,
ЦIумлъун зодой воржина, –

Воре, кинаб цIва дуца
ЦIар чIван каранда бараб?

Ва-хIатута, хIатута,
Рахчирукъ буго гIалам...
Вачана рокьул чоца
Дунги дунял тиризе.

Вабабайги букIана,
Ваададайги букIана,
Валлагь гIищкъу гIадинаб
ГIаламат данде чIвачIо.

**Г**

## ГАЛИ ЦЕБЕХУН БОСЕ

Га-га-га-га! – ян хъазал,
Гугу, гу! – ян гургурал...
Гали цебехун босе
Гусараз гIищкъуялъул.

Гали цебе лъуразул
Газа кьурда рекIунин.
Газаргъодул чIор битIун
Горбакьулъ, гIужда щолин.

Ганщал рукIа пенщелел,
ГарцIал рукIа кIанцIелел…
Гали цебехун босе
Гулливерица гIадин.

Гали цебе босичIез
Гималай бахунарин.
Гурмендо бахIаралъул
Бадиса борхуларин.

ГодекIабахъ ганчIазда
Гаргалел регIарал те…
Гали цебехун босе,
Гагариница гIадин.

Гали цебе босичIез

Горда гъоркь тIамур хъваге,
Гулишатил тIохда гьел
ТIад гIадада сверуге!

**Гъ**

## ГЪУНИБ

Гъуниб, борхатаб Гъуниб,
ГъалбацI асирлъараб си.
ГъутIбуз гIодой рехарал
Цо-цо тIанхал дур гьежда.

Гъугъади сасаниги,
Гъолъул рикIкIадисеб кIкIуй
Гъулдузда кIочон гьечIо, –
Гъугъдузда цIаги биги.

Гъоркьан тIаде харулел
Хучдулгун апшеронал;
Гъеж гурун, данде унел
Гъазаватин муридал.

Гъуризе лъикIан гамачI
Генерал гIодов чIараб...
Гъаримлъараб Дагъистан,
ГъецIалъ ккураб цIа гIадин;

ГъалатIаз цIураб диктант
Хъварав цIалдохъан гIадин,
Гъуждул, бохдул къотIарав
Байсунгъур кинигинан.

Гъуниб – хоб шагьидлъарал
Шамилил, муслимазул;
Гъобцояб гIодоблъуда –
ГIисал васазул занал.

Гъозул-дозул бицунеб
Бигьариги магьиги,
Гьезул цIарал ахIула
ЦIумазги къункърабазги.

Гъуниб, берцинаб Гъуниб,
Гъугъади рагъул сасун,
Гъапуллъарай ясалъул
Бусада релълъуна мун.

Гъалал ххан, тIаде бахъа,
ТIалъиялъул чIухIи мун.
Жергъен чIван, кечI ахIулей
Муида релълъараб мун.

## Гь

## ГЬУДУЛ, БАРКАЛА

Гьурал гIумрудул гьуйгун,
Гьудулзаби дагьлъана.
Гьурмал гьими, кIалзул гьа
Гьерсилаб чан батараб!

Гьудул чан арав хъамун
Гьегьал хъулухъаз, цIараз, –
Гьанже мун гьечIей ани,
Гьабилеб щиб букIараб.

Гьудул, дуе баркала,
Гьурал кинал пуниги,
Гьалдолеб рокьул куркьбаз
Курс роржунеб хисичIо;

Гьелчолел карачелалъ
Гьудулзаби дагь тана.
Гьел, гIор щвараб мехалда,
Рахъ-рахъалде щущана.

Гьел цо бацIазул гъанцIи,
Гьел цо гарцIазул кIанцIей, –
Гьанже мун гурей ани,
Гама тIинде инаан.

Гьудул, баркала дуе,
Гьалагал чвахиязулъ
Дур хIасраталъул раса,
Гьелъ дун хвасар гьавуна.

Гьелегьарал цIаяца
Гьабурабщиваб рохъо!
Гьегьал политиказул
Гьиналъ ккурабщинаб кечI!

Гьелъул багьа гьабсагIат
Гьорол хъалалъул буго.
ГьитIинго ккараб рокьи
ГьечIебани, дун гьечIо.

Гьудул, баркала дуе,
Гьел дур кверал кье дихъе...
Гьал руго хазинаби,
ХутIанщинаб – пиштIа-митI.

## ГI

## ГIАКЪЛУГИ ГIИЩКЪУГИ

ГIакълуялъ гIабдалилан
ГIищкъуялда абуна.
ГIищкъуялъ ахIмакъилан
ГIакълуялда абуна.

ГIакълу: далайчийилан,
ГIищкъуялда белъана.
ГIищкъу: дар-дар гIемеран,
ГIакълуялда кIалъана.

ГIакълу – къвалакь тIахьалгун,
ГIищкъу – кодоб тIамургун;
ГIакълу – дунял-гIаламин,
ГIищкъу – цо гьадай ясин.

ГIазу бана, биана,
ГIасрабаз къацандана
ГIухьбигун мутагIилал,
Физикалгун лирикал.

ГIакълугин гIищкъу ана
ГIадилаб диваналде,
ГIумар ХIаям вищана

КIиязго судиявлъун.

ГIалимчиги дов вугин,
ГIащикъги дов вугила.
ГIаршин досухъ гIадинаб
Гьаб къец борцине гьечIин.

ГIумар ХIаям ватана
ГIодов чIун тахтаялда,
ГIелмиял тIахьал цIалун,
ЦIвабзахъ зодой балагьун.

ГIумар ХIаям ватана,
ГIодой къулун, какги бан,
ГIищкъул кучIдул ахIулев, –
ГIолилалда къвалги бан.

ГIолилалъ гьасий чашка
Чагъиралъул цIун кьола, –
Чай шагьасе тIейила
ХIаямища гьекъола.

ГIакълу гIадинаб гIищкъу,
ГIищкъу гIадинаб гIакълу
ГIаламалда букIинчIин,
КIиябго цого жойин.

ГIакълу басичIев гIащикъ
ГIомо борлъулев вуго,
ГIищкъу лъачIев гIалимчи
ДегIен бечIчIулев вуго.

ГIумар ХIаямил диван,
Дун гьелда рази вуго, –
Унго, гIомо борлъулел
ГIемер щай ругел жеги?!

## Д

## ДАЛАЙ, ДАЛАЛАЙ

– Далай, далай, далалай...
Дур магIна, цIар, киса мун?

– Дида цIар рокьи буго,
Дир цIар Дагъистан буго.

– Далай, далай, далалай,
Дур сапар щиб, сарин щиб?
– Дир сарин гIищкъул буго,
Дир сапар кибго буго.

– Далай, далай, далалай,
Дунял, гIумру бихьараб,
Дуда мегеж щай гьечIеб?
Дуда къоно кин чIвачIеб?

– Дун гьеб мегеж дализе
ДегIенги цIцIеги гуро.
Дун – даимаб, бахIараб,
МахIуцин галадичIеб.

Дагъистаналъул сиялъ
Дандерижияз думалъ
Далай такрар гьабичIеб
ГьечIо къо, гьечIо сордо.

– Далай, далай, далалай,
Дур гьаракь къотIанани?
– Дулай, дулай, дулалай,
Дунял бихханилан те.

## Е

### ЕВА

Ева йижичIей ани,
Ералаш букIинаан...
Евадасан бачIана
Европагун Азия.

Ева ячIун хадуса
«Есть» абуна гIаламалъ,
«Ехали казакалин...»
КечI ахIана Россиялъ.

Е – ялда азар мацIалъ
Абулеб цIарцин гьечIо.
Ева-ХIава гьелъул хIакъ
ХIалаллъаги нилъее.

Еваца хIанчIараб гIеч
ХIарамаб кин гьеб бугеб? –
«Ейго ей! – ян хъачагъаз
Хъарсуге!» – ян гьаб гIалам.

## Ж

## ЖАХIДА

ЖахIда – рокьул жанавар,
ЖахIда – макьудал жунжра.
ЖахIдаялъ кIвербацIцI бикъун,
Камурал дездемонал...

ЖахIда рокьи ккаразухъ
Кколеб гIазаб батани,
ЖахIда дихъго гIадинан
Лъихъго ккелароан дир.

ЖахIда – жасус цIаралъе,
ЖужахI мун гьунаралъе.
ЖахIдаялъ МахIмуд течIо,
Моцартий загьру кьуна.

ЖахIда кочIол махщалихъ
Кколеб унти батани,
Жакъа гьадигIан хIасрат
Поэтахъ ккелароан.

ЖахIдаялъул вац гьечIо,
ЖахIдаялъул вас гьечIо, –
Живго Камалил Башир
Инсул гIощтIоца чIвана.

ЖахIда букIинчIебани,
МацI-гIарза дагьлъилаан,
МацIал дагьлъарал ани,
Туснахъал дагьлъилаан.

ЖахIда гьечIеб чIаголъи
Жагьилаб букIунаро, –
Жул къваригIун буго цо
Гьеб къабихIлъи лъухьулеб.

ЖахIда ккечIеб жигар-жан
Жагъалаб букIинаро.
ЖахIда цохIо буго дир –
БахIараб мех унилан.

**3**

**ЗАМАНАБИГИ ЗАНАЛГИ**

Заманалъ жаназаби
Занабакь лъуралщинал!..
Занал – хваразул кверал,
Забалазде рорхарал.

Зодил цIваби заназухъ
Зигара балел руго, –
Заманалъ чIвалареб жо
ЦохIо гьунар бугила.

Заманалъ гIаламалъе
Зурма гIемер гьураб куц!
Хабал гIурабиян ккун,
ГIадамал кьурдарал куц!

Замана чIвалебилан,
Заманалъ чIваралщинал!..
Зар букъулеб лебаллъи
Буго цо хутIулеб жо.

Заманалъ дунялалда
Залпал речIчIарал щинал!
Залимазул рорхарал
Тахал риххаралщинал!

Заманалъул зум-зумин
Загьру ахир гьекъела, –
Загьираб гIакълу буго

ГIумруялъ лъалкI толеб жо.

Заман – чIезе лъалареб,
Закон саназе гьечIеб.
Сон дида щай бихьичIеб
Жакъа къоялъ къачIараб?

Заманаялъ биххичIеб
Борхараб хиял течIо,
Зодихъ вугев, гьаб гIищкъу
Дуца дир къаникь лъелищ?

Занал – хваразул кверал
Зодоре рорхун руго.
Заман, дир кечI – васият
Дуца наслабахъе кье.

## И

## ИХГИ ХАСЕЛГИ

«Инарилан» тIирун чIун,
Исанаги гьаб хасел,
Инсуца жиндий тараб
Ирс налъи бугеб гIадин.

Их бачIана, хIинчI гIадин,
Ирга гьанже дир бугин,
ИчIго моцI ургьиб банин,
Гьанже роддом нахъ танин.

Инкар ккун чIана хасел:
Инарал жиб бугилан,
Исхъалул хъахIаб чухъа
Чияда ретIинарин.

Ихалъ гьалда абуна:
Илла, билла, тейила,
Инкъилабалъ гIурччинаб
РетIел букъулеб бугин.

Ихалъ гьелда абуна:
«Инарал, нухI босе!» – ян,

ИнчIонани нуцалги
Мунги реццуларилан.

Ицико басанданин,
ИтаркIо гьаркьагъанин.
Инсанас хурги бекьун,
АхIулеб кечI дий бугин.

...Их щваца магIарухъе, –
Хъвалеб букIараб гIазу,
Хъабчил гIарада гьабун.
ГIор бахун эхей ана.

## Й

## ЙО, ЙОРТА...

«Йо, йорта гьание мун!»
АхIана гьудулалде;
«Йохъан» кьурунги юссун,
КьогIго балагьана гьай.

«Йо» гурилан дун дуе,
«Йорта» гурин дун дуе...
Бортахъулеб цо таращ
Бихьизе гьабуна гьалъ...

«Й» хIарпалда магIарухъ
РагIаби ратуларо.
«Йилълъа, йиччай» абула,
Эзухъги гIин баларо.

«Й» ахиралда буго
Авар рагIабалъ даим,
Апараг кикигинан,
Росу рагIалда вугев.

«Дир лъикIай, дир берцинай,
Бицун бажаруларей,
Дир абурай, ячурай,
Йиччан тезе кIоларей.

Дир беричай, нечарай,

Дир парччахIай, хIеренай,
Дир хIасратай «йо-йо-йо»...
Дир хIалимай «йо-йо-йо»...

Йокьулелъ жаваб кьуна:
«Йо-йо», «йо-йо» гуребги
«Йо» – ялъул кьалбал ругел
РагIабалъ кенчIела бакъ.

«ЙорчIами» гьезул цояб,
Рогьел гIадаб гьайбатаб;
«Йокьула» – жеги лъикIаб,
Жибго гIумру гIадинаб.

Дица гьелдаса нахъе
«Йо»  – яй абуларо;
«ЙорчIами», – ян ахIула, –
БачIуна къо, щола бакъ.

## К

## КЕЧI

– Кисан, кида, кинан гьаб
КечI, мун дихъе бачIараб?
– Кинида гIодулев дур
МагIил гараз бачIана.

– Кисан, кида, кинан гьаб
КечI, мун дихъе бачIараб?
– Квачалев мун хинлъизе,
Гъасда цIагун бачIана.

Кверал рорхун щурулел
Каказулъан бачIана.
Кавказалъул гIоразул
Карачелаз бачIана.

Камилаб рокьул парччахI,
Керен гьелъ бухIараб куц! –
КечI кунчIана, пирхана,
Гъугъадана, угьдана.

КиналгӀаги кьабарал
ЦӀурмазулъан бачӀана,
Кинабали хӀикматаб
Макьу гӀадин бачӀана.

Канлъи босарал берал,
Камурал гьудулзаби...
КечӀ бачӀана речӀарал
ХӀанчӀи гьечӀел гьутӀбулъан.

### Къ

## КЪОЯЛ АНА

Къоязда хадур къоял,
Къункъраби гӀадин, ана;
КъватӀахъан такъсир ккарал
Туснахъал гӀадин ана.

Къоял рукӀун ратана
Къарзалъе чиясе кьун,
КъваригӀараб чабхъадуй
Чу-ярагъ кьолеб гӀадин.

Къоязда хадур къоял,
Къункъраби гӀадин, ана,
Къаси чагӀи кьижигун,
Чирахъал гӀадин, свана.

Къоял рукӀун ратана
КъучӀби раччизе кьурал, –
Къали цӀураб цӀамул льим
ГьекъечӀого гьел лъачӀо.

Къоялда хадуб дир къо,
Кьориниб чан кинигин, –
Къец-дагӀбаялъ чӀванщинаб
Дир ахӀун лъугӀичӀеб кечӀ!

Къоял рукӀун ратана
Къасдаздаса рикӀкӀада, –
Къилба каккий киб бугеб
КватӀун гурони лъачӀо.

Къоял релъун гIодана,
Къояз гIодой би тIуна,
Къаси дида бихьараб
Макьу мекъи гъабуна.

Амма букIананиги
Цо къо дирги букIана, –
КъапмегIер гIищкъуялъул
МаркIачIуде бахана.

### Кь

## КЬУРДИ-ХЪАТ

Кьурди-хъат, кьурди-хъат, –
Кьабе къали, пуй зурма!
Кьунсрукь кенчIолел берал,
Кьабе тIил, рахъа цере!

Кьурди-хъат, кьурди-хъат, –
Кьуркьудулеб лага-черх...
Кьвагье цин зобалазде,
Квагье цинги ракьалде.

Кьвах, кьвах, кьвах!..
Кьвагьулеб гьорораб черх.
Кьвах, кьвах, кьвах!..
Кьвагьулеб гьалдолеб ракI.

Кьурди-хъат, кьурди-хъат!..
Кьерал гIатIид гьарилин!
Кьолода лъазе йиччай,
КьегIер гIадин, гIолилай.

Кьурди-хъат, кьурди-хъат! –
Кьурда тIад цояб хIетIе,
Кьур-кьурун гIор хъудулеб
Кьода тIад цоги хIетIе.

Кьурди-хъат, кьурди-хъат! –
Кьалбал ракъваги ццидал.
Кьиндал КьилимагIарда

ГIодаги бараб гIазу.

Кьижун макьу щогеги
Кьерилазул беразда, –
Кьурдилин, хабалалъа
Хварал рахъунеб куцалъ.

Кьурди-хъат, кьурде гьарс!..
Кье дихъе цо цIураб рагI, –
Кьужна, гьанжеги гьоцIо
Кьолареб мунго кинаб?!

Кьурди-хъагт, кьурди-къат!..
Кьураби тIуркIиледухъ,
Кьабулеб къолол гьаракь
Зобазда гъугъаледухъ.

Гьарс, гьарс, воре гьарс!..
Гьороца аги кьогIаб.
Кьвах, кьвах, воре кьвах!..
Кьал гIицIго гьадинаб лъикI.

**КI**

**КIУДИЯБГИ ГЬИТIИНАБГИ**

– КIудияб щиб?
– КIудияб мегIер.
– Йохъ.
– КIудияб щиб?
– КIудияб ралъад.
– Гуро.
– КIудияв щив?
– КIудияв  чи.
–  ЛъачIо.
– КIудияв щив?
– ГьитIинаб лъимер.
– Лъана,

КIикIулеб киниялда
КIал-мацI лъалареб рижи
КIудияв вуго дие,
Дантегун Шамил гIадин.

КIкIалахъ беролел ищцал,
КIочонарел, тIокIкIарал...
КIудиял руго дие,
Ралъад, океан гIадин.

– Щиб жо кIудияб?
 – КIудияб дунял.
– Щиб жо кIудияб?
 – КIудияб гьунар.
– Щиб жо кIудияб?
 – КIудияб рокьи.
– Щиб жо кIудия!б?
 – КIудияб балагь.

КIуни гIанасеб росу,
КIкIуй тIалайдухъан унеб,
КIвеларо, хисиларо
Нусго Рим, Парижалъухъ.

КIиго рагIи, лъимаца
ТIоцебехъе абураб
КIикъого бакъаналъухъ
Бетховенил кьеларо.

КIаркьеналда кIаркьен хъван,
КIутIби цолъулеб лахIзат
КIвар бугеб буго дие
КIудияб векалдаса.

– КIудияб щиб?
 КIудияб тIалаб.
– КIудияб щиб?
 – КIвахI гьечIеб хIалтIи.
– КIудияб щиб?
– ГьитIинаб кIул, кIудияб гIакълудал гъамас рагьизе.
– КIудияб щиб?
 – ГьитIинаб лъимер.
– КIудияб щиб?
 – РекIей бокьараб.

**Л**

**ЛАБАЗАНИЛ ДУГIА**

Лабазан дун, Лабазан,
Лагъ вуго дун дур, аллагь.
ЛахI бахинчIеб яхI кье дий,
Лак бахинчIеб кечI кье дий.

Дица как балеб буго,
Лебаллъи кье дир чорхоей,
Лачен букIине биччай
Дур лагъасул гъажилда.

Лаиллагь... мегьедги дий,
Иллалагь... бетIерги дий,
Лемгалъул къулагIи
КъотIун магIида бай дир.

Лаиллагьа иллалагь,
Лабазан, вай, Лабазан,
Лал бокъине гьабе дир,
Бакъги, ун, цIад балалде.

Лабазаний хъулухъ кье,
Лабазаний хъазан кье,
Лабазан депутатлъун
Дагъистаналъул гьаве.

Лабазаний шапакъат
Щолареб моцI бачIунге,
Лабазан киданиги
КГБ – ялъ ахIуге!

Лаиллагьа иллалагь,
Вай Лабазан, Лабазан,
«Леян» ахIараб мехалъ
«Ияйилан» воржунев.

Лабазаний хъазан кье,
Лазатай цо гIадан кье,
Лага бугей, черх бугей,
Чамасдакил гъветI гIадай.

Лаура Петраркай те,
Лейла Межнуние те, –
Лажбаралъ бетI къачIачIей

МагIарулай дие кье.

Лаиллагьа иллалагь,
Лабазан, вай Лабазан!..
Гьел гьариял тIурани,
ПатихIа ва патихIа.

ЛЪ

**ЛЪАРАЛ РАГIАЛДА**

Лъарал рагIалде щвана
Лъадудаса вахчун чи;
Лъаларила, гьечIила
Гьелде щварав щивниги.

Лъар гьесда белъанхъана:
Лъади еццулев чигIан,
Лъаларила, рагIичIин
МагIарухъ ахIмакъилан.

Лъарал рагIалде щвана
Лъадигун кьаллъарав чи;
Лъабго цIар тIамичIони,
Лъеларин тIокIаб тIагъур.

Лъар гьесда белъанхъана:
Лъади какулев чигIан,
Лъаларила, рагIичIин
МагIарухъ ягъзинилан.

Лъарал рагIалде щвана,
Лъадул цо цIар бахъичIо.
Лъар жибго ахIмакъищ гьаб? –
Дур бицун, кечI ахIула.

Лъарал рагIалде щвана,
Лъадул щибго бицинчIо.
Лъар жибго ягъзинищ гьаб? –
Багъула цо-цо дуде.

## ЛЪЛЪ

### ЛЪЛЪУРДУЛ МЕСЕДИЛ БИС

– Лълъурдул меседилаб бис,
Лъутулеб щай дидаса?
ЛъугIичIел кучIдул ругин
Дуе дица ахIизе?

Лълъурдул меседилаб бис:
Лъутулеб дун гурин гьеб,
Лълъурдулги рачIги гьечIел
Дур санал ругин, уна.

– Лълъурдул меседилаб бис,
Лъукъараб дур лага-черх...
ЛъугIиз те бакънаца
Бакъ кенчIолеб дур гьумер.

Лълъурдул меседилаб бис:
«Лъукъун дун гурин бугеб,
ЛъугIулареб дур гIищкъул
ГIумрудул кучIдул ругин».

## М

### МАХIМУДГИ МУИГИ

Макьуйищ гьаб лъаларо,
Маргъуйищ гьаб лъаларо,
МагIарул театрищ
Къаси бугеб лъаларо.

МахIмудилан дун вуго, –
Муи – дир миккийилан.
Муийилан мун йиго, –
МахIмуд – дир хъиргъуйилан.

МагIарул гIищкъул мурад,
Мун теларин, дун вуго.
МахIмуд, дун цогиясе
Абун йигин, мун йиго.

МахIмуд: дун кочIол чапар,
Мун чияй теларилан.
Муи: дун чара хварай,
Жиндир лъимал ругилан.

МахIмуд: дун кьо бихxарав,
Мугъ чIвазе кьуру гьечIев.
Муи: дун къорол йигей,
Дир къварилъи бичIчIайин.

Макьаби тIуралила,
Мурадалде щвелила, –
Муи хъамун, ГIашилтIа
Манташ гIадин, дун МахIмуд.

Мун разияй йигищан,
Магьари лъолеб мехалъ, –
МахIмуд жинда лъаларин,
Муил макруяб жаваб.

МугIрул хIикмалъарал куц!
МоцI мехтун тартадана.
МацIни ракьа гьечIеб жо –
Рокьиги гьересийищ?

Макруял магIил гарал,
Месед тIад бекьараб пахь,
«Муи, дуе кьо-мех лъикI», –
Къайисас росу тана.

Малаик Карпаталде
Минут гьечIин вачIинчIеб,
Манзил дагьлъула къойил
Дидагин хвалда гьоркьоб.

Макьуйищ гьаб лъаларо,
Марям дир Бекьилъ тарай,
МахIмудилан ахIдана
Доб Австриялда диде.

Маян ярагъ рехана,
Чугун кьили рихана.
МихIмаралъуб кинигин
Килисабахъ как бана.

Мария дир, Марям дир,
Муи, мун сураталда, –
Малаикасда абе,
Дун цодагьалъги тейин.

Малаик гIенеккана,
ГIащикъасда гурхIана. –
МагIарухъе тIад вуссун,
ТIасамагIарде щвана.

МугIрул тIогьиса дица
ТIугьдул дуе ретIарал
Молода лъезе ккана, –
Муи, мун ятIалъана...

МагIирокъобги дица
Бакъан гIищкъул тIамуна.
Меседил дир гIадалнах
ГIадада хвелеб лъана.

Магьдил МухIамад – гьобол,
Мугъалда – гьесул гулла,
Молода восун унеб
Мурад – дир гIумруялъул....

Маргьа гуро гьаб рокьи,
Макьу гуро гьаб къисмат,
МагIарул Ромеолги
Джульеталги къиса.

## Н

## НУХ БИТIАГИ

Нухал рахсал кинигин,
Нухал гIарщал кинигин,
Нухда рахъиналде цин
Цодагьалъ гIодор чIелин.

Нух битIаги, тIад вусса,
Нухалъул сайигъатал:
Сордо букIа, къо букIа,
Къиматав гъудул вукIа.

Нухал – мехазул рачел,
Нухал – къасдазул раччи,
Нухал рорциналде цин
Жигар-жан чорхол борце.

Нух битIаги, тIад вусса,
Нухазул шапакъатал:
НекIсияв инсул гьобол,
Гьанже цIилъараб рогьел.

Нухал эхере унел,
Нухал эхеде унел...
Нух гьечIеб, кьуру гьечIеб,
Кьо балареб гIор гьечIо.

Нух битIаги, тIад вусса,
Нухда бугеб хазина,
Херазул гIакълу буго,
ГIедегIуге – гьеб босе!

Нухал, иццухъ лъалхъулел,
Нухал, цIадухъе унел,
Нужеца бачунареб
Наку гьечIо ракьалда.

Нух битIаги, тIад вусса,
ТIагъур, тIамур кIочонге.
Нухда микьир гIадай яс
Майилан кьеги дуе.

Нух – яхIалъул имтихIан,
Ниялъул хIалбихьи,
Нухал, цIвабзахъе унел,
Нухал, хабалъе унел.

Нухда гьакал кинигин,
Буго гьаб гIумру, дунял:
Нух кочIоца къокъ гьабе,
Нух какалъ хIалал гьабе.

Нухда улкадул гIурхъи
Нахъа толеб мехалда,
Нахъехунги цебеги
НакIкI киб бугеб балагье.

Нух битIаги, тIад вусса!..
Нухда росу кIочонге, –
Нухаз кибе бачунеб
Бугеб лъалареб улка?!

**О**

## ОРДЕНГИ ОРДЕРГИ

Октябрь байрамалде
Орденал рикьулелъул,
Обкомалда кIоченчIо
Обком кIоченчIев ХIажи.

Орден байгун, вохун гьав
Гьеб чуричIого чIелищ? –
«Чахъу дие дагьаб жо», –
Оц хъуна хъала гIадаб.

Округалда киналго
Лъалел, лъачIел ахIана,
Одер бажараб бодул
БетIер гIадин вукIана.

Оцол лълъарги кодоб ккун,
КечI ахIизе лъугьана.
Опералъул хоралъул
Солистасда релълъана...

Ана цIцIани магIарде
Орденоносецасул, –
Ордекал хIорихъ гIадин,
Хъудана азбар-къоно.

ОБХОги жибго
Мехтараб тартадана, –
ОцхIутIаллъун рихьана
ХIакимазул «Волгаби».

«Огьан», «агьан» букIана
РекIекълъун ХIажил хъизан,
Орденалдаса жидей

Ордер лъикIан рукъ щвезе.

Лъимал ахIделел руго,
Эбел гIодилей йиго, –
Общежитиялдайищ
Васаз гIумру гьабилеб?

Орденаца, дир гьудул,
Гьоркьоб нилъер рукъ течIо,
Амма бищун рекъарал
Орденал камун руго.

Орден берцинлъидул дуй,
Орден рокьиялъул дий –
«Одиесея» гьаб гIищкъул
ЛъачIеб жагьилаб гIалам.

**П**

## ПАТIИМАТ

ПатIимат, дур гьайбатлъи,
Паналъулеб, хIинкъараб....
Пальто дуца ретIараб,
Щибаб тIа – тIегьги цIваги.

Пири пирхараб щинаб! –
Паракъалъи дур гьурмал;
Поездал арал щинал! –
Пашманаб свакай, сабру.

ПатIимат, дур гьайбатлъи,
Гьурмада рахьги биги,
Пилалда Индиялда
РекIараб мехалъ гIадаб.

Пачалихъал риххана,
Портал гумуз хисана.
Парижалдацин мехаз
Мадмазелал херлъана.

ПатIимат, дур гьайбатлъи,
Гьеб хутIана как гIадин;

Пал дир кучIдуз тIамураб
Кинабго битIун ккана.

Пагьму дир гьечIониги,
Пикрабаз дун гуккичIо.
Паспорталъе некIсияб
Сурат дуца хисуге.

ПатIимат, ПатIиматин,
Миллионал ясазда
Бусургьабаз дур цIар лъей
Гьадинго букIун гьечIо.

Поэтас къасд гьабула
Гьезул мажлис ахIизе.
Председатель лъала,
Мун гурей йищиларо.

**Р**

**РОСУ – ДУНЯЛ**

Рагьана сардил, пардав,
Рогьана, бачIана къо.
РорчIами, бакъул чIорал,
РачIа, рещтIа рагъида.

Расул буго дида цIар,
Росу – раса дир ЦIада,
Район – тIалъи дир Хунзахъ,
Республика – Дагъистан.

Рес-хазина ирсалъе
Авар мацI щун буго дий.
Рас ботIрода санаца,
Рахь гIадин, хъахIлъана дир.

РагIабазул цIал кьабун,
РекIараб кочIол чоца
РикIкIаде вачарав дун,
Рималдегицин щвана.

Ракьал батIи-батIиял, –

Рокьул мухбир кивго дун;
Рагъал ккарал гIасиял, –
Ругънал гIицIго цо гIишкъул.

Ралъдада цIер чIваниги,
ЦIа бакараб ракI гIадин,
Рохьал кигIан хъударал, –
Лъукъараб чан – дир назму.

Рокьул институталъул
РагIарав студент дун,
Ректорас диплом кьезе
Жеги биччалеб гьечIо.

Расул, дун ХIамзатил вас,
Росу буго дир Макка;
Район буго дир улка,
Дагъистан буго дунял.

## С

## САГIАТ

СагIтил сверуда бугеб
Свак лъалареб лъабго чу;
Сардаралги мерхьараб,
СултIаналги рехараб.

Дий гьезул ургъел гьечIо,
Сарин хъвалев вуго дун.
Салам бице дир рахъалъ
Сверулел гIасрабазда.

СагIтил сверуда бугеб
Свак лъалареб лъабго чу,
Санал кьела дица дир
Секундахъ, гIищкъуй щварал.

Сордо рогьараб мехалъ,
Сарин лъугIараб мехалъ,
Салам бице дир рахъалъ
Сварал тIолго цIвабзазда.

Сапар лъугIараб мехалъ,

Сарин лъугIараб мехалъ,
Салам бице дир ракъалъ
ТIерхьун унеб бакъуда.

## Т

## ТАЛИХI, ТАМИХI, ТАКЪСИР

ТалихI букIарабани
Тукабазда бичулеб,
Тургьи цIун, росулъ дица
Туртаде чIехьелаан.

Тургьи рагьун, такъсираз
ТамихI гьабуна дие;
ТалихI чIехьолеб тIанса
ТIутIуна гIумруялъул.

ТалихI, талихIин абун,
ГохIда ахIдолел хIанчIи, –
ТункIица гьесде ишан
Босулел чанахъаби.

ТалихIгин такъсир, тамихI –
Театр гьаб чIаголъи,
Тамашаял актерал
Нилъго нилъей ратана.

ТалихI жиндир кIудияб
Тухум бугин букIуна, –
Тохлъукье мокърукь тункун,
Бекула гьелъул бетIер.

ТалихI борхалъиялда
Тахида чIухIдарула,
ТамихIалъ гIодоб чIабар
ЧIамизе гьеб тIамула.

ТамихI дидаги лъана.
Такъсирал дирги ккана.
Техтеро гIадин мехал
Ххенарал куц гIумрудул!

Таваккалаб гьаб тохлъи,
Тохаб гьаб таваккаллъи...
ТоргІо бухараб щинаб
Нилъеца – футболчагІаз...

ТалихІ рокъоб букІинчІеб,
КъватІиб гьеб букІинаро.
ТалихІ рокьуца кьечІеб
Ццидае букІинаро.

## ТІ

## ТІЕГЪ

ТІегьалъ дида абуна:
«ТІе дун йокьулелъе», – ян,
ТІадмагІарул ихазул
Дица бицинин долъий.

ТІамур дида, кІалъана:
«ТІохде вахун, дун хъвай», – ян.
ТІеренлъадалъ лъедолел
Щвараб гІоралъ росизе.

ТІагъихъахІалъ абуна:
«ТІагъур ботІрода лъураб
ТІаса дур бахъун хадуб,
Дун лъалиниб тоге!» – ян.

ТІегьалъул гьайбатлъиги,
ТІармил гьаракь-бакъанги,
ТІагъихъахІил ияхІги,
ТІалъи, дудаса унге!

## У

## УЛКАЯЛЪУЛ УНТИ

Унтулареб бакІ гьечІо,
Улка щокълъараб мехалъ, –
Ункъабго щинкІил хъахІаб

Чуйищ нилъее ккараб?

Ургъелаз бусен лъечIеб
Ургьимес хутIун гьечIо, –
Yнкъабго къедищ бугеб
Улкадул биххун унеб?

Умумулищ, лъималищ,
Лъаларо щал гIайибал? –
Угьдулел руго кучIдул,
Улбуз сардилъ ахIулел.

Урра, гьурра лъугIана, –
Улкаялъул щобазда
«У»-ги«Гуро»-ги буго
ГурхIел лъалареб кьалда.

Унго, ругънал судунищ,
Унго, саназ херлъунищ? –
Ансадерил гIансида
Пенсиялда бахIарлъи?!

Улка даим гIуцIарал,
Устарзаби кир ругел?
Унтараб хIасраталъе
Тохтирал щай кватIулел?

## X

## ХАСЛИХЪЛЪИ

Хирияй, дир хирияй,
Хаслихълъи рещтIун буго,
Хундерил гIидрабаца
Хисулеб ретIел буго.

Харицелаца кIкIвалел
Хурдузул мугжул руго;
Хиялал зодихъ руго,
ХинкIалин лъимал руго.

Хирияй, дир хирияй,
Хаслихълъи бачIун буго,

Хасго хIунсизе гьабун,
ХIанчIолеб никIкI кIкIарагун.

Хваразул рухIал гIадин,
Роржун унел гьал хIанчIи;
Хадур мугIрул ралагьун,
ГIодоре унел гIиял.

Хирияй, дир хирияй,
Хаслихълъидал тIогьиллъи!
Хабар бицунел нилъ тун,
Хисарал их-рииял.

Хирияй, дир хирияй,
Хаслихълъи бачIун буго.
«Херав, нуцIа рагье», – ян
Гьелъ цIумур бухулеб куц!

Ханжар бакъула дица,
Хваниги рагьиларин, –
Хасалоги шагIирас
БахIарай ячунилан.

## ХЪ

## ХЪАХIАБ, ХЪАХIИЛАБ

ХъахIаб рисалаталда
ХъахIилаб щакъидул хатI…
Хъвалеб буго дица кечI.
ХъахIал чIвабзаз малълъараб.

Хъвалеб буго дица кечI
ХъахIаб дур гьумералде,
ХъахIил зодил кьер бугел
Хъачагъал – дур беразде.

ХъахIаб гIазудал магIу,
Хъудулаго араб лъар
ХъахIилаб ралъадалъул
Релъабалъ балъаргъуна.

Хъизанал, пачалихъал –

Хъудулеб дагIбаялъулъ...
ХъахIаб байрахъ дуй гуреб
Дица жеги борхичIо.

ХъахIилаб накъищ, мун дир
ХъахIаб къодал нуралда, –
Хъатал кье дур килщида
Дир кочIол баргъич ххезе.

## ХЬ

## ХЬУХЬ, ХЬУЛ

Хьухьазул рехьед буго
Хьвадулеб зоб-ракьалда,
Хьагалъул тIалъел рагьун,
Бахъараб хIухьел гIадин.

Хьулал рекIелъ кенчIола,
ХьуцIилъ цIаял кинигин;
Хьухьал руго магIарда
Хьихьулел гIиял гIадин.

Хьухьикьан чвахулеб цIад,
Хьалбал чодул чурулеб, –
Хьул буго бакъул жулалъ
Хьухь зодиса лъухьилин.

Хьулал руго гIемерал,
Хьиндада пихъ кинигин,..
Хьухь кигIан тIупаниги,
Хьулалъул гъветI бечIачIо.

## ХI

## ХIАСРАТАЛЪЕ КАК

ХIасраталъул диналъул
ХIеж букIараб ани цо,
ХIажилъун рикIкIунелъ дун
НекIого вукIинаан.

ХIасраталъе щибаб къол
ЩуцIуса къуланиги,
ХIалалда чIоларо ракI,
Жеги тIаде как бала.

ХIасрат букIине биччай
ХIалимабгун хIеренаб:
Боржун унеб хIинчI гIадаб,
ХIихIидулеб чу гIадаб.

ХIасрат букIине биччай
ХIинкъи гьечIеб, лебалаб,
ХIажимурад кинигин,
Бикаги хъамун унеб.

ХIасрат букIине биччай
ХIайранаб щавкъалъ цIураб,
ХIапизил газель гIадаб,
ХIаямил чаша гIадаб.

ХIасрат букIине биччай
ХIилла, гьереси гьечIеб, –
ХIапаро гъорлъе ккани,
ГъветI тIегьараб бакъвалин.

ХIасрат букIине биччай
ХIасил жиндир гьарзаяб, –
ХIорда ордек кинигин,
ЙикIа берталъ бахIарай...

## Ц

## ЦОГИ ЦОГИЯЛГИ

Цогиял гIемер руго,
Цо йиго гIицIго эбел.
Цогиял чанги руго,
Цо гурого гьечIб эмен.

Цогиял мехал щола,
Цо гуреб гIумру гьечIо.
ГIемерал хабал руго,

Цо гурони хвел гьечIо.

Ццин бахъун къирщадулеб
Ца къоло кIиго буго;
Цо буго хIакъаб рокьи,
Цогияб – дагьаб хIарам.

Цо гуреб гьечIо ВатIан,
Цо гуреб гьечIо дунял,
Цоги-цоги ругилан
Маргьабалъ бицаниги.

Цо чиясе кIигояй
Цого мехалъ йокьани,
Цоялъ тола, ялъуни
КIиялъго тун хутIула.

Цо бетIер кIиго квералъ
Кквезе ккана гIемераз, –
Цо кверзукь кIиго хъарпуз
Циркалдацин бихьичIо.

Цинги, цинги букIуна
Цо-цо кеп гьечIеб чIанда, –
Цебе босулеб гали
ГьебгIан рекъараб гьечIо.

Цудун хурив арасул
Цагъур чIобоголъичIо, –
Цо ккве, цер кквеян гурищ
Цебесеб кици бугеб?

Цо цIа гIадаб чуялъе
Цо цIал кьабараб гIола;
Цо лебалав чиясе
Цо лъикIаб рагIи гIола.

Цо дидаги абуна,
Цо рокьи дирги ккана,
Цогияхъ гъоркьа-гъоркьан
Цо-цо балагьаниги.

**ЦI**

**ЦIАЛКIЕ, ЭБЕЛ, ДИР ГIУМРУ**

ЦIалкIу босе кIудияб,
ЦIалкIе, эбел, дир гIумру,
ЦIадаб лъе дуца сусур
Дир саназул мегъалъул.

Амма дуца цIалкIуге,
ЦIадаб лъоге дир рокьи, –
ЦIаялъ цIа бухIуларин,
ЦIуне даимаб хIасрат.

ЦIалкIу босе гIатIидаб,
ЦIалкIе, эбел, дир къасдал, –
ЦIудул кIваркьабаздасан
Бортарабщинаб хIули...

Амма, эбед, цIалкIуге
ЦIар дуца дие кьураб,
ЦIваби дир анищазуд,
ЦIурмал дир гIищкъуялъул.

ЦIалкIу босе гъваридаб.
ЦIалкIе, эбел, дир бакънал,
ЦIадал чвахияз росун,
Чабхилъе гIемер арал.

Амма, дуца цIалкIуге,
ЦIуне цо-цо кочIол бакъ,
ЦIураб рагI кинигинан
Кванда цебе букIараб.

ЦIалкIу босе, дир эбел,
ЦIалкIе, дуца дир нухал:
ЦIадасан байбихьарал,
Нусго улка сверарал.

Амма, дуца цIалкIуге
ЦIцIаназул дол сухъмахъал, –
ЦIва рикIкIад букIун буго...
Нуха риххарал кьоял.

ЦIалкIу босе, дир эбел,
ЦIалкIе дуниял, гIалам,

ГIасрабазул цIаязги
ЦIодорлъиэе гьабичIеб.

Амма цIалкIуге дуца
ЦIада росу, Дагъистан,
ЦIада росу гьечIони,
ЦIан щвечIеб хоно – дунял.

**Ч**

**ЧИ**

Чанги хIикмат бихьана,
Чиясде щвараб гьечIо.
Черх бухIулеб, гурхIулеб
Гьесул гIадинаб гьечIо.

Чиго чийилам буго
Чагъана чIаголъидал,
Черхалда чилъи буго
Чаранлъун лъадарилеб.

Чанги лебаллъи лъана,
Чиясде щвараб гьечIо:
Чанахъаби – гIищкъудул,
Чапарзаби – гIумрудул.

Чияс бацIил кIалдиса
Чахъу къурун бахъула.
Чехьквеш – цIиркъил бадиса
МагIу кIанцIизабула.

Чанги гIакъилаб лъана,
Чиясде щвараб гьечIо, –
Чанги миллиюн санал
Рарал мугIрузда гьикъе.

Чиго чиян букIуна
Чанилцин лъукъараб ракI.
Чиго чийилан буго
Чара хвараб щинаб бакI.

Чанги квешлъи бихьана,

Чиясде щвараб гъечIо, –
Чернобыль, Освенцима,
Аллагь, доб Хиросима...

Чиясул ццинин абун,
Чехал Лидициялда,
Чияс чIварав чиясул
Чаргъадид бикIулеб бер.

Чанги дунял бихьана,
Чи гIадаб щибго лъачIо.
Чи вукIун дун чIухIула, –
Чин цогияб кIваричIо.

## ЧI

## ЧIВАБИ РЕКЪЕЗАРИЛИН

ЧIараб нур, бакъги цIадги,
ЧIвалеб хъат, царал бертин.
ЧIваби рекъезарилин
ЧIоло чорхол битIизе.

ЧIваби рекIел рекъани,
ЧIел рекIарас босулин;
ЧIоло чорхол битIани,
ЧIор битIун гIужда щолин.

ЧIа цодагьалъ, дир гьудул,
ЧIваби рекъезарилин, –
ЧIегIераб хъахIиллъила,
ЧIинтIараб гургинлъила.

ЧIалгIеналъ нуцIа къала,
ЧIамучIаб нахъе ина,
ЧIарадисезул хоралъ
ЧIварал чIаго гьарила.

ЧIа цодагьалъ мун, гIалам,
ЧIа, гIенекке, зобгин ракь, –
ЧIужугIадан парччахIай
Гьале данде ячIуней.

ЧІахъаги гьагъай гІадан! –
ЧІаголъе, хвараб, араб...
ЧІваби ракъезарилин, –
Бакъ къалъараб, тІерхьунге!

**Ш**

## ШАМИЛГИ ШУГІАЙНАТГИ

ШагьримоцІ хъахІил зодихъ,
Шагьи гІадин, паркъелеб,
Шагьаралъул гьундухъе
Харулев магІарулав...

Шагьаралда цІар – Моздок,
Шиша гІадай эрменай, –
«Шуруге, ягъаруге», –
Хъамуна Ахъбердилас.

Шагьар кьижараб тана,
Шагьра нух нахъ хутІана.
Шамат сордо рогьингун,
Щвана Чачан ракьалде.

Шалиялъул рохьал тун,
Щвана Даргъо росулъе,
Шамилил къеркьеялъул
ШаргІалъул маккаялде.

Шамил радакь бихьараб
ХІикматаб макьуялъул
ХІисабазда, щай гьабин,
Щакдарилев вукІана.

Щунгъаралдаса гъоркье
 Ахъбердилав рещтІингун:
– Щванищ, вуссанищ, наиб,
Щиб цІияб хабар рагъул?

– Шамил, щибас чу кьолой,
Кьалул ккураб кІал хвана, –
Шапакъатги босун дун
Вуссанин жаваб кьуна.

– Щиб шапакъат, сайигъат?
Щурщудана Дагъистан,..
– ЩайтIанищ, гIаданищ гьеб? –
Мунго балагье, шайих!..

Шамил балагьун чIана...
Щукру бетIергьанасе:
– ЩиIб дуда цIар, къутIбу-цIва?
– Дур асир Анна йиго...

Шамилица гьалда тIад
Шал чIвана сим меседил:
«ШугIайнат, дир лъади», – ян,
Анна-манна лъаларин...

Шуршудана Дагъистан,..
ШаригIаталъул вазир
Щиялиго капурай
ГIаданалъ валъаргъанин.

Шамилица абуна:
Щурщудуге нужилан,
ШаргIалде юссарай гьей
Бусургьан йигин гьанже.

Шамхалил хъулбузухъги,
Шагьазул гьундузухъги,
Шамалъул бакъалъухъги
Щавкъ гьаб ккараб кьоларин...

Шамилил кIодолъиги,
ШугIайнатил ияхIги,
Жалго шагьидлъаниги,
ШигIрабазулъ хутIана...

## Щ

## ЩУГО ШАРТI

Щуго шартI тIубанани,
Щвелаан нилъ цIвабзахъе:
Щавкъ, гIищкъу, гIакълу, гьунар,

Щулалъи – гьаб черхалъе.

Щуялъулго цого-цо
Щавкъалъул шартI тIубани,
Щибго батIияб тIокIаб
Дица гьаризе гьечIо.

Щуго гIузру гьечIони,
Щибаб черх чилъилаан:
Щакдари, щцин, жагьиллъи,
Живго веццц, бахиллъи.

Щуябго квешлъиялъул
Цониги дие щвани,
Щавкъ-гIищкъуялъул тIолго
Иццал дир къине руго.

## Э

## ЭХЕДЕ, ЭХЕРЕ

Эхеде унел цIумал,
Эхере унел иххал,
Эркенлъи нужей бугеб
Кида чиясе щвелеб?

Эхеде унел цIумал:
«Эгь, чагIи!» – ян ахIдана,
Эркенлъи нужецаго
Нужейго толеб гьечIо.

Эхей чвахулел иххаз
«Эгь, гIадамал», – абуна,
Эркенаб рокьиялъе
Ракьалда бакI дагь бугин.

Эхеде унел цIумал:
Эхей чвахулел иххал,
Эбел-инсудасан ниж
Нужго гIадин рижанин.

Эхеде унел цIумаз
«Эгь, чагIи», – ян абуна,

Эбелалъ нуж цоцада
Релълъинчlел гьарун ругин.

Эхей чвахулел иххаз
«Эгь, гlадамал», – абуна,
Эльбрус гlадин, цогоял
Нуж ракьалда гlун гьечlин.

## Ю

## ЮГ, СЕВЕР

Югалъул вас вуго дун,
Югалде хасел щвана.
Хал гьабун вуго, север
Югалде бачlун буго.

Юргъан бигъана хъахlаб
Багlарал кьурабазда,
Кьижизе хинал бакlал
Цlехезе ана хlанчlи.

Югалъул Азиялъул
Индиялъейищ арал?
Жеги рикlкlаде яги,
ЮАРалдейищ арал?

Югалде бакъ щоларо,
Мун рокъой ячlинегlан, –
Юсса, юсса, дир гьудул,
Гъасда нилъер цlа баке.

Юг киб бугеб, Савер киб? –
Сверулеб буго бетlер;
Юг Юг гуро мун гьечlеб,
Север кье дий мун йигеб.

## Я

## ЯСАЛ

Ясал макьилъ рихьичIев,
Ясазухъ рокьи ккечIев,
Я бокьов гIурав вуго,
Я жеги гьавун гьечIо.

Я раби, ругелщинал,
Якъутал гIадал ясал!
Якъутги гвангъуларо
Ясазул берал гIадин.

Ясал рехсолареб кечI,
Яре абе, гьеб – чIанда.
Ясазухъ бухIичIеб ракI,
ЯсикIодал буго гьеб.

Я бичас, данде чIвалел
Ярагъунел мусудул!
Яшавалда гьел лъараб
Яхши абула дида.

Ясалги, бокалалги,
Музыкаги лъаларев,
Я гъарин, гьев гурони
Цоги гурхIилев чи щив?

Ясгун вас унеб чоца,
Ябу гьеб букIаниги,
Юргъа бачинчIонани,
Яман вуго бахIарав.

ЯчIа, беричай дихъе,
Ячун дунял свериз͏е, –
Ярагъ, дуе борчараб,
Лъида дица речIчIилеб?

Ясал хIакъир гьарурав,
Гьесда дица абила:
«Я мун чIелинха ЧIондокь,
Я мунги чIван, дун чIелин».

## ДИР ГЬАЛМАГЪЗАБАЗЕ КОЧІОЛ САЙИГЪАТАЛ

### КІКІАРАТІЕ ТІАЛХІАТИЕ БИТІУЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

ГІурусаз «а, ах» – абун.
Авараз «вах, вах» – абун,
Ахван лъугьун бугилан
Буго аби КІкІаратІа.

Дийни ГІахьвахъ бижана,
ТІадмагъилъе щваравго;
Дица дир щурунтІагъур
Цо гордухъе рехигун.

Гордухъан яккун ясалъ
МацІ бихьизе гьабуна:
«Доб моцІрохъе щвелин мун,
Дихъе щвелалде цеве».

Дица къватІиб рехараб,
ТІаргъил хІур кІутІулаго,
Гьелъ, ТІалхІат вачІинегІан,
ЧІун йигилан абуна.

Дун: «ах! ах!» – ан вукІана,
Дун: «вах! вах!» – ан хутІана, –
Вохун таги мун, ТІалхІат,
ТІадмагъилъе щваравго.

### ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СОЮЗАЛЪУЛ НЕКІО ВУКІАРАВ ПРЕДСЕДАТЕЛАСЕ ДИР ГЬУДУЛ КАМИЛ СУЛТАНОВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Председателъ Султанов,
Гьеб дида кІочонаро,
Гьалдолел кьалул соназ
Дуца кьураб документ.

Дун писатель вугилан,
Фадеевас гъул басун,
БачIараб салам диде
БукIана дур сайигъат.

Саназ бахIарлъи ана,
ГIемераб гьаб, доб ккана...
Гьанжесел дир пикрабаз
Гьикъула» «КД», дуда:

«Доб нилъер гIумруялъул
ГIантаб гьалатIцин ккечIищ,
КочIохъан дун вугилан,
Дуца кьураб документ?»

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪИЯБ ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ МИНИСТР БАДАВИ ХIАЖИЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Бадави, уяб жойищ,
Гьал ихаз цух танагIан,
Аваразул рахьдал мацI
Ридиялде буссунеб?

Росабазул тIохазде
ТIаде бахун, «культуралъ»
ТIадмагIарул кечIалъул
Котлетал гьарун ругел?

Гьанже магIарул дарсал,
ГIурусалъ абиларо,
Ингилисазул гIадин,
Росабалъ дагь малълъулин?

ШигIрабазул магIнадул
Далай-дулай хутIанин,
Дагь-дагьккун гьабги гьанже
Щокъроб гьанкъулеб бугин?

КIочон тарал мацIалги
ЧIаго гьарулел цоял –
ЧIагоялда цIа лъолел
ЦIаларал гIалимзаби.

ГIисинал лъималазда
Хъвай-цIализе малълъула –
Хъвазе жидерго мацIалъ
Лъаларел министрал.

Авар техникум лъугIи
ТалихI ккана гIумрудул, –
Ратуларо, лъаларо
Лъица гьеб къарабали.

Къараб гьеб рагьуларел
Нилъерго багьа кинаб? –
Якьадалда эбелин
Абулезулъ гьечIищ нилъ?

Якьадалъулги дирги
ДагIба жегиги ккечIо, –
Кин букIаниги, гьудул,
Кин букIаниги, гьудул…

## КIУДИЯВ МУХIАМАДИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

КIалцIи базе кколареб,
Квине жо гьаруларeб
Дир кочIол илхъи дуца
Къабул гьабе, МухIамад.

Щибго жо гьекъоларел,
Рукъ къварид гьабуларел
Къасдазул асаразе
Цо руссине бакI гьабе.

Гьал дийдаса церейищ
Яги дида цадахъищ,
Яги цинги хадурищ
Хвезе ругел – лъаларо.

Ялъуни гьал хвечIого,
ХутIилелги щиб лъалеб, –
ЩинкIил ункъабго хъахIал
Ратизеги бегьула.

## МАХIМУД ГIАБДУЛХАЛИКЪОВАСЕ КЬОЛЕЛ ТIАХЬАЗДА ГЬАРУРАЛ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЯЛ

МахIмуд, Гьоркьколор дида
Кидаго кIоченаро:
КIудияв МухIумаги
Ахилчил ХIажиявги.

Дица, гьитIинав васас,
Гьезий кучIдул цIалана, –
ЦIалаца дун вухизе
Цодагьав жо хутIана.

Инсуца хъварал гIелин,
Хъанда, дуца сихI тейин, –
Дир сариназул тIанчал
ТIутIун гьез гIодой рана.

Гьанже гьел гьечIониги,
Гьезул цIал цебе чIола,
ЦIализе дирго кучIдул
Духъе кьолеб мехалда.

2

Цо МахIмуд гIелаан магIарулазе –
Борхатаб магIарда гIищкъуялъул цIа;
Амма досул цIаргун, мун вачIаравго,
ЦIва жеги гвангъана нилъер тIалъидал.

Дов гIадинав щагIир, мун гIадав артист,
Цо гIасруялъ кьураб кьурабазул халкъ...
КьилимегIералъул гIадада гуро,
КIиго бетIер бугеб, даим хутIулеб.

## КАЗБЕК МИКАГIИЛОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Казбек, ракIалда буго
Авар педучилище...

Дур эмен, Шигьабудин
ВукIана дир мугIалим.

Дица гъосий хIинкъарал
Дирго къасдал рицана.
Гъос, къокъ гьарун, дир кучIдул
Газеталда рахъана.

Хадуб гъос дир инсуда,
Расулил рокьи ккани,
Цо бегьулев кочIохъан
Лъугьинилан абуна.

Рокьини ккана: Казбек, –
КучIдузул иш лъаларо:
Цо-цо хъвала, бихъула,
Нахъойги байбихьула.

КучIдул гьарунин абун,
Поэт лъугьуневани,
Гьаб бащадаб дуниял
Гьезул цIун букIинаан.

## ДИЛИМАЛДЕ ГIАБДУРАЗАКЪИЕ БИТIУЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

МагIарул газаргъоялъ
Авлахъалде биччараб
Аваразул чIор гIадаб
Дилималде дир салам.

Бразилиязул рес
Росабалъ бугебани,
Цо Рию-де-Жанейро
Жакъа гьениб балаан.

ГIабдуразакъ, кIиялго
Дол росабалъ сверана.
Свакарал нилъер чуял –
Дида Париж кIочана.

Баркала кьун, дица дуй
КучIдузул тIехь битIула, –

Казбекалъул ясазе
Бюроялда цIализе.

## МАХIАМАД СУЛИМАНОВАСЕ КЬУРАВ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

МахIамад Сулиманов,
Санал арал куц хехго,
Амма гьезул свераби
Нилъвр сариналъ руго.

Нилъгун цадахъ хутIана
Хундерил хъала даим:
Лъабго гIатIидаб кIалгун,
КIинусго согIаб бергун.

ЦIолокье, кIкIалал тIинде
КIанцIулел чвахиялгун,
КIудиял, – гьанже гьечIел
Дол пихъил базаралгун.

Нилъгун цадахъ хутIила:
Хунзахъ, ГIарани, ЦIада,
«ЦIиюри» – хасалил цIа,
«ЦIияб канлъи» – фабрика.

Гьелъул ясаз рукъарал
КъатIипадул тIажаби,
Батировас ахIараб
Олимпиада кочIол.

РакIалдаса инаро
Буйнакск,.. текникум,
Таня, Шура, Фаина,
ЧIикIаб доб практика.

Кафир-Кумух, жагаялъ
Релъарал нилъер кIутIби;
КIиялго нилъ, Есенин
Сабаблъун, рагъарал куц.

Нвлъер общежитиял,
Турниказда свериял;

Салман вачIун, бахчулеб
ЦIан бахъинчIеб хъалиян.

Гьел хъалиянал гIадин,
ГIемерал санал цIана –
ЦIадулъ кигIан гIемерал
Гьудулзаби хутIарал!..

Гьанже нилъер гьал саназ
Цоцазукъе раккизе
Цодагьалго гурони
СагIтал ратулел гьечIо.

Нилъ даим сапаразда! –
Биччанге дир сариназ
Дуда салам бицине,
«Рубаха парень» Миша...

## МАШИДАТИЕ БИТIУЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Машидат, КIкIаратIасан
КIалъай, хабар щиб бугеб?
Цевего щвечIо дове,..
…ШигIрабазул доб вечер.

Мунги дагьай йихьула
Данделъабазда гьанже,
Дараби кIалдир лъолей,
КIалъазе яхъиналде.

Дур хIукму-хIал цIехезе,
ГIумрудул хабаралъе,
КигIан хиял кканиги,
Духъе вачIине щвечIо.

Дирги кар, кьурдун, хъат чIван,
ХъахIлъун буго, Машидат,
Дагьаб гьелъул бицина
Гьал «Саназул чIумаца».

## ШАМИЛ ГІАЛИЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

ТIехь – рекIел матIуйилан
РукIуна гIалимзаби;
Дица дир кочIол матIу
Дуе битIулеб буго.

Гьеб гьетIараб батани,
БитIун гьелъ бицинчIони,
ТIанусир – гIемер ганчIал,
РечIчIун гьездагун беке!

## ГІИСАЕВ МУХІАМАДИЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

МахIамад, рагIана мун,
Гьанже Дагъистаналда
Дуйго памятникалъе
БакI бищулев вугилан;

Гьури букIа, цIад букIа,
ЦIадирабазда дуца
ЦIалеб цIарги хъулухъги,
Хъвалел кучIдулги ругин.

Дица цIехолеб буго:
ГIедегIулевцин гьечIищ,
ГIисаев МахIамад, мун
Монументлъун вахъине?

Дуца жаваб гъабуна:
Гьеб махсара бугилан,
Гьанже мехалъул лъалел
Поэтазе гьабураб.

Дица гьикъулеб буго:
КватIулевцин гьечIищ мун,
КечIалъул лага-гьумер
Пахьул, хIатIул гьабизе?

Дуца жаваб гъабуна:
КочIой памятник бугин,

Гъудулалда бараб къвал
Гьаб бокал ккураб кверала...

Дун гьелда рази вуго,
ВагIза, дугIа гьеб буго,
БатIияб гьаб чIаголъи
ЧIалгIараб дам-дам буго.

Дудаса, дун кинигин,
МахIмудги разилъаги, –
Мун, гIорто, гIищкъул кечI
Камугеги! ПатихIа...

Гьел щвечIони, автомат,
Шагьар бакьулъе вачIун,
Щибав данде ккарасда,
Майилан абун, речIчIе!

Цинги милица дуде
ГьештIеэе лъугьанани,
Гьезул пагонал рахъун,
Босеян, хьуризаре!

## ТIАНУСИВ ВУГЕВ УЧИТЕЛЬ ГIАБДУЛХАЛИКЪОВАСЕ БИТIАРАБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Саназул санграл рахун,
Сверулеб буго даим
Свак лъалареб лъабго чу
СагIтил горсвериялда.

Сверуда – сардал, къоял,
СуркIинир гъудал гIадин.
Сверуда – сапар, нухал,
Саназул гIаршин гIадин.

Гьеб гIаршиналъ рорце дир
ГIумруги саринални,
Сайигъаталъе дица
Дуе ритIулед ругел.

Чанги свериялда, дун
Чоца гIодой рехана.

Бохдул реканиги, дун
Гьал кучӀдуз гӀодов течӀо.

Хадуб бокьараб бахъа,
Цогиги цӀал кьабила, –
ЦӀадаса ТӀанусиб нух
ГьитӀинго дида лъана.

Гьаниса дора рикӀкӀад
Дол сухъмахъал кӀочани,
Дуца кӀиябго гӀин ккун,
КӀкӀалахъе рехе дир тӀехь!

## МАЙСАРАТИЕГИ МУХӀАМАДРАСУЛИЕГИ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

ХӀалихьалъи – хӀамида,
ХӀинкъи – гӀанкӀид рекӀеда;
ХӀилла – царал рачӀалда,
Ццин – циялъул гажазда.

ХӀалихьат батани – чӀвай,
ХӀинкъараб батани – чӀвай,
ХӀиллаяб батани – чӀвай,
Ццидалаб батани – чӀвай.

Биччай кочӀолъ хӀихӀизе
ХӀажимурадил барти;
Биччай хӀасрат зваргезе,
МахӀмудил тӀамур гӀадин.

Дозул цӀа гьечӀониги,
Дир тӀехь жанибе биччай, –
Жалго дол кӀиялгоцин
Дагьал рекъал рукӀанин.

## ТОХТИР-ПРОФЕССОР ИБРАГЬИМ ШАМОВАСЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

Дуца дир черхалда чанги хӀикматаб
Автограф тана, тохтир Ибрагьим.

Унтул бюллетенал, гъоркь гъулги басун,
Сайигъат гьаруна, гьудул, дуца дий.

Дицаги дуй тола дирго автограф,
Унтул тарих буго гІумруги кечІги.
Гьезул рентгеналда жанисан дуда
Жаниб гьалулеб цІа рокьул бихьила.

## СУДИЯВ АВАДЗИ ГІУМАРОВАСЕ
## КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Авадзи СагІидович,
Дур законал, кодексал,
Дир кучІдузда релълъинчІел
БатІиял «хІанчІи» руго.

Законазул зар буго,
Гьебги залимаб, бакІаб, –
Дир кучІдузул квер буго,
Каранзул ракІ – хъатиниб.

Дур кодекс – тамихІилан,
Дир кучІдул – талихІилан;
Дур кодексал – туснахъин,
Дир кучІдул – тархъанлъиян.

Дур кодексал – ярагъин,
Дир кучІдул – чагъанайин.
Дур кодексазул – рахсал,
Дир кечІалъул – маржанал.

Дуца жаваб цІехола,
Жив-живасул цІар ахІун,
ГІункІкІазул рукІнахъ, картІахъ
Канлъи щай гьечІебилан.

Дур хъатикь цІумур буго,
ХІукму цІалулеб буго,
ГьетІараб гІумруялда
БитІун борохь хьвадеян.

Дуца тамихІ гьабула,

Такъсирал пуланазе, –
Такъсираб гьаб чIаголъи
Киса щвараб, лъил гIайиб?

Дуца гIадлу гьабула
ГIакълу чIвалеб цциналъе, –
ГIасиял пачалихъал
Гьал лъицадай гIуцIарал?

Дур законазул кодекс
КочIое гьоцIо гуро, –
Амма гьарула дуда
Дагъистаналъул рахъалъ;

Ялъуяи защитниклъун
Яги заседателлъун,
Дур диваналъул рокъой
Дир бакъанги ахIеян.

## ЦIАДАСА БАСИРИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ЦIаяз сиял хинлъараб,
ЦIадаз хурдул чурараб;
ЦIумаз лебаллъи кьураб,
ЦIвабзаз хиялал кьураб.

ЦIада жамагIаталъул
Мухбирасул тIехь босе, –
Гьанже гъасде вуссине
Расулие мех щванин.

Росу рагIалда, Басир,
Дур миналъидал бугеб,
Цогидал рорчIилалде
Дуе кьезин «ворчIами».

Кире цIадал раниги,
ЦIада мегъ цебе чIола.
Кинаб цIар ахIаниги,
ЦIадайилан рагIула.

ЦIада цо росу гуро,

ЦIадастан  – дир дуниял...
ЦIигьулдерил хабазухъ
Хал гьабизе мех щванин.

Хабалааде гIагарда
Дур миналъидал бугеб, –
Гьенисан цIакъ къокъаб нух
Къаникье вачине дир.

**ДИР ГЬУДУЛ ХIАЖИ ГАШАРОВАСЕ**
**КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАВ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ**

СагIат бакъул букIуна,
КIал ккуразда гьеб лъала.
СагIат салул букIуна,
Сах гьечIезда  гьеб лъала.

СагIат бищун гIемераб
ГIарцул, пахьул букIуна.
Сайигъаталъе цо-цо
Месед-якъутил кьола.

Дица дир сариназул
СагIат кьолеб буго дуй, –
Салулгин бакъул гуреб,
Пахьулгин гIарцул гуреб.

Гьелъул сверуда гIищкъу
Сонисеб жакъалъула;
Жакъа ккараб дир хIасрат
Сонисебго батула.

Гьалъ дуй сахлъи гьарула,
Саламалъи гьарула,
Цо сагIат – кочIой гIасру,
ГIасру – кочIое лахIзат.

ГIажаибаб гьаб сагIат
Дир сариназул босе, –
Цин нахъехун хьвадула,
Цин цебехун хьвадула.

Цо-цо чIунги хутIулеб, –

ЧIолорхъоги хадуб цIан,
Чодуца рехунги тун,
Унев нухлулав гIадин.

Гьедин дун дагьалъ инчIо
Улкадул сверабазда, –
Ахир щвараб, щвечIеб бакI
Дир шигIрабаз бицина.

## ЦЕВЕ МИЛИЦИЯЛДА ВУКIАРАВ ДИР ГЬУДУЛ ГIАБДУРАХIИМ ГIАБДУЛАЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ГIабдурахIим, лъаларищ,
Машиналда унев дун,
Дур «пештIолеб хIанчIица»
ЧIезе гьавуравщинав?

Нухал риххарал ругин,
Хехдарулев щайилан,
Штраф кьезегIан мун
ЦохIо кьурулароан.

Дихъан гьеб щвараб мехалъ,
Квитанция боссе
Канцеляралде метер
ВачIайилан, унаан.

Мехал гьанже сверана,
Дун кочIол машиналда,
Каву рагье, гьабсагIат
Духъе вачIунев вуго.

Нухал цIакъго риххарал
Руго хехал бакъназул, –
Дур «пештIолей хIинчI» гьечIищ
Гьазда гIакIа къотIизе?

Квитанция боссе
Метер дун вачIинаро, –
Дуца бице, киб бугеб
КочIой «бензин» щолеб бакI?!

## МУСА МАНАРОВАСЕ КОСМОСАЛДЕ БИТІУЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Муса, мун тІасалъугьа
Ракьалъул лъималазда, –
Бокьилеб хабар гьечІо
Мун вохизе гьавизе.

Амма дица дир кучІдул,
КигІан хІал квешлъаниги,
ХІасраталде ахІулел,
Дуе ритІулел руго.

Муса, дунги вукІана,
КучІдузул космосалда, –
Добасан гьаб ракьалъе
Рокьи дицаги кьуна.

Дир гІищкъул «Союзалъги»
Сверана континентал,
Кидаго дир пикрабалъ
Гьаб Дагъистан букІана.

Дуца гьунар гьабулеб
Буго улкадул рахъалъ, –
Аниб гІодоб гІадамаз
ГІодой би тІолеб буго.

Дуца гьенисан ахІе
Дица гьаниб гьарулеб, –
Дагъистан, паракъалъи,
Гьудуллъи цІунейилан.

## ЮСУП ХАППАЛАЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Нилъер гьоркьоблъиялъул
Гьава хисарабщинаб!
Гьудуллъиялъул нилъер
ЛъикІаб-квешаб букІана.

Дида квешаб лъаларо,
ЛъикIаб кIочон толаро, –
КIиялго – кочIохъаби,
КIияцаго тIубала.

Нилъер дагIба ккечIелъул
Дагъистаналъул рахъалъ,
Дунги мунги – кIиялго
Гьадал мугIрузул васал.

Дие цохIо гьеб гIола,
Цогияб гьеб – гьорол хъал...
БотIрол рас бетIаниги,
БатIияб ургъел гьечIо.

## КВАНИЛ ИНСТИТУТАЛДА – БОЛЬНИЦАЯЛДА ЦО ГЬУДУЛАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ТIАД ХЪВАРАБ

Дун Авицена гуро
Рецептал кочIол хъвазе,
Амма гьава-бакъ гIадаб
Рекъараб дару гьечIо.

АхIичIо тохтирзабаз
Консилиумалде дун,
Амма хурдузгун лъиназ
Лъилъулареб черх гьечIо.

Цоги дица абила:
Улкаялъул тIох кквезе
Бицатаб чIалу лъикIин,
ЧIурканал чурхдул лъикIин.

Гьегьал аптеказде мун
Вортанхъизе ккеларин,
Свак тун, хьвада-чIвадани,
ЧIоло чорхол битIилин.

Гьаб институталда дур
ЦIайи дагьлъичIонани,
ЦIакъ щакаб хIалтIи буго,
Рокъов мун хIалакълъилев.

Цоги дида лъалеб жо,
Гьаниб хъамураб унти
Метер тIад буссунеблъи,
Мун пенсиялде ани.

Пенсиялде аниги,
Рокьи гьениб битIуге;
Ракьалда гьеб гьечIони,
Сахлъиялъул бицунге.

Рокьи буго музыка
Нусабго лагаялъул, –
Музыкаялъ лъилъарал
Лъана дида гIадамал.

Гьоболлъухъ дагьав хьваде, –
Дихъан гьеб бажаричIо.
Гьудуллъи тIагIамлъизе
ТIагIамабщинаб кунге.

Дун – чIор гIадав инсул вас,
Щайзе черх дир гIеблъараб? –
Эмен чода хьвадана,
Дун «Волгаялъ» ваччана.

Инсуе канцелярал –
МугIрул, рохьал, мегъ, ахал;
Дун гьегьал сессиязда
Собраниязда гIуна.

Цоги рахъалъ абила,
Гьанже гьаб дунялалда,
ГIемерав чи вакъараб, –
ХIакъ бугин виццалъизе.

Дунги, гьаб гIаламалда
Бокьараб гьоркьоб течIев,
Гьанже кIалги ккун вуго,
Килограммал айин.

Поваралгун къацандун,
Тохтирал къолел руго, –
Унго гьал цIадираби,
ЦIайи дагь гьабуларел!

## МЕДСЕСТРА ГІАЙНАЕ КЬУРАБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Абула, Японияльлъ
Чи унтараб мехалда,
Азарго къункъра кагътил
КъотІани, гьев лъилъулин.

Дуца азарго къункъра
КъотІун батила дие...
Къо-мек лъикІ дуй, больница,
Баркала дуе, ГІайна.

Нилъер хІасратаб улка
Унтун буго, хирияя, –
РачІа азарго къункъра
КъотІизе кинацаго.

Каранда хІалцен буго
ГІасияб гІасруялъул, –
ГІищкъугин гІакълу цолъун,
РачІа цо сабаб хъвазе.

## ДАГЪВОЕНКОМ САЛИХІ ХАЛИЛОВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Дагъвоенком Халилов,
Дир хирияв генерал,
Рокьул полкал гьечІелищ
Гьаб нилъер армиялда?

Повестка гьечІониги,
Дунго вачІина гьенив, –
Гьужумалде, чабхъаде
ВитІе кочІол чуялда.

Чан ругъун щвананиги
ШигІру дир чучиларо,
Чан цІаялъ вухІаниги,
ЦІидасан дун вахъина.

Дизертирлъи гъабуни, –
ГъечIо кечIги гIищкъуги.
ХIинкъанищ, – хабар гъечIо,
Хвана мугIрузул шагIир.

Амма мун гIедегIуге
Извещение хъвазе, –
Инсул тIалъиялда дир
ТIамур жеги зваргъела.

Исана чIваби тIуни,
ТIадеялде регъела, –
ТIагIине вачIун гъечIо
Рокьул корпусалде дун.

## ЧАЧАНАЗУЛ ПОЭТ МАХIАМАД СУЛАЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Аваразул чи гуро,
Чачанал каканани.
Чачаназул вас гуро,
МагIарулал какани.

Чедги бащад бикьила,
Ракыги бащад бикьила, –
Рокьул гурони нилъей
Кумек букIине гъечIо.

Гъелда дур щаклъи ккани,
Дов Шамилида гъикъе, –
Гъесда гъикъичIеб мехалъ,
Дун мекъи ккун ватанин.

Шамилидаса хадуб
Ахъбердиласда цIехе –
Имамасул дов наиб
КIияздаго лъикI лъалин.

## КАМАЛ АБУКОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

МагIарул пандрида буго кIиго чIва,
КIиго лъар кинигин лъаргIие унеб.
ЛъарагI хъумузалда буго лъабго чIва,
Лъабго нух кинигин мугIрузде унеб.

РачIа, гьел чIвабааада квералги кIутIун, КазакIи МахIмудги рорчIизарилин. РачIа, кьелин гъозул щибасе цIун рагI, РагIи абейилан ниIлъ, васлабазда,.
Доб Сибирь бихьарав Казак кIалъана: Бихьикчв вукIаян, б!»хьинчи гIадин; МугIрул гьечIонани, авлахъги IГьечIин Иххаца чурулел хурДуз бицавив.
Доб Карпат тирарав МахIмуд кIалъана: БатичIин ракьалда рокьи гIздаб жо; Авлахъал гьечIони, мугIрул гьечIилан МугIрузде роржунел цIумаа биценин.
Дагьал цIадал руго, цIергиI гъорлъ жубан, ЦIа бакилин, Камал, кIияого гIаммабI, – Даим Сулахъалда салам бицеян Дица Гъойсуялда абIулео буго.

## ЛЪАРАГIАЗУЛ УНТАРАЙ ПОЭТЕССА ЖАМИНАТ КЕРИМОВАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Жамина, жагадул Япониялда,
Доб Хиросималъул гоопиталалда,
Унтарай ясалъул бусаде гьетIун,
Гьелъул санал арав эмен дандчIвана.

Гьес дида абуна, жинцаги цере
Цо-цо щу-щу мухъал шурулаанин.
Яс унтараб мехалъ, кучIдул жалго тун,
Тохтирлъун вахъине хIукму кканилан.

ХIайранаб, гьайбатаб авлахъалъул тIегь,
Дуде тIаде вачIун балагьаравго,
ГурхIарав японав ракIалде щола, –
Щай дун токтир гьечIев дур унтиялъе?

Жамина, лъаларо дуй хъвалеб сабаб,
Амма дир сариназ как балеб буго,
ЛъарагI кочIол хIанчIил цониги хIули
ХIарамаб ракьалде бортугейилан.

## ШАРИП АЛЬБЕРИЕВАСЕ КЬУРАБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

КочIолгин цIулад устар, –
Альбериев Шарип мун...
Щай лъарагI хъумузалда
Дуца хъвалеб лъабго чIва?

Гьале Анвар, гьав Аткъай,
Гьав цояв ГIабдул-Вагьаб…
 Альбериев, дурго чIва
Киб бугеб – дида лъалеб?

...Альбериев велъула:
Жив дагьав кватIанила,
Казакил тIамуралъе
Жив дагьав тIокIлъун вугин.

 – Шарип, витIун гьечIо мун, –
Казак вукIаравани,
Гъос бищунго цебе квер
Дур босизе букIана.

Гьал цо цIиял шагIирал
Дуца, цIул къотIун, гьаре;
Гьанже цадахъ вукIине
РекIелгъей дуде буго.

Гьале Анвар, гьав Аткъай,
Гьав цояв ГIабдул-Вагьаб...
Альбериев – хасаб чIва
ЛъарагIазул хъумсида.

Дица гьедин абигун,
Аткъай цIакъ разилъана;
Атабаев МахIамад,
Гьесги «гуро» абичIо.

## ДИПЛОМАТ ГIАБДУЛХАЛИКЪ ХIАЖИЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАПАЙ

ГIабдулхаликъ ХIажиев,

Дир гьудул, тIасалъугьа,
Дипломатлъи лъаларел,
Дир кучIдузул хIанчIазда.

Гьал гьегьал приемалъ
Гьимизе куцун гьечIо,
Коньякалъул рюмкаби
Коктейлахъ гьаз кьоларо.

КочIол протокол гьечIо,
Гьеб эркенаб чан буго;
Гьелъул горбода разе
Галстукал хIажат гьечIо.

Гьелъул нотаби гьечIо,
Гьелъул къотIаби гьечIо,
Къулани, – къулула гьеб
Гьал нилъерго мугIрузе.

Гьеб Женевалде инчIо
Гьегьал данделъабазде;
Дир суал гьоркьоб лъечIо
Совет безопасносталъ.

Симпозиум, сессиял;
ГIаммал декларациял...
ГIахьаллъичIо гьезда гьорлъ
КочIол делегация.

Хъвалел коммюникаби,
Пресс конференциял..
ГьечIо гIищкъул пачалихъ
ГIагараб ООНалда.

Гьелъул хьагинир гъудал, –
Гьенир женжелел, гьудул,
Журналистал рукIуна, –
Жакъа къо гьезул буго.

ГIабдухаликъ, гьедин лъикI,
КечIалъул гIарза гьечIо.
Гьелдасаги къваридал
Балагье дол къункърабахъ...

РачIа къотIи гьабизе,

Къан цоцазул кквералгун, –
Кирго вакилзабилъун
РукІине тІалъиялъул.

## МОСКВАЯЛДА ЧІАРАВ МАГІАРУЛАЗУЛ ПОЭТ МАХІАМАД АХІМАДОВАСЕ БИТІАРАБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Дица дуй битІула гьаб дир гІищкъул тІехь,
ТІанчазда гьоркьоб лъун гІидрадул лъабгІин.
Гьелъ абулеб буго их бачІун бугин,
ВачІаян кочІохъан инсул ракьалде.

Лъала, дуе росу тахшагьар гуро,
Амма шагІирасул макка гьаб буго.
Дун Кремлиялда чанги вукІана,
Амма кочІол кагІба мугІрузда буго.

## АТКЪАЙИЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Дур гьитІинаб шкаф – тІолго дур дунял,
ТІахьал сокІкІаралги щущан аралги.
Гьезул цонигиялъ цониги бокІнилъ
БакІ кьоларищ, Аткъай, дир асаразе?

Дуда магІарулаб дагьаб бичІчІула,
Дидаги лъарагІалъ «суемен» лъала.
Цо гьеб рагІи гІола дир асаразул
Аслуялда дуца «яхши» абизе.

## ДИР МАДУГЬАЛ, ПОЭТ ШАХ-ЭМИР МУРАДОВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Мун Сулейман гуро, дун ХІамзат гуро,
Дозул дагьабго ирс босананиги.
КочІол шагь мун гуро, эмир дун гуро,
Эбелалъ гьединаб цІар дуй кьуниги.

Амма хIикматаб иш гьечIищ Шах-Эмир,
Мун шагIир, дун шагIир – кIиго мадугьал,
КIикъоябго соналъ цоцалъ къец ккечIо, –
Цо-цо мун вагъизе гьаб тIехь битIилин.

## ГIАБАСИЛ МАХIАМАДИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ГIабасил МахIамад, жахIда ккана дир –
Жакъаги щуго яс дур таксиялда.
Цинги дун хIинкъана, гьезул сверулъа
Сах-саламат шагIир ворчIиладаян.

Гьеб букIана битIун КГБ-ялъул
Клубалъул кIалтIа сагIат цоялда.
Площадь бакьулъан, ХIажиев къватI чIван,
ДахIаби, учу-чу... ана мун паркъун.

О, гIищкъул дирижер, гьаб дур, оркестр,
Ясазул гурони музыка гьечIеб.
Гьеб дур матIуялъуб гьурщанщинаб гьал, –
Гьезулъ вахчичIого бачIунареб кечI.

Дулъ бугеб Баширил махщел щванани,
Дица шигIрабазде квер хьвагIилаан, –
Щибилеб, кIудияб жахIдагун цадахъ
Жакъа гьитIинаб тIехь битIула дуе.

## ГIАДАЛЛО ГIАЛИЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Кин бугеб жамагIат магIарулазул,
Жергъен лъица чIвалеб рокьи-кьалалъул?
Гьаб дур годекIаниб ганчIазда гьикъе, –
Гластность гурони, Лирика бугищ?

Дица нус кьеларо сайигъаталъе, –
Семизе кколила хадуб, абула.
Черхалда борчараб хвалченалдаса
Хочбарил чагъана бокьула дие.

Биччанте шигIрабаз кумек гъабизе
Киналго гIадамал гIагар гъаризе;
ГъабгIан тIадегIанаб цоги как гьечIо, –
Дир кечI гьелъул рахъалъ дуе, ГIалиев.

«Кваркьаби гьечIого, зобал рокьарал»
Ракьалда дуцаго кIалухъ рахъичIищ?
Зобалги гьечIого, куркьбал рокьарал
Ругел щинал гьанже шагIирзабазулъ!

## ДИР ЦIАР ЛЪУРАВ ГIАБДУРАЗАКЪОВ РАСУЛИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Дир цIар лъурав, дир гьудул,
Дир цIаги босе цадахъ, –
ЦIакъ цIад, гьури гIемераб
ГIасру, дунял бугин гьаб.

Дир цIар лъурав, дир гьудул,
Дир цIваги босе дуца, –
Гьениве вахунаго,
Нухда хутIун вуго дун.

Дир цIар лъурав, дир гьудул,
ЦIалкIе дуца дир санал, –
Сусургин чIахI камичIеб
ЧIаголъиялъул мухъал.

Дир цIар лъурав, мугIрул вас,
ЦIале дуца дир кучIдул, –
Цонигияб бокьани,
Дурго йокьулелъе кье!

## ЧIАРАДЕ ШАГЬАСЕ БИТIУЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Цо мунищ хутIарав хирияв Шагьав,
Хоралъе солистлъун чIарадисезе? –
«Пол-Робсон» камуна, ГIабдула ана,
ГIумар-ХIажицаги нилъ рехун тана.

Унго къарал щинал дол къаралазул
Дун къечарал иццад, свана чирахъал.
ГӀанаби чӀанчӀамал чӀарадисезухъ
Дун чӀалгӀун вугев куц, огь, «ТӀадегӀанаб»…»

## ХИРИЯСУЛАЕВ МУХӀАМАДИЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

Хириясулаев, санал аниги,
Сариназ лъимадул кини кӀикӀулев:
Кинида бегараб лъимерги мунго,
Кваркьаби риччараб лаченги мунго.

Лачен чанагъдула, мун пикрабазул
Маккал кколев вуго киналго соназ,
Дунги гьедин вуго къасдазул рохьов, –
Нилъ къайицадахъал цо пишаялъул.

## ХАНБИЧЕ ХАМЕТОВАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

Ханбиче, кучӀдузул бицун ягъуге, –
КучӀдул жалго рагъун, ругъназулъ ругин.
ГӀакъилгун къацанди ахӀмакълъи буго,
АхӀмакъгун къацанди къураб иш буго.

Ханбиче, йикӀа мун сарин кинигин, –
Сонетал семулел жеги рагӀичӀо...
Щибав лъугьанани жиндир бакӀилан,
РакӀал гӀаламалъул кинан гвангъилел?

## СИРАЖУТДИН ХӀАЙБУЛАЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

Дир гьудул ХӀайбулаев,
ХӀал кин бугеб дур чорхол? –
Доктор кинигин кванан,
КочӀокъан гӀадин гьекъон.

Бице, кин, Сиражудин,
Цолъизабураб дуца
Гьаб чIамучIаб гIелмуги
Гьаб чIагояб гIищкъуги?

ГIелму – дур хъизан-лъимал,
Хъулухъги цIарги буго.
Бакъан-кечI – лъадиялда
Лъаларей дур йокьулей.

Хъизаналъе гIелмияб
Харж рокъобе щвезабе, –
ХутIаралъе шагIираб
Гонорар гIезе буго.

Дихъан гьеб бажаричIо, –
ЦохIо рокьи буго дир.
Докторлъи киса, – гьелъул
Кандидатлъицин гьечIо.

БукIаниги, балагье
Мун гIелмиял бераца,
ГIададайищ радакь дун
КучIдул хъвазе вахъунев?

Дир гьазулъ гьан батани,
ТIаде вахъаян абе;
ТIех буцулев ватани,
ГIодов чIайилан абе.

Гьаниб чIагIа батани,
Цадахъ гьекъезе вачIа, –
Цинги бокьани, ахIе
Дурго МахIамадбекги.

## БАХУ РАСУЛОВАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Баху Расулова, йихьун дида мун,
Дагьа-макъай гурей жеги лъаларо,
Жакъа дун вуссана сапаралдаеа,
Саламгун баркала буго дир дуе.

ГьабсагІат цІалана «Гъудуллъиялда»
Цогиязда гьоркьор дур асаралги.
...Лъица гъоб абураб, магІарул кочІол
Куркьбал хІулун ругин, – гьел мекъи руго.

Дие рохел буго, цІалана, лъана,
ЦІияй шагІир гІуна Дагъистаналда.
ГІанхил Мариница, жийго Щазаца
Щибаб мухъида гьоркь гъул басинаан.

## ГЪАЗИМИРЗОЕВ ХІАЖИЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАИ-ХЪВАГІАЙ

Ботани – агрономги
Ахихъан – хІалтІухъанги,
Ихдал гъутІбузул бицун,
Цоцалъ дагІбадун руго.

ГъутІбузда тІад хІайранал
ХІанчІаз диван гьабуна,
ТІехьалда хъваралдаса
Бихьараб бергьанилан.

Гьединан магІарухъги
МутагІилалгун гІухьби
ГІумруялъ гІищкъул кучІдул,
Къец бан, ахІулел руго.

Литинститут лъугІарал
Васазул жир-жир буго,
Жидерги вехьасулги
ТІахьал цо кьерда ругин.

Дунги – доб Москваялда
КучІдузул дарсал щварав, –
Гьал котлетал чІалгІанин,
Цо куй хъвеларищ, гьудул?

Амма, гьаб жиндирилан,
Колхозалъул кІваричІо, –
КечІ живго бетІергьанаб
БукІине ккола, ХІажи.

## ГЪАЛБАЦIОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА
## ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

МагIарул кочIол чундул,
Рахъ-рахъалъ риххун ана, –
Рохьой цо кIиго бацIгун;
ГъалбацIов вачIун вуго.

Дун дирго гъотIодаса
Гъоркье вачIун кIалъана, –
Ратана саринազе
«Сабабал» хъвалел чагIи.

Дица, ГъазимахIамад,
Дир унтарал гьал дардал
Дару гьабизе гьанже
Духъе ритIулел руго.

Рахъиладай, хвеладай,
ХутIиладай, бице, гьал
Хвасар эбелалъ хъвараб
Сабабалъ гьаричIони?!

## ХАЧАЛОВ ГIАБДУЛМАЖИДИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА
## ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Хачалов ГIабдулмажид,
Жегиги гIолохъанго,
КечI ахIилалде цебе
Духъе цин туманкI кьуна:

Надиршагьил саназго
Кьвагьдон ругьунал сугъул, –
Саринал тIоцересел
Дуца окопахъ хъвана.

ГIемераб кьвагьи ккана,
ГIемераб кьаби ккана.
Кьурана хадур михъал
Дуцаги дур кечIалъги.

Цересел гIасрабазго
Устарлъи кьурал сугъул, –
Саринал гьез рорхатал
Кьурабазда рикIана.

Гьанже санал сверана,
Ракьулги кьалулги вас,
Кье, Хачалов, цIазе жо,
ЦIале дие цIияб кечI:

Киданиги рикIкIада
БукIараб нахъ буссине,
Киданиги букIинеб
АскIоб дида бихьизе.

## ДЖАВАТХАНИЕ БИТIАРАБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ГIалиханов, рилълъа нилъ
ЛъаратIеги ЦIунтIеги,
Дора цIаяз рухIарал
Росаби дилъ цIилъулин.

Дора гIораз росарал
Къасдаз хIалхьи толарин.
Дозул кучIдузул чIваби
Гьаб дир каранлъ зваргъолин.

ГIалиханов, рилълъа нилъ
ЛъаратIаги ЦIунтIеги, –
ЦIоралдеги гIагарал
ЦIвабзаздаги хъван-хъвачIел.

Дора рорхатал мугIрул,
Бухари тIагърал лъурал;
Доя Райгьанат йиго,
Гьаб дуниял рогьуней.

ГIалиханов, рилълъа нилъ
ЛъаратIеги, ЦIунтIеги! –
ЦIияб «тахшагьаралде»,
Дол жеги рахъиналде.

Гьанже гьаб улкаялда
Бугеб захIматаб хIалкъай, –
ХIанчIи ахIдолел руго,
Эркенлъи доба бугин.

ГIалиханов, рилъльа нилъ
ЛъаратIеги ЦIунтIеги, –
Гьал гьерсил кабинетал,
Канцелярал жалго тун.

Рилълъа дол кьурабазда
Кьурдулел лучнузухъе.
...Гьаб ахирияб кьурди
Араб гIолохъанлъидал.

## ГIАБДУЛА ДАГАНОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Гьале дир хIисабазул
Цо дагьа-макъаб хIасил.
Гьале дир хIасраталъул
ХIанчIазул цо-цо гьаркьал.

Политиказ гьинаде
Рарал мугьаз гуккичIел;
Газетал, радиодал
Рурудахъ гIинтIамичIел.

Дида лъала, гьабсагIат
Лирикадул мех гуро,
Гьелъулги къо букIина,
Къабул гьабе, ГIабдула.

Дида лъала, редактор,
Рокьуде регIун гьечIо,
Амма рокьи таразул
Бакьулъа мугъ бекила.

Гьедин, рагъ лъугIарабго,
МагIида бачIеб хвалчен
Бичарас квер хIанчIула
Кида-къадги цо къоялъ.

Гьединан, бекьичIого,
Ракь тарав бетIергьанас
БетIер ккола ахирги,
Кин мун ургъичIебилан.

Рокьулъ буго ргатIухълъи,
БатIияб – гьеб гьереси.
Гьеб лъала дагьаб кватIун, –
Мун кватIивегIан чIола.

Дур кучIдузул автобус,
ЧIараде унеб мехалъ,
ЧIезе тIокIаб кидаго
ГАИ-ялъ гьабугеги.

## ДИР МУГIАЛИМ МАНСУР ХIАЙДАРБЕГОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

МугIалим, баркала киналго дарсахъ, –
Дуца кинаб къимат лъелеб лъаларо.
Гьале дир хIисабал, гьале дир хIасрат,
Гьале дуда цеве доскаялда дун.

ХIисабал рукIана Дагъистаналъул,
ХIасратги дир кочIод гьелде букIана.
Лъаларо, къасдазул диктант хъвалаго,
Дагьал гъалатIалги ккун ратила дир.

Дуцаго абичIищ, ХIажимурадцин
ХIинкъараб кьал кканин цо-цо кьурабалъ;
МахIмуд хвеялъеги гIилла букIанин,
МугIрул гIадат бахун, мехтараб гIищкъу.

Дун гьединав гуро, гьалагал иххаз
Гьерсазда мех-мехалъ божун ватана.
Ва амма гIаздалаб тIалъиялъ лъураб
ТIагъур бичулеб щиб, – дица хисичIо.

## КАЗИМБЕГ БАГАНДОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Умумул хъахIлъулел руго, Казимбег,
КучIдул пашманлъулел руго, Казимбег.
Кваранаб рахъалъан унеб гьаб гIумру,
КвегIаб рахъалдасан бачIунеб шигIру.

Умумул херлъулел руго, Казимбег,
Кваркьаби хIулулел руго хIанчIазул;
Кваранисан гIакълу, квегIисан гIищкъу,
Кверал кьолел гьечIо гьаз цоцазухъе.

Умумул хъахIлъулел руго, Казимбег,
Киб бугеб цIияб гIел, цIар щиб васазул?
ЦIвабзазухъ рукIарал рекIел анищал,
Ахада хутIарал ракъварал тIанхал.

Умумул хъахIлъулел руго, Казимбег,
Кваранисан пикру, квегIисан макру;
БотIронир свердулел сардил хIисабал,
ХIатIаца мерхьунел рогьалил хьулал.

Умумул хъахIлъулел руго, Казимбег,
Кваранисан хвалчен, квегIисан чагур;
Кодоса рорчIарал ччугIби кинигин,
Карачалабазулъ чорхол хиялал.

Умумул хъахIлъулел руго, Казимбег,
КучIдул пашманлъулел руго, Казимбег.
Кваранаб рахъалъ накIкI, квегIаб рахъалъ рекIкI,
Дир бакънал бакъилан даим, Казимбег.

Умумул хъахIлъи щиб, гьудул Казимбег? –
Гьанже гьал лъималги хъахIлъулел руго,
МугIруздени щиб жо, гIурабаздеги
ГIазу маялъ бана, январалъ гIадин.

## ГIУМАРОВ МУХIАМАДИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ГIумаров, босея гитара кодой,
Гаргар данде ккаги чIвабзазулгун дур.
Гьаракьти, рагIиги, ракIги рекъани,
Рекъолареб рокьи гьеб рокьи гуро.

Кодо-кодобе кье нижее шигIру, –
Шамил кверде ине дуца виччаге.
БетIер къотIилалде дов ХIажимурад
ХIасратал мугIрузде ворчIизе гьаве.

Игьалиб рагъида кочIохъанасда
РечIчIулеб гуллида цеве эхете.
Бекьдерил Лаура – кьижарай Муи,
МахIмудил кечI ахIун, йорчIизе гьае.

ГIумаров, босея гитара кодой,
Гаргазе гьабе гьеб гьаб ракьгун, зобгун,
Гьаракьги бакъанги рекъараб мехалъ,
Гьекъолареб чагъир гьеб чагъир гуро.

Цо гьекъе, цингиги цогиги ахIе, –
Аллагь нилъедаса тIаса лъугьаги.
Рорханщинал хунжрул гIодой ротаги,
ГIашураги дунги барщизе тоге!

Дирни чIваби руго гIумрудул нухал,
ГIарцал гьаре гьезул, тIиритIе цере.
Дирни тIамур буго тIалъиялъул ракь,
Рокьи гьелде бугеб гвангъизе гьабе.

МухIамад ГIумаров, бачея бакъан,
Бакъан гьечIони кечI – куркьбал гьечIеб хIинчI,
КечI гьечIеб Дагъистан – цIан щвачIеб хоно, –
ЦIа свараб гъансито рохъохъирщий те.

Дуца бежаралъулъ белъараб жубай,
Дуца белъаралъулъ бежараб жубай.
Жагьандаманалъул тIилалда ругел
ТIаде рахъинедухъ хъвай, ахIе, баче!

## ГIОЛОХЪАНАВ ПОЭТ – ПАРОДИСТ ХIАМЗАЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ХIамзаев, ХIамзатовас
Дуе тIехь кьолеб буго.
Цо-цо пародиялъе
Гьауир кучIдул ратила.

ХIамзаев, ХIамзатовас
Дур чодул чангит ккола, –
Квеш щущарал сухъмахъал
Руго сатираялъул.

Гьениб ХIамзатовасул
ХIамзаевал лъугьуна.
Гьениб ХIамзаевасул
ХIамзатовал лъугьуна.

Лъугьанани гьеб даран
Дун къураб букIинаро, –
Дур гIолохъанлъи щвани,
Щибго дие кIваричIо.

## СУЛЕИМАН РАБАДАНОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Рабаданов Сулейман,
СагIат лъикIаб батаги!
Хъаталда хъат кьабигун,
Биччанте цIа кунчIизе.

Хъаталда хъатги кьабун,
Кьолеб буго дуе тIехь, –
Цо хъалиян цIазе цIа
Гьаб «цIагIелалъ» кьеладай?

Рабаданов Сулейман,
Сапар дуе битIаги,
Сахав инсул кидаго
Квешав вас лъугьунгеги.

Хъаталда хъат кьабигун,
ЦIваби гIодой рачIаги,
ЦIар рагIарав Батирай
Дур рокъове кинигин.

## МУТIАЛИБ МИТАРОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Табасараназул тIанса бессулел
Ясацайищ кочIой дуй кьурал кьерал?
Яги тIанса кьотIун, гьелда кьурдулел
Кьерилазищ дуда бакънал малълъарал?

РикIкIад Севералда дур югалъул би,
Дуца гIазде тIураб, – гьелъул хатIищ гъаб?
Доб Украиналда камурав дур вац
КочIолаб васият досищ дуй тараго?

Лъаларо, МутIалиб... Дагъистанияз
Дунялалда кIиго тIанса бессана:
Цояб рокьиялъул, цогияб кьалул –
Кьурабазда рарал дида рихьула.

Гьезул устарзабаз, кочIохъабаца,
Чан ракIалъул сурат бессараб рукIкIбуз.
Ва амма рагIаби, кунал кинигин,
Кидаго релъинчIо я релъинаро.

## БИКЕ КУЛУНЧАКОВАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Бике, аби буго, авар борхалъи:
Авлахъ букIун бугин некIо заманалъ;
Гьеб тIанса бакIарун, магIарулаца
МугIрул гьарун ругин зобазда цурал.

Гулалда гул сокIкIун, харчI, гIарц гIадин,
ГIуцIун бугин тIалъи, гохIалда гохI лъун;
Горо-цIералдаса, цIадул боякьа
ЦIунун бугин улка азарил саназ.

Гьелъин авар кочIолъ дур авлахъалде
Ине чу кьолочIев кьерилав гьечIев.
Гьелъин нижер рокьул иццазул иххаз
Нух бихьизабулеб хъахIил ралъдахъе.

ГIаздада цIа гIадин цIунараб бакъан,
Дуца бакъ гьукъани, свинародай дир?
ЦIудул хIетIе букьун, битIараб кагъат
БатIияб тухумин дуца теладай?

Бике, мацI, миллат, цIар щибасул хасаб,
Амма шигIрабазул цо дунял буго.
ГIагараб щибасе живго гIураб бакI,
Амма ракI гьаб гIищкъул цого букIуна.

Дица щвантIих пула, дуца аргъан хъвай,
МегIерги гIалахги гIагар гьабизе,
Месидил рачлида борчараб хвалчен,
Гьеб диде бахъуге, авлахъазул яс.

## ХИЗГИЛ АВШАЛУМОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

– Хизгял, вилълъа дунгун гъоб Персиялде,
Гьезулги дурги кечI рельлъараб бугин.

Хизгил, дуца дие жаваб гьабуна:
Жиндие Персия Дагъистан бугин.
Дун гьаб мугIрул цIунун вагъизе анин,
Ругънал Каспиялъул лъеца чуранин.

– Хизгил, вилълъа дунгун Израилалде,
Гьезулги дурги, как цохIого бугин.

Хизгил, дуца дие жаваб гьабуна:
Жиндир Иерусалим Дагъистан бугин.
Гьелъул къисмат бугин гьал дир къисабалъ,
Гьелъул къоял, сардал – гьал дир сариналъ.

– Хизгил, дихъе квер кье, рокьиги кечIги
Ракьалда нилъее Дагъистан буго.
Дербент нилъее – Рим, Гъуниб – Монакко,
Наринхъала буго нилъер Акрополь.

Цо гьелъул къадазул гIадал къисаби,
КъватIир улкабазда дида рагIичIо;
РагIун ратаниги, дида ричIчIичIо,
РичIчIун ратанигиI, рекIелъе инчIо.

## МУХIАМАД ШАМХАЛОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

## ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

МухІамад, рилълъа нилъ, чуязда рекІун,
РикІкІада хутІараб май балагьизе.
Рилълъа, ахирияб поезд иналде,
Гьелда нахъ руссине арал санахъе.

Гьел станциязде белтал гьечІила,
ЧІалгІадисеб хьулин хьимула кассир.
– «Летчикал, раче ниж нужеща доре»,
– Гьава кьерханилан кьола гьез жаваб.

Бихьула рикІкІаде тІерхьунеб раса, –
Хъвалхьараб моцІ гІадин бахІараб хІасрат,
Гьанже маркІачІул мех, накІкІикье унеб
КІкІуй гІадинан буго гІолохъанаб къасд.

Къаси бусеналъе даптарал сскІкІун,
Басмадул ригъзабахъ рарал дол сардад...
ХъахІлъи лъалеб мехалъ газета, кучІдул, –
Карачалабаца нилъей чІвалеб хъат.

РикІкІада Югалъул Африкаялда,
Бицуна, вугила цо тохтирила,
Херлъи биччаларев гІадамазухъе,
ГІолахъанлъи гьезулъ даим цІунулев.

Гьеб хазинаялда хадур, МухІамад,
Нилъ Африкаялде ун рахъинаро.
БахІарал ихазул станциялде
Нилъей билет гьечІо, рокьул кечІ гуреб.

## НУРАТДИН ЮСУПОВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ

Нуратдин, анцІго сонали
Цадахъ хІалтІананиги
Нилъей кочІол бицине
Канцеляраца течІо.

Лирикаги цебе лъун,
Цоцазда данд чІвалаго,
Я телефон зваргъола,

Я Залов тIаде щола.

Гьев анин, хабаралде
Байбихьи гьабулаго,
Я хехаб тел бачIуна,
Я Хамавав вачIуна.

Ахирги, гьанже-гьанже
КечI цIалилин рукIаго,
Композитар Къасумов –
Байбихьула музыка.

Гьедин роржана санал
Собраниязда нилъер.
Сахлъй, Айдемировас
Дараби кьун, цIунана.

Нилъ кочIоде регIичIо,
КечI нилъеде рагIичIо:
ДагIбаял, гIарзал, Обком,
Бокалал, юбилеял.

Гьедин гурищ букIунеб,
Йокьулелъе мех цIайгун,
Цо цIазе жо гьечIищан,
ВачIунев ХIажи-ГIиса.

Гьесул чIамучIаб хабар,
Гьесул халатаб бизар...
Дунги дир кечIги, гьудул,
Гьал канцеляраз чIвана.

Мунни чIаго ворчIана,
Мун пенсиялде ана.
Пенсиялде унареб
Дир асар дуе кьола.

## АМИНОВ МУХIАМАД-ЗАГЬИДИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Аминов, кIутIилин кIиясго жергъен,
Жеян гьеб рехилин добе эхеде.
Гьеб нахъ буссинегIан бачIараб гIищкъу

Бакъналъе анани, мекъи ккеларо.

Аминов, ахIе дий дуца Щазал кечI –
Белъанхъараб магIу, гIодараб бертин.
Бице дуца дие тумазул къиса, –
Къисмат цIакъ кIудияб, гьитIинаб миллат.

ЦохIо гектаралда гьениб кинигин,
Гьунар гьарзаяб бакI дида бихьичIо,
Доба Цовкраялъул кваридасан ун,
Космосалде щвараб шигIруги цIарги.

Дун цIакъ пашманлъула, дун гурхIулев куц
Бисмила-как гьечIел кочIохъабазда.
Гьез кьолеб «ворчIами» ццидаца чIвала,
Цингиги «сордо лъикI» – жахIдаялъ чIвала.

Аминов, кIутIилин кIиясго жергъен,
Жеги рорхалъизе гьал нилъер мугIрул.
АхIилин цоцазе иргадал кучIдул,
Нилъер АбутIалиб тIаде вахъине.

## ТIАГЬИР КЪУРАЧЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Рокьи гьоркьоб гьечIеб кьалул хабаралъ.
Кьоларин кепилан вукIана МахIмуд.
МагIарул тIармиде тIаде цоги чIва
Жинца банин абун вукIана эмен.

Поэтасул къуват паркъолеб кечIин, –
Гьеб Сулейманица гурищ абураб?
...Дуца гьаракь-бакъан тIамулеб мехалъ,
Гьел киналго дида ракIалде щола.

МахIмудица дуда абулеб буго:
Воре, ма, босейин, чIохъдерил васин.
Дир эмен разиго дуда кIалъала:
Бегьизе гьабунин дуца, гьудулин.

Сулейман-ашугас абулеб буго:
Гьав аварасул кечI дие бокьанин…
Дун гьел киназдаго разияв вуго, –

Воре щваги гӀужда дур щибаб калам.

## БЕРАЗУЛ ТОХТИР – КОМПОЗИТОР ШАМХАЛ ШАМХАЛОВАСЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАИАЙ

Бецал беразе канлъи
Кверзул махщелалъ кьуна.
Бецал ракӀал бакъназул
Бакъалъ къалъизаруна.

Дир надалда кӀиго бер
Мун гьечӀого тӀубала,
Амма каранда ракӀалъ
Кидаго мун цӀехола.

КечӀ хъвалелъул даим дун
Дунго дунан вукӀуна;
КечӀ хъван лъугӀараб мехалъ
Мунго мунан вукӀуна.

ЛъугӀана гьаб цӀияб кечӀ –
Кваркьаби кье дир хӀанчӀий;
Биччан те гьаб хӀасраталъ
Нусго мегӀер бахине.

## БАГЬАВУДИН АДЖИЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

Багьавудин, гьаб мажмугӀ
Дица къачӀан букӀана,
Дур къиматав инсуе
Сайигъаталъе кьезе.

Амма гьудул камуна,
Дун гьесухъе кватӀана, –
КучӀдул, бесдалав гӀадин,
Руго гьанже пашманго.

Дов дида лъараб мехалъ,
Мун гьавунцин вукӀинчӀо.
РукӀана ниж кӀиялго –

КIиго кваркьи цо хIанчIил.

Мехал, нухал сверана,
Санал, санал, саринал...
Свана Костекалъул нур,
Камуна дир кочIол вац.

Багьавудин, баркала, –
Досул бакъназул гъасда
Дос бакараб цIа дуца
ЦIунана, свине течIо.

Мун – дир гьудуласул вас,
Диргоги сахав гьудуд..,.
Поэтал киналгIаги
ЦохIо гIелалъул руго.

Багьавудин, абула,
Камурал, тIагIаразда
Щибав ракьалда тарав
Ракьулъан вихьулилан.

Рихьизе риччай гъосда
Нилъер ,росулел кверал, –
Гъосие къачIараб кечI
Дица дуй кьолеб буго.

**МИРЗА ДАВЫДОВАСЕ, ГЬЕВ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СОЮЗАЛДЕ ХIАЛТIИЗЕ ЛЪУГЬАРАБ МЕХАЛЪ КЬУРАБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ**

Дица гьаб Союзалъул
СуркIинир тарал санал,
Саринги дунги гьанир
Анщинал батIа-батIа.

Гьаниб идараялъул
Ишазул пьесаялда
Поэт живго жинцаго
ЧIванщивав щибаб къоялъ!

Дун гьаниве вачIана,
Дудаса гIолохъанав, –
Гьаниб хъахIлъараб бетIер,

Гьаниб хъачIлъараб рагIи.

Дун гьаб «гIалхуде» щвана
ГIищкъуялъ керен цIурав, –
Гьаниб канцеляразул
Кагъталъ билараб пагьму.

Цо нухалъ гьанив щвана,
МагIарухъа херав чи,
Хал гьабуна кабинет,
Балагьана цинги дихъ.

ЦохIо рагIи абичIо,
Вахъун къватIиве ана,
КъваригIел бицейилан,
Дица чIаян айуна.

Гьав чIечIо, дир букIараб
КъваригIел гьанже гьечIин;
Гьелъул къвачIа чIехьезе,
Пайда щиб, дур эменин.

Дида ккун букIанилан,
КочIохъаби цIумалин,
Гьанир кабинетазда
Кутузда релълъун ругин...

Цеве вехьлъун вукIарав
Гъазимирзоев ХIажи,
Гьесул хIилла гьечIеб кечI,
Рокьул бухIи, ракьул махI...

Гьев гьанив вачIаравго,
Росулъе нахъ вуссана,
Гьадинал жанаварал
Жиндида данд чIвачIилан…

Цересел гьудулзаби,
ЦIадул саназго лъарал,
Гьанир собраниязул
КIкIуйдулъ тIагIаралщинал!

Дица гамачI речIчIани,
ГамачI речIчIеян абе, –
Дица гени кьуразги

ГамачI речIчIун тараб куц!

Дун хиялазул асир, –
Хасел лъарал рииял...
РикIкIада хутIарал куц
Хирияб росдал иццал!

Эбелалъул хIеренлъи,
Инсул хинльи, хIалимлъи
Дие ирсалъе щварал,
Щиб гIаздакь гьел тIупарал?

Гьабги добги букIана,
Амма щиб бицаниги,
ШагIирзабазул гIадаб
ГIагараб хъизан гьечIо.

ГьитIинаб тIасан уна,
Гьоркьохъеб гъоркьан уна, –
Рокьул союз хутIула,
Хасел кинаб щваниги.

ДагIба-рагIи букIуна,
Барщун, рекъон рукIуна.
Цо гьекъон, кечI ахIигун,
Кинабго кIочон тола.

ЛъикIал, квещал щалали,
Щварал гIораз бицина.
Дир гIумру, вохула дун,
КочIохъабигун ана.

## АХЕД АГАЕВАСЕ КЬОЛЕБ
## ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Ахед, кин лъугIараб доб нилъер дагIба,
Доб дар-дар, доб дам-дам, доб бугъбузул рагъ?
Бокьилаан дие, нусго сон ингун,
Гьал нилъер халкъазухъ хал гьабизе цо.

Хирияб Дагъистан, гьелъул кинидахъ
Кинаб кечI ахIулеб, гIенеккизе цо.
Самур, Койсуялда, Каспи, рагIалда

Кин как балебали балагьизе цо.

Ахед, чанги ккела хис-баси, даран, –
Доба цояб Къурущ, гьаниб цо Къурущ, –
Амма кечI хутIила Етим Эминил,
Амма мацI хутIила МахIмудил рокьул.

Рагъарулел ракьал, гъугъалел зобал,
Роддомазда лъудби кинигин иххал, –
Амма как хутIила хабазул занакъ,
Хириял умумуз бараб гIадинаб.

ГIумруялъ батIияб дир гьари гьечIо, –
Гьеб лъабабго бугищ, – буго Дагъистан.
Бугищ мацI, – буго кечI – нилъер кваркьаби,
Бугищ как, – буго яхI – нилъер рухI, аслу.

Гьелъин лъималазухъ хал гьабулев дун,
Хадуб щиб букIинеб Дагъистаналъул...
Рокьилаан дие, нусго сон ингун,
Гьал нилъер халкъазухъ хал гьабизе цо.

## СТАНИСЛАВ СУЩЕВСКИЯСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Дун кочIохъан лъугьине
Цо аслияб кечI гьечIо.
Гьеб камун буго гьаниб,
Кинго хъван бажаричIо.

Лълъурдул бегIераб дегIен
МагIарда рехъалъ билун,
Гьев балагьулев вугев
Вехьасда релълъуна дун.

Дир кочIохъан лъугьине
Цо кечIалъ толеб гьечIо.
КигIан гьеб хъвагIаниги,
ХъвагIан букIунеб гьечIо.

ТIехI бараб бече буго
Байданалда дир рохьдолъ,
КигIан хъамунаниги,

Хъамун букIунеб гьечIо.

**ДИР КУЧІДУЛ МАШИНКАЯЛДА КЬАБУЛЕЙ РАИСАТИЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ**

Роялалда нахъа музыкант гIадин,
Мун машинкаялда нахъа кIетIелей.
ТIанчазул гIищкъул бакъ бакънальe ани,
Бокъанилан тела дица дирго лал.

Амма лал бигьаго бокъунеб гьечIо
Бакъги къоги цадахъ рекъечIеб гIадат, –
Кагътиде рачIунел кочIол хIанчIазул
Куркьбазул хIулаби, хIулун ортулел.

Дур гъуждул кIичIула, гьумер букIкIуна,
Гьаб кросворд жинда бичIчIулеб гьечIин.
Квералги нахъа лъун, бетIер хьвагIула,
Гьаб цо бухьараб квар кин бичулебин.

Цо-цо ццидахуна, «гьаб далалай щиб?» –
Гьадинал дицаги хъвалин пиштIула.
Гьал цо сариназул сакъисалдаса;
РикIкIад Сибиралъул магIданалъ лъикIин.

Амма мех-мехалда мун разилъула,
Машинка хIалтIула, сагIат кинигин,
Салул авлахъалда къанагIатаб ицц
Къеч буссине дуда батараб гIадин.

Дур гьумер гвангъула, релъараб магIу
Цо-цо рагIабазулъ дуда бихьула.
Гъурараб рохьосан, чанги гъежда лъун,
Чанахъан вачIунев дуда дандчIвала.

Мун цIакъ хIикмалъула, жегиги хIасрат
МагIарул кечIалъулъ камулеб гьечIин...
ХIарпал, хIанчIи гIадин, роржунел ругин,
ХIуччал, чIорал гIадин, речIчIулел ругин.

Гьеб цIакъ дагь букIуна гьаб улкаялда
Ахирияб векалъ хъвалел кучIдузулъ, –

РагӀи бачӀарабго, гӀищкъу гӀоларо,
ГӀищкъу рещтӀарабго, рагӀи билула.

Амма лал бокъани, бакъназул тӀорщел
ТӀоцебехъе дица дуй кьолеб буго,
Басма-гьобоялда гьеб ххине гьечӀо,
Дуда гьикъичӀого, гьеб дида лъала.

## МАШИНА БАЧУНЕВ ЧИЯСЕ, ГӀАРИПИЕ КЬОЛЕБ ТӀЕХЬАЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

– Кида нилъ рилълъинел, кире рилълъинел?
– Кидаго, кидаго добго маршруталъ,
Гьаб машина баче гӀищкъул щобазде,
Гьал дир шигӀрабазул сверабаздасан.

Ваче дун бахӀараб хӀасраталъухъе,
ХӀур бацӀцӀине бокьун бугин саназул.
Ваче дун росулъе, инсул рокъове, –
Доба – расандарал ихазул рогьел.

Ваче больницалде унтаразухъе,
Эбелалъул хабал хъахӀаб зонохъе, –
ХъахӀилаб релъеналъ долда хъван буго
Долъул урхъараб цӀар, дир сунареб цӀва.

Ваче, ГӀарип, дуца дир гӀумруялъул
ТӀерхьунеб бакъалъул лъалкӀазда хадув.
Дур лъалеб сигнал кье гьал нухлулазе,
Эхеде унелгун эхей рачӀунел.

Ваче, кӀиядаго гуреб лъалареб,
КӀал-мацӀ берцин йигеб доб цо бакӀалде,
Машинадул берал, нилъер кинигин,
КенчӀолин долъухъе щолеб мехалда.

Ваче дун гьереси, гӀасилъи гьечӀеб
ГӀищкъул чӀваби хъвалеб чӀинкӀиллъиялде.
ЧӀалгӀен буссинегӀан, гӀенеккизе те
ГӀоразул бакъназухъ, рохьазул харбихъ.

ГӀарип, гьаб захӀматаб унтараб гӀалам,
Ургъалабаз бетӀер сверулеб гӀасру...

Гьаб улка нилъеца кибе бачунеб,
Улкаялъ кире нилъ рачунел ругел?

Гьалъул машинадул мотор жанисан –
Жагъалаб, гьалдолеб гьаб дир ракI гIадин.
РакIалъе кинигин, гьалъийги гьечIо
Гьанжеккун запчастад… кире унел нилъ?

Дур машинаялда гьал дир кучIдузул
Кинабго дуниял буго судулеб,
...ГIарип, ваче дуца гьудулалъухъе,
Гьадал нахъ хутIарал дир иццазухъе.

## АВАР ТЕАТРАЛЪУЛ РЕЖИССЕР ХIАЙБУЛАГЬ ГIАБДУЛГЪАПУРОВАСЕ, ГЬЕС 50 СОН ТIУБАРАБ КЪОЯЛЪ

ХIайбулагь, кьер-кьерал хIанчIазул куркьби, –
ХIулаби ртулел руго ихазул.
Эхеде-эхере лъутулел чундул, –
Кинав чанахъанас хъамурал махал?

ХъахIилаб зодихъ моцI, бащдаб хъвалхьараб,
Хъухъалел гIаркьелал гIумрудул гъотIол.
ГъалбацI гIадин, ццидакь гъулгъулеб Каспий,
Карачалабалъе тIерхьунел къасдал.

Гаван пагьмуялъе бугищ, адмирал!
Къоял дуе – русби, санал – дур гуми, –
Дуниял – театр, гIалам – актерал,
Аэродром гьечIеб самолет – гIищкъу.

Саназги къоязги къалищ пардавал
ГьитIинго ракьалда лъараб рокьуде?
Гьеб рокьиялда цIар, рукьбалъе араб,
Искусство буго Дагъистаналъул.

КIал биччан къоялде ханал кинигин,
Куц-бегI къачIай абе хIалел ролазе.
ХIайбулагь, грималъ гьумер белъуна, –
Гьунар белъунаро, бичасе щукру!

ГIелалъ, хвелалъ, ишаз щибго хисула, –

Хисизе риччанте декорациял.
Ва амма Дагъистан даим хутІула, –
Художник гьеб буго даимаб тах, шагь.

Щуго тІадабги бан, анлъабилебги
Аллагьасе базе ккола нилъеца,
Бекьулеб ракь дагьаб Авар халкъалъе
Щибаб росдай хасаб устарлъи кьедал.

Гьеб устарлъуда, цІар цІайилан абе,
ЦІа гьалдолеб буго нусабго логолъ,
Бокьани урхъараб цІвайилан абе!
ЦІва кенчІелеб буго анкьабго зодихъ.

Гьал цо рохьазул сас, иххазул сарин,
Суфлерал гьел гІадал гьечІо нилъее.
Доб сверуда нахъа хІихІилел чуял, –
ХІикматазул илхъи жеги квелъ бачІеб.

Амма бачІун буго бичІчІулареб мех, –
Нахул чирахъалда соролеб канлъи.
Гьанже сиратІалде щолел кинигин,
СагІтид хъаравулал хІинакъад сверулел.

ХІайбулагь, цІар кинаб драмаялда,
Гьаб дуниялалъе хІадур гьабулеб?
Гьаб цо балагьазул репетиция, –
Боржун унеб буго божи накІкІикье.

КІалдир килщалги лъун, пештІолеб шигІру,
Гьал цІцІани щобазде щварал гІоркьилал.
Долларахъ хисулел гъурщал кинигин,
Гъаримлъулеб чІухІи, чІвалеб намус-яхІ.

ТалихІ – дов Шекспирил гьаб улкаялда
Гьаб заманаялда гьавичІев, гІечІев...
Абудабиялда дармил ургъалилъ
Авар Дездемона жиндирго мавргун.

Цересел маскаби маскабийищ гьел, –
Маскарад батана кинабго чилъи.
Гьанже тІадмагІарул Каренинида
Кредитал руго макьилъ рихьулел.

Гьал палугьабазул гьерсил концертал,

Гьал квасул гІарщазул гІархьучІал циркал...
Гьадин гьури пуйчІо жеги кидаго, –
Гьагаб комедия лъица ургъараб?!

ДагІбадулъ газетал, телевизорал,
Гьал реформабазул репертуарал,
Такъсир-тамихІалъул трагедиял, –
Гьаб театралъул режиссер киса?!

ХІайбулагь, цІакъ полоп гьарзалъун буго, –
Гьалъул художник щив? Гьалъул автор щив?
Гьал цо толкучкаби, рогьо лъаларел, –
Гьаб къварилъиялде къалареб пардав.

Амма букІаниги, ГІабдулгъапурав,
Гьаб нилъер рекІел цІа накІкІикь свинаро.
Арендалъе кьураб гьечІо нилъее
Гьаб тІабигІаталъул кидагосеб тІабгІ.

Бокьараз бокьараб бицеян абе, –
Нилъар алмазалда рекІинаро гъиз.
Гъоба гъварилъуда гъулгъулел иххаз
Ахирги ралъдахъе балагьила нух....

ХІайбулагь, кьер-кьерал хІанчІазул куркьби,
ХІулаби рортулел руго ихазул.
Эхеде-эхере рортулел чундул, –
Кинав чанахъанас хъамурал мехал?!

*апрель, 1993*

## ТІЕХЬАЛДА РУГО

### УЛКА

«Чияс тІинчІ бикъараб бацІил бер гІадин»
«Мотоциклабазул гьакал кикигин»
«Берцоял пиратаз карачелалъан»
«Телевизоралъул ахирал харбал»
«Лъимер гьабунилан гьанже рохел щиб?»
«Гьанжеги гьаб июнь, унтулел ругънал»
«Гьаб дир чІаголгьидул хасалил сордо»
«Гьанже дове ине бугеб дагьаб мех»

«Чанги кечI ахIана инсул ракьалда»
Как
Алеша
Хасалил ахикь
ЧIегIерал «чайкаби»
«Заманалъул горду рагьана дица»
«Зоб гъугъараб гъугъай – дир къарнудал кечI»
Светлана Сорокиналде, Россиялъул телевидениялъул дикторалде
Щиб ккараб?
«ЧIандал рукIунаан, гьардарал хунзин»
Къоабилеб гIасру
Даш-баш
Кире унел нилъ ругел?
Маргьаялдасан
ГIадада гIодой тIураб би
Карабах
Гьалда щибилеб? .
БагIарабги чIегIерабги
Дуй щиб жо лъугьараб, щулияб кьуру?
«Свери лъугIилалде, лъутулеб щунгъар»
«Багьаго гьикъуге гьанже гьаб рокьул...»
Дида мун гIадинаб улка бихьичIо
Лъабабилеб дунял

**КАНЛЪИГИ, ХIАСРАТГИ, ХIИСАБГИ**

Херлъиги хвелги
Дунго цохIо хутIаравго
Пал битIун ккечIо
ГIуна вас
Лъабго цIумур
«КигIан гIемерлъаниги»
Хвалил харбил гIемерлъи
Эмен, тIаде вахъа
Ахираб хъалиян цIалев вуго дун
ХIасратги канлъиги
«ГIодосан зобилан, зодосан ракьин»
ХъахIаб чу
Къункърабазул тухум
Ригьал
Лъабго пикру
«НекIсиял урхъарал гьудулзабазда»
«Ралъдал тIадгун тIинда гуми кинигин...»
БукIараб замана лъикI
«ХъахIилаб ралъдаде хъахIилаб зодихъ»
Марсалда гIумру бугищ?

АхIмакълъиги гIакъиллъиги
Сардилъ гIазу
СагIтиде балагьун руго
КочIохъабазул тухум
Муса Галие
Магниталъул къоял
КIиго си
КIочонареб кечI
ТIоцебе бихьараб мегIер
МухIамад Сулиманов
Камил ватIалъи
Дихъе ячIа
«ЧIегIераб кар, гьелда тIад»
«Йокьулелъул гордухъ бакараб канлъун»
«ЦохIого бакIалде гIемераб мехалъ»
ГIумруялъул лъабго чашка
КидалъагIан чIелев духъ балагьун дун?
«Музеялъул кIалтIа кIиго хъаравул»
«Дунги мунги, гьудул, гьанже кIочена»
«Гьанже гъаб дир гьоко эхебе ана»
«Дун чабхилъ лъуравго, дир черхалъул рухI»
КечI («Жагьандаман гьаб гIалам!»)
Ахир щибха хутIараб?
ГIайиб гьабуге
КечI («Руччабазги, бакъназги...»)
Рокьи
КечI («Рокьи – дида лъараб их...»)
«ЧIагоявгин чIварав дун»
Рокьул тахшагьар
Пири
КечI («Синьорита – мексикай...»)
Дир кваранаб квер унтигун
Агьги огьги
КIиго дие дагь буго
Кьоге дихъе чагур
ГIодана къункъраби, мехтана гъудул
Какил сагIат
Гъой гIадан
Гьагъай гIадан дандчIвараб мехалъ
Йокьулей лъалалдего
Поездалда
Нилъер адресал
Херазул рокьи
Херлъи
Хъамулеб цIва

Бицана ЦIунтIа
Суд
Гьоркьохъел
Дуца гъолда гьикъуге
«Бихьараб, мерхьараб дуниял нахъ тун...»
«Чиясе кьун буго гьаб тIабигIаталъ...»
«ТIаде ахIдон кинида...»
«Унтарав, лъукъарав дун...»
«Ихдал – хухал, кьагIи, риидала – пихъ...»
«Гъов щив – гьитIинав чи, гъосул гъол гьерсал...»
«Абула, гIорцIеналда...»
Начальникасул кечI

**Сонетал**

«Хабаде гьетIарал мугIрузул сиял»
«Макьил телевизор, азарго канал»
«Гьанже дирго хъварал гIищкъул бакъназул»
«Дун вачIун вукIана цо дунялалде»
«Огь, щибжо лъугьараб, щиб жо лъугьараб...»
«Балеб цIад, мун борхун тIогьилаб дугъгун...»
«Дур сурат гьабизе ирга щвечIого»
«Мун пашман гьайигун, бетIергьанасе»
«Аварагасул яс, гьес бищараб цIар»
«Дида гьанже лъана, гьанже бичIчIана»
«Гомер бецав вукIин дие хIакълъана»
«Дир адрес – музыка, гьеб – дие гIумру»
«Ясал хиралъунин, дуца абуге»
«Гьаб халатаб кино – кинабго гIумру»
«Лъаларо, гIажамалъ цIалунищ дица»

## КОЧІОЛ РУКЪАЛЪУЛ УНКЪО ЦИЛИ

Ункъмухъилал кучIдул
Микьмухъилал кучIдул

## КИНИГИ ГЪАНСИТОГИ

Кинидахъ дир кечI
Кьижа, дир лъимер
ЦIигьулдерил лъималазе
Дагъистаналъул лъималазул кинида къого вац, къого яц
РорчIа, иццал
Крымалъул лъималазе
Месхеталъул лъималазе
Палестинаялъул лъималазе
БорчIа, цIумур – кьижа, гIарада

Гъансито
Базе биччай чвахунцIад
ДИцаго дие
Эбел-инсуе
ПатIиматие
Паракъат кьижа, гьобол
Цензуралъул кинидахъ
ЦIогьорасул кинидахъ
ГIабдалзабазул кинидахъ
Кьижа, лъебералда анкьабилеб сон

**АВАР АЛИФ**
А – я
(А в а р и я)

Асаламу гIалайкум
БукIанила
Ва-хIатута, хIатута
Гали цебехун босе
Гъуниб
Гьудул, баркала
ГIакълуги гIищкъуги
Далай, далалай
Ева
ЖахIда
Заманги заналги
Ихги хаселги
Йо, йорта
КечI
Къоял ана
Кьурди-хъат
КIудиябги гьитIинабги
Лабазанил дугIа
Лъарал рагIалда
Лълъурдул меседил бис
МахIмудги Муиги
Нух битIаги
Орденги ордерги
ПатIимат
Росу – дунял
СагIат
ТалихI, тамихI, такъсир
ТIегь
Улкаялъул унти
Хаслихълъи
ХъахIаб, хъахIилаб

Хьухь, хьул
ХIасраталъе как
Цоги цогиялги
ЦIалкIе, эбел, дир гIумру
Чи
ЧIваби рекъезарилин
Шамилги ШугIайнатги
Щуго шартI
Эхеде, эхере
Юг, Север
Ясал

**ДИР ГЪАЛМАГЪЗАБАЗЕ КОЧIОЛ САЙИГЪАТАЛ**

КIкIаратIе ТIалхIатие битIулеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул некIо вукIарав председателасе, дир гьудул Камил Султановасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Дагъистаналъул Халкъияб лъай кьеялъул министр Бадави ХIажиевасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

КIудияв МухIамадие кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

МахIмуд ГIабдулхаликъовасе кьолел тIахьазда гьарурал хъвай-хъвагIаял

Казбек МикагIиловасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Дилималде ГIабдуразакъие битIулеб тIехьалда гьабураб раб хъвай-хъвагIай

МухIамад Сулимановасе кьураб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Машидатие битIулеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Шамил ГIалиевасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай.

ГIисаев МухIамадие кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

ТIанусив вугев учитель ГIабдулхаликъовасе битIараб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Майсаратиеги МухIамад-Расулиеги кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Тохтир-профессор Ибрагьим Шамовасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Судияв Авадзи ГIумаровасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

ЦIадаса Басирие кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Дир гьудул ХIажи Гашаровасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Цеве милициялда вукIарав дир гьудул ГIабдурахIим ГIабдулаевасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Муса Манаровасе космосалде битIулеб тIехьалда хъвай хъвагIай

Юсуп Хапалаевасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Кванил институталда – больницаялда цо гьудуласе кьолеб тIехьалда тIад хъвараб

Медсестра ГIайнае кьураб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Дагъвоенком СалихI Халиловасе кьураб тIехьалда гьабураб хъвай-

хъвагІай

Чачаназул поэт МахІамад Сулаевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Камал Абуковасе .кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

ЛъарагІазул унтарай поэтесса Жаминат Керимовалъе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Шарип Альбериевасе кьураб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Дипломат ГІабдулхаликъ ХІажиевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Москваялда чІарав магІарулазул поэт МухІамад АхІмадовасе битІараб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Аткъайие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Дир мадугьал, поэт Шах-эмир Мурадовасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

ГІабасил МахІамадие кьолеб тІехьалда гъабураб хъвай-хъвагІай

ГІадалло ГІалиевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Дир цІар лъурав ГІабдуразакъов Расулие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъватІай

ЧІараде Шагьасе битІулеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Хириясулаев МухІамадие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Ханбиче Хаметовалъе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Сиражудин ХІайбулаевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Баху Расуловалъе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Гъаэимирзоев ХІажие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

ГъалбацІовасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Хачалов ГІабдулмажидие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Джаватхание битІараб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

ГІабдула Дагановасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Дир мугІалим Мансур ХІайдарбеговасе кьураб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Казимбег Багандовасе кьолеб тІехьалда гъабураб хъвай-хъвагІай

ГІумаров МухІамадие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай.

ГІолохъанав поэт-пародист ХІамзаевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Сулейман Рабадановасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

МутІалиб Митаровасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Бике Кулунчаковалъе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Хизгил Авшалумовасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

МухІамад Шамхаловасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Нуратдин Юсуповасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Аминов МухІамад-Загьидие кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

ТІагьир Къурачевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Беразул тохтир-композитор Шамхал Шамхаловасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Багьавудин Аджиевасе кьолеб тІехьалда гьабураб хъвай-хъвагІай

Мирза Давыдовасе, гьев Хъвадарухъабазул союзалдв хIалтIизе лъугьараб мехалъ кьураб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Ахед Агаевасе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Станислав Сущевскиясе кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Дир кучIдул машинкаялда кьабулей Раисатие кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Машина бачунев чиясе, ГIарипие кьолеб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай

Авар театралъул режиссер ХIайбула ГIабдулгъапуровасе, гьев гьавун 50 сон тIубараб къоялъ